МАХ ДУГ

# МАХ ДУГ




## 90 АЗЫ ФАРНЫ ФÆНДАГЫЛ

11
2025

11
2025

*«Амонд хæссæг у, цыкурайы фæрдыг фест, амон хорздзинæдтæ! Цу æмæ хъахъхъæн! Цу æмæ дзур! Цу æмæ амон!»*

***БРЫТЪИАТЫ Елбыздыхъо.***
*«Маймули – рухсаг, æгас цæуæд ирон театр»*





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Шеф-редактор – Диана АЛБОРОВА
Редактор отдела прозы – Юрий ГАБАРАЕВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Борис ХОЗИЕВ, Станислав КАДЗАЕВ,
Клавдия ДЖУСОЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА,
Руслан БЗАРОВ, Зелим ВАТАЕВ

Владикавказ,
2025

# МАХ ДУГ

**11**

2025

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ



**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Шеф-редактор – ÆЛБОРТЫ Дианæ
Прозæйы хайады редактор – ГÆБÆРАТЫ Юри
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
ХОЗИТЫ Барис, КЪАДЗАТЫ Станислав,
ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
БЗАРТЫ Руслан, УАТАТЫ Зелим



Дзæуджыхъæу,
2025

# НОМЫРЫ ИС:


**ИСТОРИЙЫ СЫФТÆ**
Рæз хаста театр царды ........ 8
**ИРОН ТЕАТРЫ АИВАДОН РАЗАМОНДЖЫТÆ** ........ 12
**ТÆБÆХСÆУТЫ Бало: 115 азы**
ХУЫГАТЫ Геор. Нæ разагъды лæг. *Уац* ........ 26
ТЕМЫРАТЫ Дауыт. Ирон театры цæсгом. *Уац* ........ 32
САЛАМТЫ Къола. Бæлас лæугæйæ мæлы ........ 49
Тæбæхсæуты Бало йæ рольты тыххæй ........ 51
Фыстой Балойы тыххæй ........ 56
**ХЪАРИАТЫ Тамарæ: 110 азы**
ХЪАРИАТЫ Тамарæ. Ме скъола. *Мысинæгтæ* ........ 58
**ИНТЕРВЬЮ**
ТЪЕХТЫ Тамерлан. «Ирон театры фидæн нæхи фæндиаг рауайдзæн» ... 63
**ПУБЛИЦИСТИКÆ**
ГАСАНТЫ Валери. Ирон профессионалон театры авдæнгæс. *Уац* ...... 74
ГУЫМЕЦЪАТЫ Зæринæ. Дæ зарды зæлтæм цæмæн хъусæм æрхæндæгæй, цымæ? *Уац* ........ 80
**МЫСИНÆГТÆ**
ДАУЫРАТЫ Дамир. Зариффæ куывта... ахæстоны... ........ 88
ИКЪАТЫ Бертæ. Мæ зæрдæйы цæры йæ сурæт ........ 93
ТАУГАЗТЫ Гаврил. Йæ цыбыр царды æнусты фаг рухс ........ 98
ТЛАТТАТЫ Бексолтан. Царды фæндæгтыл ........ 102
**АРТИСТТЫ ПОЭТИКОН ФÆЛВАРÆНТÆ**
БЫТЪÆТЫ Роберт, ГÆЛÆУТЫ Анатоли, КЪУЫМÆЛЛÆГКАТЫ Мурат, ДЗЫТИАТЫ Лактемыр ........ 108
**«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ**
**ДРАМАТУРГИ**
АЙЛАРТЫ Асæхмæт. Сæфты фæндаг. *Трагеди* ........ 114
**АКТЕРЫ СУРÆТ**
ТОРЧЫНТЫ Дзерассæ. Ныхас дыууæ трагедион фæлгонцыл. *Уац* ... 140
**СФÆЛДЫСТАДОН БЫНТÆ**
ДЖУСОЙТЫ Нафи. Нæ аивады зæрдиаг кусæг. *Уац* ........ 146
**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** ........ 159



*Ыскастис рагон Иры зæххыл хур*
*Æмæ йыл рухс хæрдгæ тынтæ æлвисы.*
*Ирон театрæн куы сарæзтой бындур,*
*Уæдæй нырмæ нæ ирон фарн æвдисы.*

*АЙЛАРТЫ Михал*

# БРЫТЪИАТЫ ЕЛБЫЗДЫХЪО

## (1881 – 1923)



Ирон профессионалон театры бындурæвæрæг. Райгуырд Куырттаты комы Дæллагхъæуы. Фидæны драматург йæ сабибонтæ арвыста, 25 адæймаджы кæм уыдис, ахæм патриархалон бинонты ‘хсæн. 1906 азы, Хетæгкаты Къостайы зынг куы ахуыссыд, уæд ын йæ тохы тырыса бæрзонд систа Брытъиаты Елбыздыхъо. Уыцы аз бацыд Уæрæсейы кусджыты Социал-демократон партийы рæнхъытæм, уыцы аз ныффыста йæ тохмæсидæг трагеди «Хазби». Йæ уацмысты ‘хсæн: «Маймули – рухсаг, æгас цæуæд Ирон тиатр», «Уæрæседзау», «Худинаджы бæсты – мæлæт», «Хазби», «Дыууæ хойы», «Амыран».

* * *

*«Æз-иу пьесæтæ фысгæйæ хъуыды кодтон: чи сæ хъаздзæн, стæй, кæй тыххæй фыст сты, уыдонæн мæ хъуыдытæ чи бамбарын кæндзæн? Ныр æз дæн стыр амондджын. Махмæ æнæмæнг хъуамæ уа нæхи театр, нæхи актертæ. Уыцы амондджын рæстæгæн дæр æрцæудзæн йæ афон, æнæмæнг æрцæудзæн».*

* * *

*«Зонут, ирон адæм: иу зонд – хорз, дыууæ – хуыздæр, иу тых – тыхджын, дыууæ – тыхджындæр; цыдæриддæр раздзыд уой ирон адæм, уæддæр чысыл сты, æмæ сæ ныфс бирæ нæй адæмимæ дзургæйæ».*

## «ДÆ ЗÆРДÆЙÆ ЦÆУÆД УАРЗОНДЗИНАД, ЗОНД ТА ЙЫН – ФÆНДАГАМОНÆГ»

*Брытъиаты Елбыздыхъойы бæллиц уыд «хъæздыг ирон литературæ». Уый сырæзынæн радта йæ рæдау зæрдæйы рухс, йе стыр курдиаты тых. 1912 азы «Хуры тын»-ы мыхуыргонд æрцыд йæ пьесæ «Маймули – рухсаг, æгас цæуæд Ирон тиатр!» Уый уыди ирон драмон æмæ театралон аивады манифест. Кæддæр уыди адæмæн хъазæнхъул, гоби, фыдуынд маймули – зæронд аивады символон фæлгонц. Уый фæллад адæмы хъæлдзæг кодта йæ рæвдз митæй, ирхæфста сæ. Фæлæ уыдæттæ фаг нал уыдысты адæмæн: «Адæмы арæзт дзыхы дзуапп у, æмæ дзы нæ хъазæнхъул цух у». Адæмы барвæндæй маймули фестад рæсугъд лæппу – ног аивады символон фæлгонц. Аивады бардуаг æм радта тырыса – ирон театралон аивады тырыса. Йæ фæдзæхст ын уыди, «цæмæй адæмæн дзура рæстдзинæдтæ», цæмæй сын бацамона «ног фæндаг, ног зонд æмæ ног хъуыддæгтæ». Уыцы фæдзæхстытæ Елбыздыхъо йæхæдæг æххæст кодта курдиатджынæй. Театрæн йæ хуыздæр фæндиаг уыд: «Дæ зæрдæйæ цæуæд уарзондзинад, зонд та йын – фæндагамонæг». Ахæм æгъдауыл, ахæм нысанмæ арæзт уыд Елбыздыхъойы æппæт сфæлдыстадон куыст. Йе ‘взаг уыд мæлгъæвзаг, фæринкæй цыргъдæр æмæ кæрдагдæр, топпы фатæй растдæр. Елбыздыхъо адæймаджы хæсыл нымадта царды исты фæд ныууадзын. Æмæ ныууагъта æнусон рæсугъд фæд нæ адæмы царды, нæ культурæйы, нæ зæрдæты.*

*ДЖЫККАЙТЫ Шамил*

# РÆЗ ХАСТА ТЕАТР ЦАРДЫ...




1904 азы Куырттаты комы, фыццаг ирон драматург Брытъиаты Елбыздыхъойы райгуырæн бынаты, æвæрд æрцыд йæ пьесæ «Худинаджы бæсты – мæлæт». Уый фæстæ йæ уайтагъд дыууæ хатты сæвæрдæуыд Олгинскæйы хъæуы.

* * *

1908 азы Дзæуджыхъæуы сæвæрдтой Брытъиаты Елбыздыхъойы пьесæ «Хазби». Чи йæ федта, уыдон загътой, адæмы зæрдæмæ тынг кæй фæцыд. Спектаклы архайдта драматург йæхæдæг дæр. Пъæлицæ йæ æрцахста æмæ йæ Назранмæ арвыста.

* * *

1909 азы Брытъиаты Елбыздыхъо, Назраны фидары ахæсты уæвгæйæ, ныффыста драмæ «Дыууæ хойы». Уыцы аз æй сæвæрдтой Дзæуджыхъæуы коммерцион клубы сценæйыл. Антракты рæстæг та драматурджы ногæй æрцахстой æмæ йæ Бакумæ арвыстой.

* * *

1909 – 1910 азты Дзæуджыхъæуы куыста Тотраты Бесæйы разамындæй ирон драмон къорд. Брытъиаты Елбыздыхъойы цалдæр пьесæйæ дарддæр ма сæвæрдта Тотрайы-фырты, Рæмоны-фырты, Хъоройы-фырты, Томайы-фырты, Хуыбайы-фырты, уырыссаг, гуырдзиаг æмæ фæсарæйнаг авторты пьесæтæ.

Къорд регистрацигонд уыд, нымадтой йæ официалон аивадон организацийыл, фæлæ уæддæр æдзух æмбæлыд алыхуызон зындзинæдтимæ. Æдзух æм йæ цæст дардта пъæлицæ, пьесæтæ уал рагацау

хъуамæ федтаид цензор Тифлисы, уый фæстæ – облæсты хицау æмæ полицмейстер.

Театры аивад Ирыстоны райрæзт æрмæстдæр Октябры революцийы фæстæ. Алы куыстуаты, уæлдæр ахуыргæнæндоны, хъæуты фæзындысты ног драмон къордтæ. Уый фæахъаз ног драмон уацмыстæ фыссыны хъуыддагæн дæр.

* * *

1925 – 1926 азты Адæмон ахуырады хайад расидт пьесæты конкурс. Жюримæ æрбацыд 41 куысты. Йæ уынаффæйы загъд уыд: «Конкурсы руаджы нæ бауырныдта, не 'рыгон литературæйæн кæй ис йæхи аивадон нысаниуæг, æмæ уымæ гæсгæ дызæрдыггаг нæу, нæ сценæйы аивад размæ стыр къахдзæфтæ кæй акæндзæн».

1931 азы кæрон Дзæуджыхъæуы байгом Аивæдты хæдзар, йæ цуры та – Чысыл формæты национ театр. Уымæй раздæр Хуссар Ирыстоны Сталиниры (Цхинвал) ног сæрмагонд агъуысты байгом Хуссар Ирыстоны профессионалон националон театр. Дыууæ театры актертæ дæр систы драмон къордты курдиатджындæр архайджытæ.

* * *

1931 азы 23 ноябры 18 лæппуйы æмæ 12 чызджы æрвыст æрцыдысты Мæскуымæ, профессионалон театралон ахуырад райсынмæ. Уый тыххæй Мæскуыйы театралон комбинаты цур байгом сæрмагонд Ирон студи. Хуссар Ирыстон та сæ курдиатджын фæсивæды арвыстой Руставелийы номыл гуырдзиаг театрмæ.

* * *

Фæсивæд цыппар азы фæахуыр кодтой Виктор Станицыны, Иосиф Раевскийы æмæ театры аивады иннæ дæсныты разамындæй. Студийæ райрæзт Цæгат Ирыстоны профессионалон Паддзахадон театр. 1935 азы Мæскуыйы æхсæнадон æркасты уый равдыста скъуыддзæгтæ Гольдонийы «Фæлитой», Корнейчукы «Платон Кречет» æмæ Циновскийы «Хъысмæт»-æй.

«Сæрмагондæй иу кæнæ иннæ архайæгæй не 'ппæлдзыстæм, кæд æрыгон театралон коллективы минæвæрттæ курдиатджын сты, фидæнмæ нын ныфсытæ æвæрынц, уæддæр, – фыста газет «Известия».




Паддзахадон фыццаг ирон драмон студи. 1932 аз



Спектакль «Платон Кречет». 1935 аз

– Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ утæппæт адæмæй рауад иумæйаг аивадон тырнæнтимæ æмæ позицитимæ, аивадон театры тынг хорз скъолаимæ коллектив».

* * *

Йæ куысты фыццаг аз театрæн æнтыстджын рауад. Сæвæрдтой «Фæлитой», «Платон Кречет», «Хъысмæт», Мольеры «Тæхæг дохтыр», рагон францаг адæмон ныв «Патлэны авдакат», Бальзакы «Памела Жиро» æмæ Бегловы «Алыгъд». Равдыстой сæ куыд горæтаг аивадуарзджытæн, афтæ облæсты алы районты æмæ Хуссар Ирыстоны дæр.

* * *

Ноджы æнтыстджындæр рауад 1936 – 1937 азты сезон. Театр сæвæрдта национ драматургийы хуыздæр уацмыстæй иу – Брытъиаты Елбыздыхъойы «Дыууæ хойы». Мæскуыйы архайдта Советты VIII æвæстиатон съезды кадæн иуæндæс национ театралон коллективты фестивалы æмæ се ‘ппæтæй хуыздæрыл нымад æрцыд. Йæ арæхстдзинад ма æвдыста Адæмон сфæлдыстады мæскуыйаг театры æмæ æндæр рæтты.



Спектакль «Дыууæ хойы». 1936 аз

# ЕЛЕНÆ МАРКОВА



**1935 – 1939 азты, 1944 – 1950 азты**

*«Ехала я с намерением поработать и помочь театру и в творческом становлении, и во многих организационных вопросах. Однако год растянулся. И дело было не только в том, что в Осетии не было еще своих режиссеров, но в том, что мне было очень интересно работать с этим коллективом».*

# ВАСИЛИ ФОТИЕВ



**1939 – 1944 азты**

*«Северо-Осетинский театр имеет историю в 5 лет. Он октябренок. И этот октябренок, как молодой нартовский герой Батраз, поднял на свои плечи камень, который не могли поднять все сильные люди нартов и понес в гору, взял на себя задачу нести в народ искусство – могучее идейное орудие большевистской партии. Молодой театр эту задачу с честью выполняет в течение 5 лет».*

# БРЫТЪИАТЫ ЗАРИФФÆ



**1950 – 1966 азты, 1976 – 1980 азты**

*Йæ фыды рухс номæн кад кæнгæйæ, йæ цард снывонд кодта уый бæллицæн æмæ Ирыстоны профессионалон национ театр аразыны хъуыддагмæ аккаг æвæрæн бахаста. Уымæ гæсгæ абон Брытъиаты Елбыздыхъо æрмæст ирон драматургийы бындурæвæрæг нæу, фæлæ ма Цæгат Кавказы фыццаг сылгоймаг-режиссер, УСФСР-йы адæмон артисткæ Брытъиаты Зариффæйы фыд дæр.*

*ХЪАРАТЫ Ритæ.*

# ХУЫГАТЫ ГЕОР



**1966 – 1976 азты, 1980 – 1988 азты, 1992 – 1998 азты, 2000 – 2005 азты**

*«Сценæйы æмæ литературон сфæлдыстады сæйраг мидис мын у, адæймагмæ хорзæй, рæсугъдæй цыдæриддæр ис, уыдон раргом кæнын. Уд, хæрзæгъдау – уыдон сты адæймагæн Хуыцауæй лæвæрд миниуджытæ».*

# ГÆЛÆУТЫ АНАТОЛИ



**1988 – 1992 азты**

*«Хорз актер дæ цæмæй рауайа, уый тыххæй хъуамæ дæ зæрдæ сценæйæн балæвар кæнай. Актерæн æмæ режиссерæн сæ сæйраг хорзæх та у театрдзауты цæсгæмттыл хъæйтарты цин æмæ сагъæс банкъарыны фæстиуæг цæссыгтæ уынын».*

# УАТАТЫ БИБО



**1998 – 2000 азты**

*«Хъуамæ алы ирон лæг дæр уарза*
*йæ бæстæ æмæ, куы бахъæуа,*
*уæд Хазбийау равзара кады фæндаг».*

# ЦÆРИАТЫ ВАЛЕРИ



**2005 – 2009 азты**

*«Цæрæм адæмæн æмæ аивады сæраппонд. Ирон аивад, ирон културæ хъахъхъæныны æмæ сæ рæзтыл кусыны хъуыддаджы нæ хъарутыл æмæ сфæлдыстадон гæнæнтыл нæ ауæрдæм».*

# ГУЫБИАТЫ ХЪАЗЫБЕГ



**2009 – 2017 азты**

*«Театр мæ хæдзар у. Сценæйы хæрздæф, актертæ, цин æмæ сагъæс – уыдæттæй цæрын. Театр дын хи хæдзары ад куынæ кæна, уæд æм фæлтау ма бацу. Дзæгъæлы нæ фæзæгъынц, театры кусгæ нæ, фæлæ йын лæггад фæкæнынц, зæгъгæ. Гъемæ йын æз дæр лæггад кæнын æмæ йæ кадæн фæлгонцтæ аразын».*

# КОЛЫТЫ ВЛАДИСЛАВ



**2017 – 2020 азты**

*«Ирон театр ирон драматургийыл хъуамæ æнцой кæна. Уый у нæ театры цæсгом, уый нæ кæны национ, уый нын дæтты хъару, куыд хицæн адæмыхаттæн».*

# УАЛЫТЫ ГИВИ



**2020 азӕй**

*«Репертуар, гастрольтӕ, фӕстивальтӕ, цӕугӕ цард куынӕ кӕна театр, уӕд йӕхи мидӕг бампылдзӕн ӕмӕ никӕйуал цымыдис кӕндзӕн. Хъуамӕ, цы хъуыддагыл хӕст дӕ, уый зӕрдӕйӕ уарзай. Мах нӕ ныфс бахӕссӕм, иннӕтӕ сӕхи кӕуыл атигъ кӕнынц, ахӕм спектакльтӕ сӕвӕрынмӕ. Бантысы нын, ӕмӕ та дарддӕр размӕ къахдзӕфтӕ фӕкӕнӕм».*




1940 азы афишæ

# БÆЦИАТЫ АГУЫДЗ

**(1934 – 2004)**



Театралон аивадиртасæг. 1957 азы каст фæцис Цæгат Ирыстоны педагогон институт, 1962 азы – Театралон аивады уæрæсейаг институты (ГИТИС) театралон аивад иртасæн факультет, 1972 азы та ацы ахуыргæнæндоны аспирантурæ. Ирон театралон аивады тыххæй ныффыста ахæм чингуытæ: «Народом рожденный – Юго-Осетинский госдрамтеатр», «Этюды об осетинском театре», «Осетинский театр: спектакли, годы, проблемы» æмæ сæдæйæ фылдæр уацы æмæ рецензийы.

* * *

*«Ирон театр! Ацы ныхасбыды йæ равзæрдæй фæстæмæ æвæрд уыд ахсджиаг нысан, сфæлдыстадон куысты бæлвырд принцип. Уый уыд нæ бæстæйы адæмты хæлардзинады зарæггæнæг, дунейы литературæйы райст-бавæрд бынтæ адæмыл тауæг æмæ ирон адæмы царды хъиамæттаг, фæлæ лæджыхъæдджын ивгъуыды кадæггæнæг».*

* * *

*«Ирон сценикон аивад рацыд намысджын сфæлдыстадон фæндагыл. Йæ фыццаг къахдзæфтæй фæстæмæ, уырыссаг советон аивады фæрнæйдзаг традицитыл цæугæйæ, бирæкъабазджын репертуары цытджын бынат бацахста ирон адæмы ивгъуыд æмæ абоны цард. Уырыссаг, дунеон æмæ нæ бæстæйы адæмты классикон драматурги сценæйыл æвæргæйæ скодта æвæджиауы сфæлдыстадон бынтæ».*

# ТЕАТРЫ ТЫХХÆЙ ЗАГЪТОЙ…

Театр. Цымæ йæ сымах дæр мæн бæрц уарзут? Мæн æппæтæй дæр бакæны йæ уацары, йæ алæмæты базыртыл мæ сисы, ахæссы мæ дун-дунейы æбæрæг рæттæм, мæ уды мын баппары сагъæсты æгæрон егъау фурды уылæнтæм… Цымæ иннæ аивæдтæй театры фарсмæ кæй ис сæвæрæн, адæймагæн йæ зæрдæйы уидæгтæ афтæ тынг банкъуысын кæнын кæцы аивады бон бауыдзæн?..

*Виссарион БЕЛИНСКИЙ*

* * *

Хорз национ пьесæ сценæйыл дæсны æвæрдæй курдиатджын актерты хъазты фæрцы æппæтæй хуыздæр æргом кæны нацийæн йæ удыхъæд.

* * *

Нæй чысыл рольтæ, фæлæ ис чысыл актертæ.

* * *

Иугæр дæ цардвæндагæн сценæйы куыст равзæрстай, уæд ын дæхи æппæтæй дæр снывонд кæн. Кæд сценæмæ æрмæстдæр дæхи кад фæлгъауыны тыххæй тырныс, уæд уым дæуæн иунæг сахат, иунæг минут дæр лæууыны бар нæй.

* * *

Равдисут мын, цавæр театр уæм ис, уый, æмæ уын зæгъдзынæн, цавæр адæм стут.

*Константин СТАНИСЛАВСКИЙ*

* * *

Театр у, адæмæн бирæ пайдайаг хъуыдытæ кæцæй ис зæгъæн, ахæм кафедрæ.

*Николай ГОГОЛЬ*

* * *

Иугæр дæхи аивадæн снывонд кодтай, уæд ын лæггад кæн æнæхинæй, дæхиуыл мисхалы бæрц дæр ма ауæрд, афтæмæй.

* * *

Ролыл кусгæйæ хъуамæ уынай æмæ зонай цардæгас адæймаджы, дæ геройы æнгæс куыд уа, афтæ.

*Михаил ЩЕПКИН*

# ТÆБÆХСÆУТЫ БАЛО: 115 АЗЫ



**(1910 – 1981)**

*Цин æмæ хъыг сфæлдыстадон æфсымæртæ сты. Цыфæнды курдиатджын артистæн дæр æдзух йæ къухы уæлахизтæ нæ фефты. Æмæ нæ æрыгон артисттæн мæ зæрдæ зæгъы, цæмæй хицæн къуыхцытæй ма тæрсой, фæлæ агурой ног æмæ ног фæндæгтæ.*

*ХУЫГАТЫ Геор*

# НÆ РАЗАГЪДЫ ЛÆГ

*Уац*

Кæцы аз уыди, уый нал хъуыды кæнын, фæлæ августы Тæбæхсæуты Балоимæ нæ фæллад уагътам Сочийы. Иуизæр хæрæндоны лифтмæ бацæуæны, санаторийы кæрты адæм гуппартæй кæм лæууыдысты, уым февзæрд Юри Дмитриев, нæ бæстæйы зындгонд театралон критик, аивадон зонæдты доктор, æмæ йæ зонгæтæн, стæй, кæй нæ зыдта, уыдонæн дзырдта: «Фехъуыстат æй, æхсæвæры фæстæ бынæттон телеуынынады уыдзæни фембæлд Тæбæхсæуты Владимиримæ. Бакæсут æм, æнæмæнг æм бакæсут. Уый у нæ бæстæйы фæстаг трагик».

«Тæбæхсæуты Бало – нæ бæстæйы фæстаг трагик!» Уæдæй абонмæ бирæ азтæ рацыд, фæлæ уыцы ныхæстæ, уыцы хъуыды мæ зæрдæйæ нæ хицæн кæнынц. Йæ заманы сыл нæ дис кодтон, уымæн æмæ адæймагæй цы нæ фехъусдзынæ, уæлдайдæр та, ныхас аивады фæдыл куы фæцæуы, уæд. Фæлæ уал азы фæстæ ацы ныхæстæ, ома Балойы нæ бæстæйы фæстаг трагик кæй схуыдтой, уыдон куыд раст разындысты! Йæ заманы цал æмæ цал актерæй дзырдтой «номдзыд трагик», зæгъгæ. Уырысы Мочаловæй райдай æмæ суанг Остужевы онг, иннæ ахæм сомихаг Папазян, гуырдзиаг – Хорава. Уыцы егъау нæмттимæ уыд Тæбæхсæуты Балойы ном дæр, æмæ æцæг разындис нæ бæстæйы фæстаг трагик.

Æвæццæгæн, алы заман дæр, куыд не ‘рвылбоны царды, афтæ театры аивады дæр вæййы йæхи домæнтæ. Куы иу жанр свæййы адæмы уарзон, куы та – иннæ. Куы комеди бацахсы адæмы зæрдæтæ, куы – мелодрамæ, куы та – трагеди.

Афтæ куы зæгъæм, æмæ ныртæккæ трагедитæ нал æвæрынц, уæд уый раст нæ уыдзæн, æвæццæгæн. Æвæрынц, стæй – бирæ. Цалынмæ театр уа зæххыл, уæдмæ ацы жанрæн амæлæн нæй. Æвæрынц Шекспиры, æвæрынц «Отелло». Æвæрынц. Фæлæ куыд?! Отеллойы Бало куыд хъазыд, афтæ нал. Балойы Маврмæ кæсгæйæ-иу адæймаджы буар куыд ныддыз-дыз кодта, афтæ нал. Сæрыхъуынтæ арц нал слæууынц, къухтæ хид нал кæнынц, зæрдæ – уæлдай цæф. Отеллойы мырмыргæнаг бæх афтæ нал мыр-мыр кæны, уымæн æмæ Балойæн цы тыхджын æмæ

нæргæ хъæлæс уыд, уымæн йæ ныхас йæ риуы цы гуылфæны гуырыди, ахæмтæ абон нал и, цæмæндæр бахус, бамыр сты. Кæддæры абухгæ рæсугъд хæлхæлгæнаг суадон фæстагмæ куыд бахус вæййы æмæ ма дзы рæстæгæй-рæстæгмæ лыстæг таг куы ратæдзы, афтæ ныры трагиктæ дæр бамыр сты, нал хъуысы сæ зæлланггæнгæ нæргæ хъæлæс.

Æвæццæгæн, стыр аивады низæй чи фæхъæрзы, нæ мады гуыбынæй æцæг тыхджын курдиат чи рахæссы, уый йæ даргъ æмæ гуыргъахъхъ фæндагыл, йæ бирæ утæхсæнты, йæ хъуыдыты, йæ сæнтты фæхæссы



Спектакль «Отелло», Отелло – Тæбæхсæуты Бало

иу темæ, йæ зæрдæйы арф чи ныххызти, кæуыл æууæнды, йæ царды ахсджиагдæрыл кæй нымайы, уыцы темæ. Афтæ вæййы актеры дыккаг царды дæр, æмæ, сценæйы цы уавæрты «цæра», уый дæр. Стыр актерæн йæхи темæ йæ фæлгонцы темæимæ куы сиу вæййынц, уæд райгуыры гениалон уацмыс. Мæнмæ гæсгæ, Отеллойы темæ, йæ удыхъæд, йæ туджы алы ‘ртахы дæр бæрæг чи уыди, йæ зондахасты арф чи бадти, уыцы темæ уыд æууæнк. Адæймаджы сыгъдæгдзинадыл æууæндын. Æнæхин, æнæкæлæн адæймаг.

Александр Пушкины загъдау, Отелло йæ удыхъæдæй гуырысхогæнаг нæу, фæлæ æууæндаг. Æууæндаг уыди Мавр. Æууæндыд адæймаджы æнæхин, æнæкæлæн уд æмæ зæрдæйыл. Афтæ йæм каст, цыма уыцы миниуæг лæгæн у æрдзы егъаудæр лæвар, нæ зынаргъдæр хæзна, гъемæ йын халæн нæй, нæдæр ын сафæн ис. Фæлæ фæрæдыд æрдз. Фæрæдыд Мавр дæр: бауæндыд йæ сыгъдæг зæрдæйæ Ягойы цъыфкалæнтыл, бауырныдтой йæ. Бауæндыд сыл, æмæ йæ риуæй лæсæнæй рацыд тыхджын æнкъарæнты зæй, рацыд æмæ йæ разæй ахаста адæймаджы сыгъдæгдзинад халæджы чъизи митæ, рахаста сæ æмæ сæ йæ быны ануæрста.

Ахæм уыд Тæбæхсæуты Бало йæхæдæг дæр. Æууæндыд адæймагыл, йæ сыгъдæг уд, йæ рæдау зæрдæйыл. Æмæ-иу уыцы æууæнк исчи куы фехæлдта, йæ зæрдæхудты-иу куы бацыд исчи (уый та иу æмæ дыууæ хатты нæ уыд), уæд-иу йæ риуы рафыхти йæ маст, æцæг, Маврау йæ хурхыл никæмæн ныххæцыди. Сывæллонæй уæлдай нæ уыд. Цыфæнды тыхджын мæт-иу дзы чи бауагъта, уымæн дæр-иу æй ныббарста, йæ кард дзы йæ кæрддзæмæй никæмæ сласта.

Куыд æнæхин, куыд раст, куыд рæдау æмæ æууæнкджын лæг уыди!

Вæййы афтæ: кæмдæр, чысыл адæмы культурæйы, йæ театры фæзыны егъау курдиат. Кусы, аразы тыхджын, аивадон æгъдауæй æххæст фæлгонцтæ, фæлæ сæ бынæттон адæмæй дарддæр ничи зоны. Афтæ егъау актеры курдиат кæмдæр ауоны йæ хæс æххæст кæны, фæлæ, цы кады аккаг у, цы разагъды миниуджытæ йæм ис, уыдон бæстæйы стыр ныхасмæ рахæссæг нæй. Цал æмæ цал курдиаты бамынæг вæййы афтæмæй.

Хорз у, æмæ Тæбæхсæуты Балойы хъысмæт афтæ нæ рауади. Ирон театр куы байгом, уæд фыццаг профессионалон актертимæ нæ уыди, семæ Мæскуыйы нæ ахуыр кодта. Æргом æй зæгъын хъæуы, театры дæсныйадыл никуы ахуыр кодта, кæд нæ горæты уырыссаг театры

студимæ дæр бацыд, уæддæр. Уыд хæдахуыр артист, йæ диссаджы курдиат рахаста æрдзæй, зыдта цард, уарзта аивад, кæйдæртау аивады рог фæндæгтæ никуы агуырдта, фæлвæрдта йæ хъарутæ, куыста йæхиуыл, иннæты дæсныйадмæ касти æмæ сæ хуыздæрты фæзмыдта, йæ сæрмæ хаста алкæуыл дæр ахуыр кæнын.

Афтæ хæдахуыр актер, æнæ мæскуыйаг дипломджын лæг, хуымæтæджы хъæуккаг лæппу сси номдзыд актер, йæ кой айхъуысти нæ бæстæйы æппæт адæмтыл, суанг фæсарæнты дæр. Куыд рауад афтæ?

Ирон театры фыццаг азты Бало куыста, сценæйы чи нæ зыны, уыдонимæ техникон кусæгæй. Иуафон актертæй чидæр фæрынчын. Бало загъта, спектакль ма сисут, мæн бафæлварут уыцы ролы, зæгъгæ. Бафæлвæрдтой йæ. Рахызт сценæмæ, ахъазыд. Адæмы зæрдæмæ фæцыд, театры разамынды зæрдæмæ дæр. Райдыдтон йын рольтæ дæттын. Тынг дзæбæх сæм арæхсти. Уыцы рольтæ бирæ уыдысты, фæлæ дзы иу ныффидар сæры (зæрдæйы дæр!). Уый уыди Брытъиаты Елбыздыхъойы пьесæ «Дыууæ хойы» Тæтæрхъан!

Фæстæдæр фæзындысты æндæр рольтæ дæр. Фæлæ сæ ахъаззагдæр разынд Отелло. Театры байгомы фондз азы сæххæсты бонмæ уырыссаг режиссер Васили Фотиев сæвæрдта ацы спектакль æмæ раргом кодта Балойы æвидигæ курдиат, йæ уды къуымтæ йын басгæрста æмæ дзы Мавры сурæт саразынæн цыдæриддæр хорзæй ссардта, рахаста сæ хурмæ. Рауад Отеллойы сурæт, раргом Бало – цы йæ хъæлæс, цы йæ ныхас, цы йæ хъуыды, цы йæ темперамент, цы йæ зонд, цы йæ конд! Ирон сценæмæ æрбабырста æвæджиауы тыхджын курдиат æмæ йæ бацахста йæ амæлæты бонмæ.

Ирон сценæйыл Отелло кæй фæзынд, уыцы хабар айхъуысти. Мæскуыйæ-иу чи ссыди, уыдон-иу ыл дисы бафтыдысты. Уæдмæ рацыди Шекспиры дыккаг трагеди «Къарол Лир». Уый дæр федтой бирæ критиктæ, фæлæ зынгæ ахуыргонд, сæрмагондæй Шекспиры уацмыстыл чи куыста, уыцы Михаил Морозов куы федта Балойы, уæд йæ алы раныхасы, Мæскуыйы уа, Ленинграды, алкæм Балойы ном йе 'взаджы цъуппыл бадти.

1949 азы Мæскуыйы «Актерты хæдзар»-мæ фæсидтысты Тæбæхсæуты Баломæ, сарæзтой йын сфæлдыстадон изæр. Равдыстой дзы скъуыддзæгтæ цалдæр спектаклæй. Хорз ацыди ацы изæр. Бирæ хъарм ныхæстæ дзы уыд, фæлæ дзы номдзыд актертæ æмæ

режиссертæй бирæ нæ уыд, æмæ мæнæн хъыг уыди ацы хабар. Уыцы заман æз мæхæдæг ахуыр кодтон Мæскуыйы Театралон институты режиссеры дæсныйадыл æмæ йæ зыдтон, нæ бæстæйы тыхджындæр режиссертæ ацы институты кæй кусынц, уый. Зыдтон æй, æмæ Балойы сфæлдыстадон изæр сарæзтон институты (институты профкомы сæрдар мæхæдæг уыдтæн), æрбахуыдтон номдзыд режиссертæ æмæ актерты. Ам уыди Балойы æцæг егъау æнтыст, ам æм æркастысты æцæг профессионалон цæстæй, ам ын скодтой тынг стыр аргъ.

Хъуыды ма йæ кæнын, Юри Завадский – Моссоветы театры сæйраг режиссер – раарфæ кодта зæрдæбынæй Тæбæхсæуы-фыртæн, стæй, куы рацыд, уæд мæнæн дæр загъта стыр бузныг æмæ ма бафтыдта:

– Хорз лæвар мын бакодтай ацы изæр.

Бирæ рæстæг нæ рацыд, афтæмæй Юри Завадский Балойы ахуыдта Мæскуымæ. Йæ театры репертуары уыди Отелло, сæйраг ролы хъазыди номдзыд актер Мордвинов. Завадский Балоимæ бакуыста æмæ равдыстой Отелло цалдæр изæры. Спектакль хъазыдысты уырыссаг æвзагыл, Бало та дзырдта иронау. Уыцы изæрты театры къух бакæнæн нæ уыди, уыцы изæрты æцæг айхъуысти Балойы ном, истой йæ дзыхæй-дзыхмæ.

Егор Булычев, Мæирбег, Забелин, Дубрава, Юлиус Фучик, Дзамболат, Бегъре... Æвæццæгæн, нымайын куы байдайæм Балойы сконд фæлгонцтæ, уæд бирæ сты, æмæ се 'ппæт дæр сæ койы аккаг сты, алкæм дæр дзы актер бауагъта йæхи уд, йæхи зæрдæйы уаг æмæ цæф, йæхи миниуджытæ. Бало хъазыди егъау рольтæ, стæй гыццылтæ дæр; цы йын лæвæрдтой, уымæй «нæ» никуы загъта. Никуы загъта! Уыд ахæм спектакль дæр, æмæ дзы Балойæ фæстæмæ иууылдæр архайдтой – Балойы аккаг дзы егъау роль нæ уыди, эпизодон кæй хонæм, уымæн та режиссермæ гæсгæ æвгъау уыди. Актер бавдæлди æмæ йæхи зондæй рацыди адæмон сценæйы. Иунæг дзырд дæр ын дзы нæ уыди, йæхицæн æрхъуыды кодта «къуыттыйы» роль æмæ адæмимæ сценæйы «бунт» сарæзта, дынджыр боцкъа йæ сæрмæ систа æмæ агуырдта, кæй дзы ныццæва, уый.

Закъонмæ гæсгæ, Тæбæхсæуты Балойæн йæ бон уыд чысыл рольтæ нæ хъазын, фæлæ уыцы закъонтæ Бало нæ уарзта, ницæмæ сæ дардта. Уыдис ын иу закъон: актерæн йæ бынат – сценæ, æмæ дзы кæд æрмæст фынæй кæнын хъæуы, уæддæр дзы фынæй дæр кæн.

Ацы фарста хауы актеры этикæмæ. Советон театры бирæ хорздзинæдтæ уыд æмæ ис, фæлæ дзы аивадхалæн æгъдæуттæ дæр куыннæ уыди æмæ куыннæ ис. Зæгъæм, кæй хъуыдысты æмæ кæй хъæуынц аивады кадджын нæмттæ? Тыхджын актерæн йæ кадджын ном – йе стыр аивад. Кадджын нæмттæ та фылдæрхатт лæвæрдтой йæ аивады тыххæй нæ, фæлæ, хицауад кæмæ цы цæстæй касти, уымæ гæсгæ. Хицауы бынаты бады, аивадæн æмбаргæ дæр чи ницы кæны, ахæм æмæ уары кадджын нæмттæ, кæмæн æй фæнды, уыдонæн, йæ коммæ чи кæсы, йæ ныхмæ чи нæ дзура, йæ фыдкой чи нæ кæна, уыдонæн. Ацы уавæр уымæ æркодта аивады кусджыты, æмæ бирæтæ сæхæдæг бырсынц «кадджын нæмттæ» райсынмæ, сценæйыл цы чысыл хабæрттæ саразынц, уымæн домынц, цæмæй сæ кой кæной алы газетты, цæмæй сын дæттой хæрзиуджытæ. Дæттой æмæ дæттой! Уыдон сты æрмæст цытуарзаг. Цытмондагæй цас æмæ цас фыдми кæнынц кæрæдзийæн!

Æз уый уымæн зæгъын, æмæ аивады Балоимæ бирæ фæкуыстон æмæ дзы никуы фехъуыстон, ахæм хорзæх мын раттут, зæгъгæ. Суанг ма йæ мызды кой дæр никуы ракодта! Цы кад æмæ цы хæрзиуджытæ райста, уыдон та йын лæвæрдтой уымæн, æмæ сын æнæ дæтгæ нæ уыд – æгæр тыхджын актер уыди, æмæ йын йæ сæрмæ армæй хуры цæст бамбæхсын никæй бон уыди! Мæнмæ гæсгæ, ирон актеры этикæйы тыххæй ныхас сæрмагондæй куы цæуид, уæд Балойы тыххæй рауаид стыр ныхас. Уымæн æмæ аивады зын æмæ дæрзæг царды йæхицæй уæздандæр актер нæма уыди, стæй цыма нæ уыдзæн, афтæ мæм кæсы, уымæн æмæ ныртæккæ нæ аивады бирæтæ иуæй-иу кæрчытау лыстæг айк æфтауынц, фæлæ сæ хъуыдатт Æрджынарæгмæ хъуысы.

Чи зоны, исчи зæгъа, ау, Балойæн аивады йæ алы ракъахдзæф дæр хæзна уыди, зæгъгæ. Нæ уыди. Стæй афтæ нæ вæййы аивады. Нæй ахæм стыр фыссæг, лæмæгъ уацмыстæ чи нæ ныффыста, нæй ахæм актер, къуыхцытæ кæмæ нæ уыди. Уыдысты Балойы аивадон царды дæр. Фæлæ цы сты уыдон йæ бирæ æнтыстыты раз?! Ницы! Æрду!

Кæд ирон аивадæн исчи йæ ном бæрзонд систа, æмæ уымæй йæ адæмы культурæ бæлвырд фæхъæздыг и, уæд уыдонæй иу уыди Бало. Иу, зæгъгæ, сæрмагондæй театры аивад куы райсæм, уæд дзы Тæбæхсæуты Балойы æмсæр ничи уыд нырма, ничи! Æмæ йæ ном хъуамæ цæра нæ адæмы культурæйы, цæра æмæ цæра!

*ТЕМЫРАТЫ Давид*

# ИРОН ТЕАТРЫ ЦÆСГОМ

*Уац*

Ирыстонæн кад æмæ намыс чи скодта, йæ сагъæс, йæ мæт адæмы амондыл кæмæн уыдысты, нæ культурæйы рæзтыл удуæлдайæ чи тох кодта, уыцы лæгтæй иу уыд Тæбæхсæуты Бало.

Æнцон нæ уыдысты йæ царды фæндæгтæ. 1914 азы хæстæй нал раздæхт йæ фыд. Цыппараздзыд сидзæр сывæллон, бинонты кæстæр. Бæргæ бирæ цыдæртæ фæзæгъы ныййарæджы зæрдæ уарзон хъæбулæн, фæлæ… Цæй гæныстон у сидзæргæсы хъысмæт, цæмæй йын æвæрдтаид ныфс йæ мад Фатъимæт – йæ къух цыбыр уыди. Афтæ йæ царды тæккæ райдианы æвæлтæрд сабийы уæхсчытыл æруæз кодтой зын цæрдтытæ, уæззау куыст… Нæ йæм бахудт йæ мидбылты хъысмæт, нæ банкъардта царды рæвдыд йæ уд. Æвæццæгæн æй фæстæдæр уымæн афтæ тынг фæндыди хорз ракæнын лæгæн. Æвæццæгæн, уымæн сси йæ бæллиц, йе стырдæр нысан цæрын æмæ кусын адæмы хорздзинады сæраппонд. Фæлæ уый фæстæдæр. Уыцы азты та…

Чи зоны, куыд уыдаид сæ цард Бало æмæ уый хуызæн мæгуыр сидзæртæн, фæлæ базмæлыд дуне, ног царды хур бакаст нæ талынг кæмттæм, нæ хæхты цъассытæм. Райхъал сты фæллойгæнæг дзыллæтæ, сæ хъарæг аивтой зарæгæй, арæмыгътой се 'нкъарæнты, се сфæлдыстадон авналæнты æнусон ауæзт æмæ атындзыдтой рæзты фæндагыл.

Иу фæззыгон изæр Æрыдоны цæрджытыл айхъуыст æнахуыр хабар: абон, дам, скъолайы театр уыдзæн. Бирæтæ зонгæ дæр нæ кодтой, театр цы у, уый. Фæлæ уæддæр цымыдисæй æрæмбырд сты æмæ скъолайы агъуысты къух бакæнæн дæр нал уыд. Мидæмæ кæм баирвæзт Бало, фæлæ æдде рудзынджы тæрхæгыл ныззæгæл, «баныхæст» авгыл, афтæмæй фыццаг хатт федта театр – Æрыдоны хихъæппæрисадон драмон къорды уæнгтæ æвдыстой Брытъиаты Елбыздыхъойы драмæ «Дыууæ хойы». Йæ зæрдæ рацæйтыдта Балойæн, байдзаг алыхуызон æнкъарæнтæй. Йæ хъуыдытæ йæ фæцæйхæссынц кæдæмдæр… «Гъей-джиди, ныр уыцы Касалы-фырты æрцахуыртæ кæн… кæннод уыцы æлгъаг скъæфджытæ та! Ехх, æз сын…Уыдоны… ахæмты… Цъаммартæ… Ничи кæсы уыцы Буцæмæ, ничи! Хорз сын фæци Хъылцыхъо! Гъе уый дын лæг!»

Бирæ фæндтæ, бирæ бæллицтæ йæм фæзынд, сæйрагдæр та, уыцы изæр дыууадæсаздзыд Бало кæмæй фæрынчын, уыцы «уæззау низ» йæ зæрдæйы ахъардта, æнæкæрон уарзондзинад æм райгуырын кодта театрмæ æмæ дзы нал схицæн суанг йæ царды кæронмæ.

Уæдæй фæстæмæ кæмфæнды уæд, цыфæнды ми кæнæд – йæ хъуыдытæ, йæ дзуринаг – уыцы иу хъуыддаг... Цымыдис лæппу лæмбынæг каст ас адæмы митæм, стæй-иу, цы федта, уыдон фæстæдæр фæзмыдта сыхаг лæппутæн. Бæргæ йæ фæндыд драмон къордмæ бацæуын дæр, фæлæ чи уæндыд.

Рæстæг цыд. Алы низæн дæр хос амал фæхъæуы. Райдыдта Бало дæр амæлттæ кæнын. Фыццаджыдæр, æрбамбырд кодта йæ ныфс, йæ хъарутæ, æмæ йе ʻмгæрттимæ сарæзтой драмон къорд. Фæлæ ацы æнæхайыры æфсæрмы – куыд æй хъыгдардта цæрæнбонты дæр – куы ныл фæхудой хистæртæ, зæгъгæ, сæхи айстой хибар ранмæ, æрбынат кодтой фæсхъæу Æрыдоны был зæронд куыроймæ ʻввахс.

Уалынмæ сæхи карæнтæн равдыстой сæ фæллой: Епхиты Тæтæрийы иуактон пьесæ «Айтег» – скъоладзауты цардæй. Æмæ хъæуыл хабар айхъуыст: «Куыройы цур цавæрдæр артисттæ фæзынд». «Æрбахонын сæ хъæуы», – загътой хистæртæ.

Æрбахуыдтой сæ. Баскаты кæрт – сæ хъазæн фæз, æмбæрзæн та... сæ кулдуар. Уынджы – уазæг адæмæн фæхсбандæттæ.

Кæмæйдæрты ракуырдтой ирон дарæс, æрæфснайдтой кæрт, сфæлыстой йæ бæласы къалиутæй, хæдзары дзаумæттæй, æмæ райдыдта, æмбал кæмæн нæ уыд, уыцы театры архайд. «Фæцыдыстæм сæ зæрдæмæ», – загътой æрыгон «артисттæ», адæмы худт æмæ къухæмдзæгъд айхъусгæйæ. Уый сæ фæныфсджындæр кодта, æмæ сфæнд кодтой «Стыр театрмæ», ома, фæскомцæдисы драмон къордмæ, сæ амонд бавзарын. Фæлæ Балойы хъуыддаг нæ фæрæстмæ, ныссуйтæ. Мадзура кæй уыд, уый тыххæй ма йæ «къуытты» дæр схуыдтой. Фæскомцæдисы чыры разамонæг Лекъты Пысыма загъта: «Нæ, мæнмæ гæсгæ, ацы лæппу къуытты нæу, фæлæ гоби у».

«Къуытты дæр нæу æмæ гоби дæр, – сдзырдта Балойы сæрыл йе ʻрдхорд Реуазты Таймураз, – уый афтæ йæ фыр æфсæрмæй... Цæй-ма, ды дæр цы ныллæхъир дæ?!»

Йæ фыццаг фæлтæрæнæй ницы рауад, æмæ йæ къордмæ æввахс дæр нæ уагътой, фæлæ иухатт смæсты, æмæ, хистæртæй кæйдæр куы

сфæзмыдта, уæд ыл бирæ фæхудтысты, стæй скарстой: бавзарын æй хъæуы.

Фыццаг рæстæг-иу фыр æфсæрмæй бынтондæр ныкъкъæмдзæстыг. Иу ахæм хабар-иу æрымысыд арæх: «Яновскийы пьесæ «Ярость», зæгъгæ, уым мын радтой бюрократ, æххæсткомы секретарь Пташкины роль. Чердыгæй йæм бавнæлдтаин, уымæн зонгæ дæр ницы кодтон. Уалынмæ йе 'вдисæн бон æрцыд, фæлæ... Цæй хъазт æмæ цæй цыдæр. Фыр тасæй мæ къæхтæ мæ быны дыдæгътæ кодтой. Мæ «уарзонимæ» куы сæмбæлдтæн, уæд та бынтондæр ныккука дæн. Мæ къухтæ афтæ зыр-зыр кодтой, æмæ мæ дидинджыты баст æнахъинон гæппытæ кодта. Адæм та фенхъæлдтой, мæ хъазт афтæ хъуамæ уа, æмæ фыр худæгæй гуыбынхæлдтæ фесты, стæй дын къухæмдзæгъд ма сисой. Мæнæн дæр мæ сæр мæ кой сис, æмæ – лидзгæ».

Афтæ æнæнхъæлæджы фæрæстмæ йæ фыццаг рацыд сценæмæ. Кæуылты уыд йæ цин. Ахæм «уæлахизы» фæстæ ссис драмон къорды æнувыддæр архайæг, йæ зæрдиагдæр кусæг.

Иуцасдæры фæстæ Бало ахъазыд номдзыд Чермены ролы. Спектакль тынг фæцыд адæмы зæрдæмæ. Дыууæ къуырийы фæстæ сæм хъæуы хистæртæ баминæвар кодтой, иу хатт ма йæ равдисут, зæгъгæ, Баломæ та уæдæй фæстæмæ йæ номæй дзургæ дæр ничиуал кодта. Æрмæстдæр «Чермен». Ацы къорд ма ноджы сæвæрдта дыууæ спектаклы: «Моллойы фырттæ» – Бало дзы хъазыд моллойы ролы, стæй Брытъиаты Елбыздыхъойы «Амран», уым та йын Бесæйы роль уыд баргонд.

Стыхджын лæппуйы «низ» – театр бынтондæр йæ зæрдæйæ нал хицæн кæны. Æгъгъæд ын нал у ацы драмон къорд. Æмæ иу сæрдыгон бон цалдæр лæппуимæ фистæгæй афардæг горæтмæ, æцæг театр фенынмæ. Се 'рвадæлты лæппу йын цы 'хца радта, уыдонæй балхæдта билеттæ æмæ 'рбадтысты балкъоны. Уалынмæ байгом æмбæрзæн, æмæ... диссæгтæ, зæгъæн дæр кæмæн нæй, ахæм Царциаты диссæгтæ... Уыдон ацыдысты уырыссаг театры спектакль фенынмæ, фæлæ ай театр куынæ у, æцæгдзинад куы у, цард! (Æвдыст цыд Борис Лавреневы пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакль «Разлом»).

Лæппу бахауд артистты хъазты уацары. Сценæмæ кæсгæйæ, куы йæ буар ауазал вæййы æмæ йæ сæрыхъуынтæ арц сбадынц, куы йæ зæрдæ цавæрдæр æхсызгондзинадæй байдзаг вæййы, йе уæнгты анхъæвзы

ӕнахуыр тых. Уӕлдай тынгдӕр йӕ зӕрдӕмӕ фӕцыдисты революцион матрос Годуны хъуыддӕгтӕ.

«Ӕз дӕр хъуамӕ ахӕм артист суон ӕмӕ ахӕм рольтӕ хъазон!» – хъуыды кодта Бало фӕсспектакль, балкъоны иунӕгӕй бадгӕйӕ. (Иннӕ театрдзаутӕ иуулдӕр аивгъуыдтой, фӕлӕ уый зӕрдӕскъӕфтӕй йӕ бынаты баззад). Ӕрӕджиау ӕй театры кусджытӕй иу фӕфиппайдта ӕмӕ йӕ базармӕ хӕстӕг фысымуатмӕ арвыста.

«Мӕ фӕстаг абази бафыстон ӕмӕ бацыдтӕн, – дзырдта-иу Бало фӕстӕдӕр, – иу дынджыр уаты ссӕдзӕй къаддӕр нӕ уыдыстӕм. Хъӕр, хъӕлӕба, сывӕллӕтты цъӕхахст... Фӕлӕ мӕм хъуысгӕ дӕр ницы кодта. Дуаргӕрон иу бадӕнил фӕхӕст дӕн ӕмӕ та мӕ хъуыдытӕ, мӕ сӕнтты фӕдыл афардӕг дӕн кӕдӕмдӕр. Мӕ цӕстытыл та уад Годун, йӕ хъӕлӕс зӕлланг кодта мӕ хъусты... Хатгай-иу ын мӕхинымӕр афӕлвӕрдтон йӕ ныхӕстӕ афӕзмын дӕр, фӕлӕ-иу, ӕвӕццӕгӕн, ӕгӕр хъӕрӕй сдзырдтон, ӕмӕ-иу мӕм иннӕтӕ сӕ цӕстытӕ ӕрбадзагъултӕ кодтой, ацы лӕппу цыдӕр кӕны, зӕгъгӕ. Афтӕ фӕбадтӕн суанг бонивайӕнтӕм, стӕй рафардӕг дӕн фистӕгӕй нӕхимӕ Ӕрыдонмӕ».

«О, раст у мӕ уынаффӕ, ӕрмӕстдӕр театр, – скарста фидарӕй Бало. – Фӕлӕ куыд?! Уый тыххӕй ахуыр кӕнын хъӕуы. Ӕмӕ кӕм? Дзӕуджыхъӕуы ахӕм скъола нӕй, искӕдӕм ацӕуынӕн та фӕрӕзтӕ хъӕуы».

Ӕмӕ райдыдта фӕрӕзтӕ ӕмбырд кӕнын. Ацыд кусынмӕ. Бирӕ фӕндӕгтыл фӕцыд Тӕбӕхсӕуты лӕппу, цалынмӕ «нӕхи Бало» ссис, уӕдмӕ. Йӕ фыццаг скъола уыдысты фӕллой ӕмӕ фӕскомцӕдис. Куыста Джызӕлдоны электрон станцӕйы арӕзтады, Мызуры ӕрзӕтыссӕн фабричы, 1930 азы та Ленинон фӕскомцӕдисы Центрон Комитеты сидтмӕ гӕсгӕ араст Ирыстоны фондзыссӕдз бархионимӕ дард Сахалинмӕ ног арӕзтӕдтӕм. Ӕмӕ алы ран дӕр уыдис фӕллойы раззагдӕртимӕ. Фӕлӕ кӕдӕмфӕнды цыдаид, цыфӕнды куыст кодтаид – йӕ зӕрдӕйӕ никуы схицӕн йӕ бӕллиц.

Сахалинӕй куы ӕрыздӕхт, уӕд та иуцасдӕр фӕци Ӕрыдоны хӕдахуыр драмон къорды, стӕй рацыд Дзӕуджыхъӕумӕ. Ам фехъуыста, Мӕскуымӕ, дам, ахуыр кӕнынмӕ арвыстой 30 лӕппуйы ӕмӕ чызджы – фидӕны ирон театры артистты. Ӕрвдзӕфау фӕци, куыд нӕ йӕ базыдтон, зӕгъгӕ, иуцасдӕр фӕхъынцъым кодта, йӕхи ӕгас дунейы цӕрджыты ӕнамонддӕр хонгӕйӕ, стӕй ӕнӕбары, уӕддӕр уал истӕ-

уыл ахуыр кæнон, зæгъгæ, бацыд Краснодары фæндагон-механикон техникуммæ. Нæ йæ фæци каст. Дыууæ азы фæстæ бацыд ам, нæхимæ, ахуыргæнджыты курсытæм.

1933 азы ахуырады облæстон хайады хъæппæрисæй арæзт æрцыд Темаф (театр малых форм) уырыссаг æмæ ирон æвзæгтыл. Истой йæм хæдахуыр театруарзджыты. Бахаудта йæм Бало дæр. Семæ куыстой уырыссаг театры актертæ æмæ режиссертæ. Бацæттæ-иу кодтой спектакль кæнæ концерт æмæ-иу æй æвдыстой Ирыстоны алы хъæуты, куыстуæтты, колхозты, скъолаты. Ам дæр та тынг арæхстджынæй равдыста йæхи Тæбæхсæуы-фырт. Хорз сарæхст Цæрайы ролы Гуырдзыбеты Блашкайы комеди «Ӕдули»-йы. Сæйраг роль та дзы хъазыд фæстæдæр зындгонд ирон филолог Хъуылаты Гала. Ӕвæджиауы сгуыхт та Тандуты Аслæнджерийы пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакль «Кулаккаты Цъулбер», зæгъгæ, уым фæкодта: кæд æмæ дзы хъазыд цыппар ролы иумæ. Цæмæн, уый бæлвырд у – нæ фаг кодта адæм. Фæлæ куыд, куыд?! Уый абон дæр зын бамбарæн у. Куыд арæхсти, сценæйы дæсныйадæн зонгæ дæр чи ницыма кодта, уыцы хæдахуыр хъæуккаг «артист» уал хуызы йæхи равдисынмæ! Мæгъа. Ӕвæццæгæн, стыр курдиат иннæтæй хъауджыдæр æрыгонæй дæр бæрæг фæдары.

Уыцы аз зымæджы уырыссаг театры байгом кодтой студи. Райстой йæм Темафы ирон къорды курдиатджындæрты. Уыдонимæ уыдысты Хъуылаты Гала æмæ Гагу, Вардашева Мария, Дзукъаты чызг, Тæбæхсæуты Бало æмæ ма чидæртæ.

«...Уыцы студи мæнæн уыдис, театралон аивады мæ дарддæр чи ахуыдта, ахæм стыр скъола. Абон дæр мæ нæ рох кæнынц мæ фыццаг ахуыргæнджытæ М. Смелков, Е. Орлов, Г. Власова, Васильев, Кандиев, Н. Горев æмæ иннæтæ. Уыдоны æххуысæй зонгæ кодтон уырыссаг драматургиимæ, цымыдисæй кастæн артистты хъазтмæ... Уайтагъддæр мын бафиппайдтой мæ тырнындзинад æмæ-иу иннæтæй хъауджыдæр мæнмæ уæлдай æнувыддæрæй дардтой сæ цæстæнгас, – дзырдта-иу Бало. – Уæдæй фæстæмæ мæ царды стыр бынат бацахста, Константин Станиславский. Театры тыххæй кæй ныффыста, уыцы чингуытæй мæм иу æрбахауд, æмæ йæ æдзухдæр хастон мемæ, кастæн æй, ахуыр æй кодтон».

Фæлæ, хъыгагæн, йæ ахуыр бирæ нæ ахаста – студи сæхгæнын ба-

хъуыд, уымæн æмæ йæ ахуырдзаутæ нæ бафæрæзтой уыцы æххормаг азты уæззау цæрдтытæн, ацыдысты чи кусынмæ, чи та ахуыр кæнынмæ, стипенди кæм уыди, ахæм скъоламæ. Театры ма уыцы къордæй баззад æрмæстдæр Бало.

«Цытæ дзурут, кæдæй-уæдæй театры дæн, æмæ, дам... Нæ, нæ, цыфæнды зынтæн дæр ныффæраздзынæн, фæлæ хъуамæ ацы хъуыддагæн истытæ бамбарон», – загъта йе 'мбæлттæн æмæ бацыд сценæйы кусæгæй, стæй пълотникæй. Æххæст кæны йæ хæстæ æнæдзургæйæ. Лæмбынæг кæсы æмæ хъусы артисттæм. Ноджы ма уыцы рæстæг цыд завод «Кавцинк»-ы («Электроцинк»-ы) клубы хихъæппæрисадон драмон къордмæ дæр. Ахъазыд дзы Чермены æмæ «Амран»-æй Бесæйы рольтæ. Адæмы зæрдæмæ афтæ тынг фæцыд, æмæ ма дзы суанг газетты дæр феппæлыдысты. Фыццаг хатт. Уый дæр та йын ныфсы хос фæци. Афтæ бонгай, санчъехгай цыди йæ нысанмæ Бало.

Уалынмæ æрцыдис, æппынæдзух кæмæ æнхъæлмæ каст, уыцы амондджын бон! 1935 азы 10 ноябры байгом Ирон профессионалон театр. Куыд æмæ цы уыдзæн, уый нæма зыдта Бало, фæлæ иу хъуыддаг æмбæрста: уыцы фæрнæйдзаг бон амондхæссæг у ирон адæмæн, стæй йæхицæн дæр. Æмæ æцæгдæр афтæ рауадис. Ирон театры разамонджытæ сæ куысты тæккæ райдианы ныхъхъуыды кодтой сæ фидæныл – сомбоны артисттæ цæттæ кæныныл. Сфæнд кодтой актертæн æххуысгæнæг къорд саразын. Æрлæууыд къамисы раз Бало дæр, фæлæ нæ фæрæстмæ йæ хъуыддаг. Фыр æфсæрмæй йе уæнгтыл цыдæр пъæззы ныббадт. Йе 'взаг йæ коммæ нал каст, цыдæр фесты, кæй зыдта, цæмæ арæхст, уыдæттæ дæр.

«Раст роды хуызæн уыдтæ», – афтæ йæ мæстæй мардта фæстæдæр уæды къамисы уæнг, Ирон театры актер æмæ режиссер Маккæты Арсен. Дзырдæн, Бæтæгаты Тамарæ, Галазты Чермен, Дзугаты Георги æмæ иннæты айстой уыцы къордмæ, фæлæ Тæбæхсæуты Балойы аздæхтой, актеры куыстæн дæм курдиат нæй, зæгъгæ. Театры фыццаг директор Къосираты Сæрмæт та йын афтæ загъта: «Ам дæ хъуыддаг хорз нæу. Ацу æмæ æндæр искуы ахуыр кæн». «Йарæбын, кæд гæнæн и, уæд мæ бауадзут», – лæгъстæ кодта лæппу, фæлæ кæм... «Цынæ мын фæкодтой... Нæ акуымдтон. Фондз мæйы æнæ мызд, æнæ 'ндæрæй фæцыдтæн. Цæхх-иу мæ дзыппы ахастон æмæ-иу пысыратæ-йедтæ ахордтон. Сæрмæт-иу мæ куы бафиппайдта, уæд та-иу мæ афарста:

«Ам ма дæ?!» – «Йарæбын, мæнæ ацы адæмы... мæнæ ног артисттæй зæгъын... бирæ сæ бауарзтон, æмæ мæ семæ бауадз, стæй фендзыстæм». Мæ цæсгом ныддардтон, мæхи ныхъхъæддых кодтон æмæ цыдтæн театрмæ.

Уæд та мæм иухатт Сæрмæт фæсидт æмæ мын афтæ зæгъы: «Куыд кæсын, афтæмæй ды ардыгæй нæ ацæудзынæ. Гъемæ дын куыст ссардтон. Уартæ уырыссаг театры реквизитортæн мах театры номæй æххуыс кæндзынæ, мызд исдзынæ 75 сомы».

«Æнхъæлдæн, мæ хъул сах абадт, – загътон мæхинымæр æмæ райдыдтон кусын. Зын та куыд нæ уыди. Мызд чысыл, цæрæнбынат дæр нæй. Цыппар мæйы сусæгæй сценæйы сæрмæ колосниктыл (амад хъæдтыл, фæйнæджытыл) фæхуыссыдтæн. Зæронд æмбæрзæны иу хай-иу мæ быны бакодтон, иннæмæй та-иу мæхи æрæмбæрзтон. Иухатт мæ сапон æрхауд, æмæ мæ базыдтой. Расырдтой мæ, уæдæ цы уыдаид, сценæйы сæрмæ афтæ цæрæнтæ и!»

Чи зоны, куыстæй дæр æй расырдтаиккой, фæлæ Сæрмæты бæсты кусын райдыдта Сæлбиты Хъамболат. Цæмæндæр ног хицауы зæрдæмæ тынг фæцыд фæллойуарзаг, мадзура ляппу, æмæ тæргæ нæ, фæлæ ма йæ æххуысгæнæг къордмæ дæр бакодта, стæй йын снысан кодта стипенди 56 сомы.

Хур ракаст Балойыл, фенцондæр йæ цард, базыртæ йыл базад алы куыстмæ дæр. Кусгæ-кусын-иу йæ хъус дардта репетицитæм, лæмбынæг хъуыста актертæм, режиссертæм. Хатгай-иу æй сценæмæ дæр рауагътой, бирæ адæм-иу кæм хъуыд, ахæм рæтты. Искуы-иу хатт та-иу ын, чысыл ныхæстæ кæм уыд, ахæм рольтæ дæр авæрдтой. Спектаклы рæстæг-иу декорацитæ æвæрд куы фесты, уæд-иу æмбæрзæны фæстæ слæууыд æмæ каст артистты хъазтмæ. Иу хатт, дыууæ хатты, бирæ хæттыты. Афтæмæй-иу йæ зæрдыл бадардта æнæхъæн рольтæ кæрæй-кæронмæ, æнæхъæн пьесæтæ.

Иуахæмы, спектакль «Адвокат Патлен»-ы тæрхонгæнæг Бартолены роль чи хъазыд, уыцы актер фæрынчын.

«Цы чындæуа? Утæппæт театрдзауты куыд арвитæм фæстæмæ?» – стыхстысты театры разамонджытæ.

Бало сæм аивæй йæхи байста æмæ æфсæрмдзæстыгæй бамбарын кодта режиссер Борыхъуаты Бейбулатæн: «Æз дæр æй ахъазин... Кæд мын бар раттат...»

«Цы, цы? Ды? Бартолены роль?!» – дисгæнгæ кастысты театры кусджытæ реквизиторы хæдивæгмæ. Никæй уырныдта, исты дзы рауайдзæн, уый. Фæлæ хуыздæр гæнæн нæ уыд – уæд ма спектакль аивын стыр худинаг уыд, театры æгуыдзæгдзинады нысан, æмæ рауагътой Балойы.

Сценæмæ рацыд цавæрдæр æнахуыр гуымиры цæрæгой... дынджыр æнæхафт «къодах», хилы уыцы уæзбынæй, йæ къæхтæ йæ фæдыл ласгæ, цыдæр гуымгуымгæнгæ. Йæ бакастыл бæлвырд зыны, гуымыдза кæй у, уый.

Исты йæ зæгъын хъæуы, зæгъгæ, уæд бирæ фæхъизæмар кæны, цалынмæ йæ срæцугъы, уæдмæ... Иугæр æй загъта, уæд та йæхицæй ныббузныг вæййы æмæ йæ дæндæгтæ базыхъхъыр кæны, ома худгæ кæнын.

«Æмæ, дам, гъе уый лæг у, бæрнон лæг. Цæй мæгуыр вæййынц, сæ тæрхонгæнæг, сæ хъысмæт лыггæнæг ахæмтæ кæмæн вæййынц, уыдон», – хъуыдытæ кодтой театрдзаутæ, уыцы Бартоленмæ кæсгæйæ. Ахæм хатдзæг та амыдта уый, æмæ Бало рæстдзæвин цуанонау сæмбæлд йæ нысаныл, æнæнхъæлæджы хорз ахъазыд уыцы роль, ахъазыд æй йæхирдыгонау, йæхи фæрæзтæй. Афтæ ирд, афтæ раст ын равдыста йæ мидис, æмæ ссис уыцы спектаклы сæйраг архайæг. Театры чидæриддæр уыд – уазæгæй, артистæй – æппындæр дызæрдыг ничиуал кодта, стыр курдиат кæмæ ис, ахæм лæппуйы фыццаг уæлахизæн æвдисæн кæй сты, ууыл. Цыбыр дзырдæй, Бало афтæ сарæхст, æмæ йæ дыккаг бон æххуысгæнæг къордæй баивтой артистты рæнхъытæм. Сæххæст йе стыр бæллиц! Æрзылдис йæ амонды цалх æмæ йын æрхаста æгæрон цин, йемæ та – ног сагъæстæ, ног фæлтæрæнтæ.

Уæдæй фæстæмæ ноджы æнувыддæрæй кусы Тæбæхсæуы-фырт йæ дæсныйад бæрзонддæр кæныныл. Хъазы ног пьесæты, йæхицæн баззад Бартолены роль дæр – раздæр æй чи хъазыд, уыцы актер куы сдзæбæх, уæд æй нал бакуымдта. Афтæмæй Бало æнтыстджынæй цæуы йæ равзæрст фæндагыл, ныфсджынæй хизы зын, фæлæ фæрнæйдзаг асинтыл аивады бæрзæндтæм. Адæм дис кæнынц йæ хорз хъуыддæгтыл. Бынтон диссагæн та баззад, æрыгон артист фыццаг хатт спектакль «Дыууæ хойы» зæронд «бирæгъ» Тætæрхъаны фæлгонц куыд сарæзта, уый. Уыцы изæр – 1936 азы 15 ноябры – райгуырд ирон театры фидæны номдзыд артист, сценæйы стыр архайæг Тæбæхсæуты Бало. Нæхи Бало!

Уæлахиз. Арфæтæ, цинтæ... Ахæм бон бамбары адæймаг, раст фæндаг кæй равзæрста, уый, дзæгъæлы кæй нæ уыдысты йæ фыдæбæттæ, стæй йæ дарддæры хъысмæт дæр нырмæйы хуызæн йæхицæй аразгæ кæй у, уый, Æмæ йæ аразы. Иу иннæйы фæдыл нывæнды амæй ай ирддæр æмæ вазыгджындæр сурæттæ: хъазаг, хæларзæрдæ колхозон Гуыди («Чындзæхсæв» – Джимиты Г.), Хазбийы хъæбатыр æрдхорд Хъæссæй («Хазби» – Брытъиаты Е.), Командор («Дурын уазæг» – А. Пушкин) æмæ æндæртæ. Уæлдай тынгдæр адæмы зæрдæтæ фæцагайдта, йæхи адæмыл гадзрахатæй кæй рацыд, уый тыххæй ма суанг йæхи фырты дæр чи амардта, уыцы Ягоры фæлгонц («Намыс» – Г. Мдивани). Ацы куысты театрдзаутæ федтой æрыгон артисты бирæ гæнæнтæ, бамбæрстой, йæ бон кæй уыдзæни стыр трагедион фæлгонцтæ ныв кæнын.

Афтæ Тæбæхсæуы-фырты йе стыр курдиат ракодта размæ æмæ дыууæ азмæ æрлæууыд раззагдæр актерты æмрæнхъ. Адæм ыл сæ цæст æрæвæрдтой, бауарзтой йæ æмæ, сывæллон ног лæвармæ куыд æнхъæлмæ кæса, афтæ æнхъæлмæ кастысты йæ алы ног фæзындмæ дæр. Театрдзаутæ-иу дзырдтой, зæгъгæ дзы иугæр нæхи Бало хъазы, уæд уыцы спектаклæн æвзæрæй тас нæу. Æмæ цыдысты цыдæр ногдзинад базонынмæ, ног фæлгонц фенынмæ, адæймаджы рæсугъд миниуджытыл бацин кæнынмæ, ног æнкъарæнтæ бавзарынмæ. Нæ сын уыдис фæсайæн, фæфыдæнхъæлгæнæн, уый æмбæрста Бало æмæ кодта удуæлдай фæллой, нæ ауæрста йæхиуыл.

Уынджы уа æви хæдзары, цины уа æви зианы – нæ дзы рох кæнынц аразинаг фæлгонцтæ, агуры сын фæрæзтæ, ахорæнтæ, бæрц... Театрæн лæвæрдта йе стыр курдиат, йæ уды цæхæр, йæ хъарутæ, йæ зонд – хорзæй йæм цы уыдис, уый. Афтæ хъæддых нæ фæлæууыд æмæ ахæм стыр куыст нæ кæны, зæгъгæ, уæд ын йæ хъысмæт ахæм бынат не слæвар кодтаид царды. Чи зоны, уыдаид хорз инженер, ахуыргæнæг, дохтыр... Фæлæ ирон театралон аивады арвыл нæ сæрттывтаид ахæм стъалы.

Фидарæй зæгъæн ис: Балойæн цыдæриддæр бантыст, уый æрмæстдæр йæхи уды руаджы. Хатгай иуæй-иутæй афтæ акæнынц: «Йæ ахуыргæнджыты, æмбæлтты æххуысæй рацыд размæ». Уый дæр хъуыдыйаг у. Фæлæ дæхæдæг куынæ кусай, куынæ архайай, хид кæнын куынæ уарзай, уæд дын ничи баххуыс кæндзæн.

Тæбæхсæуты Балойы сфæлдыстады сæйраг бынат ахсынц сæрибарыл, адæймаджы ном, лæджы бынатыл чи фæтох кæны, уыимæ йæ бæстæйы кад æмæ намысы сæраппонд йæ цард нывондæн æрхæссынмæ æдзухæй цæттæ чи вæййы, ахæм хъæбатырты сурæттæ: ирон адæмы æрдхæрæны Чермен («Чермен» – Плиты Г.), Галилей («Номдзыд æнæдин» – Ч. Персонов, Г. Добржинский), Бæгъатыр («Фæтæг Бæгъатыр» – Мамсыраты Д.), Федор Таланов («Ныббырст» – Л. Леонов), Аслæнбег («Бæтæйы фырттæ» – Хъайырты В.), Дзамболат («Сау мигъ» – Джимиты Г.), Швандя («Любовь Яровая» – К. Тренев), инæлар Муравьев («Уæлахизуæвджытæ» – Б. Чирсков), Темыр («Знæгтæ» – Уырыймæгты Е.), Фучик («Юлиус Фучик» – Ю. Бураковский) æмæ æндæртæ. Ахæм рольты-иу Тæбæхсæуы-фырт уыдис уæлдай тыхджындæр. Æгæрон уыдис йе ‘нкъарæнты хъомыс. Акодта-иу театрдзауты йæ фæдыл, фæзминагæй-иу баззад сæ зæрдæты. Уый мидæг уыдис, æвæццæгæн, йæ аивадон тых.

Фæлæ бирæвæрсыг курдиатджын артистæн къуындæг уыдысты бæлвырд амплуайы гæнæнтæ. Уый æмхуызон дæсны арæхст канд драмæ æмæ трагедиты хъазынмæ нæ, фæлæ комедион фæлгонцтæ аразынмæ дæр. Чи сæ федта, уыдонæй никуы ферох уыдзысты, Бало сæ хорз кæуыл фæхудын кодта, уыцы æдзæсгом хистхор Бетъре («Хистхортæ» – Туаты Д.), зæронд рæузонд усгур кънйаз («Ханумæ» – А. Цагарели), сылгоймæгтæй йæ удхæссæг чи уыдта, афтæмæй фыр уарзтæй йæ сæр кæмæн разылд, уыцы кавалер Риппофрато («Фысымуаты хицау» – К. Гольдони); Мчъа («Нæ пьырыстыф сæрра» – Кочысаты Р.), хæрз æдылы æмæ æнæхъару уæвгæйæ, йæхи тынг стыр лæг чи ‘нхъæлдта, уыцы кънйаз Давид («Афтæ нал у» – А. Цагарели), Гибсон («Дыккаг Фронты фæсчъылдым» – В. Собко) æмæ æндæртæ.

Цавæрфæнды гыццыл роль ын ратт, уæддæр-иу йæ куыст ницы хуызы фæкъаддæр кодта, æмæ та-иу адæм – актерæй, театрмæ кæсæгæй – дисы бацыдысты, кæм сæ ссары уыцы диссаджы агургæ æмæ æнæ аргæ сценикон фæрæзтæ, æви йæ ахорæнты къæбиц уæле исгæ, бынæй ахадгæ у, зæгъгæ!

Æрхæсдзынæн иунæг дæнцæг. Æвдыстам «Пæсæйы фæндон» Туаты Дауыты пьесæмæ гæсгæ. Фæстаг нывы, чындзæхсæв кæм вæййы, уым адæм нæ фаг кодта. Уæд дын Бало дæр рацыд, æз дæр уæм фæкæсдзынæн, зæгъгæ. Кæд номдзыд артист сси, уæддæр, ныры артисттæй

хъауджыдæр, уыдæттæ йæ сæрмæ хаста. Кæсæм, æмæ дын уæртæ кæронæй æрбалæууыд иу дынджыртæ арæзт гæмхетт лæппулæг. Йæ уæлæ уæрæх четæн хæдон æнæ ронæй, йæ сæрыл – нымæтхуд... Фæндырмæ нæ хъусы, афтæмæй йæ къухтæ амтъупп-уымтъупп æрцæвы æдылы худт кæнгæ. Стæй дын, цыма йæ дзыхы тæвд картæфтæ уыд, афтæмæй куы срæцугъид: «Аз дæр акафин, фæлæ ме 'фсымæры марджытæн хъыг куы уа».

Адæм кæл-кæл кæнынц. Мах нæ цæсгæмттæ 'мбæхсæм, нæхи тыххæй уромæм. Хуыцау дæсны, цы зæгъынмæ хъавыд уыцы ныхæстæй (пьесæйы ахæм ныхæстæ нæ уыд). Фæлæ йæ иунæг фæзынд æмæ сныхасæй загъта бирæ цыдæртæ. Абон дæр мæ цæстытыл ауайы уыцы æнамонд. Æмæ, æвæццæгæн, уым ницы ис уадиссагæй дæр. Сценæйы æцæг стыр дæсныйæн нæ рох кæны йæ иунæг фæзынд дæр. Бало стыр дæсны кæй уыд, уый та дызæрдыггаг нал у.

Тæбæхсæуы-фыртмæ сценæмæ кæсгæйæ адæймаг никуы загътаид, хъазгæ кæны, зæгъгæ. Нæ, уый-иу райдыдта цæрын, кæй сурæт-иу арæзта, уыдоны хъуыдытæй, сæ хъысмæт-иу сын райста йæхимæ, бафтыдта-иу сыл йæхи тых, йæ курдиаты руаджы-иу сæ скодта, нырыккон фæлтæрмæ куыд бахъарой, афтæ æмæ-иу сæ æрмæстдæр уæд рахаста адæмы тæрхонмæ. Уымæн-иу уыдис йе сфæлдисгæ цардæгас фæлгонцтæй алкæцы дæр аивады сæрмагонд фæзынд, уымæн афтæ арф ныххызтысты адæмы зæрдæтæм – Бзар («Къоста» – Дзанайты И. æмæ Епхиты Т.), Амырхан («Сидзæргæс» – Туаты Д.), Бесæ («Амыран» – Брытъиаты Е.), Забелин («Кремлы куранттæ» – Н. Погодин), Монтанелли («Овод» – Э. Войнич), Амбако («Уарзæттæ» – Бердзенишвили), Карл Моор («Абырджытæ» – Ф. Шиллер), Городничий («Ревизор» – Н. Гоголь), Булычев («Егор Булычев æмæ иннæтæ» – М. Горький), Дзиба («Нæ райгуырæн хæхты» – Хуыбецты Р.), Сæрмæт («Сæрмæт æмæ йæ фырттæ» – Саламты Къ.), Хъуыдæберд («Цæргæсты хох» – Темыраты Д.), Макар («Макар Дубрава» – А. Корнейчук), Маттиас Клаузен («Хурныгуылды агъоммæ» – Г. Гауптман).

Советон зындгонд поэт Павел Антокольский фыста: «Тæбæхсæуты Балойы хъазт у аивады æмбисонды фæзынд: сценæмæ кæсджытæ цавæрдæр уацары бахауынц, йæ цинил цин фæкæнынц, йæ мастыл – маст, æнæмæнг сæ алкæй дæр дисы бафтауы».

Уыцы «æмбисонды фæзынд» Балойы сфæлдыстады уæлдай ирд-

дæрæй рабæрæг, дард æнустæй æрцæуæг Шекспиры æнæмæлгæ трагедиты кæй саразта, уыцы фæлгонцты. Актер нæм æрбахуыдта, цыппарфондзыссæдз азы размæ чи райгуырд, уыцы венециаг мавр инæлар Отеллойы. Нæ буц уазæг сдзырдта иронау æмæ фæцард Ирыстоны зæххыл дыууиссæдз азмæ ‘ввахс. Фæцард кад æмæ радимæ, адæмы уарзонæй. Цымæ, цæмæн афтæ рауад? Уымæн æмæ йæ Бало, фыццаджыдæр, равдыста æцæг адæймагæй, тыхджын, сыгъдæгзæрдæ, цæсгомджын адæймагæй. Уымæн-иу афтæ бахъардтой йæ маст, йæ катай, йæ хъизæмæрттæ не ‘мдугонты зæрдæтæм.

Ацы спектакль сæвæрын, Отеллойы сурæт снывæндын уыдис стыр фæлтæрæн Балойæн дæр æмæ Ирон театры артисттæн се ‘ппæтæн дæр. Фæлæ сæ хъуыддаг рауад, æнхъæл куыд нæ уыдысты, афтæ хорз.

Газет «Советская культура» 1941 азы 1 апрелы фыста: «Цæгат Ирыстоны театр йæ фондз азы бонмæ кæй бацæттæ кодта, уыцы спектакль «Отелло» (режиссер В. Фотиев), бæлвырд равдыста коллективы курдиат, йе ‘нкъарæнты рæсугъддзинад æмæ бæрзонд аивадон культурæ...»

О, уый уыдис æрыгон театры егъау сфæлдыстадон уæлахиз. Фесгуыхт театр, фесгуыхт Бало, фесгуыхт ирон театралон аивад.

1950 азы, ирон театрыл 15 азы кæй сæххæст, уый охыл Тæбæхсæуты Балойы цалдæр æмбалимæ ахуыдтой Мæскуымæ. Уым ын аивады кусджыты хæдзары уыдис дзуапдæттæн изæр. Равдыста дзы Тætæрхъаны, Бетъреййы, Егор Булычевы, булкъон Муравьевы æмæ Отеллойы сурæттæ. Стыр аргъ ын скодтой театруарзджытæ, æхсæнады минæвæрттæ. Мæскуы фехъуыста ирон Отеллойы хабар.

Уымæй 5 азы фæстæдæр, 1955 азы, ирон Отеллойы хъæлæс райхъуыст Мæскуыйы Моссоветы номыл академион театры сценæйæ.

«...Хъуыддаг рауад афтæ, – мысыд-иу фæстæдæр Бало. – Мæ хъысмæт мæ сбаста зындгонд артист, режиссер æмæ театралон архайæг, Мæскуыйы Моссоветы номыл театры сæйраг режиссер Юри Александры фырт Завадскиимæ. Федта мæ «Отелло»-йы, ахуыдта мæ Мæскуымæ. Моссоветы номыл театры фæдæн цалдæр мæйы. Зæгъæн дæр ын нæй, уыцы ахуыртæ мын цас феххуыс сты, уымæн. Ноджы стырдæр хорздзинад та уый уыд, æмæ уыцы æвæджиауы курдиатджын артисттимæ æртæ хатты Отеллойы ролы кæй ахъазыдтæн».

Æмæ кæд уыцы æртæ спектаклы рæстæг Бало æмæ иннæ архайджы-

тæ фæйнæ æвзагыл дзырдтой, уæддæр кæрæдзийы хорз æмбæрстой. Уæдæ театрдзауты дæр тæлмацгæнæг нæ бахъуыд, уымæн æмæ ахæм хъазт, ахæм стыр аивад бамбарæн ис алы ‘взагыл дæр. Уый тыххæй зындгонд советон фыссæг Николай Атаров фыста: «Æз федтон, ирон актер цы спектаклы хъазыд, уырдæм æнæнхъæлæджы чи бахауд, ахæм мæскуыйаг студенткæты. Уыдон фыццаг тынг фæдис кодтой, сæйраг роль чи хъазы, уыцы артисты ныхасыл – нæ йæ ‘мбæрстой, фæлæ æз федтон: куыдфæстæмæ æцæгæлон ныхасы зæлтæ уыцы студенткæты Отеллойы зæрдæйы ахаст æмбарын кæй нал хъыгдардтой...»

Уæдæй фæстæмæ Тæбæхсæуы-фырты Отеллойы ном хъуысын райдыдта бæстæйы алы кæрæттæм. Стыр аргъ ын скодтой æмæ йыл фыстой журнал «Театр»-ы, газеттæ «Литературная газета», «Известия» æмæ «Советская культура»-йы.

Тæбæхсæуты Балойы ном хаст æрцыд, цыппар æнусы дæргъы дунейы театрты Отеллойы роль æппæты хуыздæр чи ахъазыд, уыдоны кадджын номхыгъдмæ, фыст æрцыд Айра Олдридж, Франсуа-Жозеф Тальма, Дэвид Гаррик, Эдмунд Кин, Томмазо Сальвини, Эрнесто Росси, Павел Мочалов, Александр Остужев, Ваграм Папазян, Акакий Хорава, Николай Мордвиновы фарсмæ.

Шекспиры сфæлдыстад иртасæг зындгонд профессор Михаил Морозов фыста: «Куыд Шекспиры сфæлдыстад иртасæг, рагæй баст дæн театримæ, Отеллойы ролы чи хъазыд, уыдонæй бирæты федтон. Тæбæхсæуы-фырт-Отелло схызт бæрзонддæр цъупмæ. Фæлгонцы мидис арф æнкъаргæйæ, ацы диссаджы актер равдыста дунеон репертуары зындæр рольтæй иу».

Фæстæдæр Балойы аивадимæ базонгæ сты Ленинград æмæ Бакуйы, Душанбе æмæ Краснодары, Тбилис æмæ Цхинвалы, нæ бæстæйы бирæ æндæр горæттæ æмæ хъæуты; ахуыдтой йæ Болгаримæ, Германийы Демократон Республикæмæ, уыдис Англисы дæр. Монголы Адæмон Республикæйæ фыстой: «Ахъаззаджы актер æмæ ахъаззаджы адæймаг Тæбæхсæуты Владимиры гастрольтæ ахицæн сты æнтыстджынæй. Зæрдиаг арфæ уын кæнæм, диссаджы курдиатджын актеры, æцæг мавры нæм кæй æрбарвыстат, уый тыххæй».

Ахæм арфæтæ иу æмæ дыууæ хатты нæ сæмбæлд Ирыстоныл Тæбæхсæуты Балойы курдиаты тыххæй. Цалдæр хатты фыстой Шекспиры райгуырæн бæстæ Англисæй дæр. Дæнцæгæн – иунæг

тел: «Зынаргъ Тæбæхсæуы-фырт. Мах, æхсæнад Советон-Шотландийы хæлардзинады æмæ æхсæнад Британаг-Советон хæлардзинады минæвæрттæ, æнæкæрон стыр æхсызгондзинад райстам, 1953 азы 20 декабры Цæгат Ирыстоны паддзахадон театры спектакль «Отелло» куы федтам, уæд. «Литературон газет» кæсгæйæ, фыццаг хатт базыдтам, ды кæддæр кусæг-шахтер кæй уыдтæ, уый. Ныр та ды дæ советон аивады ног фæлтæры минæвар. Мах фæнды дæуæн æмæ де 'мкусджытæн нæ зæрдиаг арфæтæ ракæнын. Дæ руаджы Шекспиры адæймагуарзондзинад ныр æмбæрстгонд у Советон Цæдисы адæмтæн.

Делегацийы уæнгтæ: Лесли Кредланд, Том Хилл, Брин Пирс, Ольф Персиваль, Андрей Ротшеинд, Ирек Робиртсон æмæ иннæтæ».

Къаддæр нæ фесгуыхт номдзыд артист Шекспиры иннæ трагедитæ «Къарол Лир» æмæ «Макбет»-ы сæйраг рольтæ хъазгæйæ дæр.

«Тæбæхсæуты Бало, къарол Лиры хъазгæйæ, йæхи æвдисы, актеры аивады æппæт сусæгдзинæдтæй дæр хайджын чи у, æцæг трагедион курдиат кæмæ ис, ахæмæй. Йæ хъæлæс у æнæнцойдзинадæй дзаг, у музыкалон, пластикон, иттæг хорз æнкъары æмдзæвгæты ритм», – афтæ загъта ССР Цæдисы адæмон артист, зындгонд советон режиссер Евгений Симонов.

«Æз Мæскуыйы федтон Шекспиры геройты, мæ къухæмдзæгъд нал урæдтон «Чермен»-ы: нæ рæстæджы стырдæр актертæй иу, зæгъæн ис, у Тæбæхсæуты Бало. Дыууæ спектаклы дæр мæ зæрдæйы ныууагътой арф фæд...» – уыдон та сты туркаг фыссæг æмæ сценарист Назым Хикметы ныхæстæ.

Ахæм дæнцæгтæ æрхæссæн ис бирæ. Фыссынц ыл чингуытæ, иртасæн куыстытæ, очерктæ, уацтæ... Æмæ се 'ппæты дæр – уарзондзинад ирон актеры бæрзонд аивадмæ. Куыд ма вæййы хуыздæр аргъ скæнæн артисты фæллойæн. Чи нæ бабæллид ахæм стыр кадмæ! Æрмæст ын алчи нæ уромы йæ уæз. Бирæты сæр разилын кæны, бирæты курдиат бамынæг вæййы.

Фидар та разынд ам дæр Бало, нæ фервæссыд йæхиуыл, уымæн æмæ зыдта: нырма йæ бирæ бакусын хъæудзæн, цалынмæ, йæхæдæг йæхи размæ кæй æрæвæрдта, уыцы хæстæ сæххæст кæна, уæдмæ. Æмæ та-иу ногæй йæ цæнгтæ бафистæг кодта. Стæй, артисты сценæйыл кусынæн цы миниуджытæ фæхъæуы, уыдонæй иуæй дæр хъуаг нæ уыд; асæй, гуырыкондæй, ныхасыуагæй, хъæлæсæй... О уыцы хъæлæс – тыхджын, алыхуызон. Куы-иу дзы райхъуыст суадоны сабыр

хæл-хæл, куы та-иу ныггуыр-гуыр кодта арвау. Фехъусæн дзы уыд «барабанты гыбар-гыбур» æмæ «флейтæйы æхситт». Уымæн йæ бон уыд хъуыдыйад цъæхахстæй райдайын, стæй æваст ныллæг бæзджын хъæлæсæй ныхасмæ рахизын. Хатгай та-иу афтæ ныббогътæ кодта, æмæ-иу адæймагæн йæ буар ауазал. Уымæй-иу кæддæриддæр йæ хъæлæсы азæлыд бæлвырд æнкъарæнтæ – цин, маст, тыхст, сагъæс...

Йæ ныхасыуаг уыдис иттæг аив æмæ бæлвырд, хъæздыг уыд алыхуызон интонацитæй. Йæ алы ныхас, йæ алы дзырд дæр – царды уысм, арф хъуыды, æххæст ныв. Дзырдæн, зæгъæм, Амырханы ныхæстæ «Сидзæргæс»-æй: «Сылгоймагæн йæ дзыкку – даргъ, йæ зонд – цыбыр». Ам-иу Бало дзырд «да-а-а-аргъ» афтæ айвæзта, æмæ-иу лæгæн йæ цæстытыл ауадысты даргъ дзыккутæ; «цыбыр» та-иу æвиппайды фæлыг кодта. Иннæ ахæм йæ улæфт. Æмбисондæн баззадысты, цæмæй сæ хъуыды бæлвырддæрæй райхъуыса, уый тыххæй-иу æнæ сулæфгæйæ кæй дзырдта, уыцы монологтæ: «Гъы, йæ зондæн кæрон кæмæн нæй æмæ хæдзары уынаффæ йæхимæ чи райста, уыцы хъал Хансиат, циу уый сынтæджы?» (Тæтæрхъан. «Дыууæ хойы» – Брытъиаты Е.)

Æниу йæ цæстытæ та... уыцы егъау æнæбын цæстытæ, æнæ ныхасæй дзургæ чи кодта. Иннæ ахæм йæ цыд, йе уæнгты фезмæлд, йæ фердæхтытæ.

Сæйрагдæр та уый уыд, æмæ йе сфæлдыстад кæддæриддæр ифтонггонд уыд революцион гуманизмыл тохы хъуыдытæй æмæ æнцой кодта социалистон реализмы бындурыл. Уый æмбæрста, театры, Гоголы загъдау, адæмæн кæй ис бирæ хорз, бирæ зондамонæн ныхæстæ зæгъæн, æмæ архайдта сæ зæгъынил. Уый куыста, цæмæй адæм кæной хуыздæр, цæмæй се 'хсæн фылдæр уа хæларзæрдæ, сыгъдæгцæсгом, рæдау адæймæгтæ... Кæйфæнды сурæт дæр аразæд – алкæд дæр архайдта адæймаджы рæсугъддæр миниуджытæ ссарынил æмæ сæ афтæ равдисынил, цæмæй сæм тырной, цæмæй сæ фæзмой театрдзау дзыллæтæ. «Уый тыххæй сæ хъуамæ бауæндын кæнон мæхиуыл, – загъта-иу Бало, – хъуамæ сæ хъуыдытæ, се 'нкъарæнтæ абухой, мæн куыд бафæнда, афтæ».

Æнæкæрон иузæрдиондзинад райгуырæн бæстæмæ, æнæрæнцой фæллой æмæ хиуыл фервæссынæй хи бахъахъхъæнын, хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæн сæ арфмæ ныккæсын, сæ аххосаг æлхынцъытæ сын райхалын, царды æцæгдзинад æмæ сценикон бæрзонд культурæмæ

тырнын, алы ныхас, алы дзырдæн дæр бæлвырд нысан зонын, иунæг сурæт дæр кæронмæ нывгондыл макуы нымайын, адæймаджы кувыны аккаг бæрзондмæ исыныл архайын уыдысты Тæбæхсæуты Балойы домæнтæ йæхимæ. Æмæ сæ никуы фæлæмæгъдæр кодта. Уымæн афтæ фесгуыхт.

Балойы курдиат канд театры не скъæфта адæмы зæрдæтæ, фæхæццæ кинойы аивадмæ дæр, æмæ дзы æнтыстджынæй сарæзта цалдæр зæрдылдарæн фæлгонцы: Къоста («Ирыстоны хъæбул»), Сау Магома («Афтæ райгуыры зарæг»), кънйаз Алимбек («Фатимæ»), Али-Солтан («Æз уæддæр кафдзынæн»), Ашеров («Командиры раздæхт») æмæ æндæртæ.

Вазыгджын уыдис Тæбæхсæуты Балойы цард. Хъуыдис æй бирæ фыдæбон, бирæ рæстæг, бирæ хъарутæ. Фæлæ уæддæр канд актер нæ уыди, уыдис зынгæ æхсæнадон архайæг дæр: цалдæр хатты æвзæрст æрцыд ССР Цæдисы æмæ Цæгат Ирыстоны Сæйраг Советы депутатæй, партийы Цæгат Ирыстоны обкомы уæнгæй. Уыдис Сабырдзинад хъахъхъæныны республикæйы комитеты сæрдар, Уæрæсейы театралон æхсæнады Цæгат Ирыстоны хайады правленийы æмæ Ирон театры аивадон Советы уæнг. Арæх цыд уазæгуаты куыстуæттæм, колхозтæ æмæ совхозтæм, скъолатæ æмæ æфсæддон хæйттæм. Æххуыс кодта хæдахуыр артисттæн.

Бало æдзухдæр архайдта театры хуыздæр традицитæ бахъахъхъæнынил. Нæ хæлæг кодта фæсивæдæн йæ дæсныйад, йæ фæлтæрддзинад. Ирон театры 30 азы бонмæ фыста: «...Не ‘рыгон артистты фæлтæрæн мæ зæрды ис цалдæр фæндиаджы зæгъын.

Фыццаджыдæр, цардыл стырзæрдæ цæмæй ма кæной, æрвылбон æм сæ хъус куыд дарой. Цард у аивады æнæсысгæ суадон, æмæ йæ ахуыр кæнын хъæуы. Цардимæ æмцыд куы кæной, уæд сæ аивад æдзухдæр уыдзæн рæстаг, æвзонг, егъау хъомыладон хотых.

Нæ фæсивæд хъуамæ æрвылбон ахуыр кæной сæ хистæрты фæлтæрддзинад. Бирæ фенæг – бирæ зонæг. Хистæртæ та фылдæр рацардысты æмæ фылдæр зонынц. Йæ хистæры зонд æмæ уынаффæмæ чи хъуса, уый рæдыд никуы æруадздзæн.

Не ‘рыгон артисттæ хъуамæ фылдæр кусой сæхиуыл. Дунеон аивады æмæ литературæйы хæзнатæ хъуамæ ахуыр кæной лæмбынæгдæр.

Цин æмæ хъыг сфæлдыстадон æфсымæртæ сты. Цыфæнды курдиатджын артистæн дæр æдзух йæ къухы уæлахиздзинæдтæ нæ фефты. Æмæ æрыгон артисттæн мæ зæрдæ зæгъы, цæмæй хицæн къуыхцытæй ма тæрсой, фæлæ агурой ног æмæ ног фæндæгтæ».

Уый æвæджиауы программæ у. Æмæ йæ чи æххæст кæна, уымæн рæствæндаг æнæ фæуæвгæ нæй. Уымæн æвдисæн – Балойæн йæхи царды фæндæгтæ.

Бало куывта æрмæстдæр иунæг Хуыцау – ТЕАТРÆН. Уымæн æрхаста нывондæн йæ цард. Уымæн æй хуыдтой ирон театры цæсгом.

Бало лæггад кодта æрмæстдæр иунæг хицауæн – АДÆМÆН. Уымæн ахæм стыр аргъ скодтой адæм йе 'нувыд фæллойæн аивад æмæ æхсæнадон хъуыддæгты – лæвæрд ын æрцыд хорзæхтæ: Ленины орден, Фæллойадон Сырх тырысайы дыууæ ордены, цалдæр майданы, стæй Кады гæххæттытæ.

Йæ дæсныйад куыд рæзыд æмæ йе сфæлдыстады ахадындзинад куыд егъаудæр кодта, афтæ бæрзонддæр кодта йæ цыты ном дæр. 1960 азы Мæскуыйы Цæгат Ирыстоны аивад æмæ литературæйы декадæйы фæстæ ссис ССР Цæдисы адæмон артист.

Адæмон... Цæй амондджын вæййы, дзыллæтæ кæй бауарзынц, уый. Æнусон у йæ намыс. Балойы рухс ном æнусмæ цæрдзæн адæмы зæрдæты, йе сконд фæлгонцтæ та – театралон аивады хæзнадоны.

*Мах дæуæн*
*æмдзæгъд кæнæм*
*бирæ, бирæ,*
*Дæумæ нæ уарзтæн*
*нæй кæрон.*
*Æмæ зæгъæм*
*нæртон поэт Шекспирæн:*
*«Отелло мавр нæу,*
*Отелло у ирон!»*

*ДЗУЦЦАТЫ Хадзы-Мурат*

*САЛАМТЫ Къола*

# БÆЛАС ЛÆУГÆЙÆ МÆЛЫ

Иухатт, Ион Друцэйы пьесæйы хъазгæйæ, бамбæрстон, Бало æнæфæразгæ кæй у, йæхи æвзæр кæй æнкъары, уый æмæ йын афтæ загъын:

– Цæй æмæ нæ спектакль уæлæнгæйтты ауадзæм.

Уый мæм æрбакаст æмæ мын афтæ:

– Æмæ нæм абон кæсынмæ чи ‘рбацыд, уыдон кæм фæаххосджын сты нæ разы?

Уыцы бон Бало йæ роль хъазыд ноджы зæрдæбындæрæй. Уæдæй фæстæмæ мæ дзыхæй никуыуал схауд ахæм æнæрхъуыды ныхас. Уæд бамбæрстон: æцæг театры кусæг йæхиуыл нæ ауæрды, нæ хъуыды кæны, йæ царды бонтæ цыбырдæр кæй кæнынц, ууыл.

Иухатт мын дохтыр афтæ:

– Дæ зæрдæйы хабар хорз нæу, иу къуырийы бæрц хъуамæ хуыссæнæй ма сыстай.

Æз æй афарстон:

– Æмæ спектакль та? Изæры мæ спектаклы хъазын куы хъæуы.

– Гъемæ кæд афтæ у, уæд дæ амонд фæуыдзæн инфарктыл. Науæд та мæлæтыл.

– Науæд та мæлæтыл?

Нæ йæм байхъуыстон. Ацыдтæн мæ куыстмæ. Хъазыдтæн мæ зындæр рольтæй иу – Тартюфы.

Райсомæй мæм Бало дзуры:

– Куыд ахъазыдтæ ахæм рынчынæй спектаклы, инфарктон уавæры дæн, куы загътай?

– Ды куыд фæхъазыс, афтæ.

Уый бахудт, стæй уæд æрæджиау бафиппайдта:

– Уæддæр хи хъахъхъæнын хъæуы...

Иуцасдæры фæстæ Бало бахауд рынчындонмæ. Рацыд иубон кæртмæ, хъæлдзæг ныхæстæ фæкодта йе ‘мбæлттæн, стæй сын афтæ:

– Майрæмбоны салам-алейкум!..

Нæ йæ бамбæрстой рынчынтæ. Æмæ сын уæд Бало зæхмæ ацамыдта:

– Афон у уырдæм...

– Ныууадз ахæм ныхæстæ, – сбустæ йыл кодта сæ иу.

Æцæгдæр, цы бон загъта Бало, уыцы бон ахицæн. Фæсæмбисæхсæв æй сæкæрниз стыхсын кодта. Фæдзурын хъуыд дохтырмæ, нæ йæм фæдзырдта. Йæ бинойнаг æм каст, фæлæ уый дæр нæ райхъал кодта.

Лæууæм мах иуцалдæрæй йæ сынтæджы раз. Цыма фынæй баци, уыйау – йæ хуыз, йæ цæсгомыл зыны мидбылхудт. Кæсыс æм æмæ хъуыды кæныс: цал æмæ цал хатты-иу раивта уыцы цæсгом? Куы-иу ыл номдзыд къаролы сурæт фæзынд, куы – хæстон инæлары, куы та... Бандзыг ис ныр, утæппæт сурæттæн фæйлаугæ æнкъарæнтæ чи лæвæрдта, уыцы зæрдæ банцад...

Чидæр фæкомкоммæ базы бынмæ. Фæстаг азты цы рольтæ хъазыд, уыдонæй иу, дыууæ, æртæ... Йæ зæрдæйы цы пьесæ хаста, уый дæр семæ – Мдиванийы пьесæ.

Чидæр, арф ныуулæфгæйæ, сдзырдта: «Бæлас лæугæйæ мæлы...»

## ТÆБÆХСÆУТЫ БАЛОМÆ ФЫСТÆГ АНГЛИСÆЙ

«Дорогой мистер Тхапсаев. Мы, члены делегации общества Шотладско-Советской и Британо-Советской дружбы, получили незабываемое удовольствие 20 декабря 1953 года, увидев в Государственном театре Северо-Осетинской АССР постановку «Отелло» при Вашем участии. В нашей статье «Возродившийся народ» мы пытались дать британской публике некоторое представление о высоких артистических качествах Вашей игры, которая, как мы говорили, производит глубокое впечатление в Советской стране. …Мы узнали, что Вы, в прошлом рабочий и шахтер, теперь являетесь представителем нового течения советского искусства – «Советский рабочий, который стал великим актером».

# ТÆБÆХСÆУТЫ БАЛО ЙÆ РОЛЬТЫ ТЫХХÆЙ

Фæсивæды хъомылады мæ фыццаградон хæсыл цы нымайын? Кæй зæгъын æй хъæуы, фыццаджы-фыццаг кусын хъæуы афтæ, цæмæй дæ кæстæртæ фæзмой. Сценæйыл мæн фæнды ахæм фæлгонцтæ аразын, кæцытæ æрыгон зæрдæты гуырын кæной Адæймаг суæвынмæ тырнындзинад.



Цы рольтæ ахъазыдтæн, уыдоны мæ хъайтартæн сæ фылдæр уыдысты раст, фидар æмæ хъæбатыр адæймæгтæ. Уыдонæн сæ царды сæйрагдæр хъуыддаг у рæстдзинад, сæхи кæмæн снывонд кæной, ахæм стыр хъуыды. Ирæттæ дæр иннæ адæмтау хайджын сты уыцы æвæджиауы миниуджытæй. Мæ уарзон хъæбатыр **Чермен** бирæ легендарон адæмон хъæбатыртау тох кæны æлдæртты ныхмæ, цæмæй бахъахъхъæна йæ адæймагдзинад. Фæлгонцты национ хицæндзинады кой куы кæнæм, уæд арæх сæйраг бынат лæвæрд æрцæуы, хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ куыд æвдыст æрцæуынц, уымæн, хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæн сæхицæн нæ, фæлæ. Мæнмæ афтæ кæсы, æмæ актеры сæйраг хæс у йæ хъайтары æнкъарæнтæ æппæтвæрсыгæй раргом кæнын.

**Тугъан.** Нæ сценæйы бирæ рæстæг цыд Токаты Асæхы комеди «Усгуртæ». Мæ хъайтар – парторг Тугъан – пьесæйы сæйрагдæртæй нæу. Фæлæ йæ уыимæ мæ зæрдыл бадардтон. Мæнмæ гæсгæ йæ театрдзау дæр бахъуыды кодта. Цæмæн? Уымæн æмæ æцæг адæймаг у. Æмæ кæд хуымæтæг у, уæддæр алцы дæр аразы адæмы амондæн. Йæ уыцы миниуæгæй мын уыд Тугъан уарзон. Иннæмæй та, ме ‘мзæххонтæй бирæтæ уыдысты Тугъаны хуызæн. Уый дæр мæ разæнгард кодта ацы рольмæ.

**Батырбег.** Афтæ нымайынц, зæгъгæ, актер æрмæстдæр уæд бауадзы уд йæ хъайтары, æмæ драматургимæ иухуызон куы фæхъуыды кæны. Мæнмæ гæсгæ, уый бынтон афтæ нæу. Æз бирæ хæттыты фæбыцæу дæн автортимæ, уымæн æмæ-иу фæлгонцæн радтон, пьесæ-

йы йын цы миниуджытæ нæй, ахæмтæ. Фыццаг бакастæй-иу, цыма авторы ныхмæ цыдтæн, афтæ дæр зынд. Фæлæ уый – фыццаг бакастæй. Фæстæдæр-иу куыд рабæрæг, афтæмæй-иу æй уыцы миниуджытæ сфидауын кодтой.

Зæгъæм, Хуыбецты Райæйы пьесæ «Сау чызг»-ы хъазыдтæн стыр разæнгардæй, уымæн æмæ уыдтон фадат хъайтары социалон ахадындзинад фæарфдæр кæнынæн, стæй, Батырбеджы хуызæн адæймæгтæ æхсæнады куыд фæзынынц, уый ирдæй равдисыны мадзал дæр зыдтон.

Уæздæттæй уæвгæйæ, уый – паддзахы æфсады булкъон – мæнгард æмæ æгъатыр, æрдæгмардæй дæр уыд революцийы цыфыддæр знаг. Маст сисын æм цардæй дæлдæр нæ лæууы. Уæвгæ йын ацы дыууæ æмбарынады сты иухуызон. Батырбегæн цард ад нæ кæны, æлдары бынат куынæ ахса, стæй йæ раздæры адджын цардæй чи фенæхай кодта, уыдонæй йæ маст куынæ райса, уæд. Гъе ахæм Батырбегтыл лæуууыдысты паддзахы Уæрæсейы национ цæджындзтæ. Æмæ кæд мæ бон баци, Батырбег дæр æхсæнады æмæ рæстæджы, стæй хъомылады азары хъæбул у, уый равдисын, йæ уидæгтæ йын райгом кæнын, уæд мæ хæс æххæстгондыл нымайын.



**Къарол Лир.** Актерæн стыр æхцондзинад хæссы Шекспиры хъазын. Уымæн æмæ йæ пьесæты рольтыл куыст цæуы адæймаджы мидæг. Хаттæй-хатт уыцы куыстæн кæрон дæр нæ вæййы. Адæймаг дзы цыдæр ног фæзилæнтæ, ног сусæгдзинæдтæ ссары. Рагæй зындгонд ныхæстæ йæм бынтон ног хуызы райхъуысынц.

Лир... Сценæйæ мæн, йæ чызджытæ кæй ныууагътой, æрмæст уыцы фыды тыххæй нæ, фæлæ йæ паддзахадон хъуыддæгты арф чи фæрæдыд, уыцы паддзахы тыххæй фæндыд радзурын. Мæн фæндыд, цæмæй Лиры рæдыдтытæ йæ бинонтимæ æмæ йæ паддзахадон куырмдзинад абоны театрдзауы бæстондæр базонгæ кодтаиккой уыцы æнæбындур дунеимæ. Уым «куырмытæн æдылытæ – сæ бодзтæ». Фæндыд мæ уыцы дунейæн йæ ныхмæ мах дуне, сæйрагдæр хæзна Адæймаг кæм у, уыцы дуне æрæвæрын...

Мæ бон афтæ зæгъын нæу, æмæ бынтон разы дæн мæ Лирæй. Фæнды мæ фылдæр кусын, цæмæй ирддæрæй æвдыст æрцæуа Лиры абухгæ фæлгонц, цæмæй ирддæрæй æвдыст æрцæуа, дуне аивыны кæнæ... амæлыны хъысмæт чи равзæрста, уыцы адæймаджы миддуне.



Æмæ мæнæ ног куыст – **Макбет**. Ирон театры спектаклы уый у лæмæгъ æмæ знаггадхæссæг паддзах. Уый йæ лæмæгъдзинад æмæ тас фæдæлдон кæны æнаххос адæмы туджы. Ам дæр нырма æппæтвæрсыгæй нæма ‘рцыд куыст.

Ирон театр арæх æмæ бирæ æвæры Шекспиры. Зæгъæм, **«Отелло»** нæм фондз æмæ ссæдз азæй фылдæр цæуы. Иу æмæ дыууæ хатты нæ кастæн æмæ нæ фехъуыстон, Шекспир Цæгат Ирыстонæн – уыимæ хъæуты дæр – сси «национ драматург», зæгъгæ. Цымæ, афтæ цæмæн у? Мæнмæ гæсгæ, фыццаджыдæр, уымæн, æмæ Шекспир Шекспир у. Мах театрдзаутæ, куыд цыфæнды адæмы театрдзаутæ дæр, уарзынц бæрзонд аивад. Мæн фидарæй уырны, зæгъгæ, махмæ кæнæ фæсарæнты дыккаг Шекспир фæзынд, уæд уый дæр алы ран уаид «национ драматург». Фæлæ уыимæ бамбæхсæн нæй, романтик Шекспиры трагедитæ ирон адæммæ хæстæг кæй лæууынц, уымæн. Æз уарзын Отеллойы, æз æй æмбарын, у мын зынаргъ...



Фæлæ мын зынаргъ у хуымæтæг зæхкусæг **Дзамболаты** фæлгонц дæр («Сау мигъ» – Джимийы-фырт). Уый хæсты рæстæг свæййы хъæбатыр, уымæн æмæ йын зæххыл æппæты зынаргъдæр у Райгуырæн бæстæ. Бирæ зонын Дзамболаты хуызæн адæймæгтæ. Ахæм уыд, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты быдырæй чи нал æрыздæхт, уыцы Реуазты Таймураз, ахæм у ме ‘мбал Дыгуры районæй Акъойы-фырт, ахæм у колхозы



сæрдар, Социалистон Фæллойы Хъæбатыр Мæрзойы-фырт.

Хъыгагæн, нырма ме ’мдугоны фæлгонц сценæйыл нæма ахъазыдтæн. Ахæм рольмæ та æнхъæлмæ кæсын æз. Æнхъæлмæ йæм кæсынц театрдзаутæ.

## ФЫСТА ЖУРНАЛ «ТЕАТРАЛОН ЦАРД»-Ы УАЦХÆССÆГ МАРГАРИТÆ САЕНКО

Тæбæхсæуты Балоимæ фембæлды размæ ирон сценæйыл кастæн «Отелло»-мæ.

Куыд радзурон, Тæбæхсæуы-фырт уыцы зын ролы куыд ахъазыд, уый тыххæй? Куыд равдисон, æгæрон адæймагдзинад кæмæй ивылы, йæ уыцы Отеллойы... Отеллойы æнæбын æмæ бæгъатыр зæрдæ, йæ æнæхин уарзондзинад йæ уарзонмæ – æппæт дæр ирдæй зынынц Тæбæхсæуы-фырты конд фæлгонцы. Ныхмæвæрддзинадыл арæзт закъон кусы цæлхыдзагæй, Отелло-Тæбæхсæуы-фырт æддаг бакастæй у сабыр æмæ æнæфезмæлд. Фæлæ йæ цæстытæй кæлы цæхæртæ. Æмæ нæм цас къаддæр хъуысы йæ хъæлæс, уыйас тынгдæр тæрсæм æмæ тыхсæм Отеллойыл...

Æууæнчы трагеди нын актер равдыста йæ курдиаты абухгæ тыхæй.

Æмæ ма иу: Отеллойы алыварс цыдæриддæр дзырд æмæ конд цæуы, уыдон Бало исы хуры тынтау йæхицæн нæ, – Дездемонæйæн, йæ уды æппæт фæзилæнтæ дæр арæзт сты уымæ. Йæ уарзонимæ ахæм фидар зæрдæйы уидæгтæй баст у, æмæ сæ атонын йæ бон мæлæтæн дæр нæу.

Мæнмæ афтæ кæсы, Тæбæхсæуты Бало ахæм фидар уидæгтæй баст у йæ райгуырæн Ирыстонимæ, йæ куыстуарзаг, хиуылхæцгæ, раст æмæ хъæбатыр адæмимæ. Йæ адæм та йын ахæм уарзондзинадæй дзуапп дæттынц, æмæ йæ уый разæнгард кæны бæрзонд аивадмæ.

*БОСИТЫ Ирбег*

## ТÆБÆХСÆУТЫ БАЛОЙЫ ЗАРÆГ

Нæ бæстæйæн нæртон хъæбул ныййардта
Æрыдойнаг ирон хуымæтæг мад.
Ир дунейæн ирон Отелло радта.
Йæ бæрзонд ном – нæ цин æмæ нæ кад.
О, цал хатты, æфсæрмдзаст Дездемонæ,
Дæ урс фæлмæн хъуыр мавр кодта хурх!
Нæ зæрдæты цæрæццаг ыстут, зонæм,
Цымыдисæй уæ мысдзыстæм æдзух.
Куыд бирæ ма ис «яготæ» нæ царды, –
Нæ уарзы искæй хорздзинад сæ цæст.
Фыдбоны лæгтæн ма ‘ууæндут сæ ардыл, –
Сæ калмы ‘взæгты у сæ марг æмбæхст.
Уыдтам, Бало, дæ сарæзт фæлгонц Лиры, –
Нæ-иу уыд залы иу бынат дæр уæгъд.
Дæ ном цæры, дæ кад нæры нæ Иры,
Лæугæйæ дын-иу сарæзтам æмдзæгъд.
Цытджын Бало, дæу бауарзтам Черменæй,
Æлдæрттимæ æгъатыр уыд дæ тох.
Фæлдæхтай-иу дæ марджыты сæрхъенæй,
Дæ рухс сурæт нæ фæкæндзыстæм рох.
Нæхи Бало, дæ диссаг хъазт, дæ уарзтыл
Æгас дуне æрæвæрдта йæ цæст.
Цæрдзынæ немæ бирæ, бирæ азты,
Нæ удыхъæд хуыздæргæнгæ, нæ рæзт.

# ФЫСТОЙ БАЛОЙЫ ТЫХХÆЙ

...Мæскуыйæгтæ æртæ хатты стыр цинимæ сæмбæлдысты Цæгат Ирыстоны драмон театры артистты гастрольтыл. Отеллойы ролы Остужевы, Папазяны, Хоравайы, Мордвиновы чи федта, уыцы театрдзаутæн бæрæгбонау уыд Отелло-Тæбæхсæуы-фырты фенд. Зындгонд хъайтары фæлгонцмæ уый бахаста йæхи ног ахорæнтæ.

*Николай АТАРОВ,*
*прозаик, сценарист*

Тæбæхсæуты Бало Къарол Лиры сурæт сфæлыста, мæнмæ ныронг куыд каст, уымæй бынтон æндæрхуызон. Куыддæр сценæйы фæзыны, афтæ мæ цæстыты раз сысты, Шекспир йæ пьесæйы цы дуг æвдисы, уый. Тæбæхсæуты Балойы, Хъæрджынты Варварæйы, Хъариаты Тамарæйы курдиат æрæвæрæн ис дунейы зындгонддæр актерты æмрæнхъ.

*Дмитри БЛАГОЙ,*
*литературæиртасæг*

...Тæбæхсæуы-фырт Шекспирмæ бахаста советон адæймаджы удыхъæды хуыздæр миниуджытæ.

*Григори БОЯДЖИЕВ,*
*театралон критик, аивадиртасæг*

...Раст æмæ æргом зæрдæйыуагæй хайджын у Тæбæхсæуы-фырт. Сценæйыл дæр æмæ царды дæр цыдæриддæр аразы, – баст сты адæймагуарзондзинады бындурыл. Ӕдзухдæр тырны адæймаджы хуыздæр миниуджытæм ныккæсынмæ, уыцы миниуджытæ иннæты зæрдæты райхъал кæнынмæ.

*Юри ЗАВАДСКИЙ,*
*режиссер, ССР Цæдисы адæмон артист*

Отелло-Хоравайæ дзырдтой, зæгъгæ, уый у, фæстагмæ чи анығуылы, ахæм хур. Отелло-Тæбæхсæуы-фыртæй та зæгъæн ис: уый басудзы йæ хъизæмæртты цырен арты.

*Борис ЗИНГЕРМАН,*
*театралон критик*

# ХЪАРИАТЫ ТАМАРÆ: 110 АЗЫ



**(1915 – 1989)**

*Бирæ бæрзонд ныхæстæ загъд ис театры нысаны тыххæй, фæлæ дзы мæ зонд æмæ мæ зæрдæйæн хæстæгдæр у Гарсиа Лоркайы афоризм: «Театр æнæхъола дзыллæйæ адæм рауайын кæны». Æз ма сæм мæхирдыгæй бафтаудзынæн: æцæг, Елбыздыхъо цы ирон театрмæ тæхуды кодта, ахæм.*

*ХЪАРИАТЫ Тамарæ*

# МЕ СКЪОЛА

*Мысинæгтæ*

Хъыгагæн, мæн нæ хистæр фæлтæры иннæ актертæй хъауджыдæр нæ фæци Мæскуыйы театралон институты сахуыр кæныны амонд. Фæлæ мæ ахуыргæнджытæ уыдысты Еленæ Маркова, Цæлыккаты Мæирбег, Икъаты Серафин æмæ бирæ æндæр диссаджы педагогтæ. Æмæ цæрæнбонты мæхиуыл нæ ауæрстон актеры дæсныйадыл ахуыры хъуыддаджы, Ирон æмæ Уырыссаг театрты мæ хистæр æмæ мæнæй кæстæр фæлтæрты куыст лæмбынæг æвзаргæйæ.

Уыимæ театралон аивадмæ фемхиц дæн, актрисæ куы сдæн, уымæй дзæвгар раздæр. Уый уыд, кæд нæ рæдийын, уæд 1927 азы. Горæты гастрольты уыд актрисæ Игорева. Æнæхъæн горæты æмæ не скъолайы дæр уый кой йеддæмæ ницыуал уыд. Дзырдтой йæ диссаджы хъазт, æнахуыр рæсугъд уынд, хъуытаз хъæлæсы тыххæй, адæмæн, дам мауиу театры суанг сæ зæрдætæ дæр бахъарм сты. Спектакльмæ куыд бахаудтæн, цавæр авторы пьесæ æвдыстой, цæй тыххæй уыд, уыдæттæ нал хъуыды кæнын, фæлæ куыд зæрдæскъæфт фæдæн, уый мæ абон дæр рох нæу. Игорева йæ сау дарæсы, рæсугъд дæр уыйас нæ, фæлæ æнкъарæнджын æмæ аив цæсгомимæ ныр дæр мæ цæстытыл уайы. Хъæрæй нæ дзырдта, фæлæ йæ алы ныхас дæр адæймаджы зæрдæйы хызт. Мæ разæй цы сылгоймаг бадт, уымæн йæ зæрдæ куы бахъарм, уæд æй цалынмæ æддæмæ хастой, уæдмæ Игорева сценæйыл æнхъæлмæ каст, цы фæлгонцы бацыд, уый хуызы. Бирæ азты фæстæ, мæхæдæг актрисæ куы сдæн, уæд-иу, драмон ролыл зын куысты рæстæг йæ уыцы фæлгонц мæ цæстытыл ауад, æмæ та иу ногæй архайдтон йæ сыгъдæг, арф, æнкъарæнджын æмæ алцымбарæг ахасты сусæгдзинад раиртасыныл.

Уæдæй фæстæмæ ме ‘ппæт хъуыдытæ дæр баст уыдысты æрмæстдæр театримæ. Архайдтон цыфæндыйæ дæр спектакльтæм бахауыныл. Бирæ диссаджы актерты федтон Уырыссаг театры сценæйыл. Кæцыдæртæ мын дзы цæрæнбонтæм систы мæ дæсныйады фæндагамонæг стъалытæ.

Адарскийы, ме стыр амондæн, уыдтон йе сфæлдыстадон æмæ миддунеон тæккæ стырдæр тыхы. Рагзаманты куыд дзырдтой, афтæмæй

уыд, ӕнӕ бауарзгӕ кӕмӕ нӕ фӕлӕууыдаис, ахӕм хъайтар. Уыимӕ йе 'рдзон курдиатӕн театралон фӕлгӕттӕ фаг нӕ уыдысты. Йе сфӕлдыстад ӕрттывдтытӕ калдта ӕнауӕрдон маст ӕмӕ фӕлмӕн удыхъӕдӕй, арф хъуыдыты уылӕнтӕй. Йӕ уды хъӕздыгдзинад ахӕм уыд, ӕмӕ-иу сценӕйыл ӕнӕ исты дзургӕйӕ дӕр ӕнкъардӕуыд йе стыр ахадындзинад.

Йӕ иу хъайтар сценӕйыл хъуамӕ йӕхимӕ радтаид, цӕмӕн афтӕ бакодтон, зӕгъгӕ, фарст. Актер йӕхи хуымӕтӕгӕй дардта, рӕстмӕ не змӕлыд, ныхас дзы нӕ хауд. Хъуыдыты аныгъуылд, йӕ зӕрдӕмӕ ныккаст. Театрдзаутӕ дӕр ӕдзӕмӕй лӕууыдысты. Уалынмӕ дын актер йе 'нгуылдзтӕй, цыма ӕнӕуынон хӕлуарӕджы ассывта, афтӕ базмӕлыд, фӕтарст ӕмӕ йӕхицӕн йӕ зӕрдӕ ахгӕдта. Мӕнӕ цыма ӕвиппайды фехъал ӕмӕ нырма йӕ фыдфынты ахӕсты уыд, афтӕ. Хъизӕмар, йӕ хид кӕлы, ацӕуынмӕ хъавы ӕмӕ йӕ бон нӕу. «Фарстӕн дзуапп ратт!» – дзырдта мынӕг хъӕлӕсӕй ӕмӕ та-иу ныхъхъус. Адӕм фыр диссагӕй сӕ бынӕттӕй сыстадысты. Ныр ӕй ӕмбарын, афтӕ сахадынӕн ӕрмӕст курдиат фаг кӕй нӕу, хъӕуы ма хиуыл ӕнауӕрдонӕй кусын дӕр.

Куыд актрисӕ, афтӕ Адарскийӕ бирӕ райстон. Ролыл кусгӕйӕ, мӕ зӕрдыл дардтон йӕ хуымӕтӕгдзинад, сценӕйыл хъуыды кӕнын зонын, психологон фӕзилӕнтӕм ӕргом здахыны миниуӕг.

Кӕнӕ цы зӕрдӕскъӕфт фӕдӕн спектакль «Фӕстаг танго»-йы Жвирблис ӕмӕ Тамаровайы хъазтӕй! Тамаровайӕ фӕстӕмӕ уынгӕ дӕр никӕйуал кодтон. Театрмӕ бацӕуынӕй дзӕвгар раздӕр ма уый руаджы федтон, актер йӕ фӕлгонцыл куыд кусы, репетици куыд цӕуы, уый. Райсомӕй кӕдӕмдӕр фӕцӕйцыдтӕн ӕмӕ дын Тамаровайы ауыдтон. Цӕуын йӕ фӕдыл. Уый паркмӕ ныххызт ӕмӕ ӕппӕты дӕрддзӕф ӕмӕ талынгдӕр ран «Стрелка»-мӕ бацыд. Ӕхгӕд бынат дзы бандӕттимӕ, ӕмӕ уым йӕхи ӕруагъта. Ӕз ӕм, куыд мӕ нӕ уына, афтӕмӕй мӕ цӕст дарын. Тетрад систа ӕмӕ кӕсын райдыдта. Уый уыд йӕ роль. Каст йӕхимидӕг, стӕй ӕрдӕгхъӕлӕсӕй, уый фӕстӕ – хъӕрӕй, къухтӕй амонгӕйӕ. Ӕмӕ та-иу йӕхи, нӕ, афтӕ нӕ, тынг ӕвзӕр, зӕгъгӕ, бафхӕрдта. Цалдӕр хатты уыцы иу ныхӕстӕ дзырдта. Фӕлгонц мидисджынӕй-мидисджындӕр кодта, ӕмӕ ӕз дӕр актрисӕйы куысты нынныгъуылдтӕн. Гъемӕ Тамарова нӕ, зӕгъгӕ, куы ныхъхъӕр кодта, кӕрдӕгыл йӕ зонгуытыл куы 'рхаудта ӕмӕ

кæугæйæ бандонæн куы ныхъхъæбыс кодта, уæд æз дæр ныккуыдтон. Уый мæм фемдзаст æмæ мæ афарста: «Ды та ам цы кусыс?» – «Кæсын дæм» – «Æмæ куыд сарæхстæн?» Ныссуйтæ дæн, афтæмæй йын, зæрдæскъæфт фæдæн, зæгъгæ, загътон. Бахудт, йæ сахатмæ æркаст æмæ, репетицимæ мын æрæджы кæны, зæгъгæ, загъта. Йæ тетрад хызыны нывæрдта æмæ рацыдыстæм. Цæуыл дзырдтам, уый нал хъуыды кæнын, фæлæ мæ спектаклмæ фæхуыдта.

Хæдзармæ æрбазгъордтон, мæ къухты бынмæ цы чиныг фæцис, уый раскъæфтон (Чехов разынд), цармæ схызтæн æмæ уым, мæ цæст фыццагдæр кæуыл æрхæцыд, уыцы радзырдыл кусын райдыдтон Тамаровайы хуызæн. Радзырд «Ванька» мын уæд цы æхцондзинад æрхаста, уый диссаг уыд. Уый фæстæ йæ адæмы раз хъæрæй кæсынæй не 'фсæстæн.

Изæры спектаклы та мæхицæн ног актрисæйы байгом кодтон. Мады ролы сфидыдта Матрозова. Хъаруджын, аив, уырнинаг фæлгонц. Цал азы рацыд, фæлæ мæ ныр дæр рох нæу уыцы домаг сылгоймаг. Йæ уазал цæстæнгасы цæйбæрц уды рыст бацыд, цæйбæрц! Мæ хъуыдыйы дæр нæ уыд, фæстæдæр уыцы актрисæйы бирæ хуыздæр кæй базондзынæн.

1935 азы кусын райдыдтон Ирон театры. Уæд ма Уырыссаг театры бæстыхайы уыд, æмæ дын иубон Матрозовайыл хæрхæмбæлд куы фæуаин. Мæ дисæн ма кæрон кæм уыд – уал азы мæ зæрдæйы дзуарау æфснайд актрисæйæн удæгас æнхъæл дæр нал уыдтæн, уый та нырма – фидар сылгоймаг, уыимæ УСФСР-йы сгуыхт артисткæ (уæд ахæм кады аккаг стæмты кодтой). Цард театры иу чысыл уаты æмæ-иу репетициты рæстæг сценæйы акомкоммæ бадт.

Островскийы пьесæ «Гроза»-йы Катеринæйы ролы хъазыдтæн, афтæ мæм бацыд æмæ загъта: «Фæнды мæ баххуыс дын кæнын. Катеринæ кæддæр мæ сæйрагдæр фæлгонцтæй иу уыд». Бацыдтæн æм, фæлæ мын райдайæнты ницы фæпайда. Йæ фæстæ мæ Катеринæйы ныхæстæ йæхи хъæлæсыуагæй дзурын кодта, æмæ мæ уый цæмæн хъуыд? Фæлæ дын иуафон афтæ фæкодта: «Нæ, ахуыргæнæгæн нæ бæззын! Фæлтау ролы ахъаздзынæн, æмæ алцы дæр бамбардзынæ. Райдайæм!» Æз ын иннæ архайджыты ныхæстæ дзырдтон, уый та Катеринæйы фæлгонцы бацыд.

Матрозовайыл уæд, йæхи ныхæстæм гæсгæ, цыд 80 азы бæрц.

Зæронд усы фæлгонцы Катеринæ мæм худæг фæкаст, фæлæ уайтагъд дисы бацыдтæн. Хъæлæс фæфидар, цæсгом аивта. Змæлгæ нæ кодта, æмæ йæ кар уыйас нæ зынд. Фæлгонц афтæ снывæста, уыйбæрц сыгъдæг æмæ трагикон æнкъарæнтæ дзы бавæрдта, ахæм психологон фæзилæнтæ равдыста, æмæ йæ фенын хъуыд! Уый фæстæ æнæхъæн къуыри хуысгæ фæкодта, уыйбæрц хъарутæ радта йæ Катеринæйæн…

Ахæм фæлтæрддзинадæй амонд мæ уый фæстæ нал фæци. Уæд федтон фыццаг хатт, фæлгонц арæхстджын архайды руаджы æрттывдтытæ куыд скалы, уый. Хъыгагæн, æгæр æрыгон æмæ æвæлтæрд уыдтæн (Катеринæ театры уыд ме 'ртыккаг роль) æмæ уыцы æвæджиауы арæхстдзинады æмвæзадмæ кæцæй схызтæн. Фæлæ дзы фæстæдæр спайда кодтон. Зæгъæм, Островскийы «Без вины виноватые»-йы Кручининайы, Кассоны «Деревья умирают стоя»-йы зæронд усы, Шекспиры «Отелло»-йы Эмилияйы, «Къарол Лир»-ы Реганæйы æмæ æндæр рольты. Суанг ма мæ фæстаг трагедион фæлгонц – Шекспиры «Кориолан»-ы Волумнияйыл кусгæйæ дæр.

Уырыссаг театр æмæ уырыссаг актертæй ма мыл ноджы бирæ чидæртæ сахадыдтой. Иу агъуысты кусгæйæ, дыууæ театры актертæ кæрæдзийыл ахуыр кодтой, æмæ уый руаджы цы уыдоны, цы режиссерты фæлтæрддзинадыл æфтыд. Ирон театры мæнæн æмæ ме 'мкусджытæй бирæтæн фæахъаз сты, Поселянин Иван Грозныйы, Ратомский Хлестаков æмæ Яровойы, Попов паддзах Федоры фæлгонцыл куыд куыстой, æппæт уыдæттæ. Бузныг сæ уыдзынæн кæддæриддæр…



Спектакль «Сидзæргæс»

# ТЕАТРЫ ТЫХХÆЙ ЗАГЪТОЙ…

* * *

Спектакль хъуамæ ногдзинад хæсса театрдзауты зæрдæмæ, разæнгард сæ кæна бæрзонд идейæтæ æххæст кæнынмæ.

*ХУЫГАТЫ Геор*

* * *

Артист хъуамæ йæ алы сценикон куыст дæр уарза. Уымæн æмæ, йæхи зæрдæмæ куынæ цæуа, уæд æй театрдзаутæ та æппындæр нæ бамбардзысты.

*ТÆБÆХСÆУТЫ Бало*

* * *

…нæ театр хъуамæ дзыллæты ‘хсæн кадджын уа, æмæ уый та аразгæ у махæн нæ зæрдиаг куыстæй.

*БЕККУЫЗАРТЫ Орзетæ*

* * *

Кæй сурæт аразыс, уый тыххæй дæ зонындзинæдтæ фылдæрæй-фылдæр куыд кæной, афтæ дæ зæрдæмæ та хæстæгæй-хæстæгдæр кæндзæн. Афтæ хорз базоны актер йæ хъайтары, æмæ кæцыдæр рæстæг уый цардæй фæцæры.

*ИКЪАТЫ Маирбег*

* * *

Иугæр сцæнæйы æрлæууыдтæ, уæд уæнгмардæй ма архай, дæ алы къахдзæф дæр хъуамæ сæрæн уа. Дæ къæхты бын хъуамæ зæхх судза, риза. Дæ дзыхы ныхас та хъуамæ залы бадджыты зæрдæты хиза, æмæ дæм сценæмæ æрдæгфынæйæ ма кæсой.

*ХЪАЛÆГАТЫ Федыр*

* * *

Актерæн сценæ дæтты æнæниздзинад, хъару, тых! Сценæмæ куынæ рацæуа, уæд актер нал у.

*ТЛАТТАТЫ Бексолтан*

# «ИРОН ТЕАТРЫ ФИДÆН НÆХИ ФÆНДИАГ РАУАЙДЗÆН…»



*Кад æмæ радимæ сæмбæлд Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон академион Ирон театр йæ юбилейыл. Бындур ын чи сæвæрдта, кæй руаджы райрæзт, уыдоны фарны хъуыддæгтыл æнцайгæйæ, йæ коллектив тырны фидæнмæ. Уæдæ йæ юбилеймæ сфæлдыстадон хуынтæ дæр ахадгæ сты. Уымæ гæсгæ театры аивадон разамонæг, Цæгат Ирыстоны адæмон артист УАЛЫТЫ Гивиимæ ныхас рауад бæрæгбонвæлыст, фæлæ алыхуызон сагъæссаг хъуыдытæй дæр хайджын…*

**– Гиви, цы у абон, дæумæ гæсгæ, ирон адæмæн Ирон театр?**

– Кæдфæнды дæр уыди æмæ уыдзæн, ирон культурæ, ирон æвзаг æмæ ирон адæмæн сæ миддуне кæм æвдыст цæуынц, сæ историйыл кæм дзурынц, сæ хъайтарты, сæ гæды лæгты фæлгонцтæ кæм æргом кæнынц, ахæм галуан.

Ирыстонæн нæм йæ цæгатаг æмæ йæ хуссайраг хайы дæр ис Ирон театртæ, æмæ уымæй амондджын адæм стæм. Театр – уый айдæн у. Ныккæс æм æмæ дзы фендзынæ дæ ивгъуыд, абон æмæ сомбон дæр. Æмбаргæ адæмæн уый фаг вæййы бирæ хатдзæгтæ скæнынæн.

**– Цавæр хуынтимæ æмбæлы театр йæ юбилейыл?**

– Фыццаджыдæр, тыхджын, куыстхъом труппæимæ. Мæ ныхас æнæхъæн коллективыл у. Адæм æрмæст актерты уынынц, фæлæ ма ис, сценæмæ рухс чи аразы, музыкæ чи дæтты, ныв чи кæны, сценæйы уæлæдарæсмæ чи зилы, декорацитæ чи аразы, ахæм кусджытæ дæр. Иууылдæр сты æцæг профессионалтæ, æмæ уый у ахсджиаг.

Дыккаджы нæм ис хъæздыг æмæ алывæрсыг репертуар. Ирон, уырыссаг, фæсарæйнаг классикæ, нырыккон пьесæтæ.

Уæдæ юбилейы рагагъоммæ нæ къухы бафтыд иууыл стырдæр æнтыст – Уæрæсейы национ театралон преми «Сызгъæрин маскæ». Кавказы йæ лауреат абоны онг мах йеддæмæ ничима сси.

Гастрольты уыдыстæм Саранскы, Волгограды, Хъазаны, Уфайы, Минскы, Мæскуыйы, Липецкы, Абхазы, Хуссар Ирыстоны.

Уыдæттыл юбилейон хъæппæристæ нæ ахицæн сты. Куыст цæуы Черчесты Георгийы зындгонд роман «Заповедь»-ы бындурыл пьесæ ныффыссыныл, æмæ уый фæстæ æвæрд æрцæудзæн. Эльдар Трамов нæм æвæрдзæн Пушкины «Чысыл трагедитæ», Тимур Казнов – Чеховы «Дядя Ваня», Дзуццаты Тамерлан – Мольеры «Мнимый больной», Битарты Алыксандр – Саламты Къолайы «Дыуурæ чындзæхсæвы».

Афæдзы кæронмæ та Тæбæхсæуты Балойы æмæ Ирон театры юбилейты кадæн æвæрæм Шекспиры «Отелло». Æрмæст ацы спектаклæн дæр нæ театры историйы кæуылты стыр нысаниуæг ис…

**– Дæ фидæн ивгъуыдæй араз, зæгъгæ, фæзæгъынц. Театр йæ ивгъуыдмæ акæсынхъом у исты фæлтæрддзинад дзы райсыны хуызы?**

– Театрæн бындур нæ хистæртæ сæвæрдтой, уырыссаг-советон скъолайы, Станиславский, Вахтанговы уагæвæрдтыл æнцайгæйæ, национ театрæн æмбæлгæ хæдхуыз миниуджытæ дæтгæйæ. Тæбæхсæуты Бало, Саламты Къола, Сланты Къоста, Годжыцаты Исахъ, Бирæгъты Къоста, Хуыгаты Геор, Уататы Бибо, Дзытиаты Лактемыр æмæ бирæ æндæр стыр нæмттæ – нæ бындур. Абон нын кæд исты æнтысы, уæд уыдоны удуæлдай архайды руаджы.

**– Гæнæн дын ис искæимæ дзы фембæлынæн, уæд кæй равзарис, æмæ цæуыл аныхас кæниккат?**

– Фæндид мæ Хуыгаты Георы фенын æмæ йæ бафæрсын: «Куыд бафæрæзтай уал азы театры уыцы уæззау рæстæджыты, дæ зæрдæ цæмæй конд уыд?» Советон Цæдисы фехæлды фæстæ ма культурæ кæй æндæвта? Гъемæ уæд Хуыгаты Геор нæ театрæн Хуыцауæй æрвыст лæг уыд. Разамонæг, драмæтæ дæр фыста. Коллектив кæй бахъахъхъæдта, адæмы театрмæ кæй æмхиц кодта, уый кæуылты сгуыхтдзинад уыд уæды змæст дуджы! Бæргæ, бафæрсин ма йæ, цæй тыххæй сфæлыста «Сау нымæт», сæйраг хъайтар Тузар йæхæдæг уыд æви нæ, кæмæн лæггад кодта уыцы хъайтар? Æмæ ма ноджы бирæ цæмæйдæрты.

**– Дæхæдæг ма театры кæй æрæййæфтай, уыдонæй та арæхдæр кæй æрымысыс?**

– Хуыгаты Сурены. Абоны хистæртæ, Бибоимæ, Исахъимæ куыд куыстой, уый куы фæмысынц, уæд сæм æхсызгонæй фæхъусын. Искæд, æз Суренимæ куыд куыстон, уый дæр диссагæн дзуринаг уыдзæн. Нæ номдзыд актерты зæронд скъолайы фæстаг минæвар… Кæй ранымадтон, уыцы бындурæвæрджыты хорз зыдта, фæлтæрддзинад сæ иста! Иухатт ам, мæ кусæн уаты, «Къарол Лир»-ыл дзырдтам. Спектаклы сæйраг ролы уый хъазыд, æмæ цыдæр хабæрттæ æвзæрстам. Гъемæ дын мын афтæ куы зæгъид: «Хъæбул, мæ цардæй уал азы цы театрæн радтон, уый мæн нал у». Æз ын, æвзæрæй цы сарæзтам, зæгъгæ, бакодтон. «Уый тыххæй нæ зæгъын. Рæстæг цæуы æмæ бирæ цыдæр ивддзинæдтæ хæссы. Æз цы хистæрты æрбайййæфтон, уыдон дæр афтæ дзырдтой. Цард афтæ амоны, дуг афтæ зæгъы…» Æмбарын, кæддæр мæ рад дæр æрцæуудзæн уыцы ныхæстæ зæгъынæн. Фæлæ æппæт хъарутæй дæр архайдзынæн, цы федтон æмæ цæуыл сахуыр дæн, уый фидæнмæ адæттыныл.

**– Нæ ныхас нæ йæхæдæг фæлтæрты бастдзинадыл хъуыдытæм ракодта…**

– Дуг цалхау зилы, æмæ цæмæй уыцы цалх ма фæкъуыхцы уа, ма баурома, уый нæхицæй аразгæ у. Театрмæ чи æрбацæуы, уый, йæ ныййарджытæ йын цы хъомылад æмæ зонындзинæдтæ радтой, уыдон æрбахæссы. Кæд йæ хæдзары ирон æгъдау, фарн уыд, уæд нын æцæгæлон нæ разыны. Хуыцауæй разы, æмбарынц нæ коллективы алы фæлтæртæ дæр кæрæдзийы.

**– Æрыгон фæлтæр театрмæ кусынмæ тырнынц?**

– Ирыстоны театртæй иуы дæр махæй фылдæр æрыгæттæ нæй! Цæуынц нæм, уымæн æмæ уынынц – театр удæгас у, гастрольты, фестивальты вæййы, хъæздыг репертуар ын ис, дуджы комулæфт иттæг хорз æнкъары. Хæстæгдæр рæстæг та нæм æрбацæуудзысты Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл университеты аивæдты факультеты аст рауагъдоны. Бирæ хорз актертæ рацыд уырдыгæй. Æлбегаты Алан, Тыджыты Аслан, Кочиты Ацæмæз, Сугъаты Хъазыбег, Хосонты Фатимæ, Æгкацаты Аминæ – се ‘ппæты æвиппайды нæ ранымайдзынæ. Мæхæдæг дæр уыцы факультет каст фæдæн.

**– Цы зæгъæн ис режиссерты тыххæй та?**

– Фондз режиссеры нæм ис, иууылдæр кусынц, спектакльтæ æвæрынц, уæдæ нæм хуынд режиссертæн дæр дзæвгар бантысы.

Актеры дæснывйадау дын режиссеры курдиат дæр хъуамæ Хуыцауæй лæвæрд уа. Гъемæ йæ куысты æцæг дæсныты фенæн ис нæ театры.

**– Æвзæр адæймагæн хорз актер уæвæн ис?**

– Куыст æмæ цард хатт кæрæдзийæ дард фæлæууынц. Сценæйыл гениалон уæвын у дæ бон, Хуыцауы лæвар куы райсай, уæд. Миддуне та, гæнæн ис, æмæ хуыздæрхъуаг уа.

**– Ирон драматургийы уавæр та дæм куыд кæсы?**

– Нæ литературæйы хорзæй цы уыди, уыдон æвæрд æрцыдысты. Абон драмæйы æфсон цы фыстæуы, уыдон нæдæр ивгъуыды, нæдæр ныры дугмæ хауынц. Уымæ гæсгæ не ‘ргом романтæм аздæхтам. Черчесты Георгийы «Заповедь»-ы кой скодтон, уый фæстæ та сценæмæ Уырыймæгты Езетханы «Навстречу жизни» рахæссинаг стæм.

Фысджытæ, уæлдайдæр æрыгæттæ, хъуамæ æдзух спектакльтæм цæуой, æмæ уæд театры цард арф æнкъардзысты, актерты авналæнтæ æмæ арæхстдзинад уындзысты. Æрмæст афтæмæй ис ног драмон уацмыстæ снывæндыны гæнæн. Хуыгаты Геор йæхæдæг театры уыд, æмæ йæ драмæтæ дæр сценæйыл уымæн фидауынц, адæм сæм æхсызгонæй уымæн тырнынц. Цæрæнт нæ фысджытæ театры цардæй, ирон аивады рæзтыл иууылдæр иумæ хъуамæ архайæм! Кокайты Тотрадзимæ бакуыстам. Пьесæ райрæзт, уый фæстæ – спектакль «Гæздæнтæ». Ахæм æмгуыстмæ æнхъæлмæ кæсæм кæддæриддæр!

**– Ирон театры хъысмæт æнгом баст у ирон æвзаджы хъысмæтимæ. Куыд уыныс æвзаджы хъысмæт та?**

– Алцы дæр нæхицæй аразгæ у. Дæ хæдзары дæ сывæллонмæ дзур йæ мадæлон æвзагыл, æмæ уæд уавæр дæр хуыздæргæнгæ цæудзæн. Турчы цæрæг ирон адæм уæдæ æвзаг куыд бахъахъхъæдтой, уынджы йæ куынæ хъусынц, скъолаты йæ куынæ ахуыр кæнынц, уæд?! Дзурынц иронау хæдзары сæ кæстæртæм. Мах та чи нæ уадзы, не ‘взагæн знæгтæ цæмæн стæм? Мадæлон æй куы хонæм, уæд нын мады ад цæуылнæ кæны? Фæсарæйнаг æвзаг ма ахуыр кæнæд мæ сывæллон, зæгъгæ, иунæг ныййарæг дæр куынæ зæгъы, уæд æй ирон æвзаджы уроктæй «фервæзын кæныныл» цæмæн архайынц бирæтæ? Хъыгагæн, нæхи ницы хъæуы, æндæра нæ ничи æмæ ницы хъыгдары æвзаджы рæзтмæ бæлвырд æмæ ахадгæ бавæрæн хæссын. Йæхи бынаты уый алкæй бон дæр у.

**– Фæстаг дыууæ-æртæ азы дæргъы стырдæр æнтыстытыл цавæр спектакльтæ нымайыс?**

– Алы спектаклæн дæр йæхи рæстæджы бæлвырд нысаниуæг ис, алкæцы дæр дзы уыд йæ бынаты, уымæн æмæ йæхи аивадуарзæджы ссардта.

Фæлæ историйы æнæмæнг баззайдзысты «Къарол Лир» (уый райста «Сызгъæрин маскæ», уыимæ йæ цыппар номинацийы балæвæрдæуыд), «Гæздæнтæ» (ирон адæмы истори, зæрдæрыст дзы æвдыстæуы, æмæ нæ цымыдис кæны), «Хæхты минæвæрттæ» (нырма йæм ноджы стырдæр æргом здæхт уыдзæн театралон дунейы) æмæ «В списках не значился» («Номхыгъды нæ дæн», уым дæр хорз нын зындгонд рæстæг æвдисæм).

**– Гиви, зæгъæм, искæй бон у цыфæнды иу хъуыддаг дæр дын саразын Ирон театрæн. Цы дзы ракурис?**

– Чидæриддæр дзы кусы, уыдонæн цæмæй алы рæстæг дæр уа æппæт уавæртæ театрæн лæггад кæнынæн, ма сæм æвзæра æндæр искæдæм ацæуыны хъуыды.

**– Цавæр уыдзæн Ирон театр, дæумæ гæсгæ, 20 азы фæстæ?**

– Уый мæнæ дард фидæн нæу, фæлæ… Зын уыдзæн, тынг зын… Чи зоны, дыууæ æвзагыл хъазой актертæ, ирон æвзагыл – къаддæр. Ныры цæстæнгас куы дарæм не ‘взагмæ, уæд уымæ æрцæуыдзыстæм, стыр хъыгагæн. Абон ма æвзаг цы фæлтæртæ зонынц, уыдон куы ацæуой, уæд налдæр кадртæ уыдзæн, налдæр, иронау сценæйæ кæмæн дзурæм, ахæм театрдзаутæ. Фæлæ нæ национ химбарынадыл нæ зæрдæ дардзыстæм…

**– Æнæмæнг, адæймаг кæддæриддæр ныфсæй цæры. Фæлæ иугæр афтæ у, уæд театрæн йæхи бон нæу фидæны актертæ æмæ театрдзаутæ хъомыл кæнын?**

– Ис нæм сывæллæтты студи, уыимæ – кæстæр, астæуккаг æмæ хистæр кары къордтæ. Æртæ азы æнтыстджынæй кусы, сывæллæттæ иронау дзурынц, спектакльты хъазынц. Æххуыс нын кæны Битарты Вячеслав, стыр бузныг ын уый тыххæй. Фæлæ æрмæст мах архайд фаг нæу! Ахæм студи хъуамæ алы хъæуы дæр уа, уымæн æмæ æвзаджы суадæттæ уым гуырынц.

**– Цавæр у абоны театрдзау?**

– Нæхæдæг æй цавæрæй хъомыл кæнæм, ахæм. 1990-æм азты

цард уæззау уыд, æмæ адæмы æрмæст комедитæ æндæвтой. Абон дæр æнцон рæстæджытæ не сты, фæлæ уæддæр бæлвырд æмвæзадæй дæлдæр не 'рхаудтам æмæ не 'рхаудзыстæм. Комедитæ хъæуынц, нæ репертуары æнæмæнг уыдзысты, фæлæ схъомыл кодтам, «Къарол Лир», «Хæхты минæвæрттæ» фенынмæ чи цæуы, ахæм театруарзджыты дæр. Се 'хсæн – бирæ фæсивæд, æмæ уый уæлдай æхсызгон у. Уæдæ «Отелло» æмæ «Заповедь» куы рахæссæм, уæддæр æй зонæм, зал афтид нæ уыдзæн. Нæ репертуар дзуапп дætты, милуангай адæм кæм цæрынц, ахæм горæтты театртæн. Нæу нæ театруарзæг уæлæнгай зондыл хæст, йæ бон у нæ архайдæн аккаг аргъ скæнын, æмæ ма уымæй хуыздæр цы уа!

**– Театрдзаутимæ куыстæн æвдисæн у, «Пушкинская карта» кæй хонынц, уыимæ баст æнтыст дæр.**

– Афтæ у æнæмæнг. Ацы аз Уæрæсейы нымад æрцыдыстæм уыцы программæйыл æппæтæй хуыздæр кусæг регионалон театрыл. Стыр æххуыс нын у – скъоладзау кæнæ студент йæхæдæг балхæны билет паддзахады хардзæй.

Фæлæ æвзагау театрмæ уарзондзинад дæр хистæртæй цæуы. Фехъусын ныййарджытæй мæстыгæр ныхас, нæ сывæллæтты нын æвæндонæй театрмæ акæнынц, зæгъгæ. Æвæндонæй сæ тыхгуыстмæ кæнæ исты æнæуаг бынатмæ арвитынц?! Уæ сывæллæтты уын сæ ахуырыл ахуыр бафтауынмæ акодтой, æмæ бузныг зæгъын хъæуы. Уый цæмæй æппæт ныййарджытæ дæр бамбарой, ууыл цыдæр хуызы бакусын æмбæлы. Нæ йæ фæнды театрмæ дæ сывæллоны? Дæхæдæг дæр йемæ ацу, уæ дыууæйæн дæр хорзæй дарддæр уыцы балц ницы æрхæсдзæн. Цыдæр архайд фендзыстут, цæуылдæр ахъуыды кæндзыстут, миддунейæ фæхъæздыг уыдзыстут, æмæ уыдæттæн аргъ нæй. Цæмæн хæлæг кæнæм нæхицæн æмæ нæ кæстæртæн сценæйæ ирон æвзаг хъусыны, ирон, уырыссаг, дунеон драматургийы уацмыстæ банкъарыны амонд?

**– Гиви, нæ ныхасы райдайæны скодтай Хуссар Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл драмон театры кой. Цавæр æмгуыстад уын ис уыимæ та?**

– Абон йæ фидæнмæ тырны дыууæ æрыгон разамонæджы – Мамиты Григори æмæ Джелыты Хъазыбеджы разамындæй. Гастрольты сæм уыдыстæм, равдыстам «Гæздæнтæ» æмæ «12 бандоны». Декабры та



Спектакль «Гæздæнтæ»



Спектакль «Номхыгъды нæ уыдтæн»



Æлбегаты Алан – Уæрæсæйы национ театралон преми «Сыгъзæрин маскæ»-йы уæлахиздзау



Спектакль «Къарол Лир», Лир – Æлбегаты Алан

нæм уыдон ссæудзысты, æмæ нæ театрдзау радон хатт сæ арæхстдзинадæн æвдисæн уыдзæн.

Кусæм иу театры хуызæн. Автобус, цыдæр ифтонггæрзтæ нæ хъуыд, æмæ нын уайтагъд нæ къух фæрог кодтой. Уый фæстæ та сæм мах фæкастыстæм цæмæйдæрты. Иу адæм стæм, æмæ уæдæ куыд хъуамæ уа? Нæ театр тагъд цалцæггæнæн куыстытæм æхгæд æрцæудзæн, æмæ уал уæд, æвæццæгæн, Хуссары театры сценæйыл дзæвгар арæхдæр зындзыстæм.

**– Зæгъæм, искæдæм дæ фæсарæнтæм ацæуын хъæуы спектакль æвæрынмæ, æрмæст, ирон адæмы цард ирдæй кæм æвдыстæуы, ахæм уацмысимæ. Цы «сæккой» кæнис?**

– Кæд стыр драматургийыл дзурæм, уæд Хуыгаты Георы «Сау нымæт». Уым ирон адæмы миддуне дæр зыны, дунеон проблемæтыл аныхас кæныны фадат дæр ис.

**– Дæхи æнтыстытæ фæстаг рæстæг æмæ фидæнмæ нысантæ, куыд режиссер æмæ актер...**

– Мæ сæр бæрзæндты хæссын нæхи театры æвæрд «Гæздæнтæ» æмæ Дагестаны Чингиз Айтматовы «Материнское поле»-мæ гæсгæ спектаклæй. Адæмы нæ фæсайдзынæ. Сæ зæрдæмæ сæ райстой, тырнынц сæ фенынмæ, æмæ ма режиссерæн уымæй стырдæр хæрзиуæг цы вæййы.

Фидæны кусдзынæн «Отелло» æмæ «Заповедь»-ыл. Актеры фæлгонцы та мæ хæстæгдæр рæстæг сценæйыл ничи фендзæн. Театры разамонæг æмæ мын режиссеры хуызы тынг бирæ куыст ис.

**– Абон сценæ техникон фæрæзты руаджы хатт æгæрон диссаджы хуызы фæлгонцгонд æрцæуы. Уый актерæн йæхиуыл къаддæр кусыны æфсон нæу?**

– Æгайтма цард размæ цæуы, æмæ ис гæнæн проектор, æндæр ахæм мадзæлттæй пайда кæнынæн. Фæнды нæ, зæгъæм, нæ номдзыд æфсадхон Плиты Иссæйы тыххæй триптих сæвæрын. Гъемæ техникон фæрæзты руаджы уырнинагæй равдисиккам тохы нывтæ, денджызы фæйлауæнтæ æмæ æндæр нывтæ. Уый актеры архайдыл æвзæрæрдæм куыд хъуамæ сахада? Цы царды, цы аивады дæхиуыл кусын, цыдæр ног æнтыстытæм тырнын дæхицæй аразгæ у.

**– Театр айдæн у, зæгъгæ, бафиппайдтай. Маяковский та загъта, царды иу кæнæ иннæ фæзилæн дзы айдæнау зынгæ нæ, фæлæ**

**стырдæргæнгæ кæй цæуы. Иугæр афтæ, уæд цавæр фæзындтæ «стырдæр кæны» Ирон театр?**

– Адæм фылдæр цæуынц хъусæнтимæ (наушники), ома сæ мадæлон æвзаг нал зонынц. Сценæйæ дын, цы дæ тыхсын кæны, ууыл дзурынц. Æрыгон фæлтæры рольты ацæргæ актертæ хъазынц, уæд театрæн фидæн нæй, ирон спектакльтæ нæ уынæм – ирон драматурги заууаты ис æмæ афтæ дарддæр.

**– Гиви, уæ репертуары фæзынд уырыссаг æвзагыл æвæрд спектакль. Уымæй, мыййаг, национ хæдхуызыздзинад нæ фæцуддзæн?**

– Иу спектакль уырыссагау? «Гæздæнтæ» – уым Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг Ирыстоны трагеди æвдыстæуы, «В списках не значился»-йы та – æнæхъæн паддзахады трагеди. Уæрæсейы регион стæм, уырыссаг æвзаг нын дыккаг мадæлон у, æмæ нæм ацы æвзагыл æгайтма иу хорз спектакль ис. Æндæр адæмыхæттытæ нæм æрбацæуынц йæ фенынмæ, æмæ нæ иннæ спектакльтæм дæр сцымыдис вæййынц. Уый актертæн æхсызгон у, театрдзауты нымæцыл дæр æфты.

**– Ирон театр цыфæндыйæ дæр ныфсджынæй кæсы йæ фидæнмæ. Йæ коллективæй цы аразгæ у, уый кодта æмæ кæны национ удварны хæзнатæ парахат кæныны хъуыддаджы, фæлтæрæй-фæлтæрмæ ныл тауы алыхуызон æнкъарæнтæ, хъуыдытæ æмæ тырнæнтæ. Æнтысæд ма йын ноджы сæдæгай азтæ. Сфæлдыстады æмæ курдиаты хуры тынтæ йæ тавæнт кæддæриддæр! Зæрдиаг арфæтæ – «Мах дуг»-ы журналкæсджыты номæй!**

*Ныхас ныффыста ТЪЕХТЫ Тамерлан*

# ТЕАТРЫ ТЫХХÆЙ ЗАГЪТОЙ

* * *

Уæдæ цас диссаг дæ, аивад! Уалдзыгон бон хуры зæрин тынтæй салд зæхх куыд стæфса, афтæ куы батайын кæныс адæймаджы зæрдæ дæ рæсугъддзинадæй, дæ бирæ тыхтæй. Алæмæты уадындзæй уасæгау дæхимæ куы ‘ркæсын кæныс æппæты дæр – чысылæй, стырæй – æмæ сæ куы сразæнгард кæныс хорздзинадмæ, рæсугъддзинадмæ. Кæм ис дæуæй домбайдæр фæрæз хъомыладæн? Фæнды мæ, цæмæй уый æмбарой нæ кæстæр фæлтæр, не ‘рыгон артисттæ æмæ, Æрфæны фæдау æрттивгæйæ, арфæйагæй ныууадзой сæ ном нæ фидæны фæлтæртæн.

Мæ фæндиаг сын цыты цырагъ рухс кæнæд сæ фарны стыр фæндаг аивады рухс бæрзæндтæм.

*ТОТРАТЫ Бесæ*

* * *

Театр актерæй домы æрвылбон хиуыл кусын. Знон хорз цы сценикон фæрæзтæ уыдысты, уыдон абон æгъгъæд нал сты. Æрмæст курдиатыл зæрдæ дарæн нæй. Сценикон аивад адæймагæй бирæ домы. Курдиат æнæмæнг хъæугæ æууæл у. Фæлæ курдиат адæймагæн иудадзыг æрдзон лæвар нæу.

*КЪУЫМÆЛÆГКАТЫ Мурат*

* * *

Ирон театр удгоймаг у: райгуырд, байрæзт, схъаруджын, зоны зæронд æмæ рынчын дæр. Былы кæрæттæй нæ дзурын, фæлæ Ирон театры артисттæ абон сты аккагæй бæрзонддæр!

Мæ бæллиццаг цард райдыдта, Ирон театры къæсæрæй куы бахызтæн, уæд!

*БЫТЪÆТЫ Роберт*

* * *

Актеры куысты æппæтæй сæйрагдæр æмæ зындæр у театрдзауы зæрдæмæ фæндаг ссарын.

Аивад кæддæриддæр хъуамæ сæрибар уа. Уымæн къæлæтты æвæрæн нæй. Æцæг аивад хъуамæ кæддæриддæр хæххон донау йæхицæн размæ фæндаг къæртт кæна. Йæхæдæг хъуамæ уæлахиз кæна кæцыфæнды цæлхдуртыл дæр.

*ДЗЫТИАТЫ Лактемыр*

*ГАСАНТЫ Валери*

# ИРОН ПРОФЕССИОНАЛОН ТЕАТРЫ АВДÆНГÆС

## *Уац*

Театр у, адæймаджы уд сыгъдæг чи кæны æмæ æхсæнады æппæрццæг хъуыддæгтæ хурмæ чи хæссы, ахæм хотых. Ирыстоны йæ фæзындмæ рагæй бæллыдысты нæ фарны лæгтæ. Хорз æй æмбæрстой æмæ йæ зæрдæйæ æнкъардтой, театр кæй суыдзæн нæ дзыллæйы царды рæстдзинады сæрыл тохгæнæг. Ирон драматургийы бындурæвæрæг Брытъиаты Елбыздыхъойы фыццаг уацмыстæй иу «Маймули – рухсаг, æгас цæуæд ирон тиатр»-ы архайджытæй зæронд лæг зæгъы: «Амонд хæссæг у, цыкурайы фæрдыг фест, амон хорздзинæдтæ. Цу æмæ хъахъхъæн, цу æмæ дзур, цу æмæ амон!» Ацы хъуыдыты æвæрд ис Ирон театры сфæлдыстадон куысты сæйрагдæр нысан. Цæмæй сæххæст уа, ууыл æппæтвæрсыгæй Елбыздыхъо йæ уд хъардта. Царды йын йæ фæндтæ сæххæст кæнынил разæнгардæй архайдта, Ирон театры сырæзтæн йæ цард снывонд кодта фыццаг ирон профессионалон актер Тотраты Бесæ.

Бесæ ма Дзæуджыхъæуы реалон училищæйы ахуырдзау куы уыд, уæд федта Дзæуджыхъæуы Уырыссаг театры оперæ «Фауст». Æмæ уый фæстæ, йæхæдæг йæ мысинæгты куыд фыста, афтæмæй «фæрынчын театрæй». Уыцы табуйаг уарзт æй разæнгард кодта царды йæхи фæндаг ссарынмæ. Кæд æй йæ ныййарджытæ æфсæддон суæвынмæ цæттæ кодтой, уæддæр йæ зæрдæ театрмæ уарзты æнкъарæнтæй уыд йемыдзаг. Æмæ дзы суанг йæ царды фæстаг бонтæм нал фæхицæн.

XX æнусы райдайæны йæ райгуырæн хъæу Олгинскæйы сарæзта драмон къорд. Раздæр уал ам, фæстæдæр та иннæ сыхаг хъæутыл айхъуыст къорды архайджыты хорзы кой. Хæдахуыр артисттæ æвæрдтой чысыл спектакльтæ Къостайы, Пушкины, Лермонтовы, Некрасовы æмæ æндæр зындгонд фысджыты æмæ поэтты уацмыстæм гæсгæ. Хурмæ дзы хастой адæмы уæззау социалон уавæры нывтæ. Кæд уый уæды рæстæджы хицауады зæрдæмæ нæ цыд, уæддæр Бесæ æмæ йе 'мбæлттæн сæ ныфс æмæ сфæлдыстадон куысты хъару нæ саст. Уый нæ, фæлæ ма-иу нодж тынгдæр рапарахат кодтой сæ рухстауæн архайд.

Бесæ цас арфдæр хызт театралон аивады æнæкæрон дунейы, уыйбæрц


Тотраты Бесæ

æм йæ зонындзинæдтæ фаг нæ касты. Æмæ 1905 азы ахуыр кæнынмæ бацыд Мæскуыйы Кедхудовайы музыкалон-драмон училищемæ. Ам ын аивады сусæгдзинæдтæ арæхстджынæй æргом кодта Чысыл театры номдзыд артист, Станиславский æмæ Немирович-Данченкойы фæдон Панов.

Училищейы Бесæ ахуыр кодта дыууæ азы. Уыцы рæстæгмæ йæхи равдыста иттæг зæрдæргъæвдæй. Уæд бацæттæ кодта пьесæ «Борис Годунов»-æй Самозванецы, «Ромео æмæ Джульеттæ»-йæ – Ромеойы, Мольеры «Тартюф»-æй – Тартюфы, Сумбатовы пьесæ «Сайддзинад»-æй – Южины рольтæ. Уыцы рæстæгмæ йе сфæлдыстадон арæхстдзинад æмæ куыстхъомдзинад зынгæ фæрæвдздæр сты. Сахадытой йыл, Станиславский театралон аивады архайджыты размæ цы домæнтæ æвæрдта, уыдон.

Фыццаг ирон профессионалон артисты миддунейыл, йе ‘нкъарынадыл хорзæрдæм фæзындысты Петербурджы æмæ Мæскуыйы зындгонддæр театртæ æмæ сæ номдзыд артисттæ. Бесæ йæ райгуырæн Ирыстонмæ куы ссыд, уæд Дзæуджыхъæуы скодта драмон къорд. Къорды уæнгтæ репетицитæ кодтой Къостайы хорз хæлар, зындгонд къамисæг Дзанайты Садуллæйы кусæн уаты.

Бесæ æмæ къорды архайджыты фæрцы ирон адæм сценæйы фыццаг хатт федтой Брытъиаты Елбыздыхъойы пьесæтæ «Худинаджы бæсты – мæлæт» æмæ «Дыууæ хойы» (дыууæ хойы сурæттæ фыццаг скодтой номдзыд драматурджы бинойнаг Ольгæ Казбеги æмæ йæ фыдыфсымæры чызг Тамарæ. Бесæ та дзы хъазыд Пупæйы ролы). Бесæ йеддæмæ кæд ацы драмон къорды архайджытæ хæдахуыр артисттæ уыдысты, уæддæр сæ зæрдæты сыгъд аивадмæ, театрмæ уарзты уаз рухс. Уымæй уыдысты базырджын æмæ цардхъом. Уымæ гæсгæ фидарæй зæгъæн ис, Тотраты Бесæ цы драмон къордтæ скодта, уыдон ирон профессионалон театры фæзындæн фæахъаз сты.

1925 азы Ирыстоны хохаг æмæ быдираг хъæуты курдиатджындæр

фæсивæдæй скодта драмон къорд «Хæхты сывæллæттæ». Уыдон сæ аивад æвдыстой Ирыстоны дзыллон æмбырдты æмæ бæрæгбæтты. Фыццаг ирон профессор Æлборты Барис йæ уацтæй иуы куыд фыссы, афтæмæй фæстæдæр ацы къорды бындурыл арæзт æрцыд Ногдзауты хæдзары сывæллæтты кафты æмæ зарды ансамбль.

Бесæ йæ адæмæн цы æвæджиауы хæрзты бацыд, уыдон чысыл не сты. Сæ зынгæдæр, 1931 азы Мæскуыйы Луначарскийы номыл театралон аивады институтмæ ахуыр кæнынмæ ирон профессионалон театр байгом кæныны тыххæй Ирыстоны курдиатджындæр фæсивæды кæй арвыста æмæ сыл фондз азы дæргъы уым йæ арм кæй дардта, уый.



Брытъиаты Елбыздыхъойы пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакль «Худинаджы бæстæ – мæлæт», Хъырымы ролы – Тотраты Бесæ

Бирæ ныййарджытæ сæ цоты ахуырмæ уадзгæ дæр нæ кодтой. Фæлæ Бесæ йæ уæздандзинады руаджы фæндаг ссардта ацы хистæртæй алкæй зæрдæмæ дæр. Æмæ-иу уыдон фæстагмæ йæ ныхасыл æнæ дызæрдыгæй сразы сты. Суинаг артисттыл суанг сæ ахуыры кæронмæ æмæ уый фæстæ дæр Бесæ аудыдта раст схæссæг фыдау. Бесæ уыд ацы сфæлдыстадон коллективы фидыц, царды уæз кæуыл æрæнцад, фæлæ йæ зæрдæйы фыдæхы мур кæмæн нæ уыд, ахæм уæздан, цæстуарзон, кæстæруарз, йæ алы уæнджы рæсугъд ирон æгъдау, йæ алы сныхасы æмæ хъуыддаджы уæз кæмæн уыд, ахæм нæртон хистæр.

Тотраты Бесæ Ирон театры артистты фыццаг фæлтæрæй уæлдай стырдæр аргъ кæмæн кодта, уыдонимæ уыд ирон сценикон аивады æрдхæрæны зиууон, Цæгат Ирыстоны фыццаг адæмон артист Таутиаты Солæман. Уый ивгъуыд æнусы æртынæм азты Дзанайты Иваны æмæ Епхиты Тæтæрийы фыст пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакль «Къоста»-йы Иры номдзыд хъæбулы сурæт куы сарæзта, уæд дзы Бесæ

куыд разыйæ баззад, уый тыххæй йæ мысинæгты мæнæ куыд фыста Советон Цæдисы адæмон артист Саламты Къола: «Бесæ Солæманы уæхскыл йæ къух æрæвæрдта æмæ йын загъта: «Кæсын дын дæ куыстмæ, Солæман, æмæ мæнмæ афтæ кæсы, цыма дæ ном Семы номау уæлæуыл баззайдзæн, цыма де сфæлдыстады Къостайы раз балæудзынæ». Æмæ, æцæгæйдæр, Бесæйы ацы ныхæстæ раст разындысты.

«1935 азы 10 ноябры Ирон профессионалон театр куы байгом, уæд уый уыд Бесæйæн йæ царды æппæты амондджындæр бон. Умæн æмæ йæ царды сæйрагдæр бæллиц сæххæст, – дзырдта Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт артисткæ, Ирон профессионалон театры артистты дыккаг фæлтæры минæвар, дзæнæты бадинаг Уыртаты Верæ. – Тотраты Бесæ йæ удыхъæдæй, йе 'фсармæй, æгъдауæй, йæ цæстуарзондзинадæй алкæмæн дæр æххуыс кодта. Уыцы рæстæджыты хæсты фæстæ ма æфсæддон госпитальтæ уыдис, æмæ-иу уырдæм театрæй концерттæ ластам цæф салдæттæн. Æдзухдæр æй фæндыд, æз уыцы концерттæм лирикон æмдзæвгæ куы сахуыр кодтаин æмæ-иу æй куы радзырдтаин. Æз дæр-иу йæ фæндон æххæст кодтон. Кæд дзы бирæ кæстæр уыдтæн, уæддæр бахæлар стæм. Арæх-иу нын бацайдагъ ныхас царды алы фарстатыл æмæ аивадыл. Мæнæн тынг зынаргъ адæймаг уыд.

Уыдис ахæм хабар, æмæ театры фæсивæд тыргъы лæууыдысты æмæ тамако дымдтой. Уалынмæ кæсынц, æмæ дардæй Бесæ уыдоны 'рдæм æрбацæуы. Лæппутæ уайтагъд сæ тамакотæ сæ армытъæпæнты амбæхстой. Æмæ, цалынмæ Бесæ сæ рæзты нæ ацыд æмæ мидæмæ нæ бахызт, уæдмæ сæ судзгæ тамакотæ сæ къухты æмбæхстæй фæдардтой. Бесæ куы ацыд, уæд фæсивæд сæ армытъæпæнтæм æркастысты æмæ федтой, тамакойæ сыл сырх тæппæлттæ кæй аззад, уый. Гъе афтæ дзы æфсæрмы кодтой. Уыцы уаг бирæ цæуылдæрты дзурæг у. Æмæ мæ тынг фæнды Бесæйы рухс ном Ирон театры абоны фæлтæрæй дæр рох куынæ уаид. Умæн æмæ уый йæ цард снывонд кодта нæ театрæн, йæ рухс æмæ бæллиццаг фидæнæн».

Ирон театры сценæйы Бесæ сарæзта бирæ ирд æмæ æнæферохгæнгæ сурæттæ: Шекспиры «Отелло»-йы – Брабанцио, Плиты Грисы «Чермен»-ы – Хадзы, Авксентий Цагарелийы пьесæ «Ханума»-йы – Вано, Токаты Асæхы «Усгуртæ»-йы – Хабос, Виктор Гусевы пьесæ «Намыс»-ы – Медведев æмæ бирæ æндæртæ. Ацы спектаклты Бесæйы чи федта, уыдон куыд зæгъынц, афтæмæй йæ алы арæзт сурæт дæр уыд хæдхуыз æмæ аив.

Бесæ кæм уыдаид, уым-иу уыд æгъдау æмæ фарн дæр!


Цæллаггаты Ладимæт

Тотраты Бесæйы бинойнаг Цæллаггаты Ладимæт дæр уыд Ирон театры фыццаг фæлтæры артисттæй. Сценæйы йæ чи федта, уыдоны мысинæгтæм гæсгæ уыд стыр курдиаты хицау. Фæлæ йæ уæззау низы аххосæй адзал æгæр раджы ссардта.

Цæгат Ирыстоны паддзахадон радио æмæ телеуынынадæн стыр хæрзты чи бацыд æмæ дзы кад æмæ радæй бирæ азты чи фæкуыста, уыдонæй иу уыд нæ республикæйы културæйы сгуыхт кусæг, зындгонд журналист Гаппуаты-Хъуылаты Зирæ. Уый йæ рæстæджы каст фæци Ирон театры цур скъола-студи. Кæд дзы бирæ нæ акуыста, уæддæр-иу йæ зæрдыл тынг арæх æхсызгонæй æрлæууыд Тотраты Бесæйы ном, йæ уæздан æмæ цæстуарзон ахаст театры кæстæр фæлтæрмæ. Йæ мысинæгты йын ссардтам Уæрæсейы Федерацийы адæмон артисткæ Икъаты Серафины сфæлдыстадон цардæй Бесæйы номимæ баст иу цау.

Зындгонд куыд у, афтæмæй Серафин уыд, Мæскуымæ Луначарскийы номыл театралон аивады институтмæ Бесæйы фæндæй ахуыр кæнынмæ чи ацыд, уыцы фæсивæдæй. Фæлæ цæмæдæр гæсгæ, фæлварæнтæ дæттыны рæстæгмæ нæ бахауд. Артисткæ суæвынмæ куыд зæрдиагæй бæллы, уый чи зыдта, ахæм йе 'мбал чызг ын афтæ зæгъы, ацу Дзæуджыхъæумæ æмæ Бесæйы ссар, зæгъгæ. Йæ уæлæ, зæгъы, вæййы бур цырыхъхъытæ. Серафин дæр Дзæуджыхъæумæ араст. Схæццæ сахармæ. Лæууы проспекты. Уыцы бон цыма ныхас бакодтой, афтæ стыр уынджы цæуджытæ се 'ппæт дæр бур цырыхъхъытæ скодтой. Фæлæ кæддæр-уæддæр фæрсгæ-фæрсгæ Серафин Бесæйы ссардта. Лæг æй куы федта, уæд æй уæзданæй бафарста, цы дæ хъæуы, чызг, цы, зæгъгæ. Серафин æм цинæйдзаг цæстытæй скаст æмæ йын афтæ: «Театр, театр!» Æмæ йæ уæд Бесæ дыккаг хатт бафарста: «Æмæ дæ зæрдæ кæуыл дарыс?» Суинаг артисткæ йын æвиппайды дзуапп радта,

мæхæдæг мæхиуыл, зæгъгæ. Ærыгон чызджы уыцы дзуаппæй Бесæ дæр фæныфсджын æмæ зæрдиагæй бацархайдта, цæмæй Серафин Мæскуыйы театралон институты иннæ ирон фæсивæдимæ ахуыр кæна, ууыл. Куыд рабæрæг, афтæмæй Серафин сæххæст кодта йæ дзырд Бесæйы раз. Рауад дзы диссаджы артисткæ – ирон сценикон аивады фидыц!

Тотраты Бесæмæ Ирон театры артисттæ æмæ æппæт кусджытæ цы хорз зæрдæ дардтой, куыд стыр кад æмæ йын аргъ кодтой, уымæн ма иу ахъаззаджы æвдисæны тыххæй дзырдта ПТРК «Алани»-йы раздæры диктор, зарæггæнæг, РЦИ-Аланийы адæмон артист Мамсыраты Тасолтан:

«Æз ахуыр кодтон Ирон театры цур студийы. Бесæ мæ хъæуккаг уыд, уый зыдтон, фæлæ, театры уæвгæйæ, йæ цуры хъæрæй ныхас кæнын дæр нæ уæндыдтæн, æфсæрмы дзы кодтон. Театры уый уыдис се 'ппæты хистæр. Æмæ йын не 'гас дæр тынг аргъ кодтам. Ахæм зæрдæ йæм кæй дарынц, уымæй сæрыстыр куыннæ хъуамæ уыдаин, уыцы ахаст мæнæн дæр цыдæр ныфс лæвæрдта. Уыцы азты Ирон театр уыд, ныр Оперæ æмæ балеты паддзахадон театр кæм ис, уыцы бæстыхайы. Æмæ йе стыр залы Бесæйæн уыд сæрмагонд къæлæтджын. Фæсте йе 'нцойгæнæныл фыст уыд «Б.И. Тотров». Уыцы бынат кæй у, уый театрдзаутæ дæр зыдтой, æмæ дзы Бесæ йеддæмæ бадгæ дæр ничи кодта. Суанг ма йын ахæм хуызы кад скæныныл бацархайдта театры коллектив. Уыцы цау у, æцæг ирон фæрнджын лæджы удыхъæдæн кæстæртæ цавæр аргъ хъуамæ кæной абон дæр, уыцы миниуæгыл дзурæг».

Бесæ стыр æвæрæн бахаста аивадон тæлмацы хæзнадонмæ дæр. Ирон æвзагмæ ратæлмац кодта зындгонд уырыссаг æмæ фæсарæйнаг драматургты пьесæтæ. Уыдон алы азты æвæрд цыдысты Ирон театры сценæйыл.

Тотраты Бесæйы царды æмæ сфæлдыстадон фæндаджы азфыст тынг хъæздыг уыд алыхуызон цаутæй. Уыдон, стæй ирон театралон сфæлдыстады фыццаг къахдзæфты æмæ национ профессионалон театры рæзты хабæрттæ бæлвырдæй ныффыста йæ дыууæ чиныджы: «Из воспоминаний актера» (Дзæуджыхъæу, 1951 аз) æмæ «У колыбели Осетинского театра» (Орджоникидзе, 1961 аз). Чи сæ бакæса, уый дзы сæмбæлдзæн авторы зæрдæагайгæ мысинæгтыл æмæ, йемæ ирон аивады рæзтыл фыццагдæр чи архайдта, уыдоны нæмттыл æмæ мидисджын хъуыдытыл.

Ахæм арфæйаг лæджы ном у æнусмæ мысинаг, табуйаг!

*ГУЫМЕЦЪАТЫ Зæринæ*

# ДÆ ЗАРДЫ ЗÆЛТÆМ ЦÆМÆН ХЪУСÆМ ÆРХÆНДÆГÆЙ, ЦЫМÆ?

*Сланты Къостайы быдзæутæ Шекспиры сфæлдыстады*

*Уац*

Нæ зындгонд аивадиртасæг Бæциаты Агуыдз йæ куыстытæй иуы ахæм хъуыды загъта: «Æцæг аивад адæмон вæййы йæ идейон хъару æмæ йæ рæсугъд фæлгонцы фæрцы. Литературон уацмыс æнæмæлгæйæ баззайы æнусты æрмæст уæд, цы хъуыдыйæ æмæ бæллицтæй нывæст вæййы, уыдон адæймаджы зæрдæйы тæгтæй арæзт куы вæййынц, иу дуг, иу заман æмæ иу адæмы хъысмæтыл дзургæйæ, куы фæцагайынц бирæ æнусты дæргъы алы адæмыхæттыты зæрдæтæ. Уыцы æнусон æнæмæлгæ генитæ фылдæрхатт равзæрынц дзыллæты 'хсæн, сæ цард æндон рæхыстæй вæййы баст се сфæлдисæг адæмы хъысмæтимæ». Ацы ныхæстæ æххæстæй хауынц дунеон драматургийы патриарх æмæ йæ кады тырыса Вильям Шекспирмæ. Йе 'нæмæлгæ трагедиты æмæ комедиты аивæй равдыста адæмы 'хсæн ахастытæ, рæстдзинадыл тохы карз æмæ фыдохы цæхæртæ, уарзæгой удты æхсæн пиллон арт æмæ базырджын монцтæ, цардбæллондзинад. Карз тæрхон рахаста хахуыр, тыхми æмæ мæнгдзинадæн, адæймаджы сыгъдæг ном чъизигæнæг, æлгъаг хъуыддæгтæн. Йæ уацмыстæ сты царды ахсджиагдæр скъола.

Ныртæккæ æгас дунейы культурæйы архайджытæ хорз зонынц, театры историйы Шекспир цы бынат ахсы, уый. Уыцы стыр кад æмæ намысы хъуыддаджы стыр куыст бакодта Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон академион Ирон театр. Йæ режиссертæ æмæ актертæн сæ бон сæрыстырæй зæгъын у, дунейы театралон аивады хæзнадонмæ кæй бахастой стыр æвæрæн. Алы спектаклы дæр агурынц ног æмæ ног сценикон фæрæзтæ, фæллад нæ зонынц сфæлдыстадон тæмæнты.

Шекспиры сфæлдыстад æнæкæрон æмæ парахат у, арф ауагъ-той æнусон бæлæстау йæ уацмыстæ сæ уидæгтæ дунейы аивады алы къабæзты. Уыимæ нын, Гамлет æмæ Отеллойы хъизæмæрттыл дзургæйæ, нæ размæ ракæны хæларзæрдæ, хъæлдзæг, цардбæллон,

зондджын Быдзæуы (шут) кæнæ та, нæ, нырма мæ цæрын фæнды, дидинджыты адджын уддзæфæй нæма бафсæстæн, царды зындзинæдтæ кæд уынын, уæддæр цæй хорз у, зæгъгæ, чи фæзæгъы, уыцы хуымæтæг адæймаджы.

Афтæ мæм кæсы, цыма уалдзыгон зарæг æнкъард вæййы. О, о, æнкъард! Цардбæллон адæймагæн йæ зæрдæ уалдзыгон улæфтæй байдзаг, уæд æм фыр амондджынæй æнкъард зарæг кæнын дæр фæцæуы. Лæмбынæг куы æркæсæм уалдзыгон дидинæгмæ, уæд бафиппайдзыстæм, хуры тынтимæ йæ рæзгæ сыфтæртæ куыд райхалы, фæцин кæны, фæзары. Уый æнкъарын хъæуы, æнкъарын! Æппæт рæсугъд æрдзы фæлыст æхсæвы тары иунæгæй баззад! Æнкъард зарæг, цинæфсæст райсомы хуры тынтимæ цъæхснаг хъæлæс фехъусдзынæ Шекспиры пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакль «12-æм æхсæв»-ы. Комеди цы æгъдæуттæ æмæ домæнтыл арæзт цæуы, уыдонæй бæрæг у, кæй дзы фæхудынц, æхсæнадон царды уагæвæрд чи фехалы, ахæм адæймæгтыл. Уыцы домæнтæн сты артдзæст, ис дзы ноджы романтикæ дæр, царды рæстдзинадæй сты хайджын, уый нæ, фæлæ ма сæ æмбæхст вæййы стыр хъуыдытæ æмæ сагъæстæ дæр, уæлдайдæр быдзæуты фæлгонцты. Ацы рæсугъд æмæ арфæйаг æнкъарæнтæ зæрдæйы баззайынц ирон спектакль фенгæйæ. Кæсыс артистты курдиатджын хъазтмæ, худыс, фæлæ уый фæстæ фæрсыс дæхи: «Цæуыл худтæн, цы зæгъынмæ хъавыдысты режиссер, артисттæ?» Дæ сæрмæ алыхуызон хъуыдытæ цæуынц, байгом дæ разы ног дуне, алыхуызон адæймæгты сагъæстæ æмæ бæллицтæ. Спектаклы геройтæ уарзынц цард, хъазын æмæ худын, æххуыс кæнынц уарзæттæн, уадз æмæ царды адджын улæфт бахъара сæ риутæм.

Спектаклы ис дыууæ тутсæры: Эндрю (Саламты Къола) æмæ Мальволио (Калоты Барис). Худæм сыл, сæхицæй хъазæнхъултæ скодтой. Уыдон æвзæр никæмæн фæуыдзысты, знаггад нæ ракæндзысты.

Авторы фæд-фæд режиссер Брытьиаты Зариффæ адæмы бахуыдта дзæнæтон дуне Иллиримæ. Артисттæ æвдисынц цардæгас адæймæгты, фæлæ æнахуыр бæсты æнæмæт цард афтæ зыны, цыма сын Хуыцау цæттæйæ, æввонгæй лæвар алцы дæр дætты. Сæхи ирхæфсынц цуаны кæнæ та «æдылытæй» хъазæнхъул саразынц. Суанг ма сæ паддзах Орсино (Хуырымты Уырызмæг) дæр цæры æрмæст уарзондзинады сагъæстæй. Ацы дзæнæтон бæстæм денджызы тызмæг уылæнтæ æрба-

хастой Виолæйы (Беккуызарты Орзетæ). Фесæфт денджызы йе ‘фсымæр, ныр иунæгæй баззайы, фæлæ зоны уарзын. Оливия (Хъуылаты Верæ), сэр Тоби (Кокайты Иссæ), Мария (Кочысаты Зоя), быдзæу Фесте (Сланты Къоста) – иууылдæр аив кæнынц спектакль, аразынц сфæлдыстадон диссæгтæ, сæ рæсугъд хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ тæхынц уæлæрвтæм.

Быдзæу Фестейы тыххæй комедийы архайджытæй иу афтæ зæгъы: «Йæхи сæрхъæнæй афтæ зоны æвдисын, / Нæу афтæ хъазын зондцухæн йæ бон».

Сланты Къоста ацы ролы йæ цыргъ сатирæйы фаттæ сарæзта, быдзæу кæй дæлбар ис, уыдоны ныхмæ. Зары, хъазы æмæ худы, зонд-джын ныхæстæ кæны, йæхицæй æдылы аразгæйæ, куы йæ дзокъола батилы, куы йæ худ сисы. Фæлæ хатгай цавæрдæр æнкъарддзинады фæлм æрбады артисты хъазтæй æгас спектаклы дæр. Афтæ фæзыны, цыма йæ сæры магъзы дзыллæты сагъæстæ хæссы. Быдзæу кæны фæрсæгау: цы у цард? Æмæ уый хуымæтæджы нæу. Сланты Къоста тынг хæстæг бацыд авторы хъуыдымæ. Шекспир быдзæуæн æдзухдæр йæ бæрны кодта егъау хъуыдытæ, дзыллæты сагъæстæ æмæ дзырдарæхст-дзинад. Уыцы ахсджиаг миниуджытæй аразы Сланты Къоста дæр йæ быдзæуы фæлгонц. Суанг ма сæ рæсугъд, æнкъард зарджыты хуызы дæр æвдисы. Уæлдæр спектакль рахуыдтон æнкъард зарæг, æмæ уыцы æнкъарддзинад бæрæг у æппæт спектаклы дæр. Адæймаг царды вазыгджын фæзилæнтæ базоны зæронды кары, æмæ йын уый фæдæтты æхсызгондзинад, фæлæ сагъæсты дæр бахауы, уымæн æмæ йæ балц кæронмæ фæхæццæ кæны, фæфæнды ма йæ æвзонг уæвын, фæлæ æрдзы æгъдæуттæ адæймаджы коммæ нал фæкæсынц. Ахæм хъуыдытæ, сагъæстæ хæссы хъæлдзæг хуызæй, мидбылты худгæйæ, уарзондзинад хъуыдыгæнгæйæ. Хъæлдзæг æмæ цардбæллон у, уыцы хъæлдзæгдзинады аууон æмбæхст ис дуджы минæвар, дунейы драматургийы æрттивгæ стъалы В. Шекспиры сагъæс æмæ маст адæймаджы, дзыллæты хъысмæтыл, æмæ уыцы минæвар у Сланты Къостайы быдзæу дæсны арæзтæй.

Ирон театр стыр фæллой бакодта Шекспиры сфæлдыстадыл, уый ахсджиаг бынат ахсы ирон сценæйыл. Фыццагдæр 1940 азы «Отелло» ратæлмац кодта Плиты Грис. Сæйраг ролы хъазыди Тæбæхсæуты Бало. Уый фæстæ фæд-фæдыл цæуын байдыдтой иннæ уацмыс-

тæ дæр: «Ницæй тыххæй хуымæтæджы хъæлæба», «Ромео æмæ Джульеттæ», «Макбет», «Гамлет», «Виндзойраг цæстфæлдахджытæ», «Кориолан», «Афинаг Тимон», «Къарол Лир»... Афтæмæй ирон адæмы зæрдæты парахат бынат ссардта, раст цыма нæхи разагъды драматург у.

Трагеди «Къарол Лир» у тынг вазыгджын философион хъуыдытыл амад, бирæ дзы ис сæйраг архайджытæ. Композицион арæзт у бирæсюжетон, парахат æмæ уæрæх. Лир у тиран, æрмæст æй йæ чызджытæ куы ратардтой, уæд сси хуымæтæг зæххон адæймаг, царды æцæгдзинадмæ æрмæстдæр уæд ракæсы йæ цæстытæй, бамбары дунейы конд, фæллойгæнджыты кад æмæ намыс, раст адæймаджы рæсугъддзинад.

Тæбæхсæуты Балойæ æмæ Сланты Къостайæ дарддæр ма спектаклы хъазыдысты Хъайырты Владимир (Глостер), Хъæрджынты Варварæ (Гонерилья), Хъариаты Тамарæ (Реганæ), Туменаты Еленæ (Карделия), Кокайты Иссæ (Кент). Сланты Къостайы быдзæу хуымæтæг нæ уыд, ацы ран дæр у зондджын, цардзонæг, цардуарзаг адæймаг. Алы адæймаджы цин æмæ хъыг дæр æмбарæг, цыргъзонд æмæ тæригъæдгæнаг. Уый тынг бирæ уарзы адæмы, уарзы йæ къаролы дæр æмæ йын зæрдæрухсæй лæггад кæны, фæфæнды йæ хорздзинæдтæ æрхæссын, стæй исты диссæгтæ саразын, цæмæй æппæт адæмы цард дæр хъæлдзæг æмæ рæсугъд уа.

Къарол Лир никæй уыны, адæймагыл дæр никæй нымайы, йæ быдзæу дæр адæймаг у, уый æрæджиау базоны, тыгъд быдыры æххормагæй, мæстджынæй тыхст уавæры куы баззайы, уæд. Уым бамбары, куыд никуы никæмæн баххуыс кодта, стæй куыд æвзæр хъомылад радта йæ чызджытæн дæр, куыннæ сын бацамыдта æгъдау æмæ æфсарм, хистæр æмæ кæстæры бынат, ныййарджытæ æмæ цоты миниуджытæ царды. Уыдæтты кой дæр ын кæны Сланты Къостайы быдзæу. Кæд ныхæй-ныхмæ æвæрд сты, алыхуызон сты алцæмæй дæр къарол æмæ быдзæу, уæддæр алкæм дæр, алы ран дæр вæййынц иумæ. Быдзæу æвзæрст уæздæтты ‘хсæнæй зынгæ дæр нæ кæны, фæлæ къаролы йе ‘ххуыс, йæ дзырд, йæ сæр куы бахъæуы, уæд уайтагъд йæ разы алæууы. Уыйас æй ныхæстæ дæр нал бахъæуы арæхстджын митæ æмæ диссаджы пластикæйы руаджы. Афтæмæй саразы актер æнæхъæн монологтæ æмæ диалогтæ.

Уæдæ йæ цырддзинад, пластикæ дæр диссаг сты. Куы цæугæ кæны, куы хъуызгæ, куы тæхгæ, куы та хъандзалы хуызæн ныссæррæтт кæны къаролмæ, йæ дзокъола æмæ дзæнгæрæг худимæ тыбар-тыбур кæнгæйæ, цыргъзонд ныхæстæ кæнгæйæ. Дзуры дунейы æцæгдзинад хъазгæ æмæ худгæйæ, стæй йын ис стыр уарзæгой зæрдæ. Аивадиртасæг Мария Литвиненко хуыздæр сценæтæй иуыл нымайы, быдзæу йæ къаролæн, дæ зонд дыууæ дихы акодтай æмæ йæ байуæрстай, дæхицæн дзы ницы ныууагътай, зæгъгæ, куы фæзæгъы, уыцы ныв. Уæдæ мæстыгæр Гонерильяйæн дæр хорз фæвæййы, æбузн гакк-гуккæн лæггад æдылы ми у, зæгъгæ йæм сдзурын бауæндгæйæ.

Диссаджы ахорæнтæ æмæ мадзæлттæ ссардта Сланты Къоста йæ фæлгонцæн. Йе 'ппæт аивады техникæ сцалцæг кодта уымæ, равдыста дзы стыр психологи æмæ философи, диссаджы куырыхондзинад худгæйæ, заргæйæ æмæ æдылыйы хуызы. «Органично сочетая в одной роли комедийный и драматический жанры, шут Сланов не комедийный занимательный персонаж, он волнует и даже просветляет зрителя. Умный человек в маске шута, любящий справедливость, преданный Лиру до конца – вот основа, на которой К. Сланов строил образ, имеющий немалое значение для правильного философского звучания в постановке Осетинского театра», – фыста актер æмæ драматург Темыраты Дауыт.

Ацы зонддæжын адæймагуарзон фæлгонцы Сланты Къоста равдыста Шекспиры рæстдзинад. Шекспиры хъайтартæ уарзынц цард, амонд, уæлахиз, сфæлдыстад, уарзондзинад. Уыдоны удыхъæды ис цæрыны курдиат йæ бирæ æнкъарæнтимæ, стæй ма уæздандзинад æмæ парахатдзинад. Уыдон сын сты сæ царды философи, сæ удварны хæзнатæ æмæ сæ сæрибардзинады гармони. Уый тыххæй театры историйы зынгæ бынат ахсынц, спектакльтæ хæссынц бæрзонд сгуыхтдзинæдтæ, аивадон æнтыстдзинæдтæ, арфæйаг куыстытæ.

Ирон дзыллæтæн стыр æхсызгондзинад æрхаста Шекспиры иннæ комеди «Ницæй тыххæй æнæхъуаджы хъæлæба». Йæ сæвæрынмæ æрбахуыдтой зындгонд ГИТИС-ы профессор, Константин Станиславскийы ахуыргæнинаг, режиссер Брытъиаты Зариффæйы ахуыргæнæг Алексей Поповы. Тынг æнувыдæй куыста уый коллективимæ. Залыиу бадтысты иннæ актертæ дæр, раст цыма сын театры дæсныйады

уроктæ лæвæрдта, уыйау. Спектакль рауад хъомысджын, фæлгонцтæй цардæгас. Тыхджын æмæ ирд зынд комедийы сæйраг темæ – сæрибар сылгоймаджы уарзондзинад, йæ тох фæстæзад æгъдæуттимæ. Ноджы ма дзы уынæм, мæнгарддзинад царды хотых чи хоны, хахуыр æмæ фыдми та адæймагæн амонддæттæгыл чи нымайы, уыцы мæнгдзурджыты æмæ фæлитойты.

Сæйраг рольтæ Беатриче æмæ Бенедикт бахæс кодтой ирд комедион актертæ Икъаты Серафин æмæ Сланты Къостайæн. Тынг дæсны равдыстой сæ рольтæ. Бынтон диссаг у Сланты Къостайы Бенедикт. Уый у цыргъзонд æмæ фæлмæн, уæздан æмæ рæсугъд адæймаг. Сабырæй дзуры йæ адæмимæ, Беатричеимæ. Бæрзонд æм æвæрд у адæймаджы кад æмæ намыс, уарзондзинад. Йæ хъазт хъары адæмы зæрдæмæ, уый та сæйраг у актерæн. Уый у йе 'цæг курдиаты бæрæггæнæн, йæ куыстуарзондзинады нысан. Ахуыр кæнгæйæ æмæ кусгæйæ дæр уый зыдта, фидарæй йæ зæрдыл бадардта – аивады æнцон цæрæн нæй, уый домы адæймагæй æппæт хъарутæ æмæ зонд, мæнгдзинад нæ быхсы. Иу æнтыстæй иннæмæ æрмæстдæр уыцы артист хизы, удуæлдайæ йæхиуыл чи кусы. Нæй чысыл рольтæ, ис чысыл актертæ.

Комедийы жанры чи фесгуыхт, уыдон нæ театры историйы чысыл не сты. Сæ курдиатджын хъазтæй бæрæг кодтой театры комедион арæзт. Хъариаты Тамарæ, Цæлыккаты Мæирбег, Туменаты Еленæ, Годжыцаты Исахъ, Саламты Къола, Бирæгъты Къоста, Сланты Къоста, Хъалæгаты Федыр, Хуырымты Уырызмæг, Мæхъиты Валодя, Бекмæрзты Æхсар, Цæргæсты Дзамболат æмæ иннæтæ скодтой хъæздыг фæлгонцты галерей. Хицæн халы, хицæн фæрдгуыты хуызæн та снывæстой Шекспиры уацмысты хъайтарты фæлгонцтæ, æмæ дзы Сланты Къоста дæр ахсы бæлвырд зынгæ бынат. Скодта -иу зæрдæмæхъаргæ, æнæферохгæнгæ, арфæнкъарæнджын фæлгонцтæ, фæлæ се 'ппæтæй зæрдæмæдзæугæдæр уыдысты Шекспиры «12-æм æхсæв»-ы æмæ «Къарол Лир»-ы быдзæутæ. Сæ фæлгонцты бацыд бæстæйы сагъæс æмæ адæймаджы маст, дзыллæйы хъысмæт. Хъазгæйæ æмæ худгæйæ дзуринц дунейы æцæгдзинæдтæ, заргæ дæр ма сæ кæнынц. Шекспиры уацмысты уыцы сусæгдзинад быдзæуты зæрдæйы æмæ сæры æвæрд æрцæуы.

Раст спайда кодта актер æппæт аивадон фæрæзтæй. Дæсны сценикон фæрæзтæ, дæргъвæтин æнкъарæнты дуне актер цал адæймаджы хъысмæты банкъардта зондæй, схъарм кодта зæрдæйæ! Йæ быдзæутæ хæстæг сты释 кармæ гæсгæ – аив æмæ рæсугъд, æрыгон æмæ цæрдæг, цыргъзонд æмæ хъæйтарон, зондджын æмæ уæздан. Къостайы лæппулæгтæ хайджын сты аивады дæсны миниуджытæй, хорз æнкъарынц зæрдæйæ алцы дæр, нæ уарзынц мæнгарддзинад æмæ чъизи митæ, тырнынц рухсмæ, рæсугъддзинадмæ. Сты ныфсджын æмæ æрхъуыдыджын, æнæзивæг æмæ хъæлдзæг, цыргъзонд æмæ æфсармджын. Сланты Къоста æнтыстджынæй хъазыд йæ зæронд лæгты рольты дæр (зæгъæм, курдиатджынæй бацыд Плиты Грисы «Чермен»-ы Даккойы фæлгонцы). Йæ нывæст фæлгонцты гуыры аивады рæстдзинад, царды æнкъарддзинад. Ирон театр уыд йæ «хуымгæнды хай æмæ йæ дзыллæйы зæрдæ».



Спектакль «Къарол Лир»,
Къарол – Тæбæхсæуты Бало, Быдзæу – Сланты Къоста

# ТЕАТРЫ ТЫХХÆЙ ЗАГЪТОЙ…

* * *

Æцæг актерæн театр аргъуанæй уæлдай нæу. Йæ уд ын дæтты сыгъдæгзæрдæйæ. Удуæлдайæ фыдæбон кæны йæ алы сурæты рæзтыл дæр. Ныййарæг йæ хъæбулыл куыд фæузæлы, афтæ.

*БЕКМÆРЗТЫ Æхсар*

* * *

Цæмæй хорз актер суай, уый тыххæй хъуамæ аивадæн нывондæн æрхæссай дæ зæрдæ.

*ГÆЛÆУТЫ Анатоли*

* * *

Аивад æмæ Сфæлдыстад йæ хъысмæт кæмæн систы, уый хъуамæ æдзух йæхиуыл куса. Цу размæ, ног цыдæр хабæрттæ дæхицæн гом кæн, ног æнтыстытæм тырн. Æнæ уымæй сфæлдыстады æвдадзы хос доныл хъуына схæцдзæн… Сценæйы нæ дæн, ног роль кæнæ зарæгыл нæ кусын – уæд нæ цæрын. Сценæйы та, аивадуарзджыты уынгæйæ, уыдоныл тауын мæ уды хорзæх, мæ зæрдæ сын раргом кæнын, æмæ мæ уæд алцы дæр ферох вæййы. Уыдæттæ рæсугъд ныхæстæ не сты. Æз мæ куыст тынг бирæ уарзын. Уырны мæ, алчи дæр нæ ацы дунемæ кæй æрцæуы йæхи миддуне басгарынмæ. Мæ дæсныйад мын цинхæссæг дæр у, фæлваргæ дæр мæ кæны…

*МЕДОЙТЫ Светланæ*

* * *

Артистæн æнæ сценæ йæ цард фыдæвзарæнæй уæлдай нæу.

*ГУЫБИАТЫ Хъазыбег*

* * *

Национ театры актер – уый фыццаджыдæр у национ традициты, æгъдæутты, культурæйы минæвар. Æнæ уыцы æнкъарæнæй адæймаг национ театры аккаг актер никуы суыдзæн. Дæхи куыдфæнды дар, уæддæр «æгъдау», зæгъгæ, уыцы æмбарынады аккаг нæ уæвгæйæ, театры стыр бæрзæндтæм не схиздзынæ – сценæ фæсайæн нæй.

*СÆБАНТЫ Тамерлан*

*ДАУЫРАТЫ Дамир*

# ЗАРИФФÆ КУЫВТА... АХÆСТОНЫ...



Ивгъуыд æнусы фæстаг азты мæ зæрды уыд нæ ирон хуызддæр чызджытæй иу, Цæгат Ирыстоны адæмон артисткæ, Къостайы номыл литературон премийы æвдæм лауреат Брытъиаты Зариффæйы сфæлдыстадон цард æмæ трагикон хъысмæты тыххæй документалон уацау ныффыссын. Мæ фæнд нæ рауад, æмæ мæнæ ныр, азты сæрты фæстæмæ акæсгæйæ, мæхи аххосджынæй ныммайын. Æз ме сфæлдыстадон куысты æруагътон стыр къуыхцы. Мæн раздæр сæмбæлын хъуыд Зариффæйæн йæхиимæ, фыццаг уал ын йæхимæ байхъусын, фæлæ æз цæмæндæр раздæр ныхасмæ бацагуырдтон, хорз æй чи зыдта, йæ фарсмæ чи цард æмæ куыста, уыдоны. Мæхинымæр, зæгъын, цас дзы фылдæр истытæ зонон, уыйас мын æнцондæр уыдзæн йемæ ныхас кæнын, фæрстыты бын æй фæкæндзынæн.

Хъыгагæн, æз се 'ппæтимæ нæма фембæлдтæн, афтæ 2001 азы Зариффæ йе 'цæг дунемæ ацæуыныл батагъд кодта. Тынг зын мын уыд уый, раст дын куы зæгъон, мæ кæсæг, уæд. Мæ ныфс асаст, мæ къухтæ æруагътон, бамбæрстон æй, æнæ йæхи мæ уацау æххæст уацмысыл банымайæн кæй нæ уыдзæн, уый. Уæдæй, ныр фондз æмæ ссæдз азы, Зариффæйы тыххæй адæмы мысинæгтæ мæ диктофоны фыстæй фæлæууыдысты. Мæнæ дæлдæр кæй бакæсат, уыдон сæ иуты скъуыддзæгтæ сты. Мæнмæ гæсгæ уæм цымыдисаг фæкæсдзысты...

**ТЛАТТАТЫ Бексолтан:**

**«Кæйдæр аххосæй фенамонд ис...»**

– Мæн Зариффæ Ирон театрмæ æрбакодта уæртæ Джызæлæй. Уыцы азты стыр режиссерыл нымад уыдис, махмæ тынг арæх цыдысты дæлæ

Мæскуыйæ, уæлдайдæр театралон критиктæ, æмæ алы спектаклæн дæр, суанг алы актерæн дæр хицæнæй аргъ кодтой. Уый нын тынг æхxуыс уыди. Хатгай-иу Зариффæ семæ быцæу дæр фæцис, йæхи хъуыды-иу сын æргом загъта не ʻппæты цур, æмæ йын уазджытæ уый тыххæй уæлдай аргъ кодтой. Тынг кадджын уыдис нæхи бынæттон хицауады цæсты дæр. Уæд æз республикæйы сæргъы Æгкацаты Валодяйы æрбаййæфтон, æмæ нæм-иу уый арæх цыдис. Зариффæ дзы мæнæн мæхи цур цалдæр хатты цыдæр æхxуыстæ дæр бацагуырдта, æмæ-иу æз мæ хъус дардтон, стæ-ма, зæгъын, ахæм стыр лæгтæ сæ дзырдæн куыд хицау сты. Бауырнæд дæ, Дамир, скодтой-иу ын, цыдæриддæр-иу сæ куырдта, уыдон. Билары рæстæг та уыцы æхxуыстæ бирæ фылдæр фесты, уый йæм йæ цæст тынг дардта, уый йæ бирæ уарзта, йæ зонындзинæдтæн ын аргъ кодта. Цыфæнды спектакль дæр-иу, стыр уыдаид кæнæ гыццыл, куы æвдыстам, уæд-иу, Билар уым нæ уыд, зæгъгæ, уæд æй зон: ам, нæхимæ, Ирыстоны нæй, æвæццæгæн та балцы ис… Куыддæр-иу ссыдис, афтæ-иу ын дыккаг бон æнæ ʻрбадзургæ нæ уыдис: «Уыцы спектакль ногæй кæд æвдисдзыстут, кæд æй ис фенæн?» Æрбацыдис-иу! Фæбадт-иу кæронмæ, стæй-иу Зариффæйы кабинеты амбырд стæм, æмæ нын-иу раздæр зæрдиагæй йæ балцы хабæрттæ фæкодта, стæй-иу уæд спектаклмæ рахызт, цы дзы фæцыд йæ зæрдæмæ, цы нæ фæцыд, хуыздæр чи уыдис сценæйыл, уыдон-иу æргом, хъазæн ныхас кæнгæйæ фæдзырдта. Нæ фембæлд-иу фæлмæн ныхасыл фæци.

Æцæг æй мæнæ куы ʻрцахстой, уæд ын цæуылнæ баххуыс кодта, ууыл тынг дис кæнын. Иу стыр лæг мын загъта, йæ бон, дам, не сси. Уый мæ уырны. Билары уæле чи уыд, уыцы хицауад æй фенамонд кодтой. Куыдæй? Зариффæ ам, нæхимæ, уыдис Æппæтцæдисон театралон æхсæнады хайады хицау. Æмæ-иу нæм аивадон хъуыддæгты фæдыл уазджытæ куы ссыди, уæд-иу уыцы хицауад Зариффæмæ бадзырдтой æмæ-иу ын загътой, сбуц кæнын, дам сæ хъæуы. Иу дзырдæй, уыцы æхсæнады хардзæй сæхицæн цæсгом кодтой: сызгъæрин хъаматæ, нæ нывгæнджыты хуыздæр куыстытæ, æндæр зынаргъ лæвæрттæ… Чидæр оргæнтæм ныффыста, æмæ уыдон йæ быны бабырыдысты, æппæт дæр уый аххос фæкодтой, æмæ йын 12 азы никъкъуырдтой. Фæбадт, мæгуыр...

Куы ссæрибар, уæд æй уæды азты хицауад дæр нал барæвдыдтой,

йæ цардæмбал дæр æй ныууагъта, æндæр кæимæдæр фæлымæн. Куы æррынчын, уæд æм кастысты йæ хæрæфырт æмæ уый ус, йæ ныгæнын дæр уыдонмæ æрхаудта. Уæлмæрды хицауадæй никæй федтон, фæстаг ныхасы бар дæр мæнмæ æрхаудта, хисты дæр æз бадтæн хистæрæн. Раст зæгъын хъæуы, хуымæтæг адæм ыл тынг фæрыстысты. Раздæр горæты кæрон иумæйаг уæлмæрды ныгæд æрцыдис, стæй, кæд нæ рæдийын, уæд æй нæ уæды президент Дзасохты Алыксандр Намысы Аллеймæ рахæссын кодта...

**УЖЕГАТЫ Солтан:**
**«Мах ын йæ гауыз Болгаримæ аластам...»**

– Кæцыдæр аз нæ ахуыдтой дард Болгаримæ, æмæ йæ ды дæхædæг дæр зоныс, уырдæм афтидæй, нæ къухтæ нæ дзыппыты тъыстæй куыд хъуамæ араст уыдаиккам. Иубон Дулаты Хъазыбегимæ Зариффæйы кабинеты фæкомкоммæ стæм къулыл ауыгъд æнахуыр гауызмæ. Зæгъын, Болгарийы горæт Кырджалийы гом кæнынц ног театр æмæ ацы гауыз сæ къултæй иуыл сфидауид, ратт-ма нын æй. Йæхæдæг нын æй къулæй рафтыдта, йæхæдæг нын æй рæсугъд батыхта. Органты кусæг, тынг зындзырд лæгæн æй афтæ радзырдта Зариффæ, фæлæ йыл уый нæ баууæндыд, уæй, дам æй акодтай æмæ æхца дæ дзыппы нывæрдтай. Мах дæр ын афтæ радзырдтам, махыл дæр нæ баууæндыдысты. Мæнмæ гæсгæ йæ чидæр тынг сардыдта, кæйдæр тынг фæндыд йæ бафхæрын...

Мæн дæр, културæйы уæды министры, партийы обкомы бюройы куыйты хæринаг бакодтой, цы æрцыдис, уым, дам, ды дæр аххосджын дæ. Чи зоны, чи зоны...

**ФИДАРАТЫ Мæдинæт:**
**«Цалдæр азы иу ахæстоны фæбадтыстæм...»**

– Немæ ма ирон сылгоймæгтæй иуцалдæр уыдис, æмæ дзы, бауырнæд дæ, Дамир, иуæй дæр мæ бон рахъаст кæнын нæу: уыцы зын уавæрты уæвгæйæ, иууылдæр раст хоты цард кодтам. Фæлæ уым не 'ппæты ныфс уыдис Зариффæ, исчи нæ-иу бафхæринаг у, зæгъгæ, уæд-иу уый алæууыд разæй, уый-иу рахæцыд фыццаг нæ алкæй сæрыл дæр, уым йæхи лæджы бынаты сæвæрдта. Сылгоймаг уæвгæйæ йæм Нарты Батрадзы хъару уыдис. Иухатт иу фыдцъылыс салдат нæ чызджытæй кæмæндæр тыхми кæнынмæ хъавыд. Йæ амондæн æй Зариффæ æрбаййæфта сæ тæккæ хъуырдухæн кæнгæйæ, салдаты

йе ‘фцæггот æмæ хæлафы сыдзæгæй хæрдмæ systa æмæ йæ къулыл нытътъæпп ласта, йæ фындзы туг фемæхст, афтæмæй йæ æддæмæ аскъæфтой. Æцæг, нæ ахæстоны хицауад уæддæр цæмæдæр гæсгæ Зариффæйы бафхæрдтой, цалдæр уæззау уæлæмхасæн куысты йын бакæнын кодтой.

Уым мах арæх куывтам не Скæнæг Хуыцаумæ, æмæ-иу уæд Зариффæ æппæтæй фæлмæндæр дзырдтæ ссардта. Кувынмæ куыд дæсны уыд, уый фыццаг хатт базыдтам, мæ кæстæр æфсымæр Фидар нæ уым иу кæцыдæр бон куы бабæрæг кодта, уæд. Æрласта æртæ чъиритйы, æртæ фæрсчы, мæ мад Масинкайы бæгæны. Ме ‘фсымæр ахæстоны кæрты цæмæндæр не сразы бакувыныл, æмæ уæд Зариффæ райста хабæрттæ йæхимæ, иууылдæр ыл сæ цæст æрæвæрдтой. Дыккаг бон æм ахæстоны сылгоймаг-хицау йæхимæ басидт, цытæ, дам, дзырдтай афтæ зæрдиагæй, уыдон, дам-ма мын ратæлмац кæн, мах ныхмæ дæр, дам дзы исты уыди?

Уымæй иуцалдæр мæйы фæстæ та йын йæхи бабæрæг кодта нæ зындгонд кафæг Байаты Альбинæ, йемæ ма – цалдæр лæппуйы æмæ чызджы. Бауырнæд дæ, Дамир, кæд æз искуы зæрдæйæ фæцин кодтон, уæд уыцы бон. Уыдон нæхи ирон æвзагыл цы зарджытæ фæкодтой, цъæх нæууыл цы кæфтытæ! Зариффæ йæхæдæг дæр нал фæлæууыд, размæ рацыд æмæ Къостайы «Додой» бакаст, стæй та – Отеллойы монологтæй иу. Никуы мæ ферох уыдзæн уыцы бон, йæ сау цæстытæ афтæ цæхæртæ калдтой, цыма ацы дун-дунейыл уымæй амондджындæр сылгоймаг нæма райгуырдис.

Æцæг, мæгуыр, куы ацыдысты, Альбинæйæн ма фæстаг хъæбыс куы ныккодта, уæд дуар йæхиуыл сæхгæдта, æмæ кæуыс ма – нал, иуцасдæр йæ богъ-богъæй нæ банцад. Нæхиуæттæй йæм иу дуар батонынвæнд скодта, тæригъæд, дам, у, фæлæ йæ æз нæ бауагътон. Дыккаг бон йæхæдæг дæр æмæ мах дæр нæхи афтæ дардтам, цыма знон æппындæр ницы æрцыди...

Уæддæр ын æз фæстæдæр йæ цæссыгтæ федтон. Ахæстоны дуаргæс салдæттæй йæм иу æрбацыд, дæлæ, дам дæм Ирыстонæй чидæр æрцыдис. Ацыдис, фæлæ уайтагъд фæстæмæ тынг мæстыйæ фездæхт. Цы хабар у, чи уыди, зæгъгæ йæ фарстам, æмæ нын раздæр хъæргæнинаг нæ уыд, фæлæ æрæджиау йæхæдæг нал фæлæууыд:

– Иуæй-иу адæймæгтыл æппындæр цæсгомы цъар нæй! Хинæй мыл

фæцыд, мæ сæрыл иу ныхасы ‘рдæг дæр не скодта, ныр мæ æрæджиау бауарзта: чыргъæды дзаг мын алыхуызон дыргътæ æмæ адджинæгтæ æрæрвыста йæ шофырæн. Антъæр сæ, зæгъын, ардыгæй...

Хинæй йыл чи фæцыд, уый ном нын нæ загъта, мах æй нæхæдæг дæр нæ бафарстам, цыма йын уымæй дæр зын скодтаиккам, афтæ нæм касти...

***Фæсныхас.*** Ды цы хъуыды кæныс, мæ кæсæг, уый æз кæцæй зонын, фæлæ æз мæнæ ацы хатдзæг мæхицæн раджы скодтон: ивгъуыд æнусы нæ гыццыл Ирыстоны бирæ æнæраст хъуыддæгтæ æрцыдис, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, Зариффæйы бæллæх æмæ уый фæстиуджытæ æппæтæй стырдæр æгаддзинад æрхастой нæ уæды азты хицауадæн, нæ аивад æмæ сфæлдыстадон интеллигенцийæн, уымæн æмæ уыдон æмбæлгæ хуызы хъæддыхæй нæ рахæцыдысты йæ сæрыл, нæ балæууыдысты йæ фарсмæ.

Раст зæгъгæйæ, уæдмæ Хъæбæлоты Билар нал куыста, æмæ йын йæ дзырдæн фаг аргъ нал кодтой, чи йæ раивта, уыцы æрцæуæг «æлдар» Одинцов та ницæмæ æрдардта, Зариффæ йын ахæстоны фыст фыстæджы цы лæгъстæтæ фæкодта, уыдон. Мах, Иры дзыллæтæ, хъуамæ мыггагмæйы бузныг уæм нæ сыхаг Дагестаны адæмон поэт Расул Гамзатовæй. Уый бабар кодта ам, нæхимæ, кæмæндæрты, адæмы къухæрфыстытæ, дам-ма æрæмбырд кæнут, æмæ сæ æз Брежневы стъолыл æрæвæрон. Æрæмбырд кодтой, Хуыбецты Райæ йæм сæ ныххæццæ кодта Махачкаламæ.

Къорд азы размæ нæхи телеуынынады æвдыстой документалон киноныв, æмæ дзы уыдис мæнæ ахæм зæрдæриссæн кадртæ: æмгъуыдæй раздæр куы суæгъд ахæстонæй, уæд æй нæхимæ «Волгæ»-йы сцæйласта йæ хæстæг Атайты Эльбрус. Æрджынарæгмæ куы схæццæ сты, уæд Зариффæ машинæ бауромын кодта, рахызт, зæххыл ныддæлгом æмæ хæкъуырццæй бирæ фæкуыдта...

Йæ тæригъæд ын, цымæ, искуы исчи бафиддзæни?..

*Май, 2025 аз*

*ИКЪАТЫ Бертæ*

# МÆ ЗÆРДÆЙЫ ЦÆРЫ ЙÆ СУРÆТ

1943 азы бацыдтæн Ирон театры студимæ. Ахуыр кодтам театрæн йæхи мидæг æмæ райдайæны чысыл рольты, адæмон сценæты дæр архайдтам. Уый фæстæ хорз рольты дæр райдыдтам хъазын.



Спектакль «Хазби».
Хазби – Таутиаты Солæман

Таутиаты Солæманы куыстытæ – рольтæ уыдтон 3 азы дæргъы, æмæ мæхи амонддæджын хонын. Амонддæджын та уымæн, æмæ йын дæхи цæстæй куынæ фенай йæ диссаджы фæлгонцтæ, уæд зын у дзурын Солæманы тыххæй. Фыццаг хатт æм кастæн «Хазби»-йы.

Æз нæ дзурдзынæн, анализ нæ кæндзынæн йе стыр курдиатæн, уымæн æмæ уыдæттыл бирæ дзырдтой æмæ фыстой Мæскуыйы æмæ нæхи критиктæ дæр. Радзурдзынæн æрмæстдæр иуцалдæр цауы. «Хазби»-йы уыдис ахæм сценæ: Хазби схæцыд урс афицеримæ æхсаргардæй. Сæ сценæ кæронмæ нæма ахæццæ ис, афтæмæй, офицеры ролы чи хъазыд, уый сценæйæ алыгъд. Солæман йæ фæстæ ратахт æмæ йæм дзуры: «Æрра фæдæ, кæдæм ралыгътæ?» Уый йын афтæ: «Æрра æз нæ дæн, ды дæ æрра! Фæцæй мæ мардтай!»

Афтæ-иу йæ цæстытæ цæхæртæ акалдтой. Бирæ ахæм цаутæ уыд Солæманы хъазты.

Фыццаг хатт куы кастæн «Хазби»-мæ, уæд, залы чи бадтис, уыцы адæм спектакль куыд райстой, уый æмбаргæ дæр нæ кодтон, æдзынæгæй баззадтæн мæхæдæг дæр.

Уый фæстæ «Олеко Дундич». Дундич – Таутиаты Солæман. Кастæн æмæ-иу дисы бацыдтæн. Куыд у йæ бон афтæ иу сурæтæй иннæмæ рахизын. Уæдæ куыд арæхсти йæ дзаумæттæ афтæ тагъд аивынмæ дæр.

Спектакль «Къоста». Пьесæйы уыдис бирæ лæмæгъ бынæттæ, фæлæ Солæманы диссаджы курдиаты руаджы нæ зындысты уыцы хъæндзинæдтæ. Къоста-Солæман – фæлмæн, зæрдæхæлар мæгуыр адæмимæ, сывæллæттимæ æмæ æгъатыр, комкоммæ дзурæг бонджынтимæ, адæмы знæгтимæ.

Куыд тыхджынæй-иу загъта: «Æхсины лæг цъæх хæрæгау ту нал сæрфы йæ цæсгомæй». Ам-иу зал срæмыгъта адæмы тыхджын къухæмдзæгъдæй.

Диссаг уыд йæ фембæлд Аннæимæ хасты фæстæ. Райдайæны Къоста – тыхджын удыхъæдæй, фезмæлдæй. Ам-иу фæзындис низæй æфхæрдæй, æмæ-иу йæ ас дæр цыма къаддæр фæцис, стæй йе уæнгтæ дæр æмпылгæ цыма бакодтой, афтæмæй-иу æрбацыдис йæ лæдзæджы æнцой. Адæм-иу сæ цæссыг нал урæдтой. Уымæй диссагдæр-иу фесты адæм фæстаг сценæйы, Къоста мæлгæ кæм кæны, уым.

Фæлæ йæ мæлæты сценæ кæм хъуыдис хъазын, уый-иу уыдис ноджы диссагдæр: адæймаджы-иу уырнын байдыдта, цыма æцæгæйдæр мæлгæ кæны.

Къоста-Солæман куы мардис, уæд сценæйы цы дзырдтой, уыйиу нал хъуыстис адæмы кæуынæй, суанг нæлгоймæгтæ дæр ма нæ урæдтой сæ цæссыг.

Бирæты уырнгæ дæр нæ бакæндзæн абон, фæлæ залы бадтысты дохтыртæ, кæцытæ-иу æрбацыдысты тагъд æххуысы машинæйы, уымæн æмæ-иу иуæй-иутæн сæ зæрдæтæ бахъарм сты, æмæ сын хъуыдис дохтыры æххуыс.

Солæманы-иу фæндыдис ахъазын айдагъ героикон-романтикон рольтæ нæ, фæлæ комедийы дæр, уымæн æмæ фæд-фæдыл хъазыд æрмæст хъæбатыр адæмы сурæттæ. Иухатт æм æрхауд ахæм амонд – уый уыдис спектакль «Афтæ нал у»-йы. Гизуайы ролы хъазыд Кокайты Саукуыдз æмæ фæрынчын.

Зын уыдис уыцы рæстæг спектакль аивын кæнæ сисын, актер кæй фæрынчын, уый тыххæй, – уый уыдис стыр æнæрцæугæ цау.

Театры разамонджытæ рахастой уынаффæ: уыцы ролы æвæстиатæй æндæр искæй бакæнын. Рæстæг та уыдис тынг чысыл. Солæман уай-

тагъд фæрæвдз, æз æй ахъаздзынæн, зæгъгæ. Æмæ йæ хорз ахъазыд. Цас циндзинад ын радта уыцы роль. Йе уæнгтæ дзы цыма айвæзта. Гизуа уыдис хъæлдзæг, парахатзæрдæ адæймаг.

Йæ фæстаг сурæт уыд Хæсанæйы роль. Ам дæр бирæ алыхуызон ахорæнтæй сфæлыста уыцы сурæт. Æмæ дзы бирæ æрымысинаг цаутæ уыд. Райдайæны-иу фæзындис хохы бæрзæндтыл иу дурæй иннæмæ гæпп кæнгæйæ кафæгау, хъæлдзæгæй, йæ дзæбидыры мард йе ‘кко-йы, афтæмæй. Цыма йын хæххон уæлдæф æмæ хур байдзаг кодтой йе уæнгтæ. Йæ мад Госæмайы хъæбысмæ йæ сæр æруагъта æмæ дзуры хъæлдзæгæй йæ хабæрттæ, йæ фембæлдтытæ хохы цавæрдæр адæмимæ. Цыма зыдта, уыдон йе знæгтæ кæй уыдысты. Уалынмæ йын Госæма йæ царды хабæрттæ ракодта, æмæ Хæсанæ æррайау фæцис, куыд никуы мын сæ радзырдтай ныронг, зæгъгæ. Æрцыдис хъæумæ йе ‘мбал Хамбидтаимæ фембæлынмæ. Цæй диссаг уыд сæ дыууæйы ныхас.

Йæ фембæлд Агуындæимæ. Цас уарзондзинад æмæ хиуылхæцгæ ирондзинад уыд уыцы фембæлды йе знаджы чызг Агуындæи-мæ. Уалынмæ йæм хохмæ схъуызыдис Хъуыдайнат йæхи хуызæн цъаммæрттимæ.

Бæргæ дзы бирæты амардта Хæсанæ, фæлæ йæхæдæг дæр цæфтимæ, туг калгæйæ, тыххæй æрбацыд æмæ обауыл æрдæлгом.

Сценæмæкæсджытæм афтæ кастис, цыма æцæгæйдæр цæфтæ у, æмæ цыма æмбарынц, куыд тынг ын риссынц, уый.

Йæ фæстаг улæфт уыдис диссаг, обауы-иу æрбатымбыл сывæллонау æмæ йæ уд иста. Ам-иу суанг нæлгоймæгтæ дæр сæхи нал баурæдтой. Зын уыдис уыцы сценæтæм кæсын.

Солæман цыма йæхæдæг дæр æмбæрста, бирæ цæрæнбонтæ йын кæй нал ис, уый æмæ йæ фæстаг фембæлд, фæстаг хæрзбон ацы ран уыдис йæ уарзон адæмимæ, кæцытæ йæ уарзтой бирæ æмæ йыл æнæ-вгъау сæ цæссыг калдтой.

Фæстаг хатт æй Хæсанæйы ролы хъазынмæ æрбаластой, фæлæ йæ бон машинæйæ рахизын нал бацис, æмæ йæ фæстæмæ йæ хæдзар-мæ аластой. Уый фæстæ бынтондæр æрсадис. Адæм æм цыдысты рынчынфæрсæг, театры артисттæ хистæрæй-кæстæрæй йæ бæрæг кодтам, цух æй нæ уагътам.

Кæстæр фæсивæд дæр ыл уыдысты тынг æнувыд, уымæн æмæ


Спектакль
«Ӕфхæрдты Хæсанæ».
Госæма – Хъæрджынты Варварæ,
Хæсанæ – Таутиаты Солæман

сæм йæ цæст дардта æмæ сын æххуыс кодта сæ ахуыры дæр. Мæгуыр рæстæг уыд: хæст, адæм – тыхст, æххормаг. Бирæ адæм уыдысты рынчын рæуджыты низæй. Уымæ гæсгæ дохтыртæ арæх сидтысты театры коллективмæ дæр рентген кæнынмæ.

Кæддæриддæр, уырдыгæй-иу куы ‘рцыдыстæм, уæдиу нæ афарста: «Цы уын загътой? Иуулдæр дзæбæх стут?» Уый дæр-иу нын уыд æхсызгон. Уыцы ныхас æвдисæн уыд йæ диссаджы удыхъæдæн.

Йæ царды фæстаг æхсæв æм спектаклы фæстæ иууылдæр бацыдыстæм. Тыххæй улæфыдис. Йæхи бон улæфын куы нал уыдис, уæд та-иу йæ цуры туаггуыры базмæ фæлæбурдта. Аулæфыд-иу дзы, стæй та-иу æй æрæвæрдта. Тынг æй фæндыд цæрын. Уымæн æмæ йæ къухы кæронмæ нæ бафтыдысты йæ бæллицтæ, йе стыр фæндтæ царды дæр æмæ сфæлдыстады дæр.

Солæманмæ йæ хæдзармæ фæстаг хатт куы бацыдыстæм, уæд æгæр бирæйæ уыдыстæм æмæ нæ хистæртæ рарвыстой, сымах уал ацæут, зæгъгæ. Баныхас кодтам, райсом 5 сахатыл æрбамбырд уыдзыстæм, зæгъгæ, фæлæ йæ удæгасæй нал баййæфтам.

Таутиатæ бауынаффæ кодтой, цы бон æй бавæрдзысты, ууыл. Уыдис тынг райдзаст, хурвæлыст бон, арвыл иу мигъы къæм дæр нæ уыд. Театрмæ йæ аластой 12 сахатыл. Куы йæ рахастой, уæд арв ныннæрыд, æмæ диссаджы уарын ныккалдта, арв æмæ зæхх кæрæдзийы хостой. Гæнæн нал уыд, фæстæмæ ма йæ куыд схастаиккой. Чырыны сæр æрæмбæрзтой, æмæ араст стæм театрмæ. Фæндаг иууылдæр уыдис доны култæ, фæлæ сæ æвзаргæ дæр ничиуал кодта, цыдыс-

тæм йæ фæстæ. Бирæ адæм æрцыд, кæд хуыцаубон уыдис, уæддæр, чидæриддæр хъуыста хабар, уыдон æмбырд кодтой театры фæзмæ.

Дыууæ сахатыл, йæ рахæссынмæ æвваахс, уарын банцад. Æмæ йæ рахастой Ирон аргъуаны кæртмæ, цæмæй йæ бавæрой, йæ уарзон Къоста кæм æвæрд ис, уым.

Йæ ингæны сæрмæ йæ къабузтæ æруагъта стыр кæрдо бæлас. Уарын нæ уыд, фæлæ æваст тыхджын дымгæ ракодта, æмæ бæласы къалиутæ згъæлдысты йæ ингæнмæ. Адæм нодзы тынгдæр ныббогъ кодтой, йæ Хуыцау дæр ыл кæуы æмæ разы нæу ацы стыр æнамонд хабаримæ, зæгъгæ.

Рацыд рæстæг… Театры фæсивæдæй иу цалдæрæй бацыдыстæм Солæманы хæдзармæ, цæмæй йын йæ рольты номхыгъд æмæ хæрзиуджытæ æрбахæссæм театры музеймæ.

Бирæ ис дзурæн Солæманы тыххæй. Фæнды мæ тынг зæрдиагæй, цæмæй Ирон театры фæзына ног, Таутиаты Солæманы хуызæн актер.

*2005 аз, сентябрь*

*ТАУГАЗТЫ Гаврил,*
*Цæгат Ирыстоны АССР сгуыхт артист,*
*Гуырдзыстоны ССР адæмон артист*

# ЙÆ ЦЫБЫР ЦАРДЫ ÆНУСТЫ ФАГ РУХС


Таутиаты Солæман

Ирон адæмы æгас дунейæн чи базонын кодта, уыдонæй иу нæ номдзыд артист Тæбæхсæуты Бало уыдис. Фæлæ-иу искуы йæхи цур ныхас куы 'рхауд йæ æвæджиауы курдиатыл, уæд-иу мæсты æмæ тызмæгæй афтæ бакодта: «Ныууадзут уæ хорзæхæй, Солæман цы театралон аивадæн уыд, уым мæ хуызæтты рæгъмæ хæссын нæ хъæуы…» Ахæм стыр аргъ кодта нæ номдзыд актер, ирон сценæйыл хуры иу скастау чи ферттывта, фæлæ йæ курдиаты цæхæрæй ирон аивады æнусмæ чи ныррухс кодта, уыцы цардцух актерæн.

Солæман мæнæй 8-9 азы хистæр уыд, фæлæ нæ уый ницы хъыгдардта хæлæрттæ уæвынæн. Уый Мæскуыйæ Ирыстонмæ профессионалон актерæй куы сыздæхт, æз та уæд ацыдтæн Ленинграды театралон институтмæ ахуыр кæнынмæ. Зонгæ та баистæм, æз Бесланы куы куыстон, уæд. Мæскуыйы куы ахуыр кодта, уæд æм бахаудтæн иу хатт. Æмдзæрæны кæимæ цард, уыцы фæсивæдимæ дæр бахæлар стæм. Мæхæдæг æвдисæн дæн, куыд стыр аргъ ын кодтой Театралон аивады паддзахадон институты ахуыргæнджытæ æмæ разамынд, цавæр ныфс дзы æвæрдтой. Иухатт цыдæр бæрæгбонмæ сæвæрдтой спектакль. Йæ равдисыны размæ ма йын иу хатт генералон репетици скодтой. Солæманмæ дзы роль не 'рхауд, фæлæ йæ кæцыдæр адæмон сценæйы фæсте фæсивæдимæ слæууын кодтой. Æнæ грим, æнæ сценæйон дарæс. Фæлæ йæ ралæудæй ахæм фæлгонц ацарæзта, æмæ йæ ахуыргæнæг, спектаклы æвæрæг режиссеры кæсæн залæй

ныхъхъæр кæнын бахъуыд: «А почему у нас посторонние, своих не хватает что ли?!.»

Ахæм æнахуыр диссаджы курдиаты хицау уыд Солæман!..

Æндæр бынат мын кæй нæ уыд, уый тыххæй Солæманитимæ æмдзæрæны ацардтæн цалдæр боны. Уæд дардæй адæм афтæ æнхъæл уыдысты, Мæскуыйы цард ракæл-ракæл кæны, фæлæ æцæгæй афтæ нæ уыд, уæззау цæрдтытæ æййæфтой адæм, уæлдайдæр студенттæ. Фæлæ Солæманы æмбæлттæй афтæ зæгъæн нæ уыд – ницы цух æййæфтой. Солæманы фæрцы… Æмдзæрæны-иу йе ‘мбæлттæн ахæм фынг авæрдта, цыма искуы стыр армукъайы директор уыд. Мæнæн æм мæ зæрдæ фехсайдта. Иухатт мæхи нал баурæдтон æмæ йæ бафарстон:

– Солæман, раст мын æй зæгъ, кæцæй дæм æфты уыйбæрц æхца – уæ кадавар стипендийæ афтæ ничи цæрдзæн, уæдæ дын хæдзарæй æрвитой, уый дæр мæ нæ бауырндзæн.

Солæман худт.

– Давгæ кæныс? – цæхгæр æй бафарстон.

Уый куыддæр йæхимæ ныхъхъуыста, фæлæ ницы сдзырдта.

Райсомæй, нырма боныцъæхтæм раджы уыд, афтæ мæ райхъал кодта Солæман. Цы хабар у, зæгъгæ йæ, мæ цæстытæ æууæрдгæ, куы бафарстон, уæд мын загъта:

– Цом мемæ, æмæ дын фенын кæнон, куыд давын, уый.

Æз ын йæ ныхæстæн дæр æмæ йæ митæн дæр ницы æмбæрстон, фæлæ мæ цы бон уыд – араст дæн йæ фæдыл. Зымæг уыд йæ тæккæ карзы. Бæстæ къæс-къæс кодта уыцы судзгæ уазалы. Бон дзир-дзур кæнынмæ хъавыд, афтæ Солæман æрлæууыд иу бирæуæладзыгон хæдзары раз. Цы цыппар бахизæны йæм уыд, уыдонæй иуы сфардæг стæм суанг хæдзары уæлхæдзары онг. Солæман уæлхæдзары цыдæр зæронд фæйнæджыты бынæй райста хъæдын фыййаг æмæ схызт хæдзары сæрмæ. Æз дæр – йæ фæдыл. Уым, кæй зæгъын æй хъæуы, зæххæй бирæ уазалдæр уыд. Æз та ахæм уазæлттыл ахуыр кæцæй уыдтæн, æмæ уайтагъд мæ улæфæнтæ ахгæдтой. Солæман мæ фæстæмæ уæлхæдзармæ ныххизын кодта, йæхæдæг бавнæлдта мит калынмæ. Цалынмæ йын уыцы стыр хæдзары сæры мит калд фæцис, уæдмæ йæм уазалы гæвгæвгæнгæ æнхъæлмæ кастæн уæлхæдзары. Ныр бамбæрстон, Солæманмæ æхца цы амалæй æфты, уый æмæ мæхи фæсмонæй хордтон, дысон ын давыны кой кæй скодтон,



Спектакль «Къоста»-мæ цæттæгæнгæйæ

уый тыххæй. Æмдзæрæнмæ куы бацыдыстæм æмæ, хъармы чысыл ме 'муд куы 'рцыдтæн, уæд æй бафарстон:

– Уый цы бакодтай, Солæман, гъа, дæхи сафыс æмæ сафыс, фæлæ ма мæн та цæуыл сæфтай?..

– Уый мæм хатыр курæджы каст æрбакодта æмæ мын йæ къух ме уæхскыл æрæвæрдта:

– Хатыр, чи зоны, раст нæ бакодтон, фæлæ мæ нæ фæндыд, ахæм хъуыдыимæ мæ ацыдаис, уый.

Ахæм æнахуыр удысконды хицау уыд Солæман, æмæ йæ æнахуыр уарзт дæр уымæн кодтой адæм.

Асæй афтæ бæрзонд нæ уыд, нæдæр ын уæйгуытæконд схонæн уыд; уый нæ, фæлæ ма йæ чызгау рæсугъд дæр хуыдтой йæ фæлмæн æмæ уæздан цæстæнгасы тыххæй, фæлæ-иу сценæйыл æхсаргард куы фæцъортт ласта, уæд-иу актерæй, сценæмæ кæсæгæй сæ хуыз аныхъуырдтой…

Солæман Къостайы ролы куы ахъазыд, уæд театры разамынд сфæнд кодта премьерæйы фæстæ театрдзауты иучысыл бауромын æмæ сын сæ хатдзæгтæм байхъусын. Бирæ чидæртæ схызт сценæмæ, бирæ уæлтæмæны æмæ зæрдиаг арфæйы ныхæстæ фехъуыстон уыцы изæр, фæлæ дзы мæ зæрдыл иууыл тынгдæр бадардтон, Къостаимæ хорз зонгæ чи уыд, иу ахæм зæронд лæджы раныхас:

– Хорз адæм, бирæ диссæгтæн фæдæн æвдисæн мæ дæргъвæтин царды, иу ма мæ сæрыл куырой нæ разылд, уый йеддæмæ цынæ диссаг федтон æмæ бавзæрстон, ахæм нал баззад, фæлæ адæймаджы мæрдтæй раздах, райгас æй кæн, уый никуыма федтон…

РЕДАКЦИЙÆ: *Таугазты Гаврил ацы уац-мысинæгтæ ныффыста Таутиаты Солæманы 80 азы юбилеймæ. Йæ царды фæстаг бонты онг Хуссар Иры кæй цард, уымæ гæсгæ йæ бахаста журнал «Фидиуæг»-ы редакцимæ, сымахæн, дам, семæ хуыздæр бастдзинæдтæ ис, æмæ, дам мын æй «Мах дуг»-ы редакцийыл сæмбæлын кæнут. Фæлæ цалдæр боны фæстæ Гуырдзыстоны Мидхъуыддæгты министрады æфсæдтæ æмæ милицæ мæнгардæй бацахстой горæты централон хай. Горæт хъахъхъæнæг лæппутæ æдзæттæ уыдысты, баррикадæтæ сын нæма уыд, æмæ æхсæвы бахызтысты, знаджы ныхмæ фæлæууынæн ахсджиагдæр бынæтты чи уыд, уыцы агъуыстытæм. Ахæм ахсджиаг хъахъхъæнæн объектæн бабæззыдысты Фысджыты цæдис æмæ «Фидиуæг»-ы редакцийы кабинетты рудзгуытæ дæр. Уыцы фыдбон дывыдоны æхсæвты хæцæг лæппуты æндæвта æрмæстдæр иунæг хъуыддаг: знаг кæдæм нæ баххæссыд, горæты уыцы районтæм æй ма бауадзын. Уыцы æмтъерыйы бирæ æрмæджытæ фесæфт редакцийы. Уыдоны нымæцы Гаврилы уац-мысинæгтæ дæр – къухфыстæй 40 фарсæй фылдæр чи уыд, уыцы æрмæгæй ма къухы бафтыд æрмæстдæр йæ райдайæн. Автор ныфс бæргæ бавæрдта ногæй йæ æрбахæссынæй, фæлæ йе 'нкъараг зæрдæйыл æгæр бандæвтой уыцы æбуалгъ фыдæвзарæнтæ, æмæ йын нал бантыст...*

> *«Бирæ рольтæ ахъазыдтæн, бирæ фæлгонцтæ сарæзтон, фæлæ мæ Къоста куыд бадомдта, афтæ ничи. Æхсæв фынæй нал кæнын, кæм цæуын, кæм бадын – мæ хъуыдытæ иууылдæр Къостаимæ сты. Къоста! Къоста! Къоста! Мæ куыст куы нæ фæрæстмæ уа, мæ бон куы нæ бауа Къостайы сурæт, куыд æмбæлы, ахæм бæрзæндтæм сисын, уæд фæлидздзынæн Ирыстонæй».*

*ТЛАТТАТЫ Бексолтан*

# ЦАРДЫ ФÆНДÆГТЫЛ

Хæсты размæ Джызæлы уыд бирæ адæмон хосгæнджытæ. Рынчынтæй бирæты горæтмæ нæ хъуыд ласын. Дзæбæх сæ кодтой хъæуы. Чи-иу басыгъд, дохтыртæ-иу сдзæбæх кæнынмæ сæ ныфс кæмæ нæ хастой, уый-иу сдзæбæх кодта йæхи конд хостæй Хъодзаты Ханиффæ. Дард хъæутæй йæм горæты сæрты сæ сыгъд рынчынты ластой адæм, æмæ сæ дзæбæх кодта.

Иннæ ахæм диссаджы хосгæнæг та уыд Пхалæгаты Хуыдион. Дзæбæх кодта зæнджы-цонджы сæстытæ. Мæ фыд Сандыр куыд дзырдта, афтæмæй иухатт йæ дыууæ ‘фсымæримæ – Гога æмæ Биккоимæ – зымæджы хъызт рæстæджы уыдисты хъæды суг ласынмæ. Дзаг уæрдæттæй куы раздæхтысты, уæд коммæ фæуырдыггæнæны Биккойы бæх цæхгæр фæзылд æмæ суджы уæрдон сфæлдæхт. Бикко йæ быны фæцис, æмæ йæ зæнг уæраджы бынмæ фæсаст. Горæты рынчындонмæ йæ бахæццæ кодтой. Дохтыртæ йæ куы федтой, уæд æмхуызонæй ныллæууыдысты: æнæмæнг æй лыг кæнын хъæуы.

Гога загъта:

– Æз уый нæ бауадздзынæн. Цæуæм Хуыдионмæ.

Хуыдион æй куы федта, уæд загъта:

– Хъæуы цъæхгæры уидæгтæ.

Мæ фыд бæхыл абадт, фæрæт йемæ айста æмæ Æрхоны доны былæй цъæхгæры уидæгтæ ‘рбахæццæ кодта. Уæдмæ Хуыдион, цы йæ хъуыд, уыдон æрцæттæ кодта. Сæстытæ сæ бынæттæм бакодта, йæ конд хосæй сæ байсæрста. Фатхъæд талайы цыбыр лыгтæ сыл фастæй æрбавæрдта æмæ йæ бабаста. Стджытæ кæрæдзийыл афтæ ныффидар сты, æмæ уыцы къахимæ нæуæдз азмæ фæцард Бикко.

Торчынты Гикъойы бинойнаг Олигга та дзæбæх кодта æлвæстытæ æмæ хуыдиртæстытæ. Йæ сæр-иу тынг кæмæн рыст, уымæн-иу æй хисæрфæнæй æрбабаста, цыбыр лæдзæгæй-иу æй æрыздыхта æмæ-иу сæры рыст æрбайсæфт.

Уыдис ма нæм иу хосгæнæг Отараты Чабæ, зæгъгæ. Мæ фыдыхо Лесга цард Черменыхъæуы. Йæ хистæр чызг Олгæйæн йæ цæстытæ сырх-сырхид систы, цыма сæ туг фæбадт. Нал сæ уыдта. Дохтыртæм æй фæракæ-бакæ кодтой, фæлæ йын ницы феххуыс сты. Мæ фыдымад Дзыцца йæ нæхимæ æрбаласын кодта. Æмæ мын афтæ:

– Йæ цонгыл ын хæц æмæ йæ, скъолайы чъылдыммæ цы хæдзар ис, уырдæм акæн. Зæгъдзынæ, Дзыцца нæ ‘рбарвыста, зæгъгæ.

Куыддæр Дзыццайы кой скодтон, афтæ Чабæ Олгæйы цонгыл фæхæцыд æмæ йæ мидæмæ бакодта. Æз лæууыдтæн кæрты. Цасдæр рæстæджы фæстæ йæ ракодта.

– Райсом-иу æй раздæр скæн, цалынмæ адæм не сбирæ сты, уæдмæ.

Хорз, зæгъгæ йын загътон æмæ йæ ракодтон. Дыккаг бон раджы ссыдыстæм. Чабæ нæм æнхъæлмæ каст. Цыппар боны ма йæ скодтон, стæй йæ мæ кæнын нал хъуыд. Цæстытæй уынын байдыдта, стæй сæ сырх фæкъаддæр. Дыууæ хатты ма йæм æнæ мæн ссыд. Йæ цæстыты хуыз сæ бынатмæ ‘рцыд, раздæрау сæ уынын райдыдта.

Цæстдзыдтæн та хос кодта Ногъаты Лесга. Ногзад къамбец нæм уыд. Йæ фæздон – стыр. Æхсыр лæвæрдта бирæ. Уыд сабыр. Мæныл тынг ахуыр уыд, уымæн æмæ йын хæринаг æз лæвæрдтон, дон дæр ын æз дардтон зымæджы. Ныр йæхимæ хæстæг никæйуал уадзы. Зæвæтдзæгъдæн кæны. Нæдæр йæ роды уадзы хæстæг, нæдæр мæ мады дуцынмæ.

Изæрæй мын Дзыцца афтæ:

– Райсом, талынг ма куыд уа, афтæ къамбец акæн Ногъаты Лесгамæ. Кæрты дуары дæле ныллæг æвæрд рудзынг бахойдзынæ. Дзыцца мæ рарвыста йын зæгъдзынæ.

Къамбец сабыр цæуы мæ фарсмæ. Куы схæццæ стæм, уæд рудзынг бахостон. Лесга мæм ракаст. Æз æм бадзырдтон.

– Дзыцца мæ рарвыста.

Йе уæхсчытыл бæзджын чырынтæ кæлмæрзæн, афтæмæй Лесга дуарæй ракаст. Къамбец ныззыр-зыр кодта, йæхи бауыгъта.

– О, йæ цæстытæ макуы рахауой, цæй тыхджын цæстдзыд у.

Баздæхт мидæмæ. Авджы дзаг донимæ рацыд. Йæ сæры астæуæй йын йæ къæдзилмæ æртæхтæ кæнгæ æрцыд. Къамбец йæ астæу æркъæдз кодта, цыма йыл исты уæззау æрæвæрдæуыд.

– Æртæ боны йæ хизынмæ ма ауадзут, йæ хæринагыл ын-иу ацы донæй æрæртæхтæ кæнут. Акæн æй ныр.

Æз æй ракодтон. Мæ мад æй æрдыгъта, уый фæстæ йæ род дæр бададта. Уый та уын адæмон хосгæнджытæ. Ныр уыдонæй уæлæуыл ничиуал ис. Сæ зонындзинæдтæ, æмæ сæм æрдзæй лæвæрд цы хъуыддæгтæ уыд, уыдон дæр семæ ахастой.

* * *

1963 азы январы нæм Ходы Барисимæ фæдзырдтой горæххæстком-мæ. Радтой нын цыппаруатон фатер дыууæ бинонтæн. Уыдон цыппар бинойнаджы, мах – æртæ. Зал, лоджæ æмæ иу уат – уыдонæн. Махæн та –дыууæ къаддæр уаты æмæ балкъон. Залæй гыццыл уатмæ дуар ахгæдтон, иннæ уатмæ дуар фегом кодтон æмæ цæрæм хæларæй. Цалдæр азы фæстæ Хуырымты Уырызмæгимæ сæ фатертæ баивтой. Ныр уыдон сты æхсæз бинойнаджы. Махмæ дæр ма райгуырд лæппу, æмæ стæм цыппар. Иу фатеры цæрæм дæс бинойнагæй. Æз, цæмæй скъоладзауты ма хъыгдарон, уый тыххæй-иу талынгæй сыстадтæн. Мæхи-иу ныхсадтон, ныддастон.

Цардыстæм иу бинонты хуызæн. Уырызмæджы сывæллæтты мад хæдзары никуы уыд. Кæрты хъазгæйæ-иу сæ хæрын афон куы æрхæццæ, уæд сæ-иу мæ бинойнаг Таня æмхуызонæй æрбакодта, сæхи сын-иу ныхсын кодта æмæ-иу сын бахæрын кодта. Изæрæй та сæ-иу бахуыссын кодта. Уырызмæг-иу искæимæ куы ‘рбацыд, уæд-иу йæ бинойнагмæ нæ дзырдта, фæлæ Танямæ.

– Таня! Уазджытæ! Истæмæй рæвдз стæм?

– Уазæг – Хуыцауы уазæг, мидæмæ сæ рахон.

Нозт нæм æдзухдæр уыд, мæ хо Изетæ мын хъæуæй хаста, æмæ сын-иу Таня фынг авæрдта. Таняйы хорзæхæй фæцардыстæм хæларæй. Рухсаг уæд.

* * *

Гастрольты дард рæттæм арæх цыдыстæм, æмæ-иу нæ хъуыд æхцайы фæрæзтæ. Георимæ-иу Билармæ ссыдыстæм. Уый нын «нæ» никуы загъта, стæй нæ æнæ хорз дзуаппæй никуы рарвыста. Министрты Советы сæрдар Цæгæраты Михалмæ-иу бадзырдта: «Театр цæуы гастрольты, æмæ сæм фæкæс!» Æмæ-иу уыдыстæм рæвдз.

Мæскуымæ тынг арæх цыдыстæм гастрольты. Кæцыдæр республикæйы театр-иу нысангонд рæстæгмæ не срæвдз Декадæмæ, зæгъгæ, уæд-иу махмæ сдзырдтой Уæрæсейы Культурæйы министрадæй:

– Дæс бонмæ уæ бон суыдзæн æрцæуын?

Загътам сын-иу «суыдзæн», уымæн æмæ нæ зæрдæ дардтам обком æмæ Министрты Советыл. Уыдон махæн «нæ» никуы загътой. Хъæбæлоты Билар æмæ Цæгæраты Михал нæ-иу уайтагъд арæвдз кодтой æхцайæ. Махмæ та æдзухдæр уыд, Мæскуыйы цы равдыс-

таиккам, ахæм спектакльтæ. Канд Мæскуыйы нæ, фæлæ дыууæ хатты уыдыстæм гастрольты уæды Ленинграды æмæ-иу стыр кадимæ æрыздæхтыстæм нæхимæ.

Горькийы уацмысты фестивальмæ цæттæ кодтам пьесæ «Царды бын». Æвæрдта йæ театры сæйраг режиссер Хуыгаты Геор. Актертæй иуæй-иутæ хъуыр-хъуыр кодтой:

– Цæрæнбонты Советон Цæдисы театртæ кæй æвæрдтой, уым ма ногæй цы равдисдзыстæм?

Геор пьесæ сæвæрдта бынтон æндæр хуызы. Спектаклмæ кастысты Мæскуыйæ æрбацæуæг тыхджын критиктæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, мах тарстыстæм, фæлæ спектаклы кæрон сценæмæ цалдæрæй сгæппытæ кодтой æмæ райдыдтой æппæлын:

– Мæнæ нын Ирон театр нæ цæстытæ куыд байгом кодта.

Уыцы фестивалы æрцахстам фыццаг бынат æмæ ма райстам æртæ мины æхцайы преми. Уый уыд Георы сгуыхтдзинад æмæ тыхджын курдиатджын актерты куыст.



Спектакль «Медея». Ясон – Тлаттаты Бексолтан

# АРТИСТТЫ ЦАРДÆЙ

* * *

Саламты Къолаимæ нын иу гримеркæ уыдис. Иуизæр та нæхи цæттæ кодтам спектакль «Дыууæ чындзæхсæв»-мæ, æмæ нæ алчи дæр йæ дарæс ивыны æмæ грим кæныны куыст кодта, иу ныхас нæ никæмæй хауд, афтæмæй. Иуафон мын Къола афтæ зæгъы: «Роберт, фæндаг цыбыр кæн». Æз æм ницы сдзырдтон, уымæн æмæ йæ нæ бамбæрстон. Дыккаг хатт дæр та мæм куы ‘рбадзурид: «Фæндаг цыбыр кæн». Уæд ын басастæн, зæгъын, нæ дæ бамбæрстон, Къола. Уый фæлмæн йæ мидбыл бахудтис æмæ афтæ: «Исты дзур, исты…»

*БЫТЪÆТЫ Роберт*

* * *

Ставд-Дуртæй цалдæр æмбалимæ ссыдыстæм Ирон театрмæ спектакль «Сæтти æмæ Бæтти» фенынмæ. Фæлæ нæм билеттæ нал æрхауд. Дуаргæсæн бæргæ ныллæгъстæ кодтам, исты хуызы ма нæ мидæмæ бауадз, зæгъгæ, фæлæ уый нæ разы кодта. Загъта нын, зал йедзаг у, æмæ дзы бадæн нæ, фæлæ æрлæууæн бынат дæр нæй. Нæ тыхстдзинад нын бафиппайдта, уыцы рæстæг мидæмæ чи фæцæйцыд, иу ахæм лæг. Уый дуаргæсмæ лæгъстæхуызæй бадзырдта, ацы дзæбæх лæппутæ мæ хæстæджытæ сты, æмæ сæ, дæ хорзæхæй, бауадз, зæгъгæ. Дуаргæс дæр ницыуал загъта æмæ нæ бауагъта.

Спектаклмæ кæсгæйæ, базыдтам, мидæмæ нæ чи бауадзын кодта, уый кæй уыдис зындгонд артист Годжыцаты Исахъ. Хъазыд Бæттийы ролы. Хъуыды кодтам, уый нæ, æвæццæгæн, кæимæдæр фæивддзаг кодта æмæ нæ уымæн бауадзын кодта.

Фæстæдæр газет «Рæстдзинад»-ы кусын куы райдыдтон, уæд Исахъæн ацы хабар йæ зæрдыл æрлæууын кодтон. Уый йæ мидбылты фæлмæн бахудт æмæ мын радта ахæм цыбыр дзуапп: «Ирон театрмæ нæм чи ‘рбацæуы, уыдоны æз се ‘ппæты дæр мæ хиуæттæ хонын».

*ЧЕРЧЕСТЫ Хъæсболат*

* * *

Тæбæхсæуты Балойы куы бафарстой, ирон фæсивæдæй Отеллойы ролы чи сарæхсид, зæгъгæ, уæд загъта: «Уататы Бимболат æй ахъазид, кæд æй кино йæхирдыгæй нæ фæкæна, уæд. Киноарзджытæ уарзынц ахæм рæсугъд, хæрзконд лæппуты». Бибойæн йæхи та ахæм ныхæстæй сразæнгард кодта: «Æз фæзæронд дæн, фæлæ ды Шекспиры Англисмæ мауал ауадз».

# ТЕАТР МÆ ЦАРДЫ

* * *

Исчи мæ куы бафæрсид, фылдæр цы уарзыс царды, зæгъгæ, уæд ын æнæкъуылымпыйæ дзуапп раттин: адæмы, уый фæстæ та Аивад. Аивад у мæ хæзнаты хæзна, уымæн æмæ мæ сахуыр кодта рæсугъд цæрын, адæмы уарзын.

*БАЛЛАТЫ Валодя*

* * *

Адæймагыл азтæ куы рацæуы, уæд йæ цардвæндагыл ахъуыды кæны: «Куыд арвыстон мæ цард, хорзæй цы саразтон мæ адæмæн, æхсæнадæн?» Афтæ зæгъын мæ бон нæу, æмæ стыр хъуыддæгтæ бакодтон Ирыстоны аивады рæзтæн. Фæлæ сæрыстыр дæн, нæ национ драмон аивад аразæг артисттæй æз дæр кæй дæн, уымæй. Ноджы ма сæрыстыр дæн уымæй, æмæ мах, Ирон театры хистæр фæлтæр, нæ тырыса, ноджы бæрзонддæр æмæ йæ кадджындæр чи скодта, ахæм кæстæрты къухтæм кæй радтам.

Нæ кæстæртæн мæ зæрдæ зæгъы, мах цы æгъдæуттæ райдыдтам, уыдон рох нæ, фæлæ сæ бонæй-бонмæ куыд тыхджындæр кæной, æмæ нæ театр фидæны домбайдæр, кадджындæр куыд уа.

*КОКАЙТЫ Исай*

* * *

Мæнмæ гæсгæ, адæймаг цыфæнды куысты куы уа, уæддæр кадмæ хъуамæ ма бæлла, йæхицæн æппæлæн ныхæстæ, æппæлæн митæ ма агура, фæлæ йе ‘ппæт хъарутæй архайа, царды йæ размæ цы хæстæ ис, уыдон æххæст кæныныл.

*САЛАМТЫ Къола*

* * *

Азтæ куыд цæуынц, афтæ адæймагæн фылдæр æмæ арфдæр кæнынц йæ хъуыдытæ, йе ‘нкъарæнтæ. Кæд ме ‘рыгонæй, профессионалон театры мæ фыццаг къахдзæфты рæстæг, æз не ‘мбæрстон, мæ адæмы раз мæхимæ цы стыр æмæ бæрнон хæс райстон, уый, уæд ныр мæ бон фидарæй зæгъын у: æз дæн актрисæ – нæ адæмæн лæггадгæнæг. Театр махæн кæддæриддæр уыдис æмæ у трибунæ, – уæрæх дзыллæтæм нæ цардарæзты хъуыдытæ кæцæй тауæм, ахæм трибунæ.

*ТУМЕНАТЫ Еленæ*

*БЫТЪÆТЫ Роберт*

## КУЫВД

Дунескæнæг, Дæ сыгъдæг номæн кувæм,
Нæ фыдæлтау Дæ иунæг хорзæх курæм:
Цы бамбарæм, цы бауарзæм кæрæдзи,
Цы фесæфой цæстмæ митæ, æвзæр ми.

Куыд нæ мыса ирон ироныл даутæ,
Иу иннæйыл куыд нæ æвæра фаутæ.
Цæмæй та ног нæ рагфыдæлтау иумæ
Цæуæм куывдтæ, чындзæхсæвтæ ‘мæ зиумæ.

## ИРОН ÆВЗАГ

Æз аив дзырд ирон æвзагыл хъуыстон,
Куы мæм бахъардта адæмы хъæр, уæд.
Макуы суæд ирон æвзаг гæныстон,
Йæ кад, йæ хъомыс фидардæр кæнæд.

Нæ къухты и йæ хъысмæт ныр, йæ сомбон,
О, макæмæй уæд ацы фæдзæхст рох:
Цæрдзæни не ‘взаг, не ‘рцæудзæн йæ кæрон,
Куы йыл кæнæм æвæлмæцгæйæ тох.

## УÆРÆСЕИМÆ ИУМÆ

Ирон лæг та, дам, фесгуыхтис кæмдæр.
Йæ ном дæр ын нæма зонын, уæддæр
Мæ цинæн нал ис арæнтæ, кæрон –
Цæй сæрæн у, цæй диссаг у Ирон!..

Мæ Ирыстон Уæрæсеимæ иумæ
Цæуæд уæнгрог, зæрдæхъæлдзæгæй зиумæ,
Сæ хæлардзинад фидардæр кæнæд,
Бæрæгбæттæ сыл арæхдæр цæуæд!

Ӕгас дуне Уæрæсемæ æркаст,
Фыдгулæн та нырræсыди йæ маст.
Хуыцау уыны, рæстдзинад у нæ фарс,
Кæрдо цæгъдгæйæ, нæу æххуысхъуаг арс!

*ГӔЛӔУТЫ Анатоли*

## СИДТ

Тæхæм, æфсымæртæ, нæ бæхтыл размæ!
Нæ Ирмæ та æрбабырста фыдгул!
Мæ цъæх бæх Аласа, цæй, рæвдздæр азмæл!
Фыдызнаг халдзæн арæнæн йæ къул!

Гъæйтт, гъæйтт, фæсивæд, систон æз мæ хотых!
Лæгдзинад та мæ равдисын хъæудзæн!
Йæ ныхмæ знагæн абухы хæххон тых,
Йæ маст йæ хъуыры тарстимæ лæудзæн!

Цæвæм сæ ныр, мах хъуамæ уæм æгъатыр!
Аланты туг нæ дадзинты тæдзы.
Сæ раздзог старст, æмбырд кæны йæ цатыр,
Йæ бæхыл тарстæй скæсæнмæ тындзы!

Тæхут, тæппуд цъынддзаст лæгтæ, уæ бæстæм!
Сæрæгасæй уым бафснайут уæхи!
Куы ма бырсат, – ныссæтдзыстæм уæ фæрстæ!
Нæ фыдызæхх нæхи хъæуы, нæхи!

Нæ зæхх у махæн мады ‘хсырау адджын!
Йæ сæрвæлтау мах не ‘вгъау кæнæм цард.
Хæстон лæг Иры уыд æдзухдæр кадджын,
Нæ уадзы уый ызгæ кæнын йæ кард.

## ЦАРДЫ ФИДЫЦ

Кæд Скæнæг у нæ амондæн йæ куырд,
Нæ хъысмæт кæд Йæ рухс номимæ баст у,

Уæд зон, мæ хæлар, иунæг цыбыр дзырд:
Дæ царддæттæг, дæ царды фидыц Уарзт у.

Æцæг кæд у дæ Уарзт уæларвон гуырд,
Нæ зæхмæ кæд æцæг Хуыцауæй хаст у,
Æмдзыд кæндзæн зæрдæцæфимæ цырд,
Зæрдæйы цæф та рухс фæндтимæ баст у.

Нæ уындзæн Уарзт нæ хуыз, нæ кар, нæ ас,
Куы тæлфа риуы сонт зæрдæйы сагъæс.
Йæ афоныл зæгъдзынæ уæд ныхас:
«Дæу чи уарзы, мæ хур, гъеуымæ ракæс».

*КЪУЫМÆЛЛÆГКАТЫ Мурат*

## МАДЫ САГЪÆС

*(Балладæ)*

Раджы уыдис уый æви æрæджы,
Зонд дæр æй куы нал ахсы æппын.
Авд хъæбулы байрæзти мæ кæрты,
Фæлæ сыл куы суагъта сау хæст рын.
Радгай мын фæцыдысты мæ кæртæй,
Иу дæр дзы куы нал ‘рыздæхт æппын.
Арвы рухс дæр баталынг мæ сæрмæ,
Стъалытæн дæр нал зыны сæ тын.
О, мæ хистæр! Цæй, зæгъ-ма, цы фæдæ?
Уал азы æнхъæлмæ дæм кæсын.
Хъæуы лæгтæй бирæтæ – сæхимæ,
Уæд мæн та цæмæн сайы мæ фын?
О, мæ кæстæр! Хъæбултæн сæ уарзон,
Цæй кæм дæ, мæ 17-аздзыд ныфс?
Кæд, мыййаг, дæ сау туджы мæцгæйæ,
Агуырдтай ныййарæгæй æххуыс?
Уыд дæ полкъæй иунæг уац æрмæстдæр:
«Фарæстæм май, уый Берлины уыд.
Адæмæн æрхаста уый Сæрибар,

Дæ кæстæр та уæд ингæнмæ фæлыгъд».
Сау уацтæ нæ хъæубæстæм уыд бирæ,
Кæм дыууæ, æртæ, мæнмæ та – авд.
Алкæм дæр дзы иунæг фыст æрмæстдæр,
Загътой-иу: «Дæ хъæбул та фæмард».
Згъорынц ныр кæрæдзи фæдыл азтæ,
Дæттæ дæр нæ уромынц сæ цыд.
Мæ хъæбултæ та фестадысты хъазтæ,
Хъæугæрон сын цырт æвæрд æрцыд.
Сидын ныр æппæт Дунемæ. Сидын:
Ныййарджытæ! Æрзоныг-ма кæнæм!
Цардбæллон хъæбултæ цæмæй хæсты
Мауал сæфой! Гъе уыцы Сидт зæгъæм!
Зонын æй, нæ раздæхдзысты, зонын,
Мады зæрдæ не ‘ууæнды уæддæр.
Ацæуы йæ сæнтты фæдыл, тоны...
Авды зынæй ма цы уа зындæр?!

*ДЗЫТИАТЫ Лактемыр*

## ШАМИЛ

Нæ уæздан хистæр, фарны лæг, Джыккайты,
Уыдтæ ды махæн Байрон дæр, Шекспир!..
Æдзух дæ фарнæй мах уыдыстæм хайджын,
Дæу хуызæн лæгтæй фидар у нæ Ир!..

Дæ цыргъ пъеро рæмудзæнау уыд знагæн,
Дæ иу рæнхъы тых астæумагъз сæтты!..
Дæ карз æмдзæвгæ удхортæн – сæ марæг,
Уæд зонды ныхмæ тугцъиртæ цы сты?!.

Рæстыл дзурæджы арф хъуыды лæг мары,
Йæ ныхмæ цæуын никæй бон у, нæ!..
Æлгъаг цъаммармæ арф хъуыды кæм хъары, –
Йæ чъизи ми у алкæддæр цæттæ!..

Шамил, дæ рухс ном мысдзыстæм æнусты,
Домбай сæрхъуызой, фарны лæг, нæ зæд!..
Дæ кады зарæг фæлтæртæ кæндзысты,
Æнустæм Ирыл рухстаугæ нæрæд!..

## ГÆЗДÆНТЫ БУЛАТÆН

Авдæнæй нын саби
Рахызти Гæздæнтæм!..
Уый куырыхон баци,
Йе 'нусмæ фæхæстæг!..

Фæндырæй Булатау
Чи цæгъды Кавказы!
Йе 'нгуылдзтæй æнæвгъау
Амонæнтыл хъазы!..

Цал фæндырдзæгъдæджы
Рацыдис дæ къухтæй!
Цал зарæггæнæджы
Батавтай дæ хуртæй!

Цæр, Булат Гæздæнты,
Мах фæндиаг 'нустæм!..
Дæ фæндыры зæлтæй
Арфæтæм куыд хъусæм!..

# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ




## Бæрзонд аивады цæргæстæ


Выпуск Ц.Ш.У.
1го Государственного Осетинского Театра.
Москва —
1935 года.



Цæгат Ирыстоны театры кусджыты къорд Гуырдзыстоны



«Платон Кречет» (Е. Корнейчук). 1936 – 1937 азтæ



«Дыууæ хойы» (Брытъиаты Е.)



«Къоста» (Нигер, Епхиты Т.) Къоста – Таутиаты Солæман


Спектаклы фæстæ

«Бернардæ Альбайы хæдзар». Бернардæ – Туменаты Еленæ. 1971 аз



«Æфхæрдты Хæсанæ» (Къубалты А.)
Хæсанæ – Хуырымты Уырызмæг, Госæмæ – Уртаты Верæ



«Пæсæйы фæндон» (Туаты Д.).
Мысост – Сланты Къоста, Æхсарбег – Баллаты Валодя



«Зæххон хуыцауттæ» (Гаглойты В.)

























«Къарол Лир» (В. Шекспир).
Лир – Тæбæхсæуты Бало



«Усгуртæ» (Токаты А.)
Уари – Цырыхаты Петя



«Чермен» (Плиты Г.)
Азау – Туменаты Еленæ



«Фатимæ» (Хетæгкаты Къ.)
Дзамболат – Мерденты Юри



Спектакль «Къарол Лир» (режиссер Уалыты Гиви) – Уæрæсæйы национ театралон фестиваль «Сыгъзæрин маскæ»-йы лауреат. Нæлгоймаджы роль хуыздæр ахъазæджы номинацийы æвзæрст æрцыд Æлбегаты Алан. 2023 – 2024 театралон сезон








Спектакль «Гæздæнтæ» (режиссер Уалыты Гиви) – Уæрæсæйы национ театралон фестиваль «Сыгъзæрин маскæ»-йы дипломант, Театралон фестиваль «Театр Победы»-йы дыууæ номинацийы уæлахиздзау. Сылгоймаджы роль хуыздæр ахъазæджы номинацийы æвзæрст æрцыд Гæбуты Жаннæ.



Спектакль «Хæхты минæвæрттæ» (режиссер Уалыты Гиви) – Уæрæсæйы национ театралон фестиваль «Сыгъзæрин маскæ»-йы дипломант. 2025 – 2026 театралон сезон



«Ричард III»



«Чысыл принц»



«Ромео æмæ Джульеттæ»


«Номхыгъды нæ уыдтæн»


«Челе»













# ХЪÆЛДЗÆГ ХАБÆРТТÆ

* * *

Раздæр мæ райстой уырыссаг курсмæ кандидатæй (Мæскуыйы Щукины номыл театралон училищемæ. – *Ред.*), ома стипенди дæр нæ истон æмæ, цæмæй æххормаг ма уон, уый тыххæй æхсæв кусгæ кодтон, бон та – ахуыр. Машинæтæ æхсæгæй фыдæбон кодтон, æмæ мæ-иу райсомæй училищемæ сау «Волгæ»-йы куы ‘рбаластой, уæд-иу мæм иннæ студенттæ хæлæгæй мардысты. Уыдон афтæ æнхъæлдтой, æмæ æз стыр хъæздыг лæджы фырт дæн. Цæмæй хæйрæг уыдысты, æз æхсæв-бонмæ машинæтæ æхсадтон. Стипенди исын куы райдыдтон, уæд дæр мæ куыст нæ ныууагътон, уымæн æмæ мæ мадæн æххуыс кæнын хъуыд. Куыстон уынгмæрзæгæй нæ училищемæ хæстæг. Ссыдтæн-иу райсомæй 5 – 6 сахатыл, ныммарзтон-иу кæртытæ, уынг æмæ-иу афойнадыл æрбаздæхтæн ахуыртæм.

*ЦÆРГÆСТЫ Дзамболат*

* * *

Ирон театры сценæйыл сæвæрдтам Хуыгаты Георы комеди «Сæтти æмæ Бæтти». Цæуы спектакль… Исахъ хъазыд Бæттийы ролы. Иу сценæйы дзурыны бæсты ныхъхъус. Æз æй фембæрстон: «Бæтти, цы кодтай, цы? Ныртæккæ дын дон æрбадавдзынæн…» Дон куы ануæзта, уæд йæ ныхæстæ дарддæр дзурын райдыдта. Театрдзаутæй йæ ничи бамбæрста. Спектаклы фæстæ нын æй загъта, цы кодта, уый: йæ дзыхы дзынга батахт, æмæ йæ бон дзурын нал уыд. Бирæ фæхудтыстæм.

Кинонывы «Ах, любовь» куы истам, уæд-иу райсомæй Исахъы сбадын кодтам хæрæгыл, æмæ-иу дзы изæрмæ нæ рахызт, цалынмæ йæ кинокамерæмæ нæ систаиккой, уæдмæ. Бæхыл чи бадти, уый йæ зондзæн, куыд зын ыл у иуцалдæр сахаты æнæ рахизгæйæ фæбадын, уый. Исахъ та, мæгуыр, иуцалдæр сахаты нæ, фæлæ – бон-изæрмæ, уыимæ – бæхыл нæ, фæлæ хæрæгыл, уымæйдæр – æнахуырæй. Æмæ-иу куы ‘рхызти, уæд-иу йæ къæхтыл дæр нал лæууыд. Фæлæ никуы загъта, бафæлладтæн, зын мын у, зæгъгæ. «О, Хъилхъус, бахатыр мын кæн», зæгъгæ-иу ууыл йæ ныхас ахицæн.

Исахъ бирæ уарзта йæ Хъилхъусы. Хæрынмæ-иу куы ‘рбадтысты куысты фæстæ, уæд-иу Исахъ афтæ дзырдта: «Мæ фарсыл нæ бахæцдзæн, цалынмæ мын ме ‘мномæн хæринаг нæ раттат, уæдмæ».

*ДЗБОЙТЫ Зоя*

*АЙЛАРТЫ Асæхмæт*

# СÆФТЫ ФÆНДАГ

*Дыууæархайдон трагеди*

*АРХАЙДЖЫТÆ:*

**Сæууай**
**Зæлда** – *йæ бинойнаг*
**Уырызмæг** – *нарты хистæр*
**Сыбæлц**
**Фæрдыг** – *йæ бинойнаг*
**Фидар, Гæбис** – *йæ фырттæ*
**Сырдон**
**Фыццаг лæппу, дыккаг лæппу** – *йæ фырттæ*
**Хуыцауы минæвар**
**Тохсæр**
**Кæрæз**
**Бурдзи**
**Борæты хистæр**
**Алæгаты хистæр**
**Къаннæг чызг**
**Фидиуæг**
**Нарты адæм**

## ФЫЦЦАГ НЫВ

*Фыццаг архайд*

*Нарты Зилахары фæз. Хистæр нарт бадынц рахизфарс дæргъæй-дæргъмæ фынгтыл. Кæстæртæ цалдæрæй фынджы æгъдауæн лæггад кæнынц. Сæ галиуварс фæсивæдæн стынг ис нæртон симд. Алырдыгæй хъуысынц цины дзолгъо-молгъо, чидæртæ зарынил дæр фæлварынц. Зилахарæй чысыл фалдæр бады Сырдон æмæ куывды адæммæ æнкъардæй кæсы. Чысыл рæстæджы фæстæ фæзыны Сыбæлц. Сырдоны ауынгæйæ, нæлгоймагмæ бацæуы.*

СЫБÆЛЦ. Дæ бон мын хорз уа, нæ буц хистæр Сырдон! Уынын, дæ цæсгомыл æнкъарддзинад пъæззыйау бады. Уæд цæмæн? Бæрæгбон куы у нартæн абон, уæд ды цæмæн дæ иуварс? Цæуылнæ дæ нæ хистæртæн сæ фарсмæ?

СЫРДОН. Мæ къах мæ нæ хæссы. Тæрсын, сæ уæлбикъ хъал ныхæстæм та куынæ фæлæууон, куы сдзурон исты, æмæ та мæ куы рахоной мæнгард æмæ кæлæнгæнæг. Цы зæгъон, уый та мæм куыннæ ис.

СЫБÆЛЦ. Æргомдзырд дæ æдзух, æмæ дын нарт гъе уый тыххæй нæ барынц.

СЫРДОН. Ай-гъай, рæстдзинад канд фæлмæн пакъуы баз нæу, кæмæндæрты цæсты сындз дæр свæййы... Сыбæлц, ды дæр цыма зæрдæрайæ нæ цæуыс? Æви мæнмæ кæсы уый афтæ?

СЫБÆЛЦ. Мæ уавæр мын раст бамбæрстай... О, фæуæлахиз ис нарт йе знæгтыл кæронмæ. Кæмæй схъиуæм, – нал ис ныр. Фæлæ фæгæдзæ хъуыд чысыл нæ цины хæлбурцъыл... Æртæ нартыл æрзылдтæн абон, æмæ ныррызт мæ зæрдæ. Алырдыгæй хъуысынц саударæг мадæлты хъарджытæ. Фæмард фæстаг тохы кæмæн йæ иунæг, кæмæй фæхъуыд дыууæ, æртæ... Нæма æруазал сты æдзард гуырдтæн сæ удтæ, æмæ нæртон куывд аскъæрдтам. Мæнмæ нæ кæсы уыцы хъуыддаг раст.

СЫРДОН. Цы дын зæгъон... Знаг зæгъыс, фæлæ, цымæ, нартæн нæ алыварс цæрæг сабыр адæм цы знаггад ракодтой? Кæй хъахъхъæдтой сæ зæхх, сæ ис, сæ бон нæ гуыппырсарты ныббырстытæй, гъе уый у се знаггад, сæ аххос? Нæ, æз знаг æндæр хуызы æмбарын. Дæ сыхагæн йæ хидвæллой тыхы руаджы куы исай, зæгъ-ма, уæд чи у знаг? Ай-гъай – тыхгæнæг.

СЫБÆЛЦ *(бахуды).* Сабырдæр дзур. Нæ къæрцхъустæ дæ хъусынц.

СЫРДОН. Бæргæ, куы мæ фехъусид исчи, фæлæ мæ хъæр æдзух дзæгъæл гæрахау аивгъуыйы къуырма хъустæн сæ рæзты.

*Фæзыны Фидиуæг.*

ФИДИУÆГ. Уæздан æмæ хъæбатыр нарт! Фæзынд нæ бæрæгбонмæ нæртон гуыппырсартæн сæ балхон, сæ ныфс, сæ цирхъ æмæ сæ уарт, нæ иузæрдион, нæ хъæбатыр Сæууай!

*Цины хъæртæ. Фæзыны Сæууай цалдæр хæстонимæ.*

СÆУУАЙ. Бæрсткуывд мын ут, нæртон адæм, æмæ уыл фарн æмæ лæгдзинад ичъиау ныххæцæнт! Æртывæр уæд уæ бæркад, цæмæй дзы уа нæ бон нæртон куывдты уæлахизы гаджидæуттæ уадзын!

УЫРЫЗМÆГ. Фæрнæйдзаг у, нæ гуыппырсар Сæууай, æмæ нæм алкæд дæр уæлахизимæ здæх! Хæстæгдæр нæм æрбалæуу æмæ нын айс нæ кады нуазæн. Ды уый аккаг æппынæдзух дæр дæ!

*Сæууай хистæрты цур æрлæууы. Уырызмæг æм нуазæн дæтты.*

СÆУУАЙ. Нæ куырыхон Уырызмæг! Нæ дзырддзæугæ хистæртæ! Уæ къухтæй нуазæн райсын кадыл у кæддæриддæр нымад. Фæлæ ныхас æрмæст кадыл нæ цæуы. Йæ райсæгыл бæрнондзинад дывæр уаргъау æнцайы. Мæхимæ исын уыцы уаргъ æмæ уын фидарæй зæгъын: кæдмæ æрттива а дунейы мæ цæст, уæдмæ æртæ нартæн сæ сæрты нæ атæхдзæн сырддонцъиу дæр æвастæй. (*Нуазæнæй ацаходы æмæ йæ авæры йæ фарсмæ лæууæг фæсивæдмæ).*

УЫРЫЗМÆГ. Уырны нæ уый. Уынæм дын де 'хсар, дæ ныфс æмæ дæ хъару. Нæ сагсур хæстонтæн дæ хуымæтæджы нæ равзæрстам фæтæгæй. Ныр нын бæстондæр радзур, куыд ацыдис уæ фæстаг балц? Æрыхъуыстам, уæззау тохты нæ бауагътай нæ лæппуты фæцудын.

СÆУУАЙ. Чысыл нæу Агуыræн йæ бæстæ, уæхæдæг мын – æвдисæн. Уæдæ се 'фсады бæрц та – мин минмæ æвваxс, куыннæ зондзыстут уый дæр. Не стæры балц се 'нцонтæй нæ уыдис. Фыццæгты афæлвæрдтам мах не знагмæ ныхæй-ныхмæ æрлæууын. Фæхæцыдыстæм иу абонæй иннæ абонмæ, фæлæ сын, марадз-зæгъ, кæцæй уыди кæрон. Уæд сфæнд кодтам знагыл хинæй рацæуын. Æрхъула кодтам сусæг къордтæй нæ ныхмæлæууæг æфсадæн се 'рлæууæн бынатыл. Гъе стæй сæм уæд, æхсæв уа, бон, æнæнхъæл рæттæй радгай лæбурдтам. Нæ сæм уагътам нæ хæлц, нæдæр та ног тыхтæ. Гъе афтæмæй æрцыдис се 'фсад ихсыд. Фæлыгъдысты, цы муртæ ма дзы аззад, уыдон. Сухты цагъд æрцыдысты сæ сахартæ, сæ хъæутæ æд цæрджытæ, сылгоймаг уа, нæлгоймаг. Сæ ис, сæ мулк, сæ рæгъæуттæ сын раккой кодтам немæ, цæмæй дзы нартæй алчи дæр фæхайджын уа. Ныр авд хохæй суанг авд денджызы онг нал ис нартæн знаг. Нæ зæххытæ дæр баисты дывæр, æмæ, кæй бафæнда – æрцæрæд дзы фæрнæй æмæ æдасæй!

УЫРЫЗМÆГ. Зæгъынц, фæхъуыд, дам, нартæй дæр дзæвгар.

СÆУУАЙ. Фæхъуыд, гæды ныхас нæ зæгъдзынæн. Хъыг мын у, фæлæ хæст æнæ нывонд нæ вæййы. Фæндид мæ, цæмæй Агуыры мулкæй сæ сидзæр фæдонтæн уæлæмхасæн фæйнæ галы лæвæрд æрцæуа.

БОРÆТЫ ХИСТÆР. Æрмæст фæйнæ галы? Куыд раст у уый?

АЛÆГАТЫ ХИСТÆР. Нæртон адæм æдзард хæстонтæн уæлдай кад кодтой алкæд!

БОРÆТЫ ХИСТÆР. Хуыцаумæ дæр нæ фæкæсдзæн уый раст.

СÆУУАЙ. Хуыцаумæ раст цы нæ фæкæсдзæн, нæ зонын уый, фæлæ йæ адæмы сæраппонд цард раттын хæстонæн у йæ сæйраг хæс. Хæс та, куыд зонæм, мулкæй баргæ нæу...

СЫРДОН (*Сыбæлцæн*). Рæсугъд дзуры. Раст рувасау мæлгъæвзаг.

УЫРЫЗМÆГ. Сæууай, мæ хур, дæ хъуыды дын мах бамбæрстам. Стæры пайда байуардзыстæм мах раздæрау рæстад æмæ æууæнкæй. Сæ иуы дæр нæ фæкæндзыстæм хъулон.

СÆУУАЙ. Кæй æрцæудзæни мулк рæстæй уæрст, æз ууыл мисхал дæр нæ кæнын дызæрдыг. Фæлæ мæ фæндид, цæмæй уон мулк уарæг мæхæдæг. Не 'фсадæн сæ раздзæуæг уæвгæйæ, мæхи цæстæй уыдтон, уæлахизмæ нæ чи цы 'вæрæн бахаста, гъе уый. Мæнмæ гæсгæ, уыдзæни растдæр мулк, лæгдзинад бахынцгæйæ, уарын.

УЫРЫЗМÆГ. Дæ хъуыдыйы рæстдзинад ис. Фæлæ нæм, стæры чи нæ уыдис, ахæмтæ дæр ис. Зæгъæм, идæдз чи у, æвæгæсæг, æнæбон.

СÆУУАЙ. Рох не сты уыдон дæр. Уыдзæни алкæмæн дæр хæлц...

УЫРЫЗМÆГ (*æвæндонæй*). Дæ фæндоныл дын ахъуыды кæндзыстæм.

СÆУУАЙ. Мæ зæрдæ дарын… Ныр та – хатыр. Кæд бар дæттут, уæд фæсивæдмæ акæсæм. *(Ацæуынц кафæг фæсивæды 'рдæм. Хистæртæ кæрæдзимæ фæрсаг каст бакæнынц æмæ иудзæвгар хъусæй бадынц.)*

СЫРДОН (*мæсты худт бакæны).* Цæфæй нæ мæлыс, уый та дын – рæхуыст!

*Фæсивæдæй рахицæн вæййынц Тохсæр æмæ Сыбæлц.*

ТОХСÆР. Диссаг мæм кæсы, æдзух нæ хистæртæ Æхсæртæггаты сойæвдылд цы скæнынц? Уæлдай хатт мын кæм фесгуыхтысты, гъа-ма? Вæййæм стæры балцы иумæ, нæ тыхст, нæ цин у иу, нæ уæлахиз дæр – афтæ. Фæлæ та кады бонты, кæс, æмæ Æхсæртæггатæн – арфæтæ, хуыздæр хæйттæ – сæ хай. Нæ йæ 'мбарын, Æхсæртæггатæ Алæгатæй цæмæй фесты лæгдæр? Науæд сымах, Борæтæ, цæмæй стут сæ буц мыггагæй цауддæр?

СЫБÆЛЦ. Кæй фестæм кады нуазæнтæй мах цух, уый диссаг нæу. Хатт хистæр дæр рæдийын зоны. Нæ сæм хъæуы мæсты кæнын. Тæссаг æндæр у. Хæстмондагæн куы нал вæййы знаг, уæд æй йæхи 'хсæн агурыныл схæцы.

ТОХСÆР. Ау, иугæр нал ис знаг, уæд хъуамæ кæрæдзийы хъуынхъис хæрæм? Æвзарæм хъуамæ, чи нæ у лæгдæр?

СЫБÆЛЦ. Мæ сагъæс дæр, Тохсæр, гъе уый у! Кæд алыхуызон мыггæгтæ хæссæм, уæддæр нæ ном у иу – нæртон адæм! Æмæ уый рох кæнын нæ хъæуы. Æнгомдзинад нæ фидæн у, нæ тых.

ТОХСÆР. Нæ мæ у рох, нæртон кæй дæн. Фæлæ дæлдæр уон искæмæй, мæ сæрмæ не 'рхæсдзынæн уый!

СЫБÆЛЦ. Дæлвад уæвын, ай-гъай, сæрмæ хæссинаг нæу. Гъе уый тыххæй нæ алчи дæр йæ сæрыстырдзинад хъуамæ æрæвæра фæсдуар æмæ кæдæй-уæдæй сабыр цардмæ æрæвнала рæстуд æмæ кæрæдзийы нымайгæ.

ТОХСÆР. Сабыр цæрын ма базонæм, мæгъа.

СЫБÆЛЦ. Дæуæн нæ зонын, фæлæ æз ныффæлмæцыдтæн туджы зæйты уындæй. Æгъгъæд фæуæд... Фæкæн мыл худгæ дæр, фæлæ мæ бæллиц у: сæумæрайсом дæ хъарм сынтæджы рабад, æрæхс дæхи цæстыссыгау сыгъдæг суадоны донæй, дæ бинонтимæ аходæн скæн, дæ сабиты цъæхснаг худтмæ дæ мидбыл бахуд, стæй æрсадз дæ хуымы кæрон дзывыр æмæ дæ галтыл ахъæр кæн: «Гъей, гъей, къобортæ, раст ауæдз уæ хай!»

ТОХСÆР (*йæ мидбыл бахуды*). Фæллад хæстон лæджы бæллицтæ.

СЫБÆЛЦ. Æнæ бæллицтæ фидæн нæй, Тохсæр!.. Куыдæй хъавыс ды та дæ сабыр цард æрвитын? Цы фæндтæ ис дæумæ та, цы у дæ бæллиц?

ТОХСÆР. Фæндтæ мæм бирæ ис. Хуыцаумæ кувдзынæн, цæмæй кæной æххæст.

СЫБÆЛЦ. Æргомзæрдæ нæ уыдтæ никуы. Дæ бар дæхи. Уый, чи зоны, хуыздæр у. Йæ цард у алкæмæн йæхи бар, кæрæдзимæ хæлæгæй та нæ бахизæд Хуыцау!

ТОХСÆР. Мæ бæллиц дын куы зæгъон, уæд мыл нæ худдзынæ?

СЫБÆЛЦ. Уанцон нæу. Куыд ис бæллицыл худæн?

ТОХСÆР. Фæнды мæ уадындзыл цæгъдын. Зæгъын, Ацæмæзмæ ныххатон, æмæ мæ сахуыр кæна уый. Дæ цæстытыл ма ауайæд хохы фахс. Дæ дзугтæ хизынц сойджын цъæх кæрдæгыл. Ды бадыс бæрзондыл æмæ æнæсыбыртт уæлдæфы цæгъдыс дæ уадындзæй нæртон «Симд». Æхцондæр ма цы уа хæствæллад лæгæн уымæй?

СЫБÆЛЦ. Æвзæр фæнд нæу. Дæ къух æй ссарæд æнтыст æмæ

фæрнæй. Ныр та цæуæм, мæ хъаймæты æфсымæр, æмæ нæртон симды фæйнæ зылды æркæнæм.

*Ацæуынц. Хъазт цыренæй-цырендæр кæны. Хистæртæ гаджидæуттæ уадзынц.*

## Дыккаг ныв

*Сæууайы хæдзар. Уат. Сæууай йæ дарæсимæ архайы.*

СÆУУАЙ. Усай, фен аходæнæн исты. Æнæвдæлон дæн тынг. Уæззау бон мын уыдзæни абон. Стæры хæлц æртæ нартыл хъæудзæни байуарын. Зæрдæхудтæй та байдзаг уыдзæн бæстæ. Лæвархортæ! Стæры цæуын зивæгыл схæцынц, фæлæ знаджы бынтæ уарынмæ – фыццæгтæ!.. Багъæцут, фæуыдзæн алкæй дæр йæ бавæрæггаг хай!

ЗÆЛДА. Кæй аххос дын у? Цæмæ райстай дæхимæ ахæм хæс? Нæ йын зыдтай йæ фæстиауæг, мыййаг?

СÆУУАЙ. Зыдтон, Зæлда, зыдтон! Фæлæ кæм и, кæй бæрны бачындæуа ахæм хæс? Уырызмæджы зæронды? Цæмæй та байдзаг уа Сатанайæн йæ къæбиц, æмæ дзы ‘ввонгхортæ иу абонæй иннæмæ кæной гуыбыны цæл? Кæнæ нæ арвы хин, зæххы кæлæн Сырдоны? Къæбицгæсæй кæд æвæрдтой фыдрыны?

ЗÆЛДА. Фыдæй-фыртмæ нарт сæ ис, сæ бон кæддæриддæр æмхуызон кодтой дих, хæстон уа йе хуымæтæджы зæхкусæг...

СÆУУАЙ (*йæ ныхас ын айсы*). ...æмæ æввонгхор систы нарт!.. Дæ зæрдыл-ма æрлæууын кæн, куы иу цыдысты стæры нæрæмонтæ Сослан æмæ Батрадз кæнæ иннæ гуыппырсар хъæйтартæ, зæгъ-ма, кæм уыдысты уæд иннæ нарт? Зæгъдзынæн дын æй æз! Дзаг фынгты уæлхъус кæрæдзийы стауынæй ерыс кодтой. Иутæ сæ туг калдтой нæртон номы сæраппонд, аннæтæ та дзаг кодтой се ‘нæбын уæцъæфтæ! Æгъгъæд фæуæд! Уыдзæни ног фæтк нартмæ: цы байтауай, гъе уый æркæрд! Æмæ-иу схæрæнт нарты хамасхортæ!

ЗÆЛДА. Æрсабыр у, мæнæ лæг. Фæлтау хæстæгдæр балæуу фынгмæ, Хуыцаумæ скув, цæмæй дыл райдзаст бон кæна, æмæ дæ зæрдæ барухс уа дæ цардæй.

СÆУУАЙ. Хуыцаумæ, и? Æмæ кæм и Хуыцау? Кæд æй чи федта? Æз цы нæ фенон кæнæ цæуыл кæнон дызæрдыг, куыд хъуамæ кувон уымæ? Нæ-æ, æгъгъæд фæуæд! Æз не ‘уæндын мæнг аргъæутты æрымысгæ скондыл. Дæуæй дæр домын, ферох кæн йæ ном.

ЗÆЛДА. Æрцу дæхимæ, мæнæ лæг! Куыд ис æнæ ‘ууæнкæй цæрæн?

СÆУУАЙ. Цымæ, цы хоныс ды æууæнк? Кæуыл ма ис æууæнк ныртæккæ? Ды Хуыцау кæй хоныс, ууыл? Æрымыс-ма, куыд лæууыдтæ дæ зонгуытыл æхсæв уа, бон. Куыд дзы куырдтай, дæ цæссыг дæ рустыл згъæлгæ, цæмæй нын рацæуа фæдон. Нæ дæ фехъуыста кæнæ фыддæр – нæ йæм бахъардта дæ марой. Æмæ йæм ныр лæгъстæтæгæнгæйæ кувон?.. Сæттын, æз дæр æм аивæй куывтон, куырдтон дзы, домдтон, цæмæй мæ къонайæ сывæллоны цъæхснаг хъæлæс мæ хъустыл азæла. Æмæ? Фехъуыст æм нæ курдиат?! Кæд фехъуыст, уæд кæм ис мæ къонайæн бындар? Нæй!.. Æмæ, дам, скув, цæмæй дыл райдзаст бон скæна! Ныссæлæд-иу фæлтау æнæбонæй мæ уд залты митæн йæ тарфы, цæйнæфæлтау дзы хур бонтæ æркурон!.. (*Ныууынæргъы.*) Мæ фæстæ аскъуыйдзæн мæ хъæстæ, æмæ мын уый хæры мæ уд! Бындар мæ хъæуы, а зæххыл бындар! Цæмæн дæн æз æвæд лæг, цы ракодтон, Хуыцау кæй хоныс, уымæн?

ЗÆЛДА. Æрсабыр у, Сæууай. Æвæд нæ дæ хъару кæнæ та зондæй. Бындарæн дæр кæд исты хос кæниккам... Фæстаг заман æгæр тызмæг у де сныхас, дæ фезмæлд. Йæ аххос циу, нæ зонын, фæлæ дæ карз ныхас мæ зæрдæйы фæринк кардау ныссæдзы, æмæ мæ маргæ кæны уый.

СÆУУАЙ (*Зæлдайы æрбахъæбыс кæны*). Хатыр... Мæ маст, мæ тызмæг дзырд дæумæ нæ хауынц мисхал дæр. Æндæр у, Зæлда, мæ катай, мæ хъынцъым.

ЗÆЛДА. Мæнæн ын нæй зæгъæн?

СÆУУАЙ. Цæуылнæ, ис. Кæд мæм уыди дæуæй та ‘мбæхст хъуыды?.. Мæ катай нарты фидæн у. Цы уыдзæни йæ райсом, мæ хъынцъым уый мидæг ис, уый. Кæддæр Нарты тасæй арв дæр нæ уæндыдис нæрын. Ныр та? Кæрæдзийы нал æмбарынц нарт, сæ сæр сæ фат ссис, æмæ мын уый хæры мæ зæрдæ. Нæ хуыздæр куыст – нæ ивгъуыдæй æппæлын. Фæлæ цы уыдзæн сом, нæй уый сæ хъуыдыйы кæрон дæр. «Цæмæй дæ ды мæнæй лæгдæр?» – сси Нартæн уый йæ хуыздæр арфæ. Æртæ мыггагæй алчи дæр тырны сæйраг Нарт суæвынил æмæ кæрæдзийыл цъыф калынæй нæ ауæрдынц. Зæгъыс, фыдæй-фыртмæ Нарт æмсæр уыдысты иууыл. Ныхасæй – о, фæлæ хъуыддагæй та? Кæимæ абарон æз нартæй Сослан кæнæ Батрадзы? Нæ хъомты гæс Сауиимæ? Нæй уый уæвæн, æмæ æппæт адæм æмсæр уой!

Сæрхъуызой хъæуы адæмы, цæмæй сын æвæра фæтк æмæ æгъдау. Æнæ сæрбосæй фос æгоммæгæс кæнынц. (*Дуар æрбахостæуыд.*) Мидæмæ!

*Фæзыны Фидиуæг.*

ФИДИУÆГ. Хатыр уæ курын. Нæ хистæртæ ныхасы бадынц æмæ Сæууаймæ сидынц.

СÆУУАЙ. Сидгæ куыдзмæ кæнынц, æз та хæстонтæн разамонæг дæн.

ФИДИУÆГ. Цы фехъуыстон, уый дзурын.

СÆУУАЙ. Кæм сæ бахъуыдтæн уагæр?.. Цæугæ, зæгъ сын, фæзындзæнис, зæгъ, тагъд. (*Фидиуæг ацæуы.*) Зæлда, дæ цæсгомы хуыз аивта. Цæмæн? Стæры, мыййаг, нæ цæуын.

ЗÆЛДА. Нæ зонын… Мæ зæрдæ цыдæр æбæрæг тас æнкъары. Цы у, нæ йæ хатын мæхæдæг дæр бæлвырд.

СÆУУАЙ (*Зæлдайы æрбахъæбыс кæны*). Кæмæн тæрсай, ам ахæм лæппу нæй. Дæхи уал истæмæйтæй ирхæфс. Æз дæр зындзынæн тагъд (*Ацæуы.*)

ЗÆЛДА (*йæ зонгуытыл æрхауы*). О Стыр Хуыцау, ныббар ын йе 'нæрхъуыды сонт ныхас. Дæ ныхмæ нæу йæ зонд, йæ хъысмæтыл у йæ катай. Рæствæндаг æй фæкæн, Хуыцау, æмæ фæуæд мæ уд дæ нывонд.

## Æртыккаг ныв

*Нарты ныхас. Нарты хистæртæ.*

УЫРЫЗМÆГ. Æхсызгон мын у, нарты хистæртæ, Æхсæртæггатæ, Борæтæ æмæ Алæгатæ, æртæ мыггагæй дæр кæй бамбæрстам кæрæдзийы. Иу зондмæ æрцæуын кæддæриддæр уыд нартæн ахъаззагдæр нысан. Йæ фæтк уыд, йе 'гъдау нартæн кæрæдзийыл аудын, цæмæй цæрæм æфсымæртау æнгом. Уым ис нæ тых, нæ хъару æмæ зонд.

СЫБÆЛЦ. Дæ ныхас раст у, къæм баппарæн дзы нæй. Нæ иудзинад, уый не 'гъдау уыд фыдæй-фыртмæ. Хæссæм æй абон дæр. Фæлæ фæзынди нарты 'хсæн Къандзы фырт Сæууай, æмæ тæрсын, æмзонд куынæ уа немæ. Хивæнд у, æгоммæгæс, æргомдзырд.

УЫРЫЗМÆГ. Цыфæнды уæд, нæ кæстæр у Сæууай. Нæу цух лæгдзинад æмæ зондæй. Хистæрты фæндонæн куыд хъуамæ ахиза йæ сæрты? Нæртон лæгæн æгад у уый. Уырны мæ, нæ уынаффæйыл нæ зæгъдзæнис дыууæ…

СЫБÆЛЦ. Нæ уынаффæ йæ зæрдæмæ нæ фæцæудзæн, бæлвырд у. Æмæ уæд дарддæр цы? Карзæй йæ æрдомæм æви нæ фидар æгъдæуттыл ауигъæм нæ къух æмæ йæ фæндыл сразы уæм?

АЛÆГАТЫ ХИСТÆР. Куы сразы уæм йæ фæндыл, уæд не сæфт у æнæмæнг. Хуыцау йæ зонæг, цытæ ма йæ æрфæнддзæн дарддæр, æмæ нæ куыдфæстагмæ дæллаг галæй тæрдзæн.

УЫРЫЗМÆГ. Æмбарын уын уæ хъынцъым æмæ катай. Мæхи зонд дæр хуыздæр уавæры нæй. Ме 'дылы зондæй, ам хъавгæ хъæуы райдайын нæ ныхас, цæмæй сфыца физонæг дæр, æмæ ма басудза уæхст… Сырдон, ды та цы зæгъдзынæ, дæ мидбыл дзæгъæлы нæ худыс.

СЫРДОН. Цы уын зæгъа уæ фæсдуар æвæрд лæг Сырдон? Кæм ахады дымгæйы афуттау йæ ныхас?

БОРÆТЫ ХИСТÆР. Цы йæ фæрсут? Йæ хинтæ та фæуыдзысты йæ разæй.

СЫРДОН. Фæхъуыстон уæм ныры онг, æмæ мæ зæрдыл иу æмбисонд 'рлæууыд. Цæвиттон, мыстытæ сæ хъуырмæ систы гæдыйæ. Сæ цард сын æрдуйæ нарæгдæр скодта. Сæ уды бон куы нæуал уыдис гæдыйы фыдмитæй, уæд скодтой æмбырд. Уым, æмбырды, куырыхон хистæр мыстытæ рахастой уынаффæ: æрцауындзæм, дам, гæдыйæн йæ хъуырыл дзæнгæрæг, цæмæй, цы ран ис, зонæм уый æмæ дзы хизæм хи. Сæ цинæн ма кæм уыдис мыстытæн кæрон, æмæ уынаффæ ист æрцыд. Гъа ныр фæпырх уой, афтæ сæ, æдылыйæ кæй хастой, уыцы мыст куы афæрсид: «Уынаффæ рахастат, уый хорз у, фæлæ йын уыцы дзæнгæрæг йæ хъуырыл ауындзгæ та чи 'ркæндзæн?»

БОРÆТЫ ХИСТÆР. Нæ загътон, нæ! Дæлгом-уæлгом ныхæстыл та схæцыд!

УЫРЫЗМÆГ. Дæ ныхас-ма фæбæлвырд кæн, Сырдон. Цы зæгъинаг дæ уымæй?

СЫРДОН. Бæлвырдæй – ницы. Хуыцауы бар æй бакæнут. Æрмæст ын уый бон у тæрхон.

АЛÆГАТЫ ХИСТÆР. Æмсæр сты Хуыцауимæ нæртон адæм, æмæ нæ уадз нæхи бар. Дæ уынаффæ хъуаг не стæм.

СЫБÆЛЦ. Кæй кой кæнай – къæсæрмæ. Фæзынд йæхæдæг дæр Сæууай. (*Æрбацæуы Сæууай цалдæр хæстонимæ.*)

СÆУУАЙ. Фæрнæй фæбадут, нæ буц хистæртæ, æмæ нæртон ныхасы арфæйаг уынаффæтæ хæссут!

УЫРЫЗМӔГ. Ӕгас нæм цу, нæ гуыппырсар Сæууай!

СӔУУАЙ. Ӕгасæй дæр – уæ уæлхъус æмæ уæ цы уысм бахъæуон, цæттæ дæн æз кæддæриддæр лæггадæн.

УЫРЫЗМӔГ. Дæ ныхасы рæстдзинадæн æнæ уырнгæ кæм и? Хъуыддагæй йæ æртывæрæй æвдисыс. Фæлæ дæм мах æндæр адыл фæдзырдтам.

СӔУУАЙ. Ӕхсызгон мын у. Ӕгайтма бахъуыдтæн нæ хистæрты цæмæндæр.

УЫРЫЗМӔГ. Фæцæр нын хистæрмæ дзæбæхæй. Уæдæ хъуыд-дагмæ рахизæм бæстондæр. Агуыры бæстæй бирæ фæллой бафтыди уæ къухы. Ныккæнæн дæр сын нæй! Хъæуы йæ байуарын рæстад æмæ æууæнкæй. Дæ фæндонмæ дын байхъуыстам лæмбынæг, æмæ нæ иумæ дæр нæ фæкастис бынтон раст. Сæууай, мæ хур, нарт нæ фыдæлтæй ныры онг фæцардысты æмсæр æмæ æмзондæй. Ӕндæр адæмтæй хъауджыдæр нæ уыди махмæ æлдæртæ, кæвдæсæрдтæ, цагъартæ. Сæрибар, намыс æмæ цыт сæ туджы сты нæртон адæмæн алкæд. Фæбарстам алцы дæр тæрæзтыл барæгау æмæ æмзондæй æрцыдыстæм нæ иунæг хатдзæгмæ. Фæллой хъæуы æмхуызон дих. Нæ хъæуы хъулон кæнын никæй. Нæ фыдæлтæн дæр се ‘гъдау уый уыд, æмæ, йæ сæрты ахизæм, нæ уыдзæн раст. Гъе уымæ гæсгæ мах сфæнд кодтам знагæй байсгæ фæллой цыппар хайыл ныддих кæнын. Ӕртæ хайы – æртæ нартæн æмхуызон, цыппæрæм хай та раздæрау – Хуыцауæн ныwонды хай.

СӔУУАЙ. Нæ федтон æз нæ карз тохы Хуыцауы.

УЫРЫЗМӔГ. Хуыцауæн фенæн нæй, фæлæ уыд уемæ, бамбар. Нæ уæлахизмæ бахаста йæ хай.  Нæ фыдæлтæй нын рацыд нывонд кæнын йæ номыл.

СӔУУАЙ. Нæ фыдæлтæ уæнт рухсаг. Ӕмзонд, æмдых уыдысты, зонын. Сæ зонд æмæ сæ хъаруйæ сæхицæн скодтой ном. Нæ фæдон-тæ сыл кадджытæ кæндзысты. Фæлæ цард ивы, ивынц адæм, æмæ æгъдæуттæн дæр æнæ ивгæ кæм и. Зæгъут, фæллой хъæуы æмхуызон дих. Ӕмæ рæстдзинад та? Ӕви рæстдзинадæн дæр дихтæгæнæн ис?

АЛӔГАТЫ ХИСТӔР. Дзæбæх дæ не ‘мбарæм, Сæууай. Дæ ныхас ма фæбæлвырд кæн.

СӔУУАЙ. Хорз, бæлвырддæр та цæуылнæ. Цæвиттонæн ма рай-сæм (*амоны йæ фарсмæ лæууæг хæстонтæй иумæ*) мæ хорз хæстон

Кæрæзы. Хъазуатонæй фæкодта тох, Агуыры ‘рдонгтæй арвыста дзæвгар зындонмæ, нæ зыдта, циу фæллад æмæ фæлмæст. Зæгъæм, Сырдон та уыцы рæстæг къуылдымы цъæх нæууыл хызта йæ сæгъты æмæ зæрдæрайгæ æхситтæй зарыд. Куыд раст у уыдонæн æмхуызон хай, зæгъут-ма?

СЫРДОН. Мæ хай дæхицæн уадз, Сæууай. Лæвар дын æй кæнын. Мæн никуы хъуыди тугæвдыл лæвæрттæ.

СЫБÆЛЦ. Сæууай, нæу хорз дæхицæй хистæры æфхæрын. Зæронд лæг у Сырдон.

СÆУУАЙ. Нартмæ зæры бонтæм фæцæрын фыдæй-фыртмæ æгад уыд, уый уæ ма уæд рох!

БОРÆТЫ ХИСТÆР. Цы загътай, цы?!

СЫБÆЛЦ. Сæууай, дæ ныхас райс фæстæмæ! Ды де ‘нæууылд ныхасæй æфхæрыс канд нæ буц хистæрты нæ, фæлæ æгас нарты.

СÆУУАЙ (*йæ мидбыл бахуды*). Кæдæй нырмæ нын сси Сырдон æгас нарт? Мæ уайдзæф уымæ уыд æрмæст. Стæй, Сыбæлц, цы ратæвд дæ, цы ис мæ ныхасы æнæууылд? Æви дæ ферох, мæ дзырды сæр кæй уыд нæ фыдæлты æмбисонд.

СЫБÆЛЦ. Куынæ лæууиккам нарты стыр Ныхасы, уæд дыл мæ цирхъы уæз æруаид!

СÆУУАЙ (*мæсты худт бакæны*). Æз та мæ цирхъ куы сласын, уæд æй кæрддзæмы тугæйдзагæй ныссадзын.

СЫБÆЛЦ. Æгæр дарыс дæ хъаруйыл дæ зæрдæ. Тæрсын, куы фæуай иубонты фыдæнхъæл!

СÆУУАЙ (*Сыбæлцмæ лæбурынмæ хъавы*). Æгæртæ кæрды де ‘взаг. Тæрсын, куы дын фæуа цыбырдæр.

УЫРЫЗМÆГ. Æрлæуут! Уый циу? Фæуæд уæ дыууæйæн дæр худинаг! Гормæттæ, кæд уыд, æмæ нæртон лæгтæ сæ кæрæдзимæ карды комæй кастысты. Кæм ис уæ зонд, цы фæци уе ‘гъдау? Æви уæ туг нæу иу, кæнæ та уе стæг? Цы схондзысты нæ фæстагæттæ мах, зæгъут-ма? Сæрыстыр нарт нæ байуæрстой сæ холы æмæ хъæддаг куыйтау сæ кæрæдзийы ныхсыдтой… Ныртæккæ ныссадзут уæ цирхъытæ сæ кæрддзæмты, æмæ уæ ракурæд иу иннæмæй хатыр!

СÆУУАЙ. Хатыр? Кæмæй? Мæ дæлбарæй? Æви уæ ферох, балхонæг кæй дæн!

СЫБÆЛЦ. Дæ дæлбар никуы уыдтæн æз! Нæдæр уыдзынæн!

СÆУУАЙ. Хæстон фæтæг дæн нартæн æз. Ды та мæ дæлбар, куыд хæстон!

СЫБÆЛЦ (*мæстæлгъæдæй*). Ау, афтæ дæм фæкастис? Уæдæ мæнмæ дæр байхъус. Борæты мыггаг никуы уыд Æхсæртæггатæй нæдæр дæлдæр, нæдæр та цауддæр æмæ йæ сæрмæ не 'рхæсдзæн дæлджинæг. Уæдæ фæрнæй дæтт бардзырдтæ ды де 'фсадæн, æрмæст æнæ Борæтæ. Абонæй фæстæмæ де 'фсады нæ уыдзæн нæ мыггагæй сæ иу дæр. Мах никæмæ æвзидæм, фæлæ нæм нæхи бахизынæн фаг разындзæн тых. Цы холыйыл цæуы быцæу, – хæлар уын уæд, æмæ йæ ныр æнæ Борæтæ уарут. Фæцæрдзыстæм æнæ уымæй дæр искуыд. Хатыр нæ буц хистæртæй курын. (*Ацæуы. Нарты хистæртæ иудзæвгар æдзæмæй бадынц.*)

СÆУУАЙ. Нæ фидауы нæртон лæгæн сывæллонау тæргæйттæ. Кæд уыди уый, æмæ нæртон лæг ныхасы йæ хистæрты цур сласа кæрддзæмæй йæ цирхъ? Гъе стæй, куы ракæна йæ мыггаджы хæстонты, уæд дзы, цымæ, цы смæрздзæни? Æрмæстдæр иу – фыдæхдзинад! Хатыр уæ курын, нæ буц хистæртæ, чи зоны, фæрæдыдтæн кæмдæр, фæлæ мын барвæндæй нæ уыд. Мæн уый фæнды, цæмæй та ногæй нарт фæстæмæ раздаха йе 'нæбасæтгæ хъомыс. Цæмæй нæ раздæрау æмризæджыты ризой. Цы хъæуы уымæн? Иудзинад! Фæлæ куыд уынут, афтæмæй нын Сыбæлц æмæ йæ хъузæттæ кæнынц нæ иудзинад хæлæттаг. Куынæ 'рцæуой афоныл ныххъуырд, уæд, бауырнæд, нæ уыдзæн нарты фидæнæн бæллиц.

УЫРЫЗМÆГ. Дæ хъуыды нын фæбæлвырд кæн. Цы хоныс ды ныххъуырд?

СÆУУАЙ. Ныхкъуырд æз уый хонын, цæмæй йын нарты хистæртæ сæ уынаффæйæ рахæссой тæрхон.

УЫРЫЗМÆГ. Цы хъуамæ уа нæ тæрхон?

СÆУУАЙ. Хъоды.

БОРÆТЫ ХИСТÆР. Уæвæн нæй уымæн! Куы фæсурæм нæ хуыздæрты нæхицæй, цы ма нæ баззайдзæнис уæд?

АЛÆГАТЫ ХИСТÆР. Æгæр карз у йæ домæн. Сыбæлц нымад лæг куы у нартæн. Куыд хъуамæ ныллыг кæнæм нæ иу къухæй нæ иннæ? Гъе стæй, лæмбынæгдæр куы 'ркæсæм быцæумæ, уæд дæхæдæг уыдтæ загъдкъахæг, Сæууай!

СЫРДОН. Кæддæр, зæгъы, нарт, сфæнд кодтой се 'дылыты фе-

сафын. Уæд нарты æрратæн се ‘дылыдæр йæ кард цыргъ кæныныл куы схæцид. Фæрсынц æй: «Ды та цæмæн цыргъ кæныс кард?» – «Куыд цæмæн? Ау, не ‘дылыты не ‘ргæвдæм?»

УЫРЫЗМÆГ. Сырдон, ныхъхъус у! Ныртæккæ хъазыныл куынæ стæм! Ам арфдæр у нæ равзаринаг фарста.

БОРÆТЫ ХИСТÆР. Омæ йæ равзарæм æмсæр æмæ æмзондæй (*Ныхас сдзолгъо-молгъо ис.*)

УЫРЫЗМÆГ. Æрсабыр ут… Сæууай нæ хæстонтæн сæ балхон у, сæ фæтæг. Ис ын бар нæ ныхасмæ цыфæнды фæндон дæр хæссын. Нæ хæс у махæн та, нæ нæрæмон фыдæлтæй нын цы баззад, уыцы нæртон æгъдау æххæст кæнын. (*Хистæртæм.*) Сымахмæ у мæ ныхас! Цы ми æрцыд ныртæккæ ам, уыдыстут ын æвдисæн. Уæ зонд æй банкъардта, уæ цæстытæ йæ федтой. Нарты Ныхасы фæткмæ гæсгæ нæ алчи дæр йæ фæнд, йæ хъуыды хъуамæ раргом кæна, цæмæй зæгъæм Сæууайæн «о», кæнæ та «нæ». Уæдæ нæ тæрхон райдайæм. Сыбæлцыл хъоды бакæныныл чи у разы, уый сыстæд, чи нæу разы, уый бадгæ баззайæд. (*Ныхасы хистæртæ бадгæ баззайынц.*) Сæууай, мæ хур, дæ фæндон дын нæ хистæртæ нæ айстой, æмæ нын нæй нæ уыцы ‘гъдауæн халæн.

СÆУУАЙ (*мæсты худт бакæны*). Цы гæнæн ис. Æгъдæутты сæрты мæ бон нæу ахизын мæнæн дæр. Мæ ныхас исын æз фæстæмæ. Фæлæ уæ уынаффæ цы расайдзæн, уый кæстæртæ фæстагмæ фендзысты. Æртхъирæн уæм, мыййаг, нæ кæнын, мæ рагфæдзæхст у уый. Ныр та хатыр, цæуын, хъуыддæгтæ мæ ис, ахсджиаг хъуыддæгтæ. (*Ацæуы. Ныхас иудзæвгар ныхъхъус.*)

УЫРЫЗМÆГ (*æрæджиау æрхæндæгæй*). Æрлæууыд нартæн се сæфтæн йæ райдиан…

## Цыппæрæм ныв

*Сæууайы хæдзар. Уат. Сæууай йæ къæлæтджыны бады æнæзмæлгæ. Бæрæг ыл у, цæуылдæр арф кæй ныхъхъуыды кодта, уый. Фæзыны Зæлда.*

ЗÆЛДА. Цы дыл æрцыд, мæнæ лæг? Æртæ боны æдзæмæй бадыс. Нæ дон ацыд дæ хъуыры, нæ къæбæр. Комдзагæй уæд та фæсай дæ ахсæн.

СÆУУАЙ. Нæ мæм цæуы. Ныууадз мæ.

ЗÆЛДА. Уагæры цы маст бацыд дæ риуы? Мæнæн ын нæй зæгъæн?

СÆУУАЙ. Мæ маст дæумæ нæ хауы. Куы дын загътон, мæхи бар мæ ныууадз.

ЗÆЛДА. Фæстаг рæстæг æгæр хъусыс дæхимæ. Уый хорзы нысан нæу!

СÆУУАЙ (*сонтæй*). Ныууадз мæ, загътон, гукк!

ЗÆЛДА. Хатыр… Дæ хæстонтæй дыууæ дзæвгар рæстæг лæууынц нæ кæрты. Зæгъынц, фæзындысты дæ дзырдмæ.

СÆУУАЙ. Фæдзур сæм, æмæ æрбахизой мæ уатмæ.

ЗÆЛДА. Зæгъдзынæн сын. (*Ацæуы. Чысыл рæстæджы фæстæ уатмæ æрбахизынц Кæрæз æмæ Бурдзи.*)

КÆРÆЗ. Фарн а хæдзары уæд! Дзырдтай, дам нæм, нæ буц фæтæг.

СÆУУАЙ. О, дзырдтон… Кæрæз æмæ Бурдзи, мæ хъус уæм дарын рагæй. Уынын мæхи цæстæй, кæй уæм ис ныфс æмæ хъару. Уæдæ кæй стут зондæй дæр æххæст, уым мисхал дæр дызæрдыджы кой нæй. Цæстмæхъус нæу мæ ныхас, æмæ уын комкоммæ зæгъын. Ныфс мын стут! Уæ зонд æмæ уæ хъаруйæ мæ тыхыл 'фтаут тых. Æз ахæм хæстонтæй вæййын æдзух сæрыстыр, стæй канд æз нæ – æгас нарт дæр!

БУРДЗИ. Æгæр нæ ма буц кæн, Сæууай, кæннæуæд кæс, æмæ нæхи дæр бауырндзæн.

СÆУУАЙ. Цы ис мæ ныхæсты козбауæй? Æви, цы кусон, уый мын нæй æмæ уын сæнттæ цæгъдынын схæцыдтæн?

КÆРÆЗ. Хатыр, Сæууай… Мах хæстонтæ стæм. Уæлмонц ныхæстыл не стæм ахуыр. Фæлæ, куы бахъæуа, цæттæ стæм нæртон лæджы сæраппонд нæ удтæ раттынмæ.

СÆУУАЙ. Уырны мæ уый. Гъе уыцы миниуæг хынцгæйæ, мæнæн мæ зæрды ис мæхимæ уæ æрбахæстæг кæнын. Хъæуы мæ æххуысгæнджытæ; æууæнк кæуыл ис, мæ цæст чи уа, мæ хъустæ. Куы бахъæуа, хæстоны разæй чи цæуа стæры. Нæртон фæсивæды 'хсæн æз равзæрстон сымах. Уырны мæ фидарæй, уæ иуæй дæр нæ уыдзынæн фыдæнхъæл. Цы зæгъдзыстут мæ фæндыл?

БУРДЗИ. Дæ фæнд æнæнхъæлæджы у махæн. Фæлæ нын у æхцон, æгайтма ныл æууæндыс.

СÆУУАЙ. Мæн бæлвырддæр дзуапп хъæуы.

КÆРÆЗ. Дæ фæндон æз æмæ Бурдзийæн æнæмæнг стыр кады нысан у. Æхсызгонæй æрлæудзыстæм дæ фарсмæ. Куы бахъæуа сæраппонд, нæ иуæй дæр нæ уыдзынæ фæсмонгонд. Цæттæ стæм мах!

СÆУУАЙ. Бузныг! Æндæр дзуапмæ нæ кастдæн æз æнхъæлмæ. Мæ фæнд та ахæм у! Фæнды мæ уый, цæмæй мын уат мæ сæйрагдæр хæстонтæ. Нæртон бæстæ æмæ йæ адæмы æдасдзинад куыд уа уæ бар. Бæрнондзинад дзы бирæ ис, æмбарын æй, зын уын уыдзæн фыццæгты. Сымах кæмдæрты бахъæудзæни суанг нæртон æгъдæутты сæрты ахизын дæр, æмæ ныфсджындæр ут, уырнæд уæ, уæ ми уыдзæн нæ фидæны сæраппонд.

КÆРÆЗ. Стæм бузныг мах де 'ууæнк æмæ дæ рæдаудзинадæй. Ныфс мæ ис фидарæй, дæ цæсгом мах фыдæй кæй никуы уыдзæн чъизи. Æнхъæлмæ дын кæсдзыстæм дæ фыццаг фæдзæхстмæ.

СÆУУАЙ. Фæдзæхст мæм ис бæргæ, фæлæ, тæрсын, æгæр уæззау куы разына сымахæн.

БУРДЗИ. Уæззау? Галы уæз мæ бон у сисын.

СÆУУАЙ (*бахуды*). Бурдзи, уæлæнгай у дæ хъуыды.

КÆРÆЗ. Уæззау уа, рог, фæбæлвырд кæн дæ фæдзæхст. Куыд нæ бон уа, æххæст кæнын – нæ бар. Зæгъ æй æрмæст, цæмæй йыл иумæ асагъæс кæнæм.

СÆУУАЙ. Хорз. Зæгъдзынæн æй. Кæд мын зын у, кæд йе скойæ мæхи зæрдæ ныккæрзы, уæддæр ын нæй æнæ зæгъгæ. Нарт рагæй дæр тыхджын уыдысты сæ иудзинады фæрцы. Цæргæбонты уыдысты æмсæр æмæ æмзонд. Нæ коймæ дæр иу не знаг æмризæджы рызтис. Кæм уæндыд маргъ æдæрсгæйæ нæ сæрты атæхын. Фæлæ, зæгъынц, мæсыг йæхи дурæй хæлы. Хъыгагæн, ахæм дуртæ нæм фæзынд. Æмæ куынæ 'рцæуой йæ афоныл фæивд, тæрсын, нæ нæртон мæсыг куы ныззила бындурыл. Фыццаджыдæр, мæ ныхас у Сыбæлцыл. Куы уын зæгъын, зын дзы у знаг зæгъын. Æмуæхск фæхæцыдыстæм знаджы ныхмæ иумæ, æмæ уысмы бæрц дæр нæ фæтасыд йæ цонг. Фæлæ фæци дысвæлдæхт ныр. Нæ иудзинад нын халы! Цы 'ртæ мыггаджы цардысты цæргæбонты хæларæй, уыдоны рахъавыд кæрæдзийæ фæиппæрд кæнын. Уый нæ, фæлæ ма архайы, цæмæй нæ хæстонтæ дæр адих уой мыггаггай. Уый нартæн се сæфт у! Уæвгæ, нæ хистæрты ныхасы уæхæдæг дæр уыдыстут æмæ уыдтат, куыд нынкъуысти нæ мæсыг.

КÆРÆЗ. Цы домыс махæй ды?

СÆУУАЙ. Хъæуы мæсыгæн йæ хæлд дур рафтауын æмæ йæ къæдзæхæй нывзилын.

БУРДЗИ. Куыд?.. Маргæ?

СÆУУАЙ. Уæууа, Бурдзи, дæ ныхас æгæр гуырымыхъхъ у. «Аиуварс» фæлмæндæр ныхас нæу?.. Цæй, цы ныхъхъус стут? Æмбарын уæ. Зын у, уæхски-уæхск цы хæстонимæ бавзæрстай зынтæ, уый знаг рахонын. Нæу мæхицæн дæр æнцон, фæлæ нæ адæмы сæраппонд фæхъæуы иуæй-иу хатт зындзинадæн йæ сæрты ахизын… Цы зæгъдзыстут? Кæсын æнхъæлмæ дзуапмæ.

КÆРÆЗ (*æрæджиау*). Цæттæ стæм мах.

СÆУУАЙ. Иттæг хорз. Æрмæст ныхæй-ныхмæ тох ма сфæнд кæнут йемæ. Тыхджын у арсау. Гæбазгай уæ ныккæндзæн. Хуыздæр у хинæй архайын. Аивæй йын бакойтæ кæндзыстут, кæй уæ фæнды йæ фарсмæ æрбалæууын æмæ цæттæ кæй стут суанг мæн амарыныл дæр. Хин цыфæнды хотыхæй тыхджындæр у, уæ зæрдыл дарут. Рæствæндаг ут! (*Кæрæз æмæ Бурдзи хъавынц ацæуынмæ.*) Фæлæуутт! Æрбайрох ма мæ иу хъуыддаг. Нæ мæсыджы ма ис иу хæлд дур. Йæ ном – Сырдон. Уыцы дур мæсыгæй æппаргæ нæу. Йæхæдæг рахаудзæн. Фæкъахыр æй хъæудзæн æрмæст.

БУРДЗИ. Куыдæй?

СÆУУАЙ. Сырдонæн ис хæрз къаннæг цот… Йæ зæрдæ сыл фæрисдзæн.

БУРДЗИ. Куыд? Æнахъом сабиты?

КÆРÆЗ (*йæ ныхас ын айсы*). Æмбæрст нын у дæ хъуыды. (*Ацæуынц.*)

СÆУУАЙ. Мæ цæсгом – ме 'вдисæн, дæхи уыд аххос. Мæ адæмы сæраппонд нæ уыдзæн уый фыдракæндыл нымад.

*Сценæ æрталынг вæййы.*

## Фæндзæм ныв

*Сыбæлцы хæдзар. Кæрт. Сыбæлц бады æмæ йæ галты æфсондзимæ архайы. Кæртмæ æрбазгъорынц йæ сабитæ Фидар æмæ Гæбис.*

ФИДАР. Дада, æццæй, нæ хъулон галыл цавæр ном сбаддзæни хуыздæр, Домбай æви Богал?

ГÆБИС. Домбай хуыздæр ном у, зæгъын!

ФИДАР. Æз та зæгъын Богал!

СЫБÆЛЦ (*бахуды*). Æмæ кæм бахъуыди нæ хъулон галы ном?

ГÆБИС. Куыд кæм? Махæй ис алкæмæн дæр ном? Уæд нæ хъулон гал цы аххосджын фæци? Тæригъæд нæу?

СЫБÆЛЦ (*бахуды фæлмæн*). Тæригъæд у, ай-гъай. Домбай у хорз ном, фæлæ Богал номæй дæр нæй æвзæр зæгъæн. Нæ, фæлæ-ма бадæлут, æмæ хъæбысæй рахæцут. Чи фæуа уæлахиз, нæ хъулон галыл номæвæрæг уæд. Цæттæ стут?

ФИДАР, ГÆБИС (*иумæ*). Цæттæ!

СЫБÆЛЦ. Уæдæ уæд райдайут. Æз уын тæрхонгæнæг уыдзынæн.

(*Дыууæ сабийы хъæбысæй хæцынц. Фæстагмæ Фидар фæуæлахиз вæййы.*)

ГÆБИС (*скæуынæввонгæй*). Мæ къахыл мын ныддæвдæг и, æндæр…

ФИДАР. Исты дзы вæййы!

СЫБÆЛЦ. Быцæу цæмæн кæнут, гормæттæ? Хъæбысхæст хъазт куы у æрмæст. Абон Фидар фæуæлахиз, райсом та – Гæбис. Æмæ цæмæй уæ иу дæр ма фæуа зæрдæхудт, уыйадыл мæм ис иу фæндон. Нæ галæн раттæм ном Домбай Богал. Куыд уæм кæсы, сбаддзæн ацы ном нæ галыл?

ФИДАР, ГÆБИС (*иумæ*). Куыннæ ма!

СЫБÆЛЦ. Уæдæ цæут, нæ галты бафсадут, цæмæй сæ дзывырыл домбай богæлттау ауæдз акæной нæ хуымыл.

ФИДАР. Хорз, дада! *(Ацæуынц. Фæзыны Фæрдыг.)*

ФÆРДЫГ. Æртæ мыдамæсты дын ракодтон. Хуыцаумæ скув, цæмæй дæ фыццаг ауæдз рауайа бæркадджын.

СЫБÆЛЦ. Бæркадджын уæд дæ къæбиц, не ‘фсин! Хуыцаумæ бакувын – мæ бар! Фæдзур мын лæппутæм æмæ дæ ронгæй рауадз. (*Фæрдыг дурынæй сыкъамæ нозт рауадзы, дæтты йæ Сыбæлцмæ. Æрбазгъорынц Фидар æмæ Гæбис.*) О Стыр Хуыцау, табу Дын уæд!

ЛÆППУТÆ. Оммен, Хуыцау!

СЫБÆЛЦ. Ды сфæлдыстай нæртон адæмы. Радтай нын хъару, сæрызонд æмæ ныфс. Æмæ дæ ахъазæй куыннæ сæтта нæ ныфс, нæ хъаруйыл хъару куыд æфта, нæ зондæй та куыд агурæм фарн æмæ рæстдзинад, о Стыр Хуыцау, фæкæн нæ уыцы хæрзтæй хайджын!

ЛÆППУТÆ. Оммен, Хуыцау!

СЫБÆЛЦ. Уалдзæг ныл æрлæууыд ногæй. Дæ фæрцы та æртæфсти зæхх, фыццаг ауæдз ыл ауадздзыстæм абон, æмæ табу Дæхицæн, Стыр Хуыцау, рæстмæ нын æй фæкæн! Нæ фæззæджы фæллойæ Дын куыд кæнæм мах куывдтæ!

ЛÆППУТÆ. Оммен, Хуыцау!

СЫБÆЛЦЦ. Нæ кæстæртæ уæд Де уазæг! Куыд никуы ‘взарой тыхст æмæ уырыд! Куыд ферох уой нæртон зæххыл хæрамдзинад, гадзрахат, тыхми æмæ тыхæвзар, гъе уый нын, нартæн, бауарзæд дæ цæст! Мыдамæстытæ дæ номыл конд сты, æмæ сæ айс æхцонæй!

ЛÆППУТÆ. Оммен, Хуыцау! *(Ацаходынц ронг æмæ мыдамæсттæй.)*

СЫБÆЛЦ. Цæттæ сты галтæ?

ФИДАР. Цæттæ!

ГÆБИС. Æрмæст куыннæ бафæллайой, афтæ!

СЫБÆЛЦ (*бахуды*). Уый уын мæ бар! (*Ацæуы. Йæ фæдыл лæппутæ дæр ахизынц.*)

ФÆРДЫГ. Сызгъæрин Лæгты Дзуар, дæ фæдзæхст уæнт!

*Чысыл рæстæджы фæстæ дардæй райхъуысы Сыбæлцы хъæлæс: «Гъей, гъей, къобортæ, раст ауæдз уæ хай!»*

## Æхсæзæм ныв

*Сырдоны хæдзар. Кæрт. Дыууæ къаннæг сабийы ерыс кæнынц фатæй æхсыныл.*

ФЫЦЦАГ ЛÆППУ. Гъе хæлиудзых, дæ фат зиллаккыл дæр куынæ сæмбæлыд. Кæс мæнæ æмæ сахуыр уай, фатæй куыд æхсын хъæуы, ууыл. (*Фехсы.*) Федтай, кæм ныссагъдис мæ фат?

ДЫККАГ ЛÆППУ. Ай-гъай, ды нысанмæ дыууæ къахдзæфы лæууыдтæ хæстæгдæр. Уæдæ-ма мæнæ зиллакк акъуыр ардыгæй.

ФЫЦЦАГ ЛÆППУ. Æнцонтæй! Лæмбынæг кæс! (*Фехсы.*)

ДЫККАГ ЛÆППУ. Уыныс, дæ фат куыд фæивгъуыдта, уый?

ФЫЦЦАГ ЛÆППУ. Ардыгæй йæ ды дæр нæ акъуырдзынæ.

ДЫККАГ ЛÆППУ. Уæдæ-ма кæс! (*Фехсы.*) Уыныс, зиллаккæн йæ тæккæ астæу куыд ныссагъд, уый?

*Фæзынынц Кæрæз æмæ Бурдзи.*

КÆРÆЗ. Байриат, æмæ рæстмæ уæ ерыс уæд, Сырдоны сагсур фæдонтæ!

ФЫЦЦАГ ЛÆППУ. Æгас цæут, фæлæ дада хæдзары нæй.

КÆРÆЗ. Зонæм æй, мæ къона. Æрвитгæ дæр нæ Сырдон ракодта ардæм. Сæрджын саг амардта уæ фыд, фæдзæхста нæ, цæмæй уын æй

зæгъæм, æмæ йын йе 'рцыдмæ егъау цуайнаг аг байдзаг кæнат донæй, гъе стæй йын бандзарат йæ быны арт. Дзадждзын хæйттæ уæм 'рхаудзæни гъеуæд! Фæтагъд кæнут, дон хъуамæ йе 'рцыдмæ фыца!

ФЫЦЦАГ ЛÆППУ. Фехъуыстай, Уари? Дада сæрджын саг амардта! Æз дон сдавдзынæн, ды та æндзаргæ аджы быны арт! (*Лæппутæ азгъорынц.*)

БУРДЗИ (*æрæджиау*). Цы ма уыдзæн æбуалгъдæр ми. Хуыцау нын æй нæ ныббардзæн, тæрсын.

КÆРÆЗ. Æрсабыр у! Æви цæргæбонты дæллаг галæй хæтинаг дæ?

БУРДЗИ. Дæллаг галæй ныффæлладтæн, уый раст у, фæлæ æнахъом сабиты!..

КÆРÆЗ. Ныууадз дæ тъизын! Зынæй дзы ницы ис. Нысхойдзыстæм сæ аджы æмæ йын йæ сæр æрæхгæндзыстæм фидар. Æхцон нæу ацы ми мæнæн дæр, бамбар, нæ дæн хъæддаг тугдзых, фæлæ фæтæджы 'ххуысгæнæг дæр мæнæ хъуыддаг нæу.

БУРДЗИ. Нæ батасдзæн мæ къух!

КÆРÆЗ. Лæхъирæг! Гъæйтт кæн уæдæ хъæмæ! Æрмæст æй зон, райсом бон дæ сæр фæтæхдзæни дæ гуырæй!.. Цæмæ ма лæууыс? Ацу! (*Бурдзи йæ бынатæй не змæлы.*) Гъе уæдæ дæхи æрæмбар æмæ цæттæйæ лæуу. Нæхи фæндон, мыййаг, куы нæу. Уый бардзырд у, æмæ йæ 'ххæст хъæуы хæстонæн. Уыдзæн дæ фидæн уый фæстæ бæллиццаг.

БУРДЗИ (*катайгæнгæ*). Нæма рафыхт сæ дон?

КÆРÆЗ. Афон у. Цæуæм.

*Фæаууон вæййынц. Чысыл рæстæджы фæстæ райхъуысы сабиты цъæхахст. Кæртмæ ралидзы Фыццаг лæппу, фæлæ йæ Кæрæз уайтæккæ рацахсы æмæ сывæллонимæ фæаууон вæййы. Райхъуысы йæ карз ныхас: «Æрæхгæн аджы сæр! Гъе афтæ!»*

КÆРÆЗ (*фæзыны*). Цæугæ пыхсбынты суадоны 'рдæм. Уым фембæлдзыстæм. Марадз! (*Фæйнæрдæм ацæуынц. Чысыл рæстæджы фæстæ фæзыны Сырдон. Нæлгоймаджы æккойы – суджы æргъом.)*

СЫРДОН. Цы фестут, цы, мæ гуыдынхъустæ? Фыццаг мæ размæ чи разгъора, уымæн мæм армы дзаг мæнæргъы!.. Гуыдынхъустæ!.. Мæнæй та бамбæхстыстут, нæ? Нымбæхстыстут та аджы æви кæм? Ныртæккæ уæ ссардзынæн, ныртæккæ! (*Фæаууон вæййы. Чысыл рæстæджы фæстæ райхъуысы йæ удаист хъæр. Рахизы. Йæ буар*

*æгасæй дæр ризæгау кæны.*) Мæ хъæбултæ!.. Цæуылнæ аскъуыйы уæ тæригъæдæй зæхх!.. О Стыр Хуыцау, цы Дын кодтам, Дæ цæхæртæй цæмæн бабын мæ къона?.. Мæ зæронд сæр куы фæци додойаг!.. Мæ уд мын айстаис, Хуыцау, цы Дын кодтой тæригъæддаг хъæбултæ? Куыннæ Дæм фехъуыст сæ рисс æмæ сæ марой?.. Æлгъыст фæут æнустæм, мыггагмæ сын сæ тæригъæд хæссут. *(Йæ зонгуытыл æрхауы.*) Мæ хъæбултæ!..

## Æвдæм ныв

*Æрдуз. Фæзынынц Фидар æмæ Гæбис.*

ФИДАР (*хъæрæй*). Дада! Фæуадз дæ куыст! Гыцци дын ахуыйæн рарвыста!

ГÆБИС. Галтæ дæр сæ фæллад суадзой! Сæ фынк сын уæртæ куы акалдтай!

СЫБÆЛЦ (*фæзыны ронбæгъдæй*). Мæ къонатæ фæкæнут, сæ дадайы чи нæ кæны рох.

ГÆБИС. Галтæ тæригъæд сты, æндæр…

СЫБÆЛЦ (*бахуды*). Æндæр дæхæдæг цасфæнды дæр кус, и?

ГÆБИС. Нæ, æз афтæ зæгъинаг нæ уыдтæн.

ФИДАР (*дурын райсы*). Æрæхс, дада, дæ къухтæ. Цæттæ у сихор. (*Сыбæлцы къухтыл дон æркæны.*)

СЫБÆЛЦ. Куыд у мæ хуымы конд? Уæ зæрдæмæ цæуы?

ФИДАР. Æгæр, дада, æгæр!

СЫБÆЛЦ. Æрбадут, æмæ комдзаг скæнæм иумæ.

ГÆБИС. Мах хæрдджын стæм, дада. Ды акомдзаг кæн, мах та галты донмæ акæнæм. Хæрзаг дойны сын у!

СЫБÆЛЦ. Æмбæлы уый дæр. Æрмæст ут арæхсгæ, хъулон гал фыдуаг у.

ГÆБИС. Хъулон гал нæ, фæлæ Домбай Богал! Куы йыл сæвæрдтам ном.

СЫБÆЛЦ (*худы*). Уæууа, куы мæ ферох. Домбай Богалмæ арæхстгай кæсут.

ГÆБИС. Мæхи бар-ма йæ уадз! (*Фидар æмæ Гæбис ацæуынц.*)

СЫБÆЛЦ (*кæсы сæ фæстæ*). О Стыр Хуыцау, Дæуæй æз иунæг бæллиц курын. Мæ кæстæрты мын амондæй фæхай кæн, æмæ Дын уæд мæ уд дæр ма нывонд! (*Фæзынынц Кæрæз æмæ Бурдзи.)*

КÆРÆЗ. Дæ бон нын хорз, æмæ рæстмæ дæ хъуыддæгтæ фæуæнт, нæ тохæмбал Сыбæлц!

СЫБÆЛЦ. Хуыцау уын арфæ ракæнæд мæ бæсты, æмæ хæрзæмбæлæг фæут! Æрбалæууут хæстæгдæр, нæ цæхх, нæ кæрдзынæй нын саходут фæрнæй.

КÆРÆЗ. Дæ цæхх, дæ кæрдзынæй бæркадджын у, æмæ хæлар дæхицæн.

СЫБÆЛЦ. Цуаны рацыдыстут? Сæрæй къæхтæм – гæрзифтонг. Уæ цæсгом дæр цыдæр тарстхуыз у цыма? Арс уæ расырдта, мыййаг?

КÆРÆЗ. Нæу цуан нæ цыды сæр. Ныхас нæ ис дæуимæ.

СЫБÆЛЦ. Гæрзифтонгæй?

БУРДЗИ. Хæстонтæ стæм. Уæм хъуамæ алцæмæ цæттæ.

СЫБÆЛЦ. Цы хоныс, Бурдзи, алцы?

БУРДЗИ. Цы, куы зæгъай, уæд хи адæмы ‘хсæн знæгтæ дæр фæзыны. Хæстоны хæс та – афоныл сæ иртасын.

СЫБÆЛЦ. Æмæ, Бурдзи, цымæ, æгъгъæд нæма у кæрæдзимæ фаты бырынкъæй кæсын? Знаг нын нал ис, æмæ йæ нæхи ‘хсæн агурын нæ хъæуы. Æрцауындзут уæ гæрзтæ! Афон у! Фаг фæуæд цæрын кæйдæр тыхист тæригъæддаг фæллæйттæй! Акæсут-ма уæртæ! Хуыцау нын радта сойджын зæхх. Ныссадз дзы хор æмæ фæззæг æркæрд дæ фæллой. Æрзайын кæн дæхи къухтæй нæртон хор, æмæ уыдзæн тыхист мыдæй хæрзаддæр. Нæхи зæххытæ хæмпæлы бын фесты, мах та кæйдæр зæхмæ лæбурæм. (*Кæрæз æмæ Бурдзи кæрæдзимæ бакæсынц.*)

КÆРÆЗ. Уæууа, Сыбæлц, бынтондæр нæ куы ныккодтай дæлджин. Мах дæм уынаффæ ‘ххуыс æрбакъул кодтам нæхи, ды та нын уайдзæфтыл схæцыдтæ æнæ ‘фсон.

СЫБÆЛЦ. Хатыр, кæд уæ, мыййаг, æнæ аххосæй æфхæрын. Зæгъут, уынаффæ уæ хъæуы, æмæ, мæнмæ гæсгæ, мæ уынаффæ хъуаг не стут, фæлæ уæм байхъусын мæ бар фæуæд.

КÆРÆЗ. Дæ зæрдæйы хъынцъыммæ дын зæрдиагæй фæхъуыстам. Уæдæ, нарты Ныхасы дæр нæ балхонæн куыд бакъуырдтай йæ ных дæ рæстдзæвин ныхасæй, уый дæр уыдтам. Цы йæ ‘мбæхсæм, дæ фидар фæнд нæ фидæнæн йæ цардыуаг раивыны охыл нæ зæрдæмæ фæцыд. Фæнды нæ тынг, цæмæй æрбалæууæм дæ фарсмæ æмæ æмцæдис уæм

дæуимæ. Æмвæнд куы уæм, уæд нын, мæнмæ гæсгæ, уыдзæн æнцондæр Сæууайы ныхмæ æрлæууынæн.

СЫБÆЛЦ. Фыдæй-фыртмæ нæртон адæм æмсæр сты, ныхæй-ныхмæ нæ уыдысты, нæ кодтой къордгай дихтæ. Сæууайы ныхмæ рацæуæм, зæгъыс, æмæ мæнмæ уæ фæнд кæсы гадзрахат ми. Сæрмæ хæссинаг нæу нæртон лæгæн фæсаууон хахуыртæ кæнын. Зæгъут уæ балхонæн уæ фæнд æргомæй, комкоммæ лæгау æмæ сæрибарæй уæ царды кой кæнут. Æмæ ма иу хъуыддаг уæ зæрдыл дарут: Сæууайы ныхмæ сусæгвæнд мæ сæрмæ не ‘рхæсдзынæн æз. Куы бахъæуа, уæд йемæ лæгæй-лæгмæ æрлæудзынæн ныхасмæ. Хатыр, нæ ныхас ууыл фестæм. (*Фæцæйцæуы.*)

БУРДЗИ. Фæкæс уæдæ дæхимæ, куыдз! (*Сыбæлцы фæсонты кард ныссадзы.)*

СЫБÆЛЦ (*сонт зылд фæкæнгæйæ, Бурдзилы хурх ацахсы æмæ йæ йæ быны ракæны*). Æнамонд гуырд, ссар уæдæ дæ мæлæт! (*Хурх кæны Бурдзийы.)*

КÆРÆЗ (*базгъоры æмæ Сыбæлцы кардæй цалдæр рæхуысты фæкæны.*) Ныммæл уæдæ, æнæсæттон гуымиры! (*Алидзы.*)

СЫБÆЛЦ (*тыхамæлттæй*). Гадзрахат ми... кæд дын уыдзæн кæрон?.. (*Æрхауы Бурдзийы фарсмæ.)*

## Æстæм ныв

*Сæууайы уат. Изæрмилтæ. Уаты Сæууай æмæ Зæлда.*

СÆУУАЙ. Не ‘фсин, æхсæвæрæн мын исты фен. Æнафон у. Суадз ды дæр дæ фæллад. (*Зæлда æнæдзургæйæ фынг æвæры.*) Ацы бон дæ дзыхæй иу ныхас куыннæ схауы? Цæуылдæр мæм мæсты дæ, цыдæр у… Исты мæм сдзур, дæ дзыхы дон ис?

ЗÆЛДА. Цы дын зæгъон? Нарты бæстæй бонæй-бон æвирхъауæй-æвирхъаудæр хабæрттæ хъуысы, æз та мæ мидбылты куыннæ худдзынæн ам.

СÆУУАЙ. Æз дæр сæ фехъуыстон, ай-гъай… Сырдон мæнæрдыгæй цыфæнды фæуæд, фæлæ йæ сабитæ… Сæ тæригъæдæй къæдзæхтæ дæр ниуынц. Æмæ Сыбæлц та уæд, Сыбæлц! Мæ хæстон тохы `мбал Сыбæлц!.. Йæ марæджы ныххурх кодта бæргæ, фæлæ йæхæдæг дæр фæци мæлæтдзаг. Ныббаргæ не сты ацы митæ! Сæ амидингæнджытæ авд хохы сæрты куы ахизой сæ сæртæ æфснайынмæ, уæддæр сæ

ссардзынæн, æмæ мæхи къухæй сæ кортотæ фæтæхдзысты сæ гуыртæй!

ЗÆЛДА. Зæгъынц, фæхъаугъа дæ æрæджы нарты Ныхасы Сыбæлц æмæ Сырдонимæ.

СÆУУАЙ (*сонтæй*). Цы зæгъинаг дæ уымæй?

ЗÆЛДА. Æз ницы. Фæлæ тæрсын, нæ адæмæн сæ дызæрдыг дæуæрдæм дæр куы фæуа.

СÆУУАЙ. Æз та дзы цалæм дæн? О, хъаугъа нæм рауад. Растдæр зæгъгæйæ та хуымæтæджы быцæу ныхас. Мæныл быцæутæ цал хатты æрцыд, уал хатты лæгтæ куы марин, уæд ма нæ уæлмæрды бынат кæм уаид… Æгъгъæд ыл дзурæм. Ныууадз мæ иунæгæй. Цæугæ дæ уатмæ. Суадз дæ фæллад.

ЗÆЛДА. Хæрзфынтæ фен!

СÆУУАЙ. Ды дæр.

*Зæлда ацæуы. Сæууай ма иучысыл абады, цæуылдæр ныхъхъуыды кæны, стæй йæ сынтæгыл йæхи æруадзы. Чысыл рæстæджы фæстæ уатмæ æрбахизы цавæрдæр æндæрггонд удгоймаг урс пæлæзы. Сæууай йæ ауыны æмæ фæгæпп ласы йæ хуыссæнæй.*

СÆУУАЙ. Кæцы дæ уый? (*Йæ цирхъ фелвасы.*) Куыд бахастай дæ ныфс æнафоны мæ уатмæ?

ÆНДÆРГ. Ныссадз дæ цирхъ йæ кæрддзæмы, Сæууай. Нæртон адæм нæ истой уазæгмæ цыргъаг.

СÆУУАЙ. Уазæг? Кæм дыл амбæлд мæ хонæг? Чи дæ?

ÆНДÆРГ. Хуыцауы минæвар дæн æз. Дæумæ дæн ‘рвыст йæ фæндонæй.

СÆУУАЙ. Цы загътай, цы? Хуыцауы минæвар? (*Æлхыскъæмхасæн.*) Æмæ кæм и йæхæдæг? Æви йын нæртон лæгимæ фембæлд сæрмæ хæссинаг нæу? (*Сонтæй.*) Гъы, дæлимонты фæтдзæгъдæн, кæй сайыс ды! *(Цирхъæй йæ æрцæвынмæ куыд хъавы, афтæ йæ хæцæнгарз йæ къухтæй æрхауы. Кард фелвасы æмæ йæ барæхойынмæ куыд рахъавы, афтæ та уый дæр йæ къухтæй æрхауы.)* Чи дæ? Кæлæнгæнæг æви хæйрæг?

ХУЫЦАУЫ МИНÆВАР. Дæ фарстæн дзуапп уыди мæнæй. Ныр та æруазал кæн дæ зонд æмæ мæм хъус лæмбынæг.

СÆУУАЙ *(йæхицæн дзурæгау)*. Уый циу? Фын уынын кæд, мый-

йаг?.. Пъæззы мыл цæмæн ныббадт? Мæ буар куы ‘рлæмæгъ ис бынтон… Фæлæ дæ ма фæсайæд уый! Мæ ныфс мæхимæ ис, æмæ нæ бауыдзæн йæ астæттын дæ бон.

ХУЫЦАУЫ МИНÆВАР. Дæ кард дæ кæрддзæмы нытътъыс æмæ мæм байхъус.

СÆУУАЙ. Нæ зонын, чи дæ, Хуыцауæй ‘рвыст æви дæлимонты фæтдзæгъдæн, фæлæ мын зæгъ, цы у де ‘рбацыды сæр?

ХУЫЦАУЫ МИНÆВАР. Зæгъдзынæн æй. Сæууай, цæргæбонты Хуыцауы раз тæригъæдджын дæ ды. Æлгъитыс æй, кæныс æм додой, кæм фæкæлыс, уым аххосаг – йæ ном, æмæ та ссарыс уыдæттæн æфсон дæр: «Кæй нæ уынын, уый нæй, æмæ йæ мурмæ дæр нæ дарын». Хуыцау фæразон у, нæртон адæмы уарзы æмæ уын алкæд дæр уæ тæригъæдтæ бары. Фæлæ ис алцæмæн дæр бæрц. Ды бацыдтæ æнахъом сабиты тæригъæды, дæ фæндæй æнаххос адæймаг мæрдты фæндагыл араст. Цы ма вæййы æвирхъаудæр дæ мийæ?.. Куы зæгъын, фæразон у Хуыцау, æмæ ма дын дæтты дæ тæригъæдтæ ссыгъдæгæн фæрæз. Райсомы бон æппæт нарт дæр æмбырд кæндзысты нарты Ныхасы фæзмæ. Ды уыцы ран æгас адæмы раз дæ тæригъæдтыл басæтдзынæ æргом. Ракурдзынæ хатыр Хуыцауæй æмæ нартæй. Нарты Ныхас дын рахæсдзæн тæрхон. Уыдзынæ хъодыгонд. Фæцæудзынæ ды нарты бæстæй тард æмæ æрцæрдзынæ Гæмæх хохы лæгæты.

СÆУУАЙ. Дæ ныхæсты Хуыцауы ‘ххуыс нæ уынын.

ХУЫЦАУЫ МИНÆВАР. Хуыцау дын хъахъхъæндзæн дæ уд æмæ йæ дæ удхæрттæй кæндзæн сыгъдæг.

СÆУУАЙ. Мæ уд? Æмæ мæн ахæм цард кæм бахъуыд? Уыры, мыййаг, куынæ дæн! Нæ, нæ, мæ хур! Мæ миты æз фыдракæндтæ нæ хатын. Кæд ис дæ Хуыцауыл цæстытæ, уына уæд хъуамæ, къæртгай куыд хæлы нæртон бæстæн йæ мæсыг. Ныххæлæттаг нæ иудзинад, йæ кад, йæ намыс ын фæйнæрдæм ивазæм, æмæ нæ алкæй дæр фæнды фылдæр æмæ дзадджджындæр хай йæхирдыгæй фæкæнын. Куы фæзына хоры къутуйы мыстытæ, уæд сæ куынæг кæнын хъæуы, кæннод дзы аззайдзæн цъæмæлтæ. Мæ уд дæр уыл хъарын æз, цæмæй мæ бæстæ уа нæ фæдонтæн сæ кадджыты мысинаг.

ХУЫЦАУЫ МИНÆВАР. Дæ ныхæстæ рæсугъд сты бæгуы. Фæлæ сæ мидæг мидисы апп нæй. Дæ рæстдзинад мæнг у, дæ фæндаг –

галиу… Нæ ныхас адаргъ ис бæлвырд. Хуыцау кæсы æнхъæлмæ дзуапмæ.

СÆУУАЙ. Хуыцау уал равзарæд рæстдзинадæн йæ мæнг æмæ йæ рæстад.

ХУЫЦАУЫ МИНÆВАР. Бæлвырддæр та?

СÆУУАЙ (*æнкъард мидбылхудтимæ*). Цы ма вæййы бæлвырддæр?

ХУЫЦАУЫ МИНÆВАР. Цы у дæ дзуапп Хуыцауæн?

СÆУУАЙ. Нæ дæн йæ фæндыл разы.

ХУЫЦАУЫ МИНÆВАР. Хорз. Дæ хъуыды йæм фæхæццæ уыдзæн тагъд. *(Æрбайсæфы. Сæууай сабыргай йæхимæ æрцæуæгау кæны.)*

СÆУУАЙ. Цы уыдис уый?.. Фын æви æцæг ми?.. Кæд фын уыди, уæд æй бæлвырд цæмæн хатыдтæн афтæ… Нæ, нæ, фын уыдаид… Мæ хъару – ног мæхимæ… Мæ зонд – йæ гаччы… Фын федтон уый, æнæмæнг! Гъы, кæлæнгæнæг, дæ фынтæй мæ тæрсын кæныс? Багъæц, дæ фæндтæ кæд нæ фæбадой дæ хъуыры!

*Уыдзæн ма*



# ТЕАТРЫ ТЫХХÆЙ ЗАГЪТОЙ

* * *

Ног роль-иу мын куы бахæс кодтой, уæд фыццаджыдæр æз архайдтон ууыл, цæмæй базонон, арф бамбарон сурæты бынат пьесæйы, йæ зондахаст, йæ миддуне, йæ размæ цавæр хæстæ лæууы. Алы хатт дæр архайдтон сурæтæн сæрмагонд сценикон фæрæзтæ ссарыныл.

Канд стыр рольтыл нæ, фæлæ хæрз чысылтыл дæр куыстон ме 'ппæт хъарутæй æмæ сæ кæддæриддæр арæзтон биноныг.

*ХЪÆРДЖЫНТЫ Варварæ*

* * *

Мæ кадджын æмæ ахсджиагдæр хæсыл нымайын адæмæн лæггад кæнын. Мæ бон цас уа, уымæй нæ бацауæрддзынæн мæхиуыл, цæмæй мæ аивадæй, ме 'хсæнадон архайдæй мæ фæллойады хай хæссон нæ адæмы хорздзинадæн, нæ сомбоны сæраппонд.

*КОЧЫСАТЫ Зоя*

* * *

Бæргæ, мæ фæндиаг куы уаид Ирон театр. Фæндид мæ, цæмæй нæ алы спектаклы дæр зал адæмæй йедзаг куы уаид, уый. Кæддæрау та «уæлдай билет» агурджытæ куы сбирæ уаиккой нæ уарзон театры цур.

*ЦÆРГÆСТЫ Дзамболат*

* * *

Æрыгон артисттæн мæ зæрдæ зæгъы амонд æмæ сæ зæрдæмæ хæстæг рольтæ. Сценæйыл хъазгæ нæ, фæлæ цæргæ кæнæнт, уымæн æмæ алы спектакль дæр цардæй чысыл фæзилæн у. Сæйрагдæр та – цы дæ, уымæй баззайын. Мах, хистæр фæлтæр та сæ хъуамæ уарзæм. Домгæ ныхас уарзæгой зæрдæйы ахастимæ куы кæнай, уæд рæздзысты, сæ фæлтæрддзинадыл æфтдзæн. Уарзондзинадæй иппæрдæй нæй нæдæр дæсныйад, нæдæр цард, нæдæр куыст.

*ДЗГОЙТЫ Аллæ*

* * *

Драмæйы артист хъуамæ уа æппæтвæрсыг курдиатæй хайджын, зарынмæ арæхсын у æрмæст æнтыстдзинадмæ фæндагамонæнтæй иу. Уæдæ заргæ æмæ кафгæ нæ кæны, уæд та йын сценæйыл ницы куыст ис, уымæн æмæ сценæйыл алцы дæр хъуамæ уа тынг аив æмæ рæсугъд фæлыст.

*СУАНТЫ Хъазыбег*

*ТОРЧЫНТЫ Дзерассæ,*
*театралон критик*

# НЫХАС ДЫУУÆ ТРАГЕДИОН ФÆЛГОНЦЫЛ

*Уац*

Актрисæйы сфæлдыстадон портрет сныввæндыны зондыл куы ныллæууыдтæн, уæд мæ бафæндыд мæнæ ацы фарстæн дзуапп ссарын: «Кæм агуырдæуы характер?» Цæгат Ирыстоны адæмон артисткæ Гæлæуты Зæлинæ диссаджы арæхстджынæй банкъары йæ хъайтары уды æппæт миннуджытæ дæр, æмæ йын йæ характер, йæ зондахаст сценæмæ рахæссы. Уымæн ын ахъаз у йе ʻддаг бакаст дæр – рæсугъд цæсгом, зæрдæлхæнæн цæстæнгас.

Сценæйыл ын йæ архайд бæстон равзаргæйæ, бамбæрстон – фæлгонцыл кусгæйæ, фыццаджыдæр тырны йæ хъайтары адæймагон ахастытæ, цардæмбарынады фæзилæнтæ раиртасыныл. Уыцы иу рæстæг сгæрст цæуынц хъайтарæн йæ психологи, йæ национ хиæмбарынад, традицитыл æнувыд уæвыны фæзилæнтæ, цы æхсæнады цæры æмæ архайы, уым адæмы ʻхсæн ахастытæ. Æвдисæнæн æрхæсдзыстæм, сценæйыл цы дыууæ цымыдисаг æмæ мидисджын фæлгонцы сарæзта, уыдон. Фæлæ уал цалдæр ныхасы зæгъын æмбæлы, характертæ нывæндыны зын фæндагыл куыд æмæ цæмæ гæсгæ æрлæууыд, уый тыххæй.

Гæлæуты Зæлинæ райгуырд театралон аивад æмæ сфæлдыстад йæ царды иу хай кæмæн уыдысты, ахæм бинонты ʻхсæн. Хуыздæр фидæн ын кæй аккаг кодтой йæ ныйиарджытæ, уымæ гæсгæ сæ фæндыд, цæмæй сценæмæ бар нæ дарæг дæсныйад равзæрстаид. Иумæ æрлæууыдысты уæлæдарæсы нывгæнæджы къабазыл, æмæ ма чызг хуыйæджы дæсныйадыл дæр сахуыр кодта. Одессæйы фæлварæнтæ лæвæрдта, æмæ йын хæрз чысыл баллтæ не сфаг ахуырмæ бацæуынæн. Æвæццæгæн æй хъысмæт сценæмæ арæзта, æмæ уыцы «тæрхоныл» æхсызгонæй сразы – сси Гергиты Валерийы номыл Аивæдты училищейы цур экспериментталон студийы студенткæ, кæд йæ ныйиарджыты зæрдæмæ ахæм уынаффæ нæ фæцыд, уæддæр. Актеры дæсныйады педагог ын уыд Ирыстоны фыццаг сылгоймаг-режиссер Брытъиаты

Зариффæ, æмæ йын уайтагъд йæ курдиатæн аккаг аргъ скодта. Уый нæ, фæлæ ма йын йæ фыды – актер æмæ режиссер Гæлæуты Анатолийы – сразы кодта йæхимæ йæ дыккаг курсмæ райсынил. Домаг педагог æмæ уарзæгой зæрдæимæ ныййарæгимæ æнцон кусæн нæ уыд, фæлæ чызг профессионалон æмæ адæймагон ахастыты 'хсæн «арæн» сæвæрын базыдта…

Райдайæнты куыд вæййы, афтæ уал сценæйыл йæ хъарутæ æвзарын райдыдта чысыл, сæйрагдæр лирикон хъайтарты фæлгонцты. Уæдмæ курдиат æмæ хиуыл кусынмæ тырнынад сæхи равдыстой, æмæ æрцыд стыр трагедион сурæттæ нывæндыны рæстæг.

Гæлæуты Анатоли Жан Ануйы пьесæ «Медея»-мæ гæсгæ Дыгурон театры цы спектакль сæвæрдта, уым актрисæ Гæлæуты Зæлинæ драматург æмæ режиссеримæ иумæ ныхъхъуыды кодтой, йæ амонды сæраппонд адæймаг цæмæ цæттæ у, уыцы философон фарстыл. Мидисмæ гæсгæ дыууæ хъайтар-тыхы – Урс (Санаты Хъазыбег) æмæ Сау



Спектакль «Медея»

(Цæболты Азæмæт) æнауæрдон тох кæнынц, æмæ Медея дæр æдзух ис эмоциты æмæ алыхуызон хъуыдыты ахæсты. Бæргæ уарзы мад йæ сывæллæтты, фæлæ йæ мой Язон (Хадаты Альберт) куынæуал зыны, уæд йæ миддунейы цас алыхуызон хъуырдухæнтæ сзилдух вæййынц! Æмæ сæ Гæлæуты Зæлинæ иттæг хорз равдисы. Тынг фæнды Медеяйы йæ мойы раздахын, уый у йæ царды мидис, æмæ æппындæр никæуыл æмæ ницæуыл ауæрды. Йæ хиуæттыл, йæ райгуырæн бæстæйыл Язоны тыххæй йæ къух кæй систа, уыцы хабарыл дæр ын дзуры, æндæр амæлттæ дæр аразы сæ уарзондзинад сног кæнынæн, фæлæ – никуы æмæ ницы. Уæд хъуамæ Язоны амара, фæлæ Урс уыцы хъуыддаг не 'руагъта. Уыйадыл Медея æмуд æрцыд Сау тыхимæ, æмæ йæ уый ноджы трагикондæр фæстиуджытæм æркодта. Бынтондæр мастисæджы монцты ахæсты бахауд æмæ Язоны фыдæнæн йæ сывæллæтты мæрдтæм барвыста. Тугау сырх уæлæдарæсы куы рацæуы, уæд адæймаг бамбары, йæ æвирхъау хъуыддагæй, иуæй, разыйæ кæй баззайы, иннæмæй, цы бакуыста, уый æххæстæй кæй нæма æмбары, фæлæ уæлахиздзауæй йæхи кæй æнкъары.

Актрисæ афтæ удуæлдайæ архайы, йæ цæсгомыл, йæ интонацийыл афтæ кусы, æмæ, Медеяйæн æнæуынон цы цардыуагон хабæрттæ сты, уыдон æнæуынон свæййынц йæхицæн æмæ аивадуарзæгæн дæр. Нæй ома адæймагæн йæ иунæг уарзон уды байсæн. Растдæр зæгъгæйæ та, хабар арæх æркæны, срастгæнæн кæмæн нал ис, ахæм фæстиуджытæм. Раздæр уал йæ амонды сæраппонд фæтох кæныны фæстæ буары æмæ зонды æппæт хъарутæ дæр уыцы æнæрæнцой тохы ныууадзгæйæ.

Ацы æмæ бирæ æндæр фæзилæнтæ бакодта йæ хъайтары «бæрны» Гæлæуты Зæлинæ æмæ уымæй фæндаг ссардта аивадуарзджыты зæрдæтæм. Равдыста, адæймаджы хъуыдыйы бынат кæмæн нæй, ахæм цаутæ дæр кæй æрцæуы. Йæ хъайтар цы хуызы æмæ куыд архайы, цы йыл æрцыд, уый нæ дзуры, фæлæ йæхæдæг йемæ хъизæмар кæны. Йæ характер æмæ йын йæ уавæртæ арф раиртасгæйæ, бамбарыныл сыл архайгæйæ. Уый руаджы аивадуарзæг актрисæимæ иумæ архайы сæйраг хъайтары бамбарыныл, цыдæр хабæртты йæ раст кæныныл, трагеди ма 'руадзынмæ йæм сидгæйæ.

Къостайы «Фатимæ»-мæ гæсгæ фыст Кокайты Тотрадзы пьесæйы бындурыл æвæрд уыцы номимæ спектаклы режиссер Сæбанты Тамерлан сæйраг ролы Гæлæуты Зæлинæйы федта. Уый актрисæйæн

æнæнхъæлæджы хабар сси. Хæрз æрыгон чызджы фæлгонцы хъуамæ бацыдаид, царды мидæг дзы дзæвгар хистæр уæвгæйæ. Фæлæ, режиссеры æмæ ацы рæнхъыты авторы хъуыдымæ гæсгæ дæр, Медеяйы фæстæ Тæбæхсæуты Балойы номыл Цæгат Ирыстоны паддзахадон академион театры сценæйыл хохаг чызджы ролы æнæ дызæрдыгæй сфидыдтаид. Къниазы чызг у иумæйаг кавказаг характер. Йæ национ хæдхуыздзинад бæрæг дары, фыдæлты æгъдæуттыл хæст у, сæ сæрты нæ хизы. О, фæлæ йæ зæрдæ, йæ сыгъдæг уарзтыл дæр йæ къух сисын йæ бон нæу. Дзамболат (Битарты Алыксандр) æнæнхъæлæджы Кавказаг хæстмæ куы сифтонг вæййы, уæд Фатимæ разыны, уый размæ мæт æмæ сагъæс кæй сыгъдæг монцтæм нæма фæныхылдтой, ахæм цардбæллон удæй. О, тæрсы йæхимидæг йæ уарзон лæппуйæн, фæлæ хæрз æрыгон у æмæ, хæст цы у, уый æххæстæй нæма æмбары. Лæппу хæсты æбæрæгæй куы фесæфы, уæд йæхицæн хорз амонд нæ саккаг кæны æмæ хъæздыг мой не скæны. Хъысмæты æгъатыр тæрхоны ныхмæ рацæуы йæ цард кæвдæсард Ибрагимимæ (Цæллагты Сослан) бабæттыны хуызы. Уымæй худинаджы гакк сæвæры йæ уæздан мыггагыл, фæлæ равдисы, хохаг чызг хъуамæ



Спектакль «Фатимæ»

сæрибар кæй уа, йæ цард йæхæдæг кæй хъуамæ араза. Йæ фыдимæ (Гæлæуты Анатоли) ныхас æххæстæй æвдисы, хъайтары зондахаст куыд аивта, уый. Сывæллон нал у, фæлæ йæ цардвæлтæрд сылгоймаг дæр кæм схондзынæ. Зонджын, æмбаргæ, йæ фыды бирæ чи уарзы, ахæм адæймаг. Фæлæ йæ ныфс дæр нæ сæтты, æмæ, кънйазы чызг æнæмæнг хъуамæ йæхи æмсæры бацагура, зæгъгæ, уыцы хъуыдыимæ не сразы вæййы…

Сыгъдæг, хæрзæгъдау адæймаг кæй у, уый æххæстæй рабæрæг вæййы, æнæнхъæлæджы Дзамболат куы фæзыны, уæд. Йæ уды хъармæй батавта Ибрагимы къæс, у хъæбулы мад æмæ йæ бинонты нæ ныууадздзæн. Гæлæуты Зæлинæ йæ хъайтары зæрдæйы ахаст равдисы, йæ фыдимæ кæм ныхас кæны, Ибрагим гадзрахатæй мард æрцыд, уый куы базоны, уыцы нывты. Фæлæ ма цы йæ бон у ныр? Уыйадыл йæ зæрдæ афтæ сæнкъуыст, æмæ йæ зонд фесæфта. Актрисæ йæ хъайтары сывæллонау æвæлмонæй дæр æвдисы, йæ хъуырдухæн дæр уыцы æвæлмон ахастимæ баиу кæны, æмæ уыйадыл стыр трагеди æххæстæй разыны. Уыимæ дзуры, æнæбон æмæ æдзæллаг уавæрмæ йæ хъысмæт кæй æртардта, цардмæ раздæхыны амал ын кæй нал радта, уый тыххæй. Ома спектаклы рæстæг Гæлæуты Зæлинæйæн бантыст йæ хъайтары цардæй, йæ тырнæнтæ æмæ бæллицтæй йын ацæрын.

Драмæйы текстимæ куыст, фæлгонцы æппæт фæзилæнтæм бæстон цæстæнгас, адæймаджы амонд цы хуымæтæг нывтæй арæзт æрцæуы, уыдоныл дзурын характер агурыны фæлтæрæнтæн æвдисæн сты. Фæлæ аивадуарзæг зæрдæскъæфт нæ уаид, актрисæйæн йæхи энергетикæ куынæ ‘нкъарид, уæд. Сценæйыл уыйбæрц алыхуызон архæйдтытæ фæцæуы, æмæ адæймаг бирæ цæуылдæрты хъуыды дæр акæны, сæ бамбарынмæ ноджы разæнгарддæр фæвæййы. Уый æрдзæй лæвæрд, куыстуарзондзинады руаджы кæй не ссардзынæ, ахæм хæзна у. Актрисæйæн йæ амонд та – сценæ. Уым не ‘фсæды адæймаджы миддунемæ балцытæй, уырдыгæй уары йæ курдиатæн аргъгæнджытыл удварны хæзнатæ, цин æмæ фидæныл сагъæстæ.

# ТЕАТРЫ ТЫХХÆЙ ЗАГЪТОЙ

* * *

Театр мæнæн у алæмæты дуне. Мæ зæрдæйы, мæ хъуыдыты цыдæр æнахуыр æнкъарæнтæ бауадзы æмæ мын мæ миддунейы къуымтæ расыгъдæг кæны. Куы мын бæрæгбон вæййы, куы та мæ мæхи хъысмæты бафтауы…

*ÆЛБЕГАТЫ Алан*

* * *

Актер у цæхæр. Артæй чи аирвæзт æмæ цыбыр рæстæгмæ адæмы зæрдæтæ чи батавы, ахæм цæхæр: артæй ист – АРТИСТ!

*БИТАРТЫ Алыксандр*

* * *

Театр хицæн дуне у! Уым нæй бынат хин æмæ мæнгард митæн…

*ГÆЛÆУТЫ Зæлинæ*

* * *

Театры сценæ – уый уæлæуæз æвæрд бынат у. Уыцы бынатæй актер тынг хорз зыны, æмæ йæ алы фезмæлдæй дæр бæрæг дары, цæй бæрц æргомзæрдæ у, уый. Актерæн йæ амонд у, цы фæлгонц саразы, уымæй йæхи дунембарынад, йæхи эмоцитæ, йæхи æнкъарæнтæ равдисын.

*ЛÆЦОЙТЫ Зитæ*

* * *

Сценæйæ аивадуарзæгимæ дзурын хъæуы сыгъдæгзæрдæйæ æхсæнад тыхсынгæнæг алы фарстатыл дæр. Уæлмонц æнкъарæнтæ æмæ цардыуаджы хабæрттæ – æппæт уыдæттыл ис аххæссæн сценæйæ…

*ПАГÆТЫ Фатимæ*

ДЖУСОЙТЫ Нафи

# НÆ АИВАДЫ ЗÆРДИАГ КУСÆГ



Ацы мæй, февралы, Гаглойты Владимирыл (Валодяйыл) сæххæст 70 азы. Бæргæ уаид ацы мæй нæ драматург æмæ романистыл цингæнæн бон, фæлæ нал ис йæхæдæг – йæ юбилейы бон сси йæ мысæн бон… Дыууæ азы размæ йæ царды фæндаг æнæнхъæлæджы ингæны былмæ æрхæццæ, æмæ Валодя ахицæн а дунейæ: нæ аив дзырды зиууон кусджытæ ну цух фесты, нæ мысинаг æмгæрттыл та ноджы иу бафтыд…

Валодя мæнæй æртæ азы кæстæр уыд, фæлæ мын мысинаг фæци… Кæстæрæй «уыди» дзурын, уый ивгъуыд бонау мысын, чи зоны, уымæй зындæр ницы ис адæймаджы дзуринæгтæ æмæ кæнинæгтæй. Чи зоны, уымæн дзуры ирон æмбисонд: ивгъуыд бонил хур нæ кæсы... Уый, ивæн кæмæн нæй, фыдæвзарæнау батонын кæй хъæуы, ахæм рæстдзинад у, æмæ йын хъæцынæй хуыздæр хос нæй. Æцæг ма ам ис иу рахæцæн, адæймаджы дзурын чи кæны, ахæм…

Ис рагон æлгъыст – дæ зынг ахуыссæд! Йæ бындур – нæ адæмы рагон, фæлæ раст æнхъæлцау: алы адæймаджы æрдзы дæр ис æвæрд зынджы къæртт æмæ цырагъы фарк. Уыцы зынг æмæ цырагъæй сырæзы адæймаджы удварны æвæджиау тых, а дунейыл хъарм æмæ рухс чи тауы, ахæм. Гъе æмæ уды фарнæй нæртон хай кæй фæвæййы, уый та йæ зынг æмæ йæ цырагъæй хъарм æмæ рухс кæны йæ алфамбылай дуне дæр, йæ иунæг сæрыл сæ нæ бахардз кæны. Йæ зынг куы ахуыссы, йæ цырагъ куы бамынæг вæййы, уæддæр ма сæ хъарм фæхатæм зæрдæйæ, сæ рухсы тын фæхъазы нæ цæсты тигътыл.

Валодяимæ æз хæларæй фæцардтæн 1950 азæй нæ фæстаг фембæлдмæ – йæ мæлæтæй æртæ мæйы размæ. Бавзæрстон йæ уды зынджы тавс, йæ рухсы рай. Мæ дзуринаг дæр уый у; чи зоны, Валодяйы дзæбæх чи нæ зыдта, уыдонæй дæр искæй зæрдыл сæмбæлой уыцы тавс æмæ рай.

* * *

Валодя бирæ уацмыстæ ныффыста: радзырдтæ, уацаутæ, романтæ, драмæтæ, критикон æмæ публицистон уацтæ. Йæ лæппуйы бонты фыста æмдзæвгæтæ дæр, фæлæ сæ йæ зæрдæ нæ ради, æмæ сæ ныууагъта, йæхи загъдау, иннæ лæпптæн. Уацмыстæ стæмтæй фæстæмæ рацыдысты мыхуыры æмæ сценæйыл дæр æвæрд æрцыдысты. Ирон аивад чи уарзы, уый сæ зоны. Гъе æмæ Валодяйæн йæ уды зынг ныр дæр судзы сæ мидæг, йæ уды цырагъы рухс хъазы сæ бæрзæндтыл изæры рухсау. Валодяйы мысæн бон дзурын дæр фыццаг уыдоныл хъæуы. Зонын ацы хабар, фæлæ ныртæккæ мæ фадат нæ амоны ахæм вазыгджын ныхас æрæфтауын мыхуыры, æмæ хатыр курын нæ чиныгкæсджытæй.

Валодяйы сфæлдыстадыл бæстон æмæ рæстаг ныхас зæгъынæн хъæуы развæлгъау стыр куыст бакæнын: уацмыстæ ногæй æмæ фæд-фæдыл бакæсын йæ фыццаг æмдзæвгæйæ йæ фæстаг драмæ æмæ публицистон уацмæ. Стæй та сæ бакæсын хъæуы нæ аив литературæйы æмæ 50 азы дæргъы æхсæндзарды контексты. Æрмæст ахæм куысты руаджы ис бамбарæн æмæ раст раиртасæн Валодяйы сфæлдыстадон рæзты логикæйæн æмæ, йе сфæлдыстад нæ аивады историйы цы бынат ахсы, цы нысаниуæг ын ис, уымæн. Уый нæй, уæд нæ ныхас рауайдзæн субъективон-эссеистон дзымандыйы хуызæн. Нæ мæ фæнды зонгæ-зонын ахæм ныхæстæ кæнын. Развæлгъау цы куыст у бакæнинаг, ууыл аххæссын та ныртæккæ мæ бон нæу, æмæ йæ фæстæдæрмæ, фадат куы фæуа, уæдмæ æргъæвын. Кæд æй æндæр исчи бакæна, уæд та дзы галбузныг уыдзынæн.

Уымæй мæ хæс искæмæ аппарын нæй мæ хъуыдыйы. Халон уыгæн куыд загъта, – дæуæн дæ сæр стырдæр у æмæ ды ску мæ лæппыныл, зæгъгæ, – уый ми бакæнынмæ арæзт нæу мæ хъуыды. Æрмæст хуыздæр фадатмæ фæлæууын ис мæ зæрды. Стæй ма ноджы иу хабар…

Ныртæккæ дугивæн заман у. Мах (мæ фæлтæр) цы æхсæнады цардыстæм нæ сау сæрæй нæ урс сæрмæ, уый хæлд æрцыд контрреволюцион фæфæлдæхты фæстиуæгæн. Ныр авд азы дæргъы æргом-сусæгæй ивд цæуынц цардæн канд йæ экономикон æмæ политикон бындуртæ нæ, фæлæ йæ сæйраг идеологи, психологи æмæ эстетикæ дæр. Ивы æхсæнады ахаст аивад æмæ литературæмæ дæр:

раздæр аивыл нымад цы цыди, уый ныр фыдуынд æмæ фыдмидисæй тонынц. Раздæр аивадыл, æцæг аивадыл нымад цы нæ уыд, уымæн ныр дæттынц Президенты номæй кадджын æмæ официалон хæрзиуджытæ…

Иугæр афтæ у, уæд раздæры аивадон элитæ – раздæр паддзахадон хæрзиуджытæй нæртон хай кæмæн уыд, уыдон! – катай кæнынц: куыд уыдзæн сæ уацмысты хъысмæт, мыййаг сæ фаджысы рагъмæ куы аппарой ныры хицæуттæ æмæ сæ идеологион лакейтæ... Иу дзырдæй, фæсреволюци, советон дуджы фыццаг заманты Пушкины куыд æппарын кодтой дуджы науæй, Къостайы – дингæнæгæй, Елбыздыхъойы – националистæй куыд ратон-батон кодтой, афтæ ныр та хъуамæ кæной советон дуджы аивады хуыздæр уацмыстæн. Йæ ратæдзæн – вульгарон политикон цæстæнгас аивады уацмыстæм æмæ идеологион хæрамдзинад. Стæй ма ноджы иу аххосаг, аивады архайджытæн сæхицæй чи цæуы, ахæм. Уый дæр тынг активон уыд советон рæстæджы. Пастернак æй иттæг дырысæй равдыста: «Кому быть живым и хвалимым, / Кто должен быть мертв и хулим, / Известно у нас подхалимам / Влиятельным только одним!..»

Ахæм дымыстæртæ алы хицауады алфамбылай дæр уыди æмæ уыдзæн, ныр та фæскъæвда зокъотау – хæрх!..

Гъе æмæ советон аивады элитарон минæвæртты катай æнæ бындур нæу. Фæлæ уыцы катайæ фервæзынæн цы амалтæ агурынц иуæй-иутæ, уыдон мæм худæджы митæ кæсынц. Зæгъæм, хæрз æрæджы Расул Гамзатов дзырдта Уæрæсейы телеуынынадæй: «Æз коммунист уыдтæн, фæлæ мæ поэзи коммунистон нæ уыд». Йæ афоризмы фыццаг хай раст у: Расул коммунист нæ уыд. Уыди партийы уæнг. Се ‘хсæн бирæ быдыртæ ис! Фæлæ ныхасы дыккаг хай хъуыдыйаг у. Цы у коммунистон поэзи? Мæнмæ гæсгæ ахæм нæй поэтикон дунейы Гомерæй Расулмæ. Ис æцæг поэзи æмæ мæнг (псевдо) поэзи. Ис гуманизмыл, адæймаг æмæ адæймагад уарзыныл, æхсæндзарды социалон рæстдзинадыл амад поэзи, фæлæ ис ацы миниуджытæй цух кæнæ сæ ныхмæ арæзт поэзи. Кæд Расул, тыхджын курдиаты хицау, ранымад миниуджытыл æнувыд уыди йæ уацмысты, уæд коммунизмыл йæ къух дзæгъæлы исы, кæд коммунист нæ уыд, уæддæр. Ацы хабар Расул мæнæй æвзæрдæр нæ зоны, фæлæ йæ дзырды, йæ афоризмы æндæр мидис, æндæр хин æмбæхст ис: æз партийы уæнг уыдтæн, советон

хицауадæн «хъулон хъæбул» уыдтæн, æппæт хæрзиуджытæй дæр хайджын уыдтæн, фæлæ мæ уый тыххæй ма рауæлдай кæнут, ныры хицæуттæ! Коммунистон поэт нæ уыдтæн æмæ нæ дæн, сымахимæ дæр бафидаудзынæн!..

Расулæн йæ амонд йæхи, йæ хин бæрæг у, фидаугæ дæр нæ кæны йæ курдиатыл, фæлæ йын цы кæнон?.. Ам дзуринаг æрмæст уый ис, æмæ Расул фарст объективон хуызы не ‘вæры, æндæра æнæмæнг фæхатид: аивадон уацмысты хъысмæт иу кæнæ иннæ хицауы тæрхоныл баст нæу. Историйы тæрхоны раз лæууы алы уацмыс дæр. Истори та йæ тæрхоны нымайы дыууæ ахсджиаг миниуæджы: курдиаты тых æмæ поэты хъуыдыйы гуманистон мидис. Хицæутты хæрзиуджытæ æмæ цурон критикты стауæн ныхæстæ ам ницы хъом сты. Расул дзæгъæлы тыхсы, кæд хицæутты «хъулон хъæбул» уыд цæрæнбонты, уæддæр. Йæ курдиаты тых æмæ йæ хъуыдыйы гуманизм дзуапхъом сты историйы тæрхоны раз. Ныры хицæутты раз къæлæсы реверанс дзæгъæлы сарæзта.

Ныр у, æмæ ацы элитарон катай Расулы хъауджы Валодямæ ницы бар дары – уый хицæутты «хъулон хъæбул» никуы уыди. Æгæрыстæмæй йæм нæхи автономийы литературон преми дæр не ‘рхауд, кæд ын бирæты разæй æмбæлд, уæддæр. Советон цардæвæрдыл æнувыд кæй уыд, уый йын ницы хуызы фæдæлдæр кæндзæн йæ аивады нысаниуæг. Историон аргъ баст уыдзæн йæ курдиаты хъаруйыл æмæ йæ хъуыдыйы гуманистон мидисыл. Æцæг, ныртæккæ ацы дыууæ сæйраг миниуæгыл нæ дзурдзынæн, уый фадат нæй, фæлæ, йæ удварны рухс æмæ райæ мæ зæрды рæбынæй цы лæууы, уыдоны кой ракæндзынæн.

* * *

Валодяимæ базонгæ стæм 1950 – 1951 азты. Уæд уый ахуыр кодта Мæскуыйы Литературон институты, æз та – Ленинграды Уырыссаг литературæйы институты аспирантурæйы (Пушкины хæдзары). Сæрды каникулты-иу фембæлдыстæм Мæскуы æмæ Сталиниры. Нæ ныхасиу кæддæриддæр литературæйыл уыд. Уæлдайдæр – ирон поэзийыл, стæй уæд драматургийыл. Иуæй-иу хатт фысгæ дæр кодтам, фæлæ фыстæджытæ ныртæккæ мæ къухы не сты, æмæ сыл нæ дзурдзынæн. Кæрæдзимæ нæ бæстон удæнгом бакодта иу æнæнхъæлæджы цау…

1952 азы августы райдианы фембæлдыстæм нæ горæты бæстастæу. Сихорафонмæ æввахс уыди, фæлæ фæфæнд кодтам Дзомагъмæ бацæуын Дзугаты Георгийы фенынмæ. Георги уый размæ «Фидиуæг»-ы

редакцийы куыста, æмæ йæм мах арæх бауай-бауай кодтам: лæппын литератортæ, мыхуырмондаг лæпputæ, нæхи бар-æнæбары ластам журналы редакцимæ. Уæдæ кæдæм фæцыдаиккам? Редакцийы ныл кæддæриддæр Георги узæлыд, касти нын нæ уацмыстæ, ныфсытæ нын æвæрдта, исты аипп-иу куы бацамыдта нæ уацмысты нывæсты, уæддæр – цæстуарзонæй. Уыйадыл æм уæлдай дзæбæх зæрдæ дардтам æмæ та йæ бæргæ абæрæг кодтаиккам редакцийы, фæлæ уым нал уыд… Уый размæ журналы редакцийы æмæ Фысджыты цæдисы кусджытæ ист æрцыдысты сæ бынæттæй иууылдæр (Бекъойты Елиоз, Цоциты Резо, Гафез, Дзугаты Георги, Букуылты Алекси), иунæг Кавказагæй фæстæмæ. Куыд æмæ цæй тыххæй, уый дардыл дзуринаг у, æмæ йыл ам афæлгæсыны фадат нæй. Йæ кой уымæн кæнын, æмæ Дзугаты Георги уыцы æфхæрды фæстæ ацыд хъæумæ, йæ фыды хæдзармæ, горæты æгуыстæй бадын йæ сæрмæ не схаста. Уый бæлвырд зыдтам æз æмæ Валодя æмæ ныр афæнд кодтам: фæцæуæм Дзомагъмæ æмæ фенæм Георгийы, науæд йæ миднымæр зæгъдзæн: иугæр сын ницыуал ахъаз дæн сæ литературон куысты, уæд ма мæ цы бæрæг кæной?!

Ахæм уайдзæф нæм зынуромæн фæкаст, фæлтау фæцæуæм хохмæ. Валодя ма, æцæг, афтæ бакодта: хæдзарæй (йæ хойы хæдзарæй) æххормагæй рацыдтæн, æмæ исты куы ахордтаиккам… Ахæм уавæры уыдтæн æз дæр, æмæ загътам: Дзауы исты аууилдзыстæм. Ныр та уал, иу афтид уæзласæн машинæ цыд Дзаумæ, æмæ уый гуыффæмæ сгæппытæ кодтам. Дзауы хæрæндон æхгæд разынд, æмæ та нæхи фæсайдтам: Уанелы хæсты размæ чысыл хæрæндон уыд, æмæ кæд уым фæхъуыртхъом уаиккам… Ацыдыстæм фистæгæй, бахæццæ стæм Уанелмæ, фæлæ хæрæндонæн йæ кой дæр нал уыд. Цы гæнæн ма уыд – цæугæ дарддæр, иу бонваг тæрхъусдзарм дæр кæны, мах та лæгтæ куы стæм! Талынгтæм бахæццæ стæм Дзомагъгомы фæзилæнмæ. Уым Дзомагъы донил ног хид арæзтой иу-фондз лæджы æмæ ныр бадтысты арты фарсмæ, цыдæр æхсæвæр фыхтой сæхицæн. Сæ цуры абадтыстæм, аныхæстæ кодтам. Дзырдтой нын: «Нырма уæ дзæвгар суайын хъæуы Дзомагъмæ, æмæ лæууут ахсæв махимæ, сом æхсæвыцъæхæй ацæудзыстут. Не ‘хсæвæр дæр тагъд цæттæ уыдзæн, æмæ уæ истæмæй суазæг кæндзыстæм. Мæнæ дæс сахаты фæкæны, æмæ ма кæдæм цæут ацы талынджы?»

Нæ ныллæууыдыстæм, Дзомагъдоны галиувæрсты хуырвæнда-

гыл араст стæм къуырдтытæгæнгæ. 1939 азы ноябры райдианы æз рахызтæн иу лæппуимæ Дзомагъы ‘фцæгыл. Æмæ ма гæзæмæ хъуыды кодтон: Ручъы фæндагæй, Дзомагъмæ цæугæйæ, галиуæрдæм ахизын хъæуы доны сæрты дыуугæ хъæдæй конд хидыл. Ахæм хидтæ комы дыуугæ кæй уыд, уый нæ фæхатыдтæн. Ныр иу хиды сæрты ахызтыстæм æмæ хъæды астæуты цæуæм хæрды къæвдайы донæй хуылыдз фæндагыл. Цæуæм, тындзæм, фæлæ хъæд нæ фæуд кæны, цыма хъуырауы бынæй хилæм, фæлæ йæ коммæ нæ хæццæ кæнæм, уыйау.

Мæ зæрдæ æхсайын райдыдта: æндæрæрдæм цыд фестæм, фæлæ кæдæм?.. Иуахæмы Валодя афтæ бакодта: аулæфæм, мæ бон нал у цæуын, ме ‘взæр къах мæ коммæ нал кæсы… Тыхцыд фæкодтам æмæ схид стæм. Загътон, ацы уымæлы зæххыл куы ‘рбадæм, уæд лæппуйы уазал бацæудзæн, æмæ хорз нæ рауайдзæн хабар. Нæ бакастæн йæ коммæ, цыдæр æмбисæндтæ йын райдыдтон дзурын æмæ йæ разæй цæуын, сайын æй мæ фæдыл. Валодя уый куыннæ хатыд, фæлæ цыди, йæхи дæр нæ фæндыд тар хъæды астæу талынджы хуылыдз мæрыл бадын. Тыххæй-фыдæй схæццæ стæм хъæды кæронмæ, æмæ йын уæд загътон: ныр ам лæугæйæ аулæф, æз азилон, чи зоны, улæфынæн хуыздæр бынат ссарон…

Мæйдар æхсæв цæст ницы уыдта, фæлæ чысыл фæстæдæр фæхатыдтæн: мæ къæхтæ кæрдæджы цъуппытыл нал ныдзæвынц. Æрдзуццæг кодтон æмæ уынын – карст кæрдæг, ссывд уисты бынæттæ фæлурс тæлмытау æвзары цæст. Бацин кодтон: ам хосы мæкъуыл макуы уа, уый гæнæн нæй! Аразил-базил кодтон æмæ мæкъуылыл бахаудтæн… Раластон дзы иу-цасдæр, лыстæнгонд æрцарæзтон æмæ Валодямæ фæхъæр кодтон: рацу ардæм, улæфæн бынат ссардтон! Æрбацыд Валодя мæ цурмæ, æмæ хосыл ныффæлдæхтыстæм…

Бирæ фæбадтыстæм, фæкодта мын «йе ‘взæр къахы» хабæрттæ. Схъомыл Додоты, сидзæры бонтæ бавзæрста, ноджы – хæсты азты мæгуырдзинад, уæлыгæс æмæ фыййауы бонтæ. Чысылæй фæстæмæ – куыст, куыст, куыст… Къаннæг лæппуйæ – хæдзары хицау!.. Бирæгъау – куы æфсæст, куы – фырæххормаг… Ноджы иу æнамонд хабар: хуымгæрдæны йын йæ галиу къахыл калм фæхæцыд, æмæ æхсæз мæйы рынчындоны фæхуыссыд. «Мæ амонд уыди, æмæ Къæбысты Падойы къухтæм бахаудтæн. Мæлæтæй мæ фервæзын кодта. Уый нæ уыд, уæд афонмæ ме стæгдар дæр нал уаид… Иу дзырдæй, мæ

Уастырджи разынд, фервæзын мæ кодта. Мæ къах сдзæбæх, фæлæ æвзæрæй баззад, слæмæгъ æмæ дард фæндагыл иукæддæр мæ коммæ нал фæкæсы, хæрæгау ныууоцани вæййы…»

Мæ зæрдæ нырхæндæг йæ ныхæстæм. Лæппуйы фыдæбæттæ хохаг хъæуы… Уыдон бавзæрстон иууылдæр, фæлæ Валодя мæнæй уæлдай бавзæрста сидзæры хъысмæт, стæй калмдзæфы рыст æмæ фыдбылыз!.. Цыдæр ныфсытæ йын авæрдтон, зæгъын, ныр нæхæдæг хосдзау лæгтæ стæм æмæ алцы дæр басæтдзыстæм а дунейы зындзинæдтæй. Иры зæххыл цы кæлмытæ ис, уыдон иумæ куы æрæмбырд уой, уæддæр нын ницы ракæндзысты!.. Валодя айста мæ хъазæн ныхас æмæ афтæ бакодта: «Кæнгæ нын, чи зоны, ницы ракæной, фæлæ уыдон æргом тохмæ нæ цæуынц, сусæгæй хæцынц…» – «Цæмæй ныл талынджы ма фæхæцой, уымæн зонын иу хос: ам æввахс цæрæг ма уа, уый мæ нæ уырны. Цæй, ды ам улæф, æз азилон, чи зоны, фæрныг фысым ссарон…» Ацы ныфсæй фестадтæн æмæ зилын карст уыгæрдæныл. Иу ран дардыл æмбондмæ цыд фæдæн, æмæ мæ уæд бауырныдта: ам æввахс ис цæрджытæ! Чысыл фæстæдæр суыдтон: иу дурын хæдзарæй цырагъы рухс гæзæмæ æрттивы. Бацыдтæн йæ размæ æмæ бахъæр кодтон: «Хæдзаронтæ, исчи-ма уæ æддæмæ ракæсæд!..» Рухс ахуыссын кодтой мæ хъæрмæ æмæ мæ ныфс айсæфт. Мæхи нал басастон: «Дзæгъæлы ахуыссын кодтат цырагъ, – æз ардыгæй нæ ацæудзынæн, цалынмæ уæ исчи ракæса, уæдмæ…» Ракаст иу-авдаздзыд лæппу, æмæ йæ бафарстон: «Уæ хъæу цы хуыйны?» – «Нæ хъæу Саджджын къуырф хуыйны, фæлæ ды ам цы агурыс?» – «Цы агурын, уый дæ хуызæн саглæгтæн нæ дзурын. Кæд исчи ис уæ хæдзары дæуæй хистæр, уæд æддæмæ ракæсæд, æмæ йын æй зæгъдзынæн…»

Нæ ныхасмæ рацыд иу зæронд ус æмæ уый дæр бафарста: «Цы агурыс, дæ ныВонд фæуæн?..» – «Ницы агурын, мæнæ дыууæ лæппуйæ Дзомагъмæ цыдыстæм æмæ талынджы ардæм æрбадзæгъæл стæм. Ныр нæ кæд нæ асурат, уæд уæ дæлбазыр балæудзыстæм…» – «Чи уæ суры, уæ нывонд фæуæн, рацæут, уазæг – Хуыцауы уазæг! Ахсæв ам лæуут, Дзомагъ æввахс у, сæумæцъæхæй уым балæудзыстут…»

Валодямæ фæдзырдтон, æмæ бацыдыстæм нæ фарны фысымтæм. Зæронд ус разынд Плиты Гогийы мад, саби та – йæ лæппу. Тынг ныл фæцин кодта Гогийы мад, йæ лæппуйы йын лæгæй-лæгмæ зонæм, уый йæ куы бауырныдта, уæд та уæлдайдæр. Ноджы ма нæ хатыр куырд-

та, мæ хъæрмæ рухс кæй ахуыссын кодта, уый тыххæй: «Хъалонисджытæ нæ уынгæджы фæкодтой, уæ фосæй, дам, æмбæхсут, æмæ æхсæвыгæтты скъæттыл зилынц… Загътон, уыдонæй та исчи уыдзæн, æмæ уымæн ахуыссын кодтон цырагъ, сæ фенд дæр мын фенад ис сæ къæйных митæй…» Ницæмæй йын бафыстам йæ лæггад, æмæ абон дæр къæмдзæстыг дæн мæ намысы раз. Ныр ма йын цы мæ бон у, фæлæ мæ рох нæ кæны – хуыздæр цы ис, уый йæ хай уæд æцæг дунейы!..

Мæ дардыл ныхас ууыл у, æмæ уыцы фæндагыл Валодяйæн йæхи дзыхæй фехъуыстон йæ зындзарды хабæрттæ сæрæй кæронмæ. Уæдæй фæстæмæ мын уыд мæхи хуызæн хъæууон лæппу, царды фыдæбæттыл фæлтæрд, цы йын æнтыст, уый иууылдæр йæхи уды хъаруйыл баст: æдде фæхæцæг кæуыл нæ уыд æмæ искæй æххуысмæ æнхъæлмæ дæр чи нæ каст, ахæм.

Уыцы фæндагыл базыдтон Валодяйæн йæ характеры сæйраг миниуджытæ дæр. Æрдзæй рахаста уарзæгой зæрдæ. Уарзта æмгæртты æмæ зыдта æмгары æнтыстытыл цин кæнын. Йæ цин та æмбæхсын нæ зыдта. Мæскуыйы куы ахуыр кодта, уæд схæлар Плиты Грис, Цæрукъаты Алыксандр, Бицъоты Гриш æмæ Дзуццаты Хадзы-Муратимæ æмæ кæддæриддæр сæ кой кодта зæрдиаг æмæ уарзонæй. Стæй никуы нымадта, уыдон æм сæхæдæг цы цæстæй кастысты, уый. Никуы дзы фехъуыстон искæй уацмысы кой былалгъæй кæнгæ.

Уацмыс йæ зæрдæмæ нæ цæуы, уæддæр-иу йæ кой кодта цыдæр нымдæй, цыма йæ цæсгом уайдзæф кæнын нæ хъæцыд, уыйау. Ацы миниуæг мæ зæрдыл, æвæццæгæн, уымæн тынгдæр лæууы, æмæ мæхæдæг ме 'взонджы бонты афтæ лыстæджытæ æхсæдаг нæ уыдтæн. Ирвæзт-иу мæ карз тæрхоны ныхæстæ дæр литературон процесс æмæ хицæн уацмысты фæдыл. Валодя та фылдæр искæй уацмысы хорзы коймæ арæзт уыд. Иугæр йæ зæрдæмæ цæуы, уæд уацмысыл загътаид, йæ дзырдуаты хуыздæр ныхасæй цы уыд, уыдон се 'ппæт дæр. Йæ цин никуы 'мбæхста, иугæр уацмыс йæ зæрдæйыл сæмбæлд, уæд. Йæхи уацмыстæй йын адджындæр чи уыд, уыдоны тыххæй дæр йæ хъуыды æргом дзырдта, æмæ йыл уыцы миниуæджы тыххæй кæстæр литератортæ хъазтæмхасæн ныхас æрымысыдысты: Валодяйæн йæ ног уацмысæй йæ зæрдæ куы барухс вæййы, уæд цингæнгæ фæзæгъы: «Лæппутæ, сильни вещь ныффыстон!». Йæхи уацмысты фæдыл дзы ахæм цины ныхас никуы фехъуыстон, фæлæ искæй уацмысты тыххæй

– бирæ хæттыты.

Валодя æнæкæрон æнувыд уыди ирон литературæйыл, стæй литературæ фæлдисæн куыстыл. Зиууон кусæг уыд. Службæйы куыстæй-иу чысыл куы фæсæрибар, уæд-иу уайтагъд йæхи ныццавта фыссынил кæнæ чиныг кæсыныл. Иузæрдыг кусæг æмæ æнувыд чиныгкæсæг уыд цæрæнбонты. Фæрсæй-фæрстæм цардыстæм, æрвылбон æмбæлдыстæм кæрæдзийыл (хæдзæртты дæр афтæ), æмæ йын йæ «боны фæтк» хорз зыдтон. Цалдæр хатты уыдыстæм иумæ фысджыты улæфæн хæдзæртты дæр, æмæ-иу уым та куыстæй йæ сæр уæлæмæ никуы иста.

Нæ ног уацмыстæ-иу кæрæдзийæн дæр арæх кастыстæм. Йæ уацмыстæм ницы фау æрхæссæн ис, зæгъгæ, Валодя ахæм хъуыдыйыл лæуд нæ уыди. Иу цæвиттон. Валодяйы драмæтæ нæ театр арæх æмæ зæрдиагæй æвæрдта. 1960–1970-æм азты ирон театры репертуары Хуыгаты Геор æмæ Гаглойты Валодяйы пьесæтæ фыццаг æмæ сæйраг бынат ахстой. Фæлæ мын Валодя йæ ног драмæтæ æнæ иу цухæй фæкасти сæ ныффыссыны уæлвæд. Плиты Грис æмæ сæ Хуыгаты Георæн куы кастаид, уæд уый æндæр хабар уыдаид – уыдон номдзыд драматургтæ уыдысты. Мæнæн та сценæйыл æвæрд æрцыд æрмæст æртæ уацмысы. Иу дзырдæй, мæ хъуыдытæ нымайыны сæр Валодяйы ницæмæн хъуыди. Фæлæ афтæ рауад, æмæ йын æз бакастæн 1952 азы мæ фыст «Азау æмæ Таймураз», уый та йæ «Сыгъзæрин фæткъуы», æмæ стæй кастыстæм кæрæдзийæн нæ иннæ драмон уацмыстæ дæр. Валодяйы фиппаинæгтæ фылдæр баст уыдысты, уацмысы драмон интригæ куыд хъуамæ рæза, театрдзауы цымыдис куыд хъуамæ æнхъизын кæна уацмысы райдианæй йæ кæронмæ, ууыл. Æмæ æз разы уыдтæн йæ фиппаинæгтыл, кæд-иу сæ уацмысы мидæг сæххæст кæнын нæ сарæхстæн куы барвæндонæй, куы æнарæхсты фæстиуæгæн, уæддæр. Мæ фиппаинæгтæ та фылдæр уыдысты драмон æвзаджы спецификæ æмæ идейон мидисы фæдыл. Æвзаджы тыххæй фиппаинæгтыл Валодя разы уыд кæддæриддæр æмæ-иу сæ нымадта уацмысы авторедакцийы рæстæджы. Мидисмæ хауæг фиппаинæгты хабар вазыгджындæр уыди. Ам разы уæвын иу хъуыддаг у, фиппаинаг уацмысы сконды реализаци æрцæуа, уый та иннæ æмæ иттæг вазыгджын фарст.

«Сыгъзæрин фæткъуы» мын куы бакаст, уæд ын загътон: «Валодя, дæ пьесæйы, мæнмæ гæсгæ, хъуамæ уаид иу ахсджиаг хъуыды:

колхозон адæмы фæткъуытæ хицæн адæймæгтæ кæй æлхæнынц æмæ сæ стæй стыр горæтты (Мæскуыйы, Ленинграды, иннæ цæгатаг горæтты) кæй ауæй кæнынц стыр æхцатыл, уый, фыццаджыдæр, паддзахады аххос у. Фыццаг спекулянт паддзахад йæхæдæг у. Паддзахады оргæнтæ адæмæй фæткъуыйы килограмм æлхæнынц 20–30 капеккæй, уæй та йæ кæнынц адæмæн иу сом æмæ 50 капеккыл. Спекулянттæ килограмм æлхæнынц иу сомæй æмæ йæ уæй кæнынц дыууæ сомыл. Уый пайда у колхозонтæн дæр æмæ æлхæнджытæн дæр. Паддзахадæй цы фæткъуытæ балхæнай, уыдонæн се 'рдæг æмбыд вæййы, дуканийы дын æвзарыны бар нæ дæттынц. Спекулянтæй та, сомы 'рдæг уæлдай кæд фидыс, уæддæр равзаргæ фæткъуытæ æлхæныс, æмæ дын пайдадæр у. Афтæмæй спекулянтты фыддæр паддзахад у, æмæ дæ пьесæйы уый кой нæй. Уый раст у?»

Валодя фæхъуыдыйыл, стæй бахудти: «Дæ ныхас бæргæ раст у, æз дæр ыл хъуыды кодтон, фæлæ… Цы дын æй æмбæхсон: ацы хъуыды куы бахæссон пьесæмæ, уæд мын æй кæнæ аппарын кæндзысты, кæнæ та мын мæ пьесæ репертуарæй раппардзысты… Цы кæнон?.. Мæ пьесæ æвæрд куы 'рцæуид, уый мæ тынг фæнды, тынг ахсджиаг мын у мæ дарддæры куысты дæр, æмæ йæ зонгæ-зонын сдзырддаг кæнон, уый мын зын у… Ды нæ, фысджыты фылдæр ме 'вварс куы уой, уæддæр уæ дзырдæй хицæуттæ нæ аивдзысты сæ хъуыды…»

Раст уыди Валодяйы гуызавæ, æмæ йæм ницыуал сдзырдтон, мæ раст хъуыды театры фæсдуар баззад æгомыгæй.

Мæ зæрдæмæ нæ цыд Валодяйы драмæты ноджыдæр мелодраматизмы æргом уылæн. Дзургæ дæр ын кодтон цалдæр хатты, фæлæ стæй фæхатыдтæн: мелодраматизм ис йæ курдиаты æрдзыхъæды, æмæ йын мæ уынаффæйæ аивæн нæй. Уыцы хатдзæгмæ хъуамæ йæхæдæг æрцæуа йæ курдиаты æмæ йæ эстетикæйы эволюцийы фæндагыл. Науæд дзы ницы рауайдзæн. Æмæ ныууагътон мæ фиппаинаг мæ зæрдæйы рæбын. Валодя йæ курдиаты æрдзон миниуджытæй романтик уыди, мелодраматизммæ æмхиц, æмæ дзы æз та реалисты миниуджытæ домдтон. Уый раст нæ уыд, æмæ мæ фиппаинæгтæй ницы ратагъд. Ахæм ма уыд мæ ахаст Хуыгаты Георы комедитæм дæр. Нæ цыд мæ зæрдæмæ сæ цинæвдылд рогвад оптимизм. Фæлæ стæй мæ зæрдыл æрлæгууыд Елбыздыхъойы зонды ныхас: «Адæмæн кусыс, хъæлдзæг сæ кæныс. Уый дæр исты у. Мæгуыр лæджы йæ фыдæбæтты фæстæ

чи фæхудын кæна, уый арфæйаг у. Арфæгонд у!» Сразы дæн ацы зонд-амындыл æмæ уæдæй нырмæ нымайын: театры репертуары хъуамæ уой рог комеди дæр æмæ мелодрамæ дæр. Хъæуы сæ сæр, арфæйаг сты. Æцæг, репертуары сæйраг уыдон хъуамæ ма уой. Уæливыхы цур цæххыссывд дæр фидауы, фæлæ айдагъ цæххыссывдтæй бæрæгбоны фынг нæ фидауы…

Уыдæттæ уымæн мысын, æмæ Валодя йæ уацмысты æнтыстæй йæ сæр бæрзæндты никуы хаста. «Сильни вещь ныффыстон» ыл мысгæ æркодтой. Ууыл ма дзурæг у ноджыдæр иу хабар. Къоста-йы литературон преми куы райдыдтой дæттын нæ хицауад, уæд Валодя дæр уыди жюрийы уæнг. Фæрсæй-фæрсмæ-иу бадтыстæм æмбырдты æмæ, йæхи куыд æвдыста, уый хорз лæууы мæ зæрдыл. Фыццаг хатт куы лæвæрдтой преми, уæд дыууæ премимæ бавдыст æрцыд фараст кандидатурæйы. Уыдыстæм дзы æз æмæ Валодя дæр, фæлæ бадзырдтам: сисæм нæ кандидатурæтæ, науæд хъæлæстæ ныддихтæ уыдзысты, æмæ преми æппындæр ничи райсдзæн. Жюри сразы нæ фæндоныл. Дыккаг хатт куы лæвæрдтой, уæддæр та афтæ. Загътам, Гафезы разæй махæй исчи куы райса преми, уæд худинаг уыдзæн нæ дыууæйæн дæр, æмæ нæ кандидатурæтæ систам. Æр-тыккаг хатт куы лæвæрдтой, уæд Валодяйæн бавдисинаг уацмыс (ома фæстаг дыууæ азы мыхуыр кæнæ сценæйыл æвæрд чи ‘рцыд, ахæм) нæ разынд. Уæд æз райстон уыцы преми, фæлæ Валодямæ рад нал æрхауд, æмæ баззад æнæ рæвдыдæй, кæд ын бирæты разæй æмбæлд, уæддæр. Фæлæ дзы никуы фехъуыстон уæдæй фæстæмæ дæр премийы кой…

Валодя, фæлмæн æмæ хæлар зæрдæйы хицау, быцæутæм æмæ хъаугъатæм æмхиц нæ уыд. Нæ уыд арæзт идеологон быцæутæм дæр. Раст æм цы хъуыды касти, уый сæрыл дæр гæрæхтæ самадтаид, уыцы миниуæг æм нæ уыд. Хаттæй-хатт уый мæ зæрдæмæ нæ цыд, æмæ йын æй дзургæ дæр кодтон, фæлæ йын æй йæ цæстмæ никуы дардтон. Афтæ уыд йæ характер, æмæ дзы никуы ницы домдтон, йæ бон цы уыд, уымæй дарддæр. Уыцы миниуæг бæлвырд фæбæрæг, «Сыгъ-зæрин фæткъуы»-йыл куы дзырдтам, уæд. Фæлæ ма иу факт. 1973 азы рауагъдады мыхуыры нывæсты уыд мæ чиныг «Сабыр ныхæстæ». Уыцы аз нæ фысджытæй иу къорды хъæстмæ гæсгæ республикæйы компартийы ЦК-йы идеологион хайад Гафезы, мæн, Бестауты Георги-

йы æмæ Дзуццаты Хадзы-Мураты аххосджын кодта: националисттæ, дам, сты! Валодя, ацы хабар зонгæйæ, банымадта: чиныг куы рацæуа, уæд æй нæ идеологийы кусджытæ дзырдæй-дзырдмæ кæсдзысты, национализм дзы агурдзысты, æмæ сын уыцы фадат хъуамæ лæвæрд ма ‘рцæуа!.. Чиныджы редактор Тедеты Рюрик дæр цырддзаст кæм нæ уыди æмæ чиныгæй 25 æмдзæвгæйы раппæрста. Валодя бакаст чиныг уый фæстæ æмæ ма дзы ноджы иу-дæс æмдзæвгæйы та уый аппæрста… Фехæлд чиныджы композици, мæнмæ дзы хуыздæр цы ‘мдзæвгæтæ кастысты, уыдон аппæрстой. Æхсызгон мын кæм уыдаид, фæлæ мын Валодя загъта: «Мæ коммæ бакæс, хуыздæр æмдзæвгæтæ æз барæй аппæрстон, обком сæ йæ ныхтæ ныссагътаид, æмæ стæй масты хай фæуыдаиккам ды дæр æмæ æз дæр. Æндæр уацмыстæй сæ баив, национализмы фау кæмæ не ‘рхæссой, ахæмтæй. Стæй, кæй аппæрстам, уыдон дæр нæ фесæфдзысты. Куыддæр фадат фæуа, афтæ сæ рауадздзыстæм. Уыдон хуыздæр кæй сты, уый æз дæр зонын, æмæ нæ фесæфдзысты…»

Цы бон мыл уыд, раст дзырдта, хъуыддаг обкоммæ куы ахаудаид (уырдæм та йын æнæ бахаугæ нæ уыд), быцæуыл куы ныллæууыдаин, уæд чиныг æппындæр нал рацыдаид. Сразы дæн йемæ, æмæ чиныг къаппа-къуппайæ рацыд. Йæ нымад дæр раст разынд. Фæстæдæр, 1987 азы, уæд цы ‘мдзæвгæтæ раппæрстой, уыдон ног редактор (Хъазиты Мелитон) æмæ ног идеологион ситуацийы фæрцы мыхуыры рацыдысты чиныг «Изæры рухс»-ы.

Валодя йæ литературон сфæлдыстадыл æвæджиау æнувыд кæй уыд, ууыл дзуры йæ пенсимæ ацыд дæр. «Фидиуæг»-ы сæйраг редактор уæвгæйæ, уый, йæ 60 азы йæхи куыд фесты, афтæ ныууагъта йæ куыст æмæ пенсийæ цæрæг сси. Æз ма йын дзырдтон, ма тагъд кæн, зæгъгæ, исты чысыл куыст уал бацагур, науæд дын зын уыдзæн айдагъ пенсийæ цæрын, фæлæ не сразы: «Фыссинæгтæ мын бирæ ис, æмæ сыл кæд аххæссин!..» Ирон фысджытæй афтæ æрмæст Валодя бакодта йæ литературон куыст бæстондæр кæныны охыл.

Службæйæ куы ссæрибар, уæд, æцæгдæр, йе сфæлдыстадон куыст фæактивондæр, стæй фæбæстондæр. Фæлæ йын æнцад-æнцойæ кусын нæ бантыст йæ уды фæндиаг. Иуæй, райдыдта хæрамыл амад, тугхъулон цардивæн заман. Иннæмæй та йыл ныззæй кодтой æнамонд хабæрттæ… Валодя йæ сабиты (дыууæ лæппуйы æмæ дыууæ чыз-

джы) йæ зæрдæйы рæбын хаста цыкурайы фæрдгуытау. Уæлдай сæрыстыр уыд йæ дыууæ лæппуйæ. Гъе æмæ йын æнæнхъæлæджы кæрæдзийы фæдыл бабын сты… Ацы æвирхъау æнамонддзинæдтæ йын йæ уды хъару бадомдтой, басастой, ахастой мигъы фæлгуырау. Царди ма, куыста ма, фæлæ йын цард нал ад кодта. Йæ тыхджын буар слæмæгъ, æмæ йыл тых кæнын райдыдтой чысыл рыстытæ дæр. Фæстаг хатт ма Мæскуыйæ куы ‘рцыд, уæд йæ рынчыны райдиан уыд, уазал суары къус кæй бануæзта Бæгъиаты бынмæ, уый. Уымæй фервæзт æмæ атагъд кодта Мæскуымæ, йæ кусинæгтæм, фæлæ та йæ низ ногæй сфæлтæр кодта, æмæ банцад йæ кусынæй йæ мæстæлгъæд зæрдæ…

Зонын æй, цæрдзысты йæ уацмысты хуыздæртæ. Кæсдзысты сæ, махæн а дунейыл нæ къахвæд куы нал уа, уæд дæр. Фæлæ махæн, йæ хæлæрттæ æмæ йæ зонгæтæн, уыцы хабар зæрдæлæууæн ныфс нæу. Махæн Валодя мысинаг фæци, æмæ ма йын æрмæст нæ мысинаг æмæ зæрдиаг ныхæстæй у нæ бон балæггад кæнын. Хуыздæр амал æмæ зæрдæлæууæн нын ницыуал ис…

*«Фидиуæг», №2, февраль, 1998 аз*

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***6 ноябры*** Дзæуджыхъæуы Центрон чиныгдоны арæзт æрцыд Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнг, Цæгат Ирыстоны адæмон фыссæг Агънаты Гæстæны ног чингуыты – «Уылæнтæ» æмæ «Базырджын ныхæстæ»-йы презентаци. Чиныг «Уылæнтæ»-мæ хаст æрцыдысты, автор фæстаг рæстæг цы уацмыстæ ныффыста, уыдон. «Базырджын ныхæстæ»-йы та æрæмбырд кодта, алы кары чиныгкæсæгæн дæр цымыдисаг чи уыдзæн, ахæм хъуыдытæ йæ радзырдтæй, романтæй æмæ уацаутæй.

► ***13 ноябры*** Хетæгкаты Къостайы мемориалон хæдзар-музейы арæзт æрцыд Цæгат Ирыстоны культурæйы сгуыхт кусæг Томайты Мисурханы номарæн изæр. Бирæ азты дæргъы, йæ директор уæвгæйæ, Мисурхан лæггад кодта Хетæгкаты Къостайы номыл Ирон литературæйы музейæн. Изæр саив кодтой республикæйы музыкалон коллективтæ. Номарæн мадзал саразынил бакуыстой Ирон литературæйы музейы кусджытæ.

► ***13 – 14 ноябры*** Фæсивæдон театр «Амыран» аивадуарзджыты размæ рахаста Николай Гоголы пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакль «Ускурæнтæ». Ирон æвзагмæ йæ ратæлмац кодта Лазарты Таймураз, режиссер-æвæрæг – республикæйы аивæдты сгуыхт архайæг Цæгæраты Руслан. Театры актертæ ма йæ æвдыстой 18 азы размæ. Ныр та йæ аивадуарзджыты размæ рахастой ног хуызы. Спектакль æвæрд у сфæлдыстадон проект «Æрыгондзинад æнæ арæнтæй»-мæ гæсгæ. Æххæст æй кæны Уæрæсейы фольклорон цæдисы регионалон хайад бæстæйы культурæйы министрады æххуысæй.

► ***18 ноябры*** Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон академион Ирон театры уыд Уæрæсейы, Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны адæмон артисткæ Билаонты Долоресы мысæн изæр. 11 ноябры зындгонд оперон зарæггæнæгыл сæххæст уыдаид 88 азы.

► ***21 ноябры*** Хетæгкаты Къостайы номыл Ирон литературæйы музейы ацыд поэт, прозаик æмæ тæлмацгæнæг Гæлуаты Акимы райгуырды 105 азы кадæн мысæн изæр. Аким у 20 æмбырдгонды автор, ирон æвзагмæ ратæлмац кодта Владимир Маяковский, Александр Твардовский æмæ Валентин Катаевы уацмыстæ, йæхи уацмыстæ йын тæлмац кодтой хинди æмæ уырыссаг æвзæгтæм.

*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору
в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций
по Республике Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202

Порядковый номер выпуска: № 11. 2025 г.
Подписано в печать 26.11.2025 г. Выход в свет: 28.11.2025 г.
Индекс: 732447. Тираж 1000 экз. Заказ № 474. Цена свободная

Формат 60x90 1/16. Бум. офсет. № 80 г./м$^2$. Вклейка 1 печ. л. мелованная

Гарнитура шрифта Times New Iron
Печать офсетная. Усл. печ. л. 10. Учетно-изд. л. 14, 88

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

# Рафыссæм ирон журнал «МАХ ДУГ»!

## Зынаргъ хæлæрттæ!

**Райдыдта 2026 азы фыццаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампани. Ирон æвзаг æмæ литературæйыл æнувыд чи у, ирондзинад йæ зæрдæйы рæбинаг кæмæн у, уыдонæн 2026 азы фыццаг æмбисæн журнал «Мах дуг» сæ бон рафыссын у «Уæрæсейы пост»-ы кæцыфæнды хайады дæр. Нæ индекс: 37247. Аргъ – 792 сомы æмæ 12 капеччы (афæдзы æмбисæн), льготæтимæ – 728 сомы æмæ 46 капеччы.**

**Журнал асламдæр аргъæй, 400 сомæй (афæдзы æмбисæн), рафыссæн ис редакцийы. Афæдзæн та – 800 сомæй.**

**Иу хорз хабар ма! 30 журналы кæнæ фылдæр чи рафысса (республикæйы скъолатæ, районты администрацитæ, æндæр куыстуæттæ...), уыдонæн сæ редакци хæццæ кæндзæн лæвар.**

**Нæ адрис: г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11-æм хæдзар, 2-аг уæладзыг**

**Редакцийы телефонтæ:**
**25-09-64, 25-09-74,**
**8 (962) 743 58 78, 8 (918) 835 33 56**

Индекс 73247

12+